Wis suwe layang bakal kakirim  
nganti tekane ing mangsa lungse  
sawise ana tandha tangan  
nanging dudu prajanjen mangsa bedhamen  
dudu pawarta iklan obat kuwat  
senajan sliramu nengeri maklumat  
senajan isine durung kaprinci  
nanging wis cukup miyak geliting ati  
layang paseksen kang nutut maknaning konsekuen  
marga swara bendhe wis kadhung ngungkung  
ing pojok-pojok lurung  
aja nganti kedlarung-dlarung  
kedlarung-dlarung!  
Pumpung durung!

Losarang, Indramayu 1978  
*Mekar Sari*, 1981

Hartono Kadarsono:

## GEGURITAN

mega-mega  
reroncening ukara  
ngambah pulung jiwa

samodra-samodra  
jeladri sumuruhing unthuk putih  
gumulung ngelus pawedhem

udan-udan  
natap gegodhongan  
segere tetuwuhan

tumuli dak bukak kamar iki  
angin kang nyapa, cendhela menga

lan pethilan-pethilan kahanan donya  
kudhuping lagu-lagu katresnan  
tali napasing penyair  
sing larut kadya bun  
tumetes, nalika wengi tumurun.

*Mekar Sari, 1981*

Hartono Kadarsono:

## SEPIRA DARBEKMU

sepira darbekmu  
t.v. mawa warna  
holden abang jingga  
nyata ora ana panyedha

sepira darbekmu  
pemudha kribo padha nyebut  
pemudhi wuda tanpa nyebut  
nyata, ora ana pecut

sepira darbekmu  
iku urusanku dhewe, mengkono ujarmu  
oh, iya  
aku meh lali  
iki rak jaman medern  
norma-norma isih aji ampas tahu

dak ungak jaman sing bakal teka  
pesating pembangunan negara iki

ing jerone kamar  
aku mbayangake  
generasi mudha saiki

banjur putra wayah sing ora digladhi wiwit saiki  
angles rasane dhadha

sepira darbekmu  
sepira darbekmu  
yen ora mupangati kanggo nusa dalah bangsa?

*Mekar Sari, 1981*

Lesmanadewa Poerbakoesoemo:

## JAGAD SARWA KINASIH

Kumantyan manobawa sajabane lembaran  
langit murni gunung-gunung angin resik samodra akarsana  
wewayangan narbuka pralampita sadengah klebat  
sewu siji wewadi panantang wedaring warana  
Mabad-abad kalantara waris syah manungsa  
Kuwasa ngungak jagad sing kadulu lan tan kadulu  
ahoi—padanta Illahi sanggya sumiwi lan kinawi  
Wedda Injil Qur'ani buka weninging sanubari  
bathin kita wilayah kodrati  
Kita sewu suji ing sajrone wewadi  
wiwit wewarah Nabi-Nabi  
Kita ing pantonging kabeneran  
Plato Aristoteles Kant Spinoza  
Iqbal Chazali John Deway sarta Dewartara  
sambawa punang muta akhir Ronggowsita  
ing kene kita lelayaran alasita ujwala  
nimakte ngumbara tinarbuka  
jaja rila legawa jatmikaning urip  
Samana titahing Hyang ana Kristus dasih Muhammad  
kenal mancarowaning jagad sesadon  
kasembuh mbudaya lomberombering pangaksi  
ora WETAN ora KULON sagunging karakhmatan  
tumibane pewarnaan urip punang pinudarsana  
kekabehe, awit kita lair saka KARSA—NE  
kekabehe, awit kita makarti saka BASA—MU  
lan yen pamikiran negar nglacak wilayah-wilayah lungid  
sapangulon Inferno Purgatorio Paradiso Dante Alighieri  
sabawa Ibnu Al-Farabi Ibnu Khaldun sarta Ikhwanue  
Sofoa  
tumiyung manis kumbara kasepuh iman  
Kumandhang angkasa  
bumi kinasih panjer prabata  
kadi musnane sangga runggi Khazzali  
Kawelat arda jengrat nyapu awan sumilak kalbu  
salagi Tagore mares swara necep bebener

mesi wurya syahdu gapuraning abadi  
oi—teba bawerabing wilakah kodrati  
mangertene DHIRI ing ati baline sing lestari  
awit sing abadi  
sarwa kinasih

Malang, 1971  
*Mekar Sari*, 1981

Moechith Ilham:

## ANGIN GENDHING

Angin Gendhing  
Mlayu nggendring  
Dumelinging kuping  
Awu mabul-mabul  
Godhong-godhong palem lang anggur  
Mabur mumbul  
Larahan glasahan sadalan-dalan  
Tukang-tukang becak krenggosan kesayahan.


Angin Gendhing  
Playumu nggendring  
Ngelingake prastawa prang tandhing  
Pranging Damarwulan Menakjinggo

Tembange Asmaradana:  
“Anjasmara ari mami  
Masmirah kulaka warta  
Dasihmu tan wurung layon  
Ing kutha Probolinggo  
Prang tandhing lawan Urubismo”

Kali Banger ganda apek  
Bangke-bangke wadyabala ing palagan.

Angin Gendhing  
Mlayu nggendring  
Dumeling ing kuping.

Probolinggo, September 1975  
*Mekar Sari, 1981*



Kaseno Soma:

## TEMBANG KANGGO MANUK KUNTUL

Dak anti esemmu ana ing,  
sunaring rembulan tanggal sepisan.  
Dak anti swaramu ana ing,  
selaning angin mangsa ketiga.

Lah, kae ta! ana wong  
mbarang saka kulon.  
Bakul ronde, bakul soto, tukang  
becak lan,  
Lintang-lintang wengi.

Payo! Pada nembang, mumpung  
mega putih durung ngemuli langit

Yen ta iki mangsa tandur,  
dak anti esemmu ana ing,  
tangising kuntul putih,  
kelangan kaca,  
kelangan mangsa.

Kediri, Desember 1980  
*Jayabaya, 1981*

Imam Subaweh:

## PITAKONE BIYUNG

gusti, panjenengan mireng iki  
crica secuwil saka ati kang rumpil  
bedhug nganglang leles pari baka sauli  
kanggo siwi  
saubenge kedhaton sadawane galengan

donga-donga kumecap sesambungan  
ing ngendi papa pungkasan, dhuh!  
apa urip tansah suguh  
dina sesuk kaya dina wingi  
kaya dina iki ? ? ?

Probolinggo, April '81  
*Jayabaya, 1981*

**Titah Rahayu:**

## **KIDUNG WENGI**

ing waliking swara jangkrik lan cecak gumlethak  
wewadi, ana kang ndhodhogi wengi.  
ing kembang jagung rembulan pucet, tumibeng  
bumi ati jakataneksa. aduh, wewadine sapa  
rinucat, ing waliking swara asmaradana gurnuyu  
suka: entenana tekaning surya.

Trenggalek, 21 Desember 1980  
*Jayabaya, 1981*

## **ORA ANA GRAHANA**

ing langit ora ana grahana  
yagene tumenga wulan?  
plataran wis sepi saka prikanca  
surak geguyonan kari ing tintriming wengi

ndungkap jam sanga  
ana kang wigati kok ngerten, gendhuk  
kareben rahayu uripinu

ing langit ora ana grahana  
ayo nggedhekake ublik, wulan  
miyaki crita-crita kawuri  
nggrayahi crita-crita kang bakal nekani  
aja dipikir jelungan lan tetembangan  
kabeh wis kawuri  
wengine saya adoh, ayo dijajagi

Pranggang, 21 April 1981  
*Jayabaya, 1981*

Eny Saksono:

## **WALANG KEREK LAN ANGGREK**

wengine sangsaya nyengkrek  
rekkk.....rekkk.....  
walang kerek nangis ngrengrek  
kebon-kebon sepi, pager-pager bethek  
si anggrek mesem mesem lan nyebek  
raket tumemplek  
ana ngisor kemul lorek.

Tulungagung 1981  
*Jayabaya, 1981*

## **DINA IKI MUGA MUGA SESUK**

Mbah Seca lan lik Jarwa  
leren nyambut kembul udut  
sinusul guru Kuncara bali ngantor  
ora keri Kaji Bakri  
katon guyub neng ngisor maoni  
muga-muga.....  
suk arep Pemilu ora satru.

Tulungagung 1981  
*Jayabaya, 1981*

Bambang Waluyo:

## REMBULAN TUWA

Wis awan cah ayu  
Kok durung tangi, apa isih turu  
Dina dina kebak panalangsa  
Akeh jaka wis ora nate nyapa

Kaca pangilon kerep dadi pitakon  
Apa sing dadi janji mukti lan lelakon  
Wengi wengi kebak pangangan peni  
Nanging saiki pria mau nyidrani janji

Panjerite ati sering tumuju menyang kertas abang  
Ngelingi lacak lacak urip wis meh angslup  
Ah, crita lawas ndudhah ati  
Nalika biyen dadi prawan merak ati  
Saiki isih ijen tanpa kanthi.

Pasuruan, Rejoso, 1981

Jayabaya, 1981

K. Muryanto:

## KIDUNGE BOCAH ANGON

cempe cempe barata sing gedhe  
dak opahi duduh tape  
bocah ngliga rana rene  
luru asem  
luru asem

cempe cempe barata sing dawa  
dak opahi duduh klapa  
cah ngliga tanpa busana  
ndhandhang gula klara lara

cempe cempe barata sing gedhe  
dak opahi duduh tape  
cah angon cah angon  
ja lali menek blimming  
njeng sunan duwe piweling

Paiton, 11 November 1980  
*Jayabaya, 1981*

Yunita Eff:

## CITRAMU

Citramu mung ana ing impenku  
nalika banyu udan nelesi rambutku  
patang taun kepungkur  
ngapa ora ngerti ??  
apa netramu isih kaya lintang?  
apa esemmu isih kaya rembulan?  
apa.....apa.....apa???  
ah citramu.....kedhepmu isih.....

Surabaya, awal Desember '80  
*Panjebar Semangat, 1981*

Dawun Ragilsaputro:

## MOMENT

Nalika klayu jangkahmu  
Napaki plataran kebak lan gragal  
Byaaaaaaaarrr.....  
Langkahlu dadi kagol  
Atiku mrongkol

Pare palereman'80

Kagem Bu Tutik.

Sugeng tindak!

*Panjebar Semangat, 1981*

## SADAWANE EMBONG ING KUTHA P

Sawise mecaki bulak ngenthak-enthak  
mesthine perlu leren sedhela  
nuli tolehan mburi  
ah .....!!  
Yagane mung angen-angen  
lan iki kabeh kanyatan  
patemon iku kang miwiti pepisahan  
yagene isih padha wedi?  
mangka mbesuk kowe bakal mlaku tanpa kanthi !!.

Pare Palereman '81

Kagem Ibu Hartuti

Es-EM-A-Ngawi

*Panjebar Semangat, 1981*

Yok S. Rengello:

## **ANA LELAKON APA**

Kaya kenya sulistya nunggu jejaka  
kanthi tembang maskumambang  
tak longok saka kaca cendhela,  
gisikmu kebak lintah  
sumrambah ngalangi langkah.

Godhong jati pungkasan rumiba  
kenya sulistya bali,  
jejaka ngiwi-iwi

Kaca cendhela tak tutup,  
ngranti kabar sesuk esuk,  
lelakon apa??!!.

Tuban, Maret '81  
*Panjebar Semangat*, 1981

Yuspin:

## MLAKUWA

Nalika dak ungak wismamu  
sing katon mung ngleraping banyu  
dak lacak sadawane tanggul-tanggul kali  
oh, sing kekitrang kae genah putra pertiwi  
lan lonceng prapatan simpang saiki jebul mandheg maneh

mlakuwa mitra mlakuwa aja mandheg  
aja ngambeg

ungaken toko-toko tunjungan keban/jiran wong blanja  
ungaken dhuwur kretek sabrangan metro ana apa??  
oh, sing ngrerintih kae genah putra pertiwi  
lan puskesmas mergayasa ajeg nambani wong lara

terusna mitra terusna jakumu  
mandheg mangu

Kaliasin puput Lebaran 1981  
*Panjebar Semangat, 1981*

Slamet Isnandar:

## MONGGANG

Dak papag rawuhe paman nganggo kembang setaman  
nalika janur kuning mlengkung kebar ing pasamuwan  
katon turis-turis manca langen beksa  
turis-turis manca sinau maca Jawa  
paman monggang ngrangsang gendera abang  
mbedhedheging ati nuwak wolak-waliking kanyatan  
nalika aku nggladhi basa krama lan ngemat macapat  
anak-anakku jebul nglempus ngereunake mripat

Surabaya, 1981  
*Panjebar Semangat, 1981*

W. Santosa:

## BUNG TOMO LAN SEPULUH NOVEMBER

Jantunge kutha iki tau rojah-rajeh  
mbukani lerap-leraping banjir getih  
lan nalika tugu Pahlawan durung meger-meger  
Atusan crita wis ngrabuk suburing kamardikan  
ditumbali guguring para suhadak.

Ing satengahe udan mimi;  
ngumandhange swaramu ngobong dhada-dhadha satriya  
Jantungku kedher  
Atiku tau mengangah awor kukusing bedhil.

Ing antariksa mega-mega warna jingga  
Surabaya kobong  
Lan ngumandhanging swaramu ndedel makantar-kantar  
Alloh huakbar .....Alloh huakbar .....Alloh huakbar

Bung Tomo Pendhekar bangsa rembesing Pahlawan wis  
ora ana

Mung ninggal asma lan rekaman swara  
kapatri repet lan sepuluh November  
Alloh huakbar..... Alloh huakbar..... Alloh  
huakbar

Kaliasin 10 November 1981  
*Panjebar Semangat, 1981*

Tarmudji Asto:

## BOUGENVILE

Cagak bougenvile lan tangan prakosa  
Rangkulen asmara suci  
Incupen kupu-kupu pating kliwer  
Cancangen benang emas gumebyar

Kumbang lanang lan tawon madu  
Mrambat mencok bougenvile  
Ngentup apek-apek, dak remet ajur  
Kembang alum. Lan golek rambatan

Sanggar Triwida medio Sept '80  
*Panjebar Semangat, 1981*

Agus Sumarmanto:

## LEMUT

Nging .....nging .....mging.....  
sumriwing ana kuping  
ngemu panyenges  
hem, awak yen lagi tumiba ing pangumabaran

Nging .....nging.....nngg-ngengngngggg.....  
pating krumpyung neba ing kulit nyesepl getih  
what-whut .....what-whuttt.....  
kemul kemel nundhung lemut  
wengine rumanbat wis parak esuk  
rembulan sunare isih wening  
lan nalika srengenge mlethek  
isih ana esem menehi pangarep-arep .....

Jalan Sri Utomo  
Sukosari, Madiun  
*Panjebar Semangat, 1981*

Ary Suharno:

## SOUVENIR

Mawar iki  
lan kenari iki  
dudu barang lowakan kanggo dolanana  
dudu kembang sing nggarit ati  
nalika wengi kawuri ngeker sayuta rasa  
dewa-dewa padha lumayu nyawur kembang ati  
wengi.

Mawar lan kenari iki  
souvenir kanggo kowe  
kanggo mbukak crita ing donya anyar  
nalika -sukmamu mlayu nguber  
wektu

mawar iki  
lan kenari iki  
souvenir kanggo kowe  
nalika donya iki simpangan  
dudu guyon  
iki souvenir pungkasan  
nalika aku ora bisa lungguh kwadhemu

*Jaka Lodang, 1982*

Datiek Yuminarko:

## AYIKU KADYA LEMBUTE PATHI TRIGU

Wulan kepungkur mas guru tindak  
Wengi esuk keprungu prenjak  
Ngganjrete ra jamak

Kang Bani becak kulanuwun  
Lik Bani bebek ngledehek  
Dhe Bani bingkil tambah usil

Dhik Bani klothok thnguk-thenguk  
Den Beni tempe ra tak gape  
Eyang Bani jebrang melu njarang  
Bani enem wis nemen aku ra gelem

Tresnaku mung kanggo mas guru  
Sing dhines ing es-de Pengungkalak  
Atiku kadya lembute pathi terigu  
Sing wis arep tak ayak.

Kutha banjir '82  
Sanggar Sastra Triwida  
*Jaka Lodang, 1982*

Tiwiek SA:

## GUBUG PANEPEN

Omah cilik cedhak alas  
mencil  
kapencil  
adoh tangga  
adoh kutha

Yen wengi wis ngganti rina  
omah cilik cedhak alas  
sepi  
mati  
tanpa swara  
tanpa sabawa  
kejaba, angkup nangka lan ayam wana

Ing kono aku bebrayan  
ing kono aku nandur katresnan  
miyaki ubenging panguripan  
merangi kemlaratan  
nggayuh kafentreman

*Jaka Lodang, 1982*

Tiwiek SA:

## KATRESNAN

tan kasat mata  
tan ginarba  
.....mung bisa dirasa  
.....tresna.....

ora mawang drajat  
ora mawang pangkat  
embuh wong pincang  
embuh wong lamur  
embuh kadang  
embuh dukur  
                  tresna.....  
bisa urip subur.  
Yen begjanuwuhake bagya  
    yen tuna nuwuhake gendra  
    tan ewuh ing pakewuh  
  
tan mamang ing panantang  
kalingana segara gunung  
yen pinsthii ra bakal wurung.

Kalidawir, Mei pitu sangga  
*Jaka Lodang, 1982*

Yusuf Susilo Hartono:

## BAYI TABUNG

Bayi tabung lairmu saka omah suwung  
lan mbesuk tangismu bakal ndrundung  
turut turut pager ngluru walimu  
cah manis.

Coba, takonana marang jarum  
utawa tangane dhokter jail  
e, sapangerti weruh walimu.

Bayi tabung lairmu tanpa ning nong ning gung  
Gulungkoming tangi.Mu ndrundung.

Bojonegoro, 12 Juni 1982  
*Mekar Sari, 1982*

## LENA

Ora dak-nyana sesering jarum arloji  
Ateges uga sesering wektu  
Nyolong umur tanpa kandha.

Bojonegoro, 25 Januari 1982  
*Mekar Sari, 1982*

Sri Sukarmi:

## BUMBUNG WUWUNGAN

Kadi dene godong lan pang-pang garing  
kang kumleyang ndepani sit bantala  
Kadi dene uwuh ing sadengah papan  
kang tansah gawe ruweting papan  
Aku iki mung bumbung wungwang  
kang tansah kesiyo-siyo, katendang  
lan kebuang  
Amarga tan ana gunane

1981

*Mekar Sari*, 1982

## ING SATENGAHING WENGI

Dak-tingklingake karo mripat batinku  
Marang kacarasane wengi  
Nyenyet

Lan saka adoh kana  
Ana swara nabrak dhadha  
Sumpyur!

Bojonegoro, 25 Januari 1982

*Mekar Sari*, 1982

Anie Sumarno:

## WANGSULAN

Yen ana pandakwa  
wong jawa kepengin kuwasa  
akonana  
sapa sing nglarang  
sauger ora nerak aturan lan undhang-undhang

yen sliramu durung jawa  
nyinauwa basa lan kabudayan  
sing nocogi urip jro bebrayan  
aja mikir ngayawara

ana sing nyoba nulis guritan  
ana sing nyoba nulis crita  
ana sing nyoba nulis pawarta  
ana sing nyoba uran uran tetembangan  
sumangga: ing kene papan bawera

yeng pandakwa basa jawa gawe gendra  
kaya pengakuan pariym lan burung burung manyar  
worsuh ing basa nasional  
takonana apa kuwi basa jawa  
kang dijupuk saka kamus purwadarminta  
apa mung ekspresine pengarang  
golek dalan ngudal pikiran

becike aja nyandhak nyandhak tembang jawa  
wong, basa, kabudayan  
sebab iku kabeh simpenan  
sanubarine kabangsan  
rungokna kandhane lirih lan alón:  
jawa iku dudu lurik, bathik, lan iket blangkon  
nyambut gawe rindhik alon nek kelakon  
jawa iku patrap lan trapsila  
ora kudu tumindak grusa grusu  
yen wusana mung aran dudu dudu

yen wusana mung aran ngaku aku  
yen wusana mung dadi tukar padu

Kamal, 22 Mei 1982  
*Jayabaya, 1982*

Yusuf Susilo Hartono:

## KABAR ANYAR KANGGO HOLLY

mitra sigaraning  
ati ing ngayogyakarta

Kutha cilik sakulone distrik  
kang nate kita kebakip tipak  
nglairake kabar anyar.

Mula gelaren mega  
gelaren klasa ngayogyakarta  
banjur aku dak wiwit crita.

Bayi-bayi bang dha temangsang  
tanpa lendhang  
keglindheng uleking jaman abang

Wit-uwit asem kutha lawasmu  
jurusan bojonegoro Cepu  
padha nggeblak blasahan  
pinggir dalan  
pinggir remuking  
tangan bocah angon gondhelan,  
Hoolly, bocah-bocah ndesa  
ngudhar panalangsa  
amarga kelangan keblate  
sujud mring hyang.  
Wus suwe atiku muni  
urip sing dak deleng pandeng mburi iki  
sansaya ngedohi paugerane leluhur

Mula ayo gulungen klasa  
mecaki dalan swarga

Gresik, 11 Juli 1982  
*Jayahaya, 1982*

J.F.X. Hoery:

## PRASETYA

Dak tulis geguritan iki sumitra  
dak timba saka keburing atimu  
marga donyaku lan donyamu padha  
sapenanggungan

sapanjangka  
kowe kang duwe swara  
aku kang ngendhem pangrasa  
guritan sapada iki  
getering panggurit ing bumi rengka  
kemrungsunging awara nampeg dhadha

Dak tulis geguritab iki sumitra  
kang nggrahita saka wijiling katresnan  
kenya kang sinandhing

ora susah ndadak ngranuhi  
dina iki perli isi  
selagine sesalamana ajak prasetya  
ing langit mendhung gumandhul sumpah  
marang Kang Maha Agung  
kanggo nasionalisme  
kanggo demokrasi.

Dak tulis geguritan iki sumitra  
ing satengahing dina-dina kang sangsaya njomplang  
lan swara-swara ambyar ing pangimpen  
kandhaa, heh sumitra  
laku iki jangkah panuntut  
pengerang isih sanggup ngrangsang  
ngoyak rasa kapang  
sajroning kabebasan  
sajroning kaadilan  
sajroning kadhamaiyan  
nyawiji  
ing kamardikan!

Padangan, Bojonegoro  
*Jayabaya*, 1982

Suripan Sadi Hutomo:

## ING PICADELY

Sesalaman karo kutha iki  
Kasaring tangan nebak jejantung  
Picadely:  
wong Negro lan wong saka New Delhi  
Pesta ing sangarepe toko permaian

Ing sub-way  
Nrajang lemahing kutha iki  
Picadely!  
Kejut kumejoting ati  
Ana tawon ngrubung tai

Kembange kutha London  
Urip kang tansah seneng  
Picadely!  
Ing etalase gumebyar konok imitasi  
Tanpa gengsi!

Rina lan wengi  
Ora ana asate kringet tumetes  
Sabuk wesi sabuking dhiri  
Wis ra tau bares

Picadely!  
Aku saiki nebah dhadhamu ambal kaping sewu  
Rupaking ruji  
Ana ing lathi

Londo, 1978  
Jayabaya, 1982

Slamet Isnandar:

## ING, ING, ING

saka pucuk gunung arjuna dak tebah dhadha-dhadha kawasa  
ing ngarsa asung tuladha  
saka tengah-tengah kutha da dumuk bathuk-bathuk waskitha  
ing madya mangun karsa  
saka pinggir bengawan sala dak candhak tangan-tangan prakasa  
tut wuri handayani  
ing, ing, ing  
ping telu nylenthik kuping  
jroning impen katon pak domo tuding-tuding  
geneya panjenengan kabeh kanyut alame kleting kuning?

Dukuh Kupang Timur I, '81  
*Jayabaya*, 1982

Yoyok S.W.:

## ORA LANGGENG

Ing sangisore plamboyan  
Dak rakit ukara-ukara katresnan  
Lan janji-janji setya  
Sinekseenan wulan purnama

Nanging lelakon donya ora langgeng  
Kaya lakone roda mubeng  
Saiki seneng sesuk kabuncang prahara  
Janma tan kuwawa ngendani  
Saiki sliramu dhisik  
Sowan pangayuyaning Gusti.

Jogororo, Ngawi

Akhir Juli 1982

*Panjebar Semangat, 1982*

Yuspin:

## MERDEKA UTAWA MATI

prang asia timur raya mapag tekane sadulur tuwa  
jepang teka ngusir penjajah wulanda  
asia untuk bangsa asia  
nippon indonesia sama-sama kandhane

langit durung ilang birune  
pasar isih keprungu kumandhange  
tungkak sepatu jepang wis wani munggah rai  
sadulur tuwa wengise kagila-gila  
nanging semangat PETA murup ing dhadha

dak rungkupi bumi kinasih  
braggg.....blegggg ....bleggggg.....  
popor bedhil dolanan geger

njur esuke keprungu lagu OMIYOKABA  
jepang kalah perang  
angin sumilir lembut nyebar arume kamardikan  
eeee .....jebul wulanda teka maneh  
kepengin njajah maneh  
nanging dhadha-dhadha PETA murup makantar-kantar

haiho, kaigum, kaibudhan lan sainendhan nyawiji  
diobyongi putra-putra pertiwi  
sangu tekad merdika utawa mati.

Kaliasin awal Agustus 1982  
*Panjebar Semangat, 1982*

Yusuf Susilo Hartono:

## **GENDERAKANGENKU**

Obahing godhong-godhong blarak  
satengahing wit nangka  
pindha gendera kangenku  
nampa patemon  
ing desa lawas

Obahing godhong-godhong blarak  
ngujiwat retnaku  
ngudal-udal  
wewayanganku  
kapanggang geni langit

Banjur  
dumlewer banyu panyuwunku  
dhuh Gusti  
kapan ati ora mung mancep  
ing mbun-mbunan  
bumi rengka.

J.F.X. Hoery:

## GUNUNG SEWU

Iki dhadhaku  
watu-watu camping, suket lamuran  
jangkah semplah ing Randualas  
nalika Irah isih setya ngindhit jun  
ngudang beninging tlaga kuning  
gumandhul urip lan pangarep-arep

Iki dhadhaku  
luweng-luweng amba, alun Watukarang  
dudu meneping ati kedlarung  
nalika Irah ngucap sumpah  
wiwite nyawang rembesan udan gaweyan  
pencolotan ing ndhuwur puthuk gegayuhan

Iki dhadhaku  
angin ketiga pepasihan karo krikil-krikil putih  
kembang alang-alang mletik ing pangimpen  
nalikane Irah nggelar sesanggeman  
gunung sewu wiwit nglilir anggone turu  
sempoyongan nggendhong kluwung rahina

Padangan, Bojonegoro  
PSJB - 1983  
*Jaka Lodang*, 1983

Ary Suharno:

## GORESAN SEPI

(kanggo smt)

ayu,  
ing kana, ing desa mencil  
aku ngadeg nekem ati sepi

ayu,  
aku meh keteken crita, amarga  
wit-witan lan sewu kewan  
sarta kembang mawar saron kang tansah  
nukulake aspirasi lan inspirasi  
saiki wis rubuh ndhepani bumi  
(kamangka sliramu tansah nyenyuwun supaya aku  
crita bab alam, salam, katresnan lan bumi  
kelairan kang endah)

ayu,  
polusi wis ngrajang alam, ngowahi salam  
nyengkrem jaman  
dadi mulading geni dendem  
numpes katresnan lan kabahagyan  
ngancam pratiwi lan sakabehing panguripan

ayu,  
wektu iki sepiku tansaya ndadi  
lan malah gurit iki dak tulis tanpa warta  
kang aji  
(senajan aku nate nyoba nulak supaya kita  
mardika saka jiret peksan)

ayu,  
aku tansah nyoba ngusir pesimis  
kareben polusi ngundang bala  
lan sepi nggarit ati  
ing kana lan ing ngendi-éndi  
aku bakal panggah ngadeg ngenteni  
jumedhuling srengenge esuk kang mesem  
(bareng layangmu ngoyak sepi)

Tulungagung, 23 Mei 1983  
(katulis ing Pantai Emas Popoh)  
*Jaka Lodang*, 1983

Hartono Kadarsono:

## ING PUCUK-PUCUK WENGI

ing pucuk, pucuking wengi  
dak udi maknaning sepi  
uga angin, sapa baya sing sansaya betah  
nalika rembulan ora sumringah?

ing pucuk, pucuking wengi  
embuh kepiye nabeting ati  
konang-konang luru petamanan  
krana bun durung ngelus bumi

ing pucuk,pucuking wengi  
kekayon sing dadi paran pengauban  
ndilalah ngimbalake wicara

apa werdining sepi  
apa nabeting ati

ing pucuk, pucuking wengi  
angles sing dumadi  
angles sing ndadari

Madiun, 1980  
*Mekar Sari, 1983*

Sriyono:

## SAKA SEPI BALI SEPI

saka sepi bali sepi  
gusti lagi muja samadi  
dharatan sepi segara sepi  
bumi rata wis tanpa manungsa  
sabubaring gara-gara guragurnita  
armagedon nuklir kiamat kubra  
kari si bajang kacrit  
lungguh sepi ing pasisir segara mati  
o, bajang ireng sing sabugel kayu sempu  
si black box sirah persegi  
sing tan abaga tan apurasa  
acawat lawe wenang benang silicon  
si bajang sing mripate abang  
mbun mbunan mencorong dhadhane bolong  
isi dhata-dhata dhokumentasi  
rekaman sejarah urip lan panguripan  
teknologi ngelmu kawruh lan sesurupan  
lebu-awu kabudayan  
sing bakal lebur bareng lan jaman

saka sepi bali sepi  
gusti lagi muja samadi  
kethap-kethip si bajang ngulati langit  
wis sayangalentrih pecut walesan antene-ne sasada lanang  
gumlethak bathok bolu-ne cawan mangkok parabola  
wis saya lesu si bajang angon mega nggiring angina

saka sepi bali sepi  
gusti lagi muja samadi  
si bajang tumenga awe-awe klbating cahya  
pucuking kluwung untaping kontingen roh lan sukma  
iringiring aburing para kama  
kumretap kumredhap kaya mrutu anggasasra  
sinengkuyung mendhung  
ginarebeg-mega-mega jamur dipa

saka sepi bali sepi  
gusti lagi muja samadi  
angina ndeprok  
dicancang si bajang  
lan les, kekarone ketoron  
tanpa impen bun taman-taman kasuwargan  
tanpa wit-wit pomegranit  
mekaring kastubaretna  
swaraning bul-bul lan ilining kali kristal  
langit repet-repet wis sansaya pepet  
pungun-pungun si bajang  
ginugah angina kepengin ngandhang

saka sepi bali sepi  
gusti saiki mudhar semadi  
noleh mangiwa banjur ngandika  
“bajang, cakrawala wis abang  
culna anginku kareben ngandhang  
kabeh umatku para manungsa datasawala  
sing pating blekrak sajane wis bosen crawak  
kabeh mati bali suci bagus ayu padha ngerti sepi iku  
samadiku  
tak tutupe lawang  
gumelaring jaman”

bubar ngandika ngangkat kang asta  
ngregem jagad nuli kinukut  
padang-peteng bali rinacut samrica binubut  
saka sepi bali sepi  
kari cahya  
manter ing cipta

Surabaya, 1983  
*Mekar Sari, 1983*

Sriyono:

## KAMASASAR SUKMANGUMBARA

kaprebawa hawa sumuk panas kumrangsang  
ngambar suni cundhuking ywang durgakali  
saya gerah saya umyang para putrid  
putrining wyang uma umabathari  
saya sumunar saya sumunu liwerin ndaru  
kekalang uwering pusere  
saya puteg saya goncang  
putra-putraning wyang gurupraineisti  
saya mut-mut  
ngempet tedhaking karsa kalimput  
saben tiba ingoncatan  
sing tinadhhahan binuwang menyang kalenan

lemah sangar saking kehing wiji lebar  
bumi cengkar saking kehing kamasasar  
pating balentong temboking godhong-gedhong  
kocrat-kacrit kecer cer sadalan-dalan  
kemakmuran, o, kemakmuran  
yen manungsa wis suthik ngrukun tanggungan  
kemareman, o, kali-kali ancar  
banjiring rasha mbalabar  
hedonisme sumrambah  
wiwit sodom tekangumorah  
kesuburan aksese daging kang tuwu  
sangkane saka si kamasalah

kamasasar wijilebar mbaledug  
kamasalah sukma ngambara  
lagi padha dhapur gtra tampa soca  
pating blulung  
nubruk bentus nunjang-junjang  
kumutung kumendheng  
kemruwuk gumrenggeng  
saben dina mburu lebu takon bapa

“ibu lebu sing mpu badan-sapataku  
sapa sejatine wong-atuwaku?”  
ibu lebu manthuk-manthuk  
ngelus rambute sing putih mabluk  
diublak-ublak parakama nunggan angina  
“rungokna ya ngger para kama sukmangumbara  
ramakmu iku rak isih putraning ywang guru  
guruprameswathi turning si adam  
ibunira ya isih putrane si uma  
umabathari turasing si kawa.”

kamasasar wijilebar mbaledug  
ngampak-ampak rebut-dhucung  
numpak angina nggandhul mega  
tangan-tangane saraweyan  
sikil-sikile kethanthilan  
puk-tumpuk wis teri pindhang  
muk-regumuk megane nganti wis miring  
yel-nyelan wis buruh-buruh metropolitan  
bis-bis kota wayahe lebar kantoran  
lawang bis-bis mega sempal  
meganc mandheng tangane padha seg-segan  
“pantes jenengmu kamasalah  
jemirmu ngalah-alahi jejitah  
isih luwung lunging lateng  
lues-lues tlutuhing ingas  
gateling wulamu ngungkuli rawe.”

mega-mega kegateLEN nglumba-neglumba  
angina sing kerogen malih prahara  
kamasasar wijilebar  
kamasalah sukmangumbara  
saya semamburat warata sangalam ndonya  
sing terus numpak angina numusi virus  
sing tiba banyu malih dadi uget-uget  
sing melu mlebu nyangsang suket babit penyakit  
sing manjing daging nuwuhke kangker  
ngendi-endi sungut mrjak  
wong kecocok suket mati  
kesandung krikil mati

wong angop dadi layatan

lan virus-virus terus nggrumut  
lan bakteri-bakteri terus nggramang  
si kangker terus nggrogoti  
sungut-sungut terus kekeder  
nagih jatahe marang para manungsa  
“bapa, aku njaluk getihmu sesepan  
ibu, aku njaluk dagingmu saemplokan”.  
pating klelung swarane balung dikereg  
pating krengkuh swaraning daging dikrokot  
balung kropos daging bolong  
saweneh tuwuh malembung  
. saya asat getihing para manungsa

lan virus-virus terus nggrumut  
lan bakteri-bakteri terus nggramang  
sungut-sungut terus kekeder  
awan bengi pacak baris ngepung bumi  
yen bengi baris kekenjer  
katon wetenge sing munang-munang  
yen awan abaris pendhem  
padha ngleboni wedi kacurnan  
katon siyunge ing mikroskop

Surabaya, 1983  
*Mekar Sari, 1983*

Rini Sulistyati:

## KANGGO BAPANE EKO

Grimis iki tekane wayahe gegodhongan ireng  
lan blekokblekok wus ngingkupake swiwi putih  
anginangin sajak aras-arasen lungguh neng pangkonku  
apa arep dak sumet blencong Manawa teplok wae kasatan  
lenga  
ora! ora!

tekamu kasep, aku lunga sowan NgersaNe  
tobatku dadyo tobatmu  
dak rewngi nggendorong anakmu wae, besuk  
Manawa anyeping grimis wengi iki tetep ko regem  
Aku wis ngrasakke grimismu, asihmu, ah aja mandeng

EREN 20383  
*Mekar Sari, 1983*

## REMBULAN LELEDHANG

Rembulan leledhing ing plataran  
isih kober aweh prasapa.  
= apa sing mbok lari? =  
nggoleki bocah angon kang isih seneng bethik  
nginceng prawan ndesa kang isik katrem cublak-cublak  
suweng.  
nilingake swara suling kang dumeling  
nyegat mbakyu bakul kang leledhang  
nyranti paman tani kang lagi mbelahi  
utawa nithi wirama pelog lan slendro?

Rembulan leledhang ing ara-ara  
isih kober aweh pangudarasa  
= apa sing mbok gagas? =  
bocah angon sing wis suwe lali gandhangan  
prawan padesan wis suwe nantang pangüripan  
swara suling wis suwe dhelikan karo angin  
mbakyu bakul wis ngangkat pinjung  
paman tan iwis suwe lali dewi sri  
sedheng wirama pelog lan slendro wis kadhang blero.

Rembulan leledhang ing paturon  
isih kober ninggal piweling  
= apa sing mbok ranti? =  
papagen tekane penganten ngantri pengasih  
ing kono bakal tinemu  
geguritan lan tart roti  
nyawiji!

Pandangan - Bojonrgoro  
PSJB - 1983  
Mekar Sari, 1983

Anie Sumarno:

## WAH LAN U DINEN AJA DADI WO

Wah  
aloke bocah-bocah  
marang kancane sing prigel tumandang gawe  
Wah  
aloke bola bali  
yen mrangguli kanca pamer anyare klambi  
banjur nyaruwe: anyare, anyare.  
wah  
aloke pegawai negeri  
yen ana kancane mundhak gajine  
yen ana manten anyar  
ing kantor katon ngantuke  
apa maneh yen ana sing munggah pangkate  
merga gedhe prestasine  
wah kanggo sing entuk berkah  
nanging ana sing madio  
wo  
wong bocah ngono diuja sakarepe  
sida dadi apa tembe mburine  
wo wong kaya ngono dibenum kepala dinas  
sida ana brankas amblas  
wo arane panyenges marang tindak sing ora beres  
lan tetembungan kang ora bares  
kaya wong alim aja disandhing wanita kenes  
ing panuju  
aja kongsi wah tinemu wo  
mulane angger wong kepengin wah nyikiri wo

Kinal, 25 Maret 1982  
Jayabaya, 1983

Yusuf Susilo Hartono:

## SEPUR IRENG

Kelik kelik sepur ireng  
gawe atiku ambrol  
Ing mripatku wus ana wewayangan  
aku bakal keri.

Suket lan watu ing sadalan dalam lakuku  
dak suwuni restu kareben tambah aglis  
lakuku.

Dikaya ngupa yen wektu luput panjangka  
kumlebat sepur ireng lan pangawe awe  
Aku mung sumende ing tawang

pangangenku bae kang gegojekan klawan  
panjenengan Mu Gusti.

Bojonegoro – Surabaya  
31 Desember '82  
*Jayabaya*, 1983

Ary Suharno:

## MEMORI UNGARAN

Dalan diponegara sing nggembol sayuta crita  
kasetyan ing tengah wengi kang wengi  
sing mlaku turut trotoar putih  
dak temokake sauta crita sewu rasa

Ungaran ing mangsa udan dudu guyonan  
lakuku kandheg getihku mandheg  
nalika manuk sriti putih nyamber wit cemara  
ijo ing regemingsepi ing wengi  
tumancep ing pucuking dalan diponegara sanga

Ungaran, 14 Nov. '82  
*Panjehar Semangat, 1983*

Samiadi Rahman:

## REMBULAN

Rembulan jlirit  
ana jerit ana kuciwa  
nyawa oncat raga  
rantas tali tersna

rembulan bunder mesem  
gremeng-gremeng ledheham gunem  
dudu adhem golek dhiyang  
anak lulus sekolah dudu jaminan ngentas penandhang

rembulan peteng grahana,  
jangkah rekasa kelangan marga  
anak oncat  
urip kesrakat.

Ambulu Jember, Juni'83  
*Panjebar Semangat, 1983*

Yuspin WS.:

## LINTANG BIMASAKTI ANEKSENI

Kreta tinarik jaran ndedel munggah gunung.  
nasaki panthuk-panthuk  
nrabas alas bebondhotan  
nyengrek munggah ngranggeh mega-mega ing taw  
dumadakan mandheg greg  
kepalang weriting jaman

Kusir kreta tolah-tolch  
jaran dicemethi jedheecrrr....., jedheeeeerrrr.....  
rodha-rodha malah nggindhing mundur  
mundur....., mundur....., mundur.....,

ndilalah ana tangan kuru nyaut blebekan glugu  
rodha kreta diganjel mandheg  
kusir tolah-toleh maneh jaran digendir maneh  
tangan pirang-pirang bareng nyurung  
jaran bali negar munggah gunung

Saiki kusir kreta bali tetembangan  
..... ngranggeh mega-mega ing tawang  
lintang bhimasakti mung mesem  
anekseni.....anekseni.....

Kaliasin awal Agustus'83  
*Panjebar Semangat, 1983*

Sasetyo:

## **SAMAR SAMAR**

Ampuranen aku  
sebab durung ngerti sapa kowe sejatne

Aku ora bisa ngentha-entha  
kepiye rupamu mbesuk yen wis tuwa  
yen jenggotku wis sa dhadha  
yen wiji-wijiku wis ngundang al:u bapa

Pamdawaku kajepit ana ing beton-beton  
kagubel guyune wanita-wanita planyahan

Nanging aja kuwatir  
aku tetep tresna marang kowe  
sebab aku urip ing kandhunganmu  
ing kene isih dak rungu tembang rerawatan  
kang setya ngura-ura impenku.

Jagir Sidomukti, 1983  
*Panjebar Semangat, 1983*

Ary Suharno:

## BIWARA

Melathi putih lan mawar bang  
yagene tansah mesem nantang  
apa wis kelangan sih katresnān  
saka adhi, kakang, bapa lan eyang?

Umbul-umbul putih manjer  
nalika srengenge abang arep mlebu paturon  
golek apa?

Biwara ngumandhang sora  
ayo sapa kang melu lelana  
njalahi kubure para pujangga  
nanging aja takon sangu apa?  
pituase pira?

Biwara kandheg sedhela  
numpak jaman  
sangu guritan  
sapa sing bakal nyadran?!

Kalidawir, 8 Oktober 1983  
*Panjebar Semangat, 1983*

S. Lin:

## WIT JATI GARING

Godhong jati garing  
tiba kumleyang saenggon-enggon  
lemah garing kemringking  
watu krikis mendhelis  
tansah ngenteni tekamu  
godhong jati garing

Sang bathara Surya murka  
ngtog upase  
panas makantar-kantar

Pang jati garing  
obah pucuk  
ngawe-awe mega ing akasa  
dhuh Gusti  
kula nyuwun tamba.

Bojonegoro, PSJB, 1983  
*Panjebar Semangat*, 1983

Ary Suharno:

## SURABAYA WENGI

Ing dhuwur kutha  
lampu dalan natrium  
lan mercury  
lelunjakan

ing ngisor lampu dalan  
sadawaning dalan kutha  
lonthe-lonthe seslamberan  
luru mangsa  
jambret  
copet  
garong  
lan gali  
raja wengi

sadawaning dalan lampu-lampu kutha  
kang remeng-remeng  
subaya diaras jaman  
nggembuleng pedhut polusi nyengkerem  
laladan setan  
kutha, lampu lan kembang sepa  
lelunjakan sadawaning wengi  
dadi seksi tanpa energi

Surabaya, 21 Mei '83  
*Jaka Lodang, 1984*

Yudhet:

## **AYU**

iki wengi ayu  
sore mau ibumu dandan ayu  
raine dibrangus lambene dicet abang ayu  
tangi turu ayu  
tangismu meneng digendhong wong ayu  
nanging dudu ibumu.

Blitar, 22 Juni 1983

*Jaka Lodang, 1984*

## **PANGUDANG**

nak  
kiamate isih adoh  
aja wedi!  
blajara ngapusi  
aja wedi!  
blajara njambret, nodhong, korupsi  
blajara, blajara!  
nanging aja lali  
nyunggi Alquran budhal ngaji

Magetan, 10 Juli 1982

*Jaka Lodang, 1984*

Moch. Makloem:

## KATRESNAN

(Kanggo wong kang dak tresnani)

telesana katresnan iki karo eluhmu, cah ayu  
aja sumelang  
sanajan urip iki jaremu legi brutowali  
swarane rebab pancen isih ndudut ati  
jalaran kawat rebab kang nyambungake atiku lan atimu  
ngelik ngelik gawe tentreming kahanan

aja sumelang, cah manis  
sanajan katresnan iki mesthi kudu adus tangis  
sanajan rebab swarane sok cengkah lan kanyatan  
ing urip iki isih ana langit sumilak  
lintang kencar kencar

Bojonegoro, 1984  
*Mekar Sari*, 1984

Sriyono:

## ILANG ING AWANG-AWANG

gusti sing nguripi jiwaragaku tansah gumrengeng  
gustiku sing terus mubeng  
terus brengengeng lan panas mureng  
mung kala-kala pletiking latu konsleting  
mancur saka asmaramu sing remeng-remeng  
mengangahing jantung  
sumuking napasmu kukusing mendhung  
gusti sing murba pati-uripku sadina-dina  
sing paring pil lan kapsul  
andum energi anti infeksi virus bakteri  
panolaking lebu-lebu meteorit  
limbah atom lan radio-aktif  
gusti sing arsa masesa bumilangit lan antariksa  
sing arsa mranata sakabehing tatasurya  
gustiku sing ngacungake asta  
sing mijet tombol  
ing ruang control  
sentrak kompyuter  
telenging kosmodrome repat kepanasan  
gusti sing mrogram kabeh jantraning lakuku  
baya ngandi maneh, gusti?  
pisan iki dawuh missimu?

gusti, wis saat untaping pesawat  
wis zero sinyal akhir lepasing roket  
gathut aku kari semut  
astronautmu saiki pamit

bumi mendhak langit miyak  
budhalku sinurung guntur iringing prahara abang  
lan saya dhuwur, saya dhuwur lan terus mabur  
mbaka siji lan mbaka siji  
wiwit lepas roket-roket tunda sewu  
sing nyurung pesawat antariksakau  
njirit langit njara mega

sumusup biruning lokapralaya tanpapusara  
aburku kelaping cipta  
keplasing lakuku wis pesating impen  
bumimu kari rembulan  
kari lintang  
akhire ilang  
anguk-anguk mung awing-awang  
ungak-ungak mung uwung uwung  
aku sing kok tembakake marang lintang-lintang  
ilang ing awang-awang

ya roddy robotku co-pilotku  
anyep tanganku\o, yen iki mung anyeping wesi-wesimu  
kekesing ati lemesing otot-bayuku

aapa kae kana kae  
kanane sing anakana  
waliking kana kanane sing ana kana  
apa mung biru iki kabeh ing awing-awang  
apa mung sepi iki kabeh ing uwung uwung  
ah, sajake iki mung sajathining  
uripku si semut sing urip kosong  
aku sing kok tembakake marang lintang-lintang  
sing ilang ing awing-awang  
kumleyang  
gusti, yen bisoa ilang  
aku saka akuku iki  
wis saya adoh sangkan  
wis tanpa paran  
wis lepas saka askabehing stasiun kontrolmu  
kari sewu-luwe sewu-kangenku  
aku sing kok tembakake marang lintang-lintang  
sing ilang ing awing-awang  
terus ngumabara ngalaya ing antariksa  
miyak sepi-sepi tanpa tepi  
ngambah ilatah wewadi abadi

Surabaya, 1983  
*Mekar Sari*, 1984

Hartno Kadarsono:

## KASUNYATAN

mau bengi ora kapetung sakehing dosa  
naluri sing micara krana adheming hawa  
lan saweneh kanyatan, hesti mono kadya turangga

naluri lan pangakon dosa  
kayadene kutub-kutub sing memungsuhan  
embuh nganti tumekaning kapan  
menungsa mono tetep menungsa.

*Mekar Sari, 1984*

## GEGURITAN PUTIH

geguritan putih tumiba  
ing sepatu, campuh lan lebu  
sauntara aku mlaku

sinambi jumangkah ngarasi suku  
mitra satuhu?

tumuli dak luru  
tumuli anyela-nyela rembugku  
tumancep atiku biru

geguritan putih saiki turu  
ora nglulu....

*Mekar Sari, 1984*

Yusuf Susilo Hartono:

## **BOJONEGORO TELAT MANGSA**

kabar marang atiek adhiku

Nimas, bojonegoro katelatan mangsa  
balung getih jiwaku disipen primpen  
sajroning senthong cilik  
oglak aglik  
katunggonan ublik.

Babar pisan ora krasa  
dak krakal banyoni  
kanthi atose balung sumsumku  
esem lan tetese eluh lanangku.

Rerondan kamanungsan  
kang wus diobrak-abrik mangsa  
sedya dak jaga  
najan lampus tumiba

Aja lali saka bojonegoro  
welingku antepi watu tekadku!

Bojonegoro, September 1982  
*Mekar Sari*, 1984

Slamet Isnandar:

## AKU IKI CAMAR CILIK

yen sliramu takon omahku  
laut biru iku donyaku, tresnaku  
yen sliramu takon uripku  
prahara lesus kuwi napasku, nyawaku

aku iki camar cilik  
kang tumemplek klebet-klebete layar memplak  
aku iki camar cilik  
kang kekejer ing pucuke ombak-ombak

sliramu ora perlu sujana  
aku dudu bangsane lintah segara  
sliramu aja kesusu ndakwa  
aku rak dudu prabu dasamuka  
sing bisa nguras segara nandur gedhung-gedhung bawera  
sing bisa gawe taman kambang ing tengah-tengahe samodra  
laya?

aku iki camar cilik  
pangarep-arepku tumpang sorote srengenge sore  
urut iline angin lan mega-mega  
gumulung kaya ombak lan gunung-gunung  
gawe guritan-guritan tresna  
gawe guritan-guritan merdika  
tanpa panyendhu lan panyaruwe  
tanpa ngreridhu lan ganggu gawe  
aku iki camar cilik, dudu benik  
sliramu ora perlu mendelik.

Surabaya, 1983  
Jayabaya, 1984

Slamet Isnandar:

## LAYANG BIRU SAKA LIGE

surabaya, jumat legi 19 zulqaidah 1404 hijriyah  
marang rama kang lagi sayah  
rama  
kepareng aku nyuwun pirsa  
aku iki mung saceplik generasi  
kecambah putih kang ora menangi getih muncrat biyen  
jaman revolusi  
nanging eluhku tansah tumetes saben wektu  
nalika lagu gugur bunga pating trecep jroning kupingku  
nalika puisi krawang bekasi diwacani ing saben acara  
deklamasi  
rama  
apa sikep mangkono kuwi wus trep karo pangajabing para  
swargi pahlawan bangsa  
lelagon trenyuh lan sesindhen gendhing-gendhing panalangsa  
utawa aku mung kudu tansah tumungkul tanpa tumindak  
apa-apa  
ora rama  
aku kepengin ngrengkuh semangat lan jiwa patriot  
pahlawan sejati kang tanpa pamrih, pisambat, panacat lan  
pangundhat-undhat  
pahlawan-pahlawan tanpa aran, kang jrebabah ndhepani  
lemah  
tanpa dunung, tanpa tepung, tanpa papan tanpa makam  
rama  
pungkasaning layangku enggal paringa tuladha  
endi sikep sepi ing pamrih rame ing gawe dinane iki  
sing kudu dak conto kadidene sikeping pahlawan sejati  
rama aku nyuwun balesan saiki  
sadurunge kecambah putih tumuli tuwuh dadi uwit  
utawa kebanjur lumpuh dikrikiti walang sangit  
sungkem asih saka putramu  
lige

Dukuh Kupang Timur, Agustus 1984  
Jayabaya, 1984

Moch Makloem:

## SAWIJINING CATHETAN

salembar godhong gumlethak ing ngarep omah  
mbanjur keturon ngrayang ayang-ayang

ngantuk tumuli ngambung bathuk  
nanging apa mokal nganti tumeka impen  
sing sumimpen ganda ganda badeg lan banger  
urip lan panguripaning manungsa

mbokmenawa impen mung sawijining manuk  
mabur menyang swarga sap pitu  
sing digugah kahananing ndonya.

Bojonegoro, 3 Agustus '82  
*Jayabaya*, 1984

## NALIKA NUMPAK SEPUR

bojonegoro – jatirogo wayah wengi

nglilir ing sawijining panggonan  
ora ngerti iki setasiyun endi  
lan ing wengi kang kinemulan pedhut  
sepur mlayu nyeput

isih suwe panggonan kang dijugjug?  
utawa rikat  
merat menyang akherat?

Bojonegoro, Agustus 1982  
*Jayabaya*, 1984

J.F.X. Hoery:

## ING ASTAMU RINAKIT GURIT

Gusti

saumpama bumi iki rengka  
grimis esuk tumiba ing pucuking alang-alang  
swara garing nglangut dumeling  
kekitrang nggelak rongehing ati kabranang  
sumiyut angin nrajang ara-ara samun.

Gusti

saumpama bumi iki bengkah  
lintang raina tumiba ing tlatah sangar  
sapa kang kuwawangudhal dhadha-dhadha wigar  
yen yektine dina iki mung panjangka  
lingsir gumingsiring mangsa tamangsang takdir  
kang mbenteyot nyangga sesanggeman kompra  
tumapak ngranti ing tlundhaking kekarepan.

Gusti

saupama bumi iki ambyar  
rembulan wengi kadhung mungkur  
banjur ing ngendi nyuntak ati-ati kedher  
ing pabaranan nglumpruk umbul-umbul kuning  
paseksening kamardikan kang rinengga badhut-badhut jaman  
lan rikalane sekerem binukak  
tanpa pambagya surak lan guyu nyekakak.

Gusti

saupama bumi iki kukut  
apa sejatining kang perlu dileluri dina saiki  
keblat papat kadhung tinutup plakat  
atosing watu karang kadhung rinemuk ombak alun  
mung kari gempilan-gempilan rina lan wengi  
kang ngranti donga lan kudung pangruwat  
marga ing asta MU rinakit gurit-gurit winingit  
prasasti sumelehing panandhang kang linempit.

Padangan, Bojonegoro 1984  
Jayabaya, 1984

Sri Sulistyaningsih Sucahyo:

## PITAKON

Sawijining wanodya pitakon alon  
Sapa ta iku wong bagus prakosa  
Akedep tesmak anggone nyimak  
Makantar-kantar urubing geni  
Yen awan dadi lamunan  
Yen bengi kaimpi-impi  
Dhuh, Gusti, paringana welas  
Dhumateng manah ingkang kandhas,  
Sawijining wanodya pitakon alon  
Apa jengandika ora bakal cidra  
Apa jengandika ora bakal siya-siya  
Ati iki mung siji, kakang  
Suthik den bagi-bagi

Surabaya, 1984  
*Jayabaya, 1984*

Eko Cahyo:

## SUGENG DALU SELAT KAMAL

sugeng dalu, Selat Kamal  
sugeng dalu kanca nelayan kang nembe budhal  
durung kober drijiku ngronce guritan peni  
minangka salamku kanggo sok-sapaa  
kang labuh ing pesisirmu bawera  
awit lakuku rereyongan  
kaya tongkang-tongkang kebak momotan  
ngindhit sesanggeman  
ngindhit jejibahan  
ngindhit katresnan lan ati-ati kapang  
sugeng dalu rante-rante lan lentera kapal  
durung kober netraku nyawang sedyakalamu  
kang gumelar ing layar jembar  
muncrat sumamburat abang jingga  
kasemp yok ombak-ombak segara  
kasemp yok sakeching rasa pangrasa  
ah,  
saiba sengseme, saiba mareme  
lamun sliramu sumandhing ing sisihku, anakku  
ciblon ing banyu ijo bening  
lelagon ing sela-selaning swara suling

sugeng dalu Selat Kamal  
sugeng dalu feri-feri kang wira-wiri  
wengi iki durung kober aku ngracik sengseming ati  
awit sesanggeman isih mbanyu mili  
gilir gumanti

Surabaya, 15 Maret 1984  
Jayabaya, 1984

Hariwisnu Harwimuka:

## PITAKONKU, HYANG.....

mekrok swiwi ligan ngoyak langit-Mu  
langit mbawera sasananing sukma wuda  
lan paripurnaning angen-angenku  
dak sebut angin-Mu sing timuyup ngembat rasa  
mesthine dak sambat kanggo labuh  
menyang samodra luhur kiprahing mega-mega kumambang

esem-Mu  
wahanane ulat madu asih-sihing tyas-Mu  
dak tabet maneh  
liwat sumiliring wengi sapinggaire rembulan purwani  
keklepere wuyung sing mabur niba tangi  
seprena, apa durung tumiba ing pangkon-Mu, Hyang?

yen kluwung iki pamothahing swiwi durjanaku  
mesthine langit-Mu mbleret, cahya bureg  
ning jinggaku mabur ayun-ayun nyuwun tuntun  
durung runtuh asih-Mu, Hyang  
banjur kapan woding langit-Mu tinarbuka?  
apa swiwiku tansah mabur tanpa lari?

Hyang .....

dak cecep bun esuk kanggo ngudhari swiwi  
kejiret klamat kala ayu ciptaning widodari lamis  
apa perlu dak babati, Hyang?  
banjur swiwiku ngebyak langit tanpa awer-awer

Blitar, Februari 1984  
*Jayabaya*. 1984

Suripan Sadi Hutomo:

## PEDHUT

pedhut ing setasiun leiden  
munggah ing pucuk-pucuke cemarane ati  
si nonik mesem uluk salam kangen:  
- aja wedi,  
yen ditutup lawange ati  
gusti bakal ngengakake jendhelane pethi

pedhut ing setasiun leiden  
mrambat ing cangklakan lan lakangku  
pedhut getihe wong urip  
nggaler ing temboke kreta mlaku  
terus, terus, grumut

sulaking teja sumunar  
cumlorot ing godhong mublak mekar

*Jayabaya, 1984*

Suripan Sadi Hutomo:

## ANA LAGU GUMONTANG

ana lagu gumontang  
ing ndhuwure piano kang ampang  
woh-wohan kang mateng amerge sujana  
nylempit ing selane iga

lagu tanpa swara  
lagune lagu tresna  
lagu tanpa manungsa  
njrebabah ngungkurake jendhela

wis wayahe saiki  
bun esuk kang nyiram rai  
cacing lan kremi  
molet ing lambene kali

ana lagu gumontang  
ing samuning sepi  
gunung dhuwur ngelam-ngelamke ati  
ngadheg ing lawange bumi

duillah  
apa aku wis ngiseni kolah?

Bendulmrisi Surabaya, 19 Maret 1984  
*Jayabaya, 1984*

Suripan Sadi Hutomo:

## ING KRETEG KALIWANGAN ANA REMBULAN JINGGA

kang sumampir ing pucuking papringan  
kuwi dudu sukmame jaka lodhang  
uga dudu sukmame si gatholoco  
apa maneh seh siti jenar  
kuwi mono atiku

ing kreteg kaliwangan  
ing sandhuwure kali lusi kang nakal  
ana rembulan jingga kang tanpa aran  
lunga teka ing lawange swarga loka  
ing sela selane mega  
nggawe lelana atiku kang ngumbara

urip mono kubahe sengsara  
urip mono mung leladi dosa  
apa sliramu durung percaya?  
mara enggal tamatma

suling kan dumeling ing pucuking pring  
kuwi suling ati lan jiwa raga  
lan kreteg kaliwangan kang ambrol ndhepani tirta  
kuwi ibarate ilange panjangka  
antarane gusti lan kawula

Blora, 6 September 1984  
Jayabaya, 1984

Anie Sumarno:

## JENDHELA

jendhela jendhela sing ngupengi kreta  
ngungak menjaba  
katon jagad luwih bawera  
ngliwati wates wates cakrawala  
ngungak menjero  
teka luwih jero  
tinimbang saka keteging jantung  
sebab saka kana mubah mosike driya  
tali kenure kang maha agung

saka kreta  
liwat jendhela  
ngungak menjaba  
ngungak menjero  
bakal weruh  
sapa ing kana

lan sapa ing kono  
pranyata aku lan sliramu  
jumbuh, dadi siji

Kamal, 23 Maret 1984  
*Jayabaya*, 1984

Ary Suharno:

## TANJUNG PRIUK

kapang sajembaring pandhang tekan tiyungane langit  
lembut lir angin segara semilir ing kulit  
nglayangke godhong-godhong cemara  
tinampa pangkoning nom-noman nedheng bebedhang

kangenku, nimas, luwih ngrembuyung  
tinimbang ringin kurung  
(ombak cilik-cilik renacak pecah ing pesisir  
aku yakin kangenku bakal kalabuh tan ana kang cicir).

ing kene manungsa mbuwang lan mbangun kapang  
sing saka tanah sabrang  
utawa sing mangkat arep nganglang

aku ora bisa crita dawa bab kapal-kapal dagang  
kuli pelabuhan sing gosong kileng-kileng gegere  
tengah wengi mengko padha minum arak neng  
Kramat Tunggak

mbakyu-mbak yu bakul jamu saka Delanggu  
apa saka rereng-erenging gunung Lawu cedhak Tawangmangu  
tanpa mangu-mangu bisa crita luwih dawa  
bab obat kuwat kanggo priya  
lan pangulandaraning rasa kang tan kinira  
bab wong-wong anyar kang mlebu kutha  
bab germa kang mbebedhang tengahing kutha  
kidange wanita  
tumbake pamiluta

lampu-lampu remeng ing lurung surem  
duwe crita dawa bab Marni lan Sri  
sing guyune ngumandhang tengah wengi  
untune emas gumebyar mblerengi

wanita mudha teka saka Sala nganthi  
ijasah lan angkah ing ati  
nggedhor kori-korining loji  
temahan nemu kuciwa  
keplantrang tekan plalangan cidratresna

apa sing mokal kalakon  
dosa sing ngracut busananing kutha  
(dhawuh aja laku jina kaya ora tau ana)  
kuciwa tandhesaning kuciwa  
kapang kang nglangut luru panglabuh  
utawa pedhoting pangarep-arep tumrap ati  
kang ringkiah

indenging kutha kinemutan angkara lan dosa  
karengkuh pengkuh tekan subuh  
manungsa mburu ayang-ayangan dhiri  
lali kapan rembulan ndhadhari

Yogya HOS Cokroaminoto – 1984  
*Jayabaya*, 1984

Suharmomo K.:

## KEMBANG SAGAGANG KANG KAMANGSANG

kembang sagagang kang kamangsang, adhuh Rama!  
dak-wudhari benang-benang ruwet kang lagi njiret  
tatu bingget, nabet ing telenging ati, singset  
yen aruming sekar iku gegayuhan mulya  
adhuh Rama!

wus dak-lari ing telenging leng semut geni  
susuhing angkrang lan astananing syetan  
kan tinemu amung geni abang  
lan peteng lelimengan  
yen pancen ana telenging samodra

yagene kang tinemu amung prahara  
kembang sagagang kang kasangsang, adhuh Rama!  
yen cumlorot iku pulung  
bareng dak-cekel jebul ndaru gruwung  
apa aku kurang waspada?  
amarga prayitna iku ajaranmu kang mulya  
drengki lawas wus dak-adohi  
srei barang kang malatu

Surabaya, Juni 1984  
*Jayabaya, 1984*

Keliek Eswe:

## KIDUNG PADESAN MANGSA UDAN

surub sauntara tumiba  
tengara mulur rada sora  
impene ja neka-neka mitra

dherak kongkang mblumbang nembang  
moyoki tani utun sing njepaplang  
surub rep padha merem lali  
kanca ngiyep sing katisen

yen wido lan wilah bengok-bengok  
empyak pawon kumedhul keluk lengkok-lengkok  
olah apa mbok?

pake gendhuk budhal dhisik  
klamben tanpa benik manggul pacul inak-inik  
jangkahe ngeja aksara  
yen paceklik tumapak  
isi lumbung wis cumepak

kuncung lan bawuk ungket-ungket  
disander emboke:  
“ngger ra prelu mlebu ewang-ewangana  
bapa biyungmu”

sekolahane sepi  
guru murid rabi  
guru sarmi maes salira  
guru jaino plesir nyang kutha

mangsa rendheng sing ajeg tumiba  
tansah nyancang wara-wara:  
“awan iki apa wani dadi pahlawan!”

Baturetno, Oktober 1984  
Jayabaya, 1984

Susiati Martowiryo:

## KIDUNG, REMBULAN LAN BLARAK SAPAPAH

kang daklari  
kidung ilang wengi sepi  
rembulan lan blarak sapapah  
menyang endi?

nggonku lumaku ragu-ragu  
nggonku mbiyaki lali  
kaya-kaya daktemu bali  
ing selaselane mega kumelun  
kidung-kidung urut lathi  
rembulan sumende papah  
pucuk-pucuk mlandhing obah-obah

ah !  
ora genah !  
aku ngimpi turu lali !

dina dina nglangut prasaku  
kang daklari tetep durung bali  
kidung ilang wengi sepi  
rembulan lan blarak sapapah  
menyang endi?

Oh !  
kelingan aku !  
durung titiwanci !

Tulungagung, Oktober '83  
*Panjebar Semangat, 1984*

Sasetyo:

## AKU DAK LEREM SAUNTARA

Aku dak lerem sauntara, nimas  
nandhukake papaku  
kang ginurat ing ragaku.

Aku dak lerem sauntara, nimas  
nambani borok-borokku  
kang saya ngrembaka  
mengko yen aku kukuh  
percaya,  
aku bakal tangi maneh  
nggawa' sewu pitakon marang donya  
(bisa uga luwih)

mangsuli wadine urip  
kaya kang mbok anti,  
ing saben guritku  
ing sabenciptaku.

Surabaya, Jagir Sidomukti, 1984  
*Panjebar Semangat*, 1984

Hariwisnu Harwimuka:

## DAK TEGAR JARAN TUWA

dak tegar jaran tuwa buyuten  
wrisane nayaka sing cilaka ing tengah marga  
kegiles rodha wesi cikare ndara demang  
isih terengginas nutut bengkahé jaman  
isih prayitna mlumpat jembare generasi  
sowang sowang senajan mripat rudhal pating pendhelik  
ngincer sirnane jaranku  
dak tegar ! dak tegar !  
playuku ing pangkon-Mu.

dak tegar jaran tuwa ngoyak gurit  
sanajan sepur kuna wis kliwat thithit thuwit  
mesthine lamat lamat generasiku pating dlenthit  
“kowe generasi Kramadimejo!”  
dudu wirang sing nylonehi atiku  
ning kunci antik kanggo miyak langit wingi  
dak dhudah dak dhudah kuburanmu!  
Kanggo marsudi jejege generasimu.

Blitar, Maret'84  
*Panjebar Semangat*, 1984

Hariwisnu Harwimuka:

## PEPESTHEN

balung-nalung gapuk dikebat grimis sore  
gagak kekiter ngumbar angkara  
kolik tuwu kekejar nyabrang agunge kapracayan adat  
tengara ana pambujung malaikat liwat  
senajan maesan-maesan kuburan durung semplah digege mangsa  
ning kari tenger titik-titik lan koma  
sing jejeg munggel windu lan abad  
bisa ancik-ancik tandha pitakon  
sapa?  
kapan?  
cacing lan rayap ora merduli arumbacine asma manungsa  
mung rame-rame bancakan daging sawaregan  
sapa sing kudu sambat ngaru ara?  
ora perlu nuding lakon keduwung  
ora perlu nguuhu pasemon edi  
ora perlu polah mbela raja brana sing dadi regejegan  
iki pituduh amblege iman ing jurang pengasingan  
kabeh wis kukut  
wis kenyut ing santering pepesthen adil  
kari manungsa katrem ing tangis  
nguntabake donga makethi-kethi  
mulat miring gusti  
sinambi antri

SST Blitar, 1984  
*Panjebar Semangat*, 1984

Moch Makloem:

## KUTHA LASEM SASI MARET 1984

kasulistyanmu wis kawntar, nimas  
kasusra tekan ngendi endi panggonan  
mung mripatku kandhev ing panyawang  
sawise manoni kahananmu kang tambah dina  
tambah ngrekasa kebak panandhang  
lan nalika sepurku wiwit mlaku alon alon  
ninggalake sliramu  
kang tumancep ing pangangen angen  
mung solah bawamu  
kang memelas nimas  
tanpa ana sing nglegewa !

Bojonegoro, 25 Maret 1984  
*Panjebar Semangat, 1984*

## KAPAL

kapal sing adoh angelangut  
ing ngendi arep bongkar jangkar  
kang mangka manuk camar  
mung nggawa kabar kabur

kapal sing adoh angelangut  
bedhah layare  
wis suwe nantang ombak gedhe  
sawise ana grahana srengenge  
sing cumondhok ing jantunge sang juru mudhi

Bojonegoro, September 1984  
*Panjebar Semangat, 1984*

Suripan Dadi Hutomo:

## SAKA PUNJERING PANGURIPAN

I.

liwat sadhuwuring ayang-ayang  
aku weruh glibeting si gatholoco  
mlebu ronge si mencō

liwat ing sandhuwuring ayang-ayang  
aku krungu surake si jakalodhang  
ngelemke sega wadhang

menyang ngendi paranku  
menyang ngendi playuku  
urut ilining banyu wudu

II.

pandhom kang tansah mubeng seser  
kaya dene klibate paser

gandhewa kang manjing panah pusaka  
kemelun ing dhuwuring iga

yagene sliramu ora percaya  
urip iki dudu ayang-ayang mega?

III.

kasampurnan kang luwi sampurna  
dununge ora na pasar bawera  
uga ora na ing telenging kutha  
kang mripat kaya watu kemlasa

dudu iki, dudu ika  
awit ika lan iki  
awit iki lan ika  
: iki – ika, ika – iki

tampanana jiwa kang umop kaya

obyaking samodra  
tampanana jiwa kang ngoyot kaya  
banyu bune akasa

endhek dhuwure graita  
ana ing slira

Surabaya, 31 Mei 1984  
*Panjebar Semangat, 1984*

Bambang Waluyo:

## DAK KIRA SLIRAMU ISIH ELING

Ing oyod-oyod wit trembesi  
Ing oyod-oyod wit trembesi  
Ing pang-pang wit turi  
Menclok sajodho manuk sriti  
Dak kira sliramu isih eling  
Yen kowe nate janji  
Arep mbangun desa iki

Ya ing driji peni sliramu kudu bekti  
Apa dene ngrukti kabudayan negri  
Lan njeritake kestuan  
Kanggo bumi kinasih iki

Namging keengapa ing impenku wingi  
Kowe malah katon nyidrani janji  
Lali, ing desa iki katresnan kudu nyawiji  
Murih padha lestari  
Muga gusti ngijabahi.

Pasuruan, SD Toyaning '84  
*Panjebar Semangat*, 1984

Effendi Kadarisman:

## KAPANG

kapang kang nunjem balungsumsumku  
kapang kang ngregem jiwanggaku  
aku kabuncang tanpa rowang  
aku kerem ing sepi tanpa tepi  
sabare pangranti sangsaya tumlawung  
panglocitanmu sangsaya tumiyung

kapang kang niup dina-dina umbal jroning dahana  
sewu latu dhuh panase sewu latu  
urube kapang iki wus ngobong jantungku  
grimise kapang iki tansah kekembang ing tlapukku

kapangku marang sliramu:  
pangantu antuning pategalan samun  
angantu tumetesing embun

Malang, Juli 1980  
*Panjebar Semangat, 1984*

Sasetya:

## AJI NAYANTAKA

Dak jaluk krodhamu sepisan maneh  
ajiku nayantaka  
kanggo ngeluk ati deksura  
kang ana ing jiwanning manungsa

Nanging sadurunge mesat angkasa  
tamakna dhisik gendhewamu  
ing atiku  
dimen gamblang anggonku ngaca  
lan ngatur ilining lakuku

Aji Nayantaka  
muga-muga kowe tansa ana  
kanggo mbirat ati duraka  
kang kena panglimputing Durga

Jagir Sidomukti, 1983  
*Panjebar Semangat*, 1984

Anie Sumarno:

## BROMOCORAH

Wis genah saparipolah  
Wis gamblang satandang grayang  
Pangucap lamiis cemawis  
Kaya wis ra tedhas mimis  
Bareng di dhor—ndlosor.

Saiki  
apa isih perlu kadigdayan  
ora tedhas sakehing gegaman  
kanggo nggayuh kautaman

apa urip mung nguja karsa pribadi  
dadi lelananging jagad  
kaya ora ana sing mahakuasa

mangka amukti wibawa  
wis dadi gegayuhan negara  
amrih warata ngrasakake  
wong cilik tekan panggedhe

apa isih payu tembung panyenges  
asu gedhe menang kerahe  
mangka punggawa negara wis aprasetya  
sawarna abdi rakyat lan abdi negara

sapa nganggu karepe dhewe  
bakal tumama piwulang kuna  
sapa nandur bakal ngunduhuh  
begja cilaka saka wohing panggawe pribadi

Kamal, 13 Desember 1983  
*Panjebar Semangat*, 1984

## SAWIJINING ESUK ING PESISIR BINANGUN

Sawijining esuk nalika sikilku jumangkah  
mecaki gemelare wedhi putih  
miyaki kaendahan, kapoesan  
prahu-prahu nelayan, pada kekiprah  
satengahing samudra biru

Ing gumulunge ombak samudra  
kang kebak barang piguna  
para kadang misaya mina pada sengkut  
makarya ngupaya boga  
rinengga sumilire samirana lan sunare surya  
minangka cathetan panguripun ing tlatah iki

Esuk iki dak bisikake marang sliramu  
oh..... pesisir Binangun.....  
ati lan pandulu kesengsem  
nyawang endahe kenya sulisiya.

Cathetan saka pesisir Binangu  
21 April 1984  
PSJB Bojonegoro  
*Panjebar Semangat, 1984*

## LAMPU BIRU ING DHUWUR SLAMBU

kembang mlathi sumebar ing sprei  
ati lan lathi dadi siji nyawiji  
“mas, wengi iki mung kagem panjenengan sawiji”  
kumlonthenge bakul rondhe mecaki wengi  
mecah angen ayem sing nggegel ati  
dheweke mesem rambute ngombak gawe ayem  
“ayo mas mecaki samodra endah”  
kandhane anteng karo merem  
mripat kuwi luyup ingaluyup sajak nantang mesem  
o, melathi ing sprei  
ya gene gandamu nyigar ati  
dop listrik biru mesem:  
“ayo wengi iki gawenen ayem, dak gawekke sunar katrem”  
slambu gonjing langit kelap-kelap katon  
kringet mampet tanpa ungkeg  
dop plastik biru mesem sumengit  
“o jirihmu!”  
sprei putih isih nglumpruk tanpa getih  
melathi putih melathi putih seger tanpa tetes getih

*Jaka Lodang, 1985*

Yudhet:

## DAKETUNG MATA RANTE

daketung mata-mata rante  
imitasi ing gulune  
ngetung dina-dina dawa bareng dheweke  
o, paragatama  
ya gene kowe trima?

dak cicil angen-angenku turut idepe  
dakenam gegayuhanku liwat bening praupane  
o, widodariku  
irak-iran dakanti rampunge  
wragat perang kanggo kowe

aku janji widodari  
panandhangmu dak bundheli  
suket grinting kekendhitku  
sun gawa miber kekejer  
sowan hyang widhi ing swargaloka

Triwida, Blitar, 12091985  
*Jaka Lodang, 1985*

Yudhet:

## KIDUNG PARAK ESUK

kidung parak esuk  
binarung swara jago kluruk  
ing pereng pereng  
gumuk lan gumuk.

kidung parak esuk  
sumamburat lan bang wetan  
rebut dhucung mburu upa  
rerikatan wedi kerinan

tangan pengkuh sikil bakuh  
bakal sayur nggendhong dina  
ing dalan dawa kang saya dawa  
kidung parak esuk aweh sasmita:

obahe salangkah!  
majuwa salangkah!

*Jaka Lodang, 1985*

Yudhet:

## AKU YAKUWI

aku yakuwi  
kembang kertas  
pasren kamar  
rupak  
pucet  
putih  
ora duwe getih  
mati

aku yakuwi  
paragatama  
ing sandiwara  
donya  
pinggir kutha  
amitra sato  
nganggo dhasi  
sing numpak mersi

aku yakuwi  
pahlawan  
pembangunan  
sing dwifungsi  
anyeneng ati  
para gusti  
uga iki  
praktekku majegi

triwida - blitar,  
05091985  
*Jaka Lodang, 1985*

PERPUSTAKAAN  
BADAN BAHASA  
KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIONAL

Iyon Suharno:

## GURIT ING SEPUR

ing njero sepur  
nalika lokomotif tuwa kuwi lumaku  
aku nyoba nyaket  
dhuuh, mbakyu  
ulatmu suntut  
saka netramu isih ana cuwilaning luh  
kang cblok tumetes  
aku mung meneng angkuh  
nalika dheweke nyandhak bocah cilik  
diboyong mundur  
lungguh ing nburi caket grobak barang  
ing atine isih nenuwun  
ngenteni pangulure tangan  
saka wong sing gelem aweh jakat

Sambidoplang,  
Sanggar Sastra Triwida 1985  
*Jaka Lodang*, 1985

Iyon Suharno:

## **GURIT ING WISMAMU**

rikala wengi rembulan padhang  
ing wismamu  
dhuh, wong ayu  
kombang-kombangguyumu  
padha keklipengan

dhuh, mbakyu mbakyu kang ayu  
exem lan guyumu  
satuhu  
apa pamilut

nalika lambe menismu,  
lagi mangucap  
“Mangga Mas, pinarak, mumpung adhem, ayo adu sengsem”

rembulan isih sumunar padhang  
ing wismamu kang njegenggrang  
kumbang isih keklipengan.

Samblopang, Sanggar Triwida 1985  
*Jaka Lodang*, 1985

Iyon Suharno:

## BEJAT

apa isih durung mupus  
atine  
pikirane  
imane  
isih kepengin rusak?  
hoooak! Hoooak!  
saka tutuke isih kawetu  
ambune bir lan arak  
lela-lelo  
omongane dadi pelo  
gejlak-gejluk  
iramane kaset barat  
ngiringi jogete wong kang bejat  
apa kuwi kabudhayan asli kita?  
oh.....

Karangtalun Ratna, 1985  
*Jaka Lodang*, 1985

Keliek Eswe:

## PASAR BARU, SAWIJINING SORE

dudu gamane panguripan yen wanci iki aku wani mlebu  
nanging ngupadi batangane pitakonku: apa ta iku

o, bul parane wong nyepatu, dadi ing kene  
padha bae: sapa aku sapa kowe  
iki papan butuhe wong-wong glamour  
sapa-sapa sing ra kena amor

ing kene cathetanku saya cetha  
: wong urip iku dipantha-pandha

*Jaka Lodang, 1985*

## TERMINAL BIS GROGOL, SAWIJINING AWAN

sing dumadi ing kene isih kaya wingi  
wingi lan wingine maneh  
: ruweting napas sing pating tleceh  
teneh mikir esem pacelathon utawa sapa-aruh  
sedheng mitra sing biyen padha-padha saba kalen  
saiki wangsulan: embuh!

*Jaka Lodang, 1985*

Keliek Eswe:

## SANGISORE MONAS, SAWIJINING SORE

aku ora bisa ngarani  
lambanging kutha metropolitan iki  
: grapyak angkuh apa acuh  
awit pager wesi sing kukuh ngupengi  
ngelingake marang panguripan sing saya ora weruh

njur taman ijo ing ampinge  
yektine bisa nglipur dhadah sawetara  
nanging jenggelege lanang-wedok  
magendhok-gendhok  
plerak-plerok sajak ngundhamana: kowe perlu apa  
oh! sapa wajib dithothok

(ilining rah manut sejarah?)

ah, uwis ta uwis, enggal dipupus  
ra usah criwis, coba ngendi ana pring apus

jkt, sept 1984  
*Jaka Lodang, 1985*

Kicuk Partha Sukiran:

## GURITAN PINGGIR EMBONG

Saka jendhelane bis Mandala Sari  
rembulan tanggal limolas  
tumangsang pang-pang wit asem  
ngegla, manglung madhangi jagad  
kala semana Mandala Sari mlaku rikat  
nguber wektu, nlusup wengi kang; sepi

saka jendhelane bis Mandala Sari  
thukul guritan sepa  
saka atine jaka kasepen  
sing nalika iku gitihoke mengkorog

Saka jendhelane bis Mandala Sari  
katon bangke manungsa tanpa aran  
ngglethak ing pinggir dalan  
kunarpane mengkurep  
ngrangkul lemah lan gragal garing  
tanpa sambat!  
awit bathuke rojah-rajeh tatu pluru  
kala semana

Blitar, akhir 1984  
*Jaka Lodang*, 1985

Kicuk Partha Sukiran:

## PUNGKASANING SEPI

sukma-sukma pada mara  
bali marak seba ing raga  
mrambat liwat usuk-usuk pring  
mlebu marang ilining rah  
wengi iku kawedhar sabdaning impen  
kawetu marang gunem semu  
jarena lambe lamis  
kuwi impen ala, kudu ngati-ati!

ing pungkasaning wengi, sepi  
jagad wetan, abang rantak-rantak  
mulas sakehing tumindak ala lan becik  
kabeh iku mau  
ditampa janma kanthi seneng  
ayem?

Blitar, Desember 1984  
*Jaka Lodang*, 1985

Iin Rokhani:

## KANGGO BAPA

Bapa.....

Alon-alon dina padha lunga

Mubeng kaya kincir

Wit-wit pari kae uga padha lungkrah

Semplah

Katerak sapi-sapi kagunganmu

Ing tlaga peparinge Gusti

Aku wiwit sinau ngaca

mingar-minger sinambi memuji

Muga tansah basuki

Siji mbaka siji dak ronce

Sesawanganmu karo biyung

Merak ati

Kadidene pralambang mimi lan mintuna

Nanging rasa ternyuh nyrempet ati

Yagene riwemu ora nate bali?

Trenggalek, 9 Februari 1985

*Jaka Lodang, 1985*

Iin Rokhani:

## **CRITA SAKA SMA**

Nalika bangku-bangku wis ora tata  
Lan kapur cilik-cilik padha nglampra  
Sarimbit gambar mangsi biru  
Kledhang-kledhang bareng miline angin  
Tanpa dak undang  
Tanpa rowang

Sedela aku ngimpi dadi Dewi Ratih  
Ning kidung ing atiku pranyata dora  
Roman sakcuil wis muspra  
Nglangut adoh saka pangimpen

saka kadohan langit katon abang  
Banjur biru  
Tansaya biru  
Kaya getihku kang malih kenthel

Trenggalek, 27 Juli 1984  
*Jaka Lodang, 1985*

Darko Manguntoro:

## KIDUNG PUJANGGA I

pancen langit tanpa pager  
sang bagaspati tansah mesem  
lintang rembulan isih mubeng  
dene kita kudu anteng  
ngening cipta sinambi mandeng

ing gaman lan rupa  
kanggo mecak kaya ratu gung  
ing gisik samodra  
mampir layar sedhela  
nginggal tracak padha krikil  
banjur musna

Trenggalek, Maret 1985  
Iin Rokhani  
*Jaka Lodang*, 1985

Darko Manguntoro:

## KIDUNG PUJANGGA II

yen grimis kumembeng  
unekna  
lan unekna  
sesindhenan adreng  
mring pepujan suci  
jroning ngumbara  
ing laladan kebak lendhut

tumengoa  
bapa wuwung bun-bun esuk  
biyung tirakat ing puthuk

yen panas mangar-mangar  
unekna  
lan unekna  
tetembangan pepuspan jiwa  
wis ngumandhang  
kidung KITAB ILAHI.

Trenggalek, Maret 1985  
Iin Rokhani  
*Jaka Lodang, 1985*

Kelik Eswe:

## PRAU

prau  
kae! ana prau  
segara biru  
ji  
ro  
lu

mlayu-mlayu!  
ing  
bathikaning toya  
gumebyar kinclong-kinclong  
marga sunar E prau lumuncur  
tumuju pulo kembang gagasan  
swarane kumuthur anyusur  
kenur angina buritan  
prau kae genderane katon saka kene  
wernane abang putih  
nahkodane kelasi apadene penumpange  
dongane andedel mumbul pating tlesih

rembulan mesem kecut  
rikala jroning prau mambu entut  
0,0,000 garising pepesthi kang tumancep  
yekti kudu kita sesep katintingi endi

kang anyep  
kang trep  
sigeg  
prau terus lumajar, trakadhang leuke a-  
nubruk ing buthengan  
ing kene: kayu-kayu gapuk duweke pe-  
numpang remuk, dening  
bubuk klakon kapangan; iki lho, iki lho  
kasunyatan!  
paprangan kang anuntut tumetesing keb-

lat bening  
ombak gumulung, prau mentiyung,  
mlendik-mlendik kadya kagistik  
swara sambut njaluk tulung maletik ing  
madyaning ati cilik

ing kene among ana was-sumelang, ing  
kene  
jeriting ati kekejer sing dadi tembung  
njur racikaning ngaurip bebrayan lan pa-  
seduluran cengkar  
sing dadi pribadi anemu gangsar  
: prau, prau aleayar samodra wiyar  
lakukumu kuwi aku, lakuku iku lakumu  
tembangku ya tembangmu, tembang kita  
datan sepi ing bebaya  
o, prau, prau aleayar kita bebarengan  
jengkar ngungak donya gilar-gilar

*Mekar Sari, 1985*

## ANGIN PADESAN

Nalika angina padesan ngungrum pucuking ori  
dak sasak trabasan dalan padesan  
kembang jagung mbabar bawaraning lurung  
ing galengan bibi ibut nyampe pinjung  
ngrantam pepenginan ngundang jaman.

Nalika angina padesan gegojegan karo walang angkup  
dak ungak gumelaring plataran padesan  
rikalane prawan-prawan katrem cublak-cublak suweng  
ing sandhinge bocah-bocah nggagas lelakone cindhelas  
jeriting bayi sirep ginawa ngelike kidung macapat

Nalika angina mlangkring pucuking wengi  
dak silemi atine prikanca padesan  
kabeh isih klayu marang ajining dhiri  
during kuwagang ngundha biwara ajuning tehnologi  
kan wis adoh ninggal tangga lan tepa slira.

Nalika angina padesan nyangking mega putih  
dak sekseni sumelehing pangrasa tlatah padesan  
kedhung-kedhung cilik kang kuwawa aweh pratandha  
ketemune kadang sesalamana ngiket rowang  
nyawiji mbuncang gagasan-gagasan abang.

Pandangan, Bojonegoro  
*Mekar Sari, 1985*

Ary Suharno:

## CADHIK AYU ING PESISIR

wayah cadhik ayu ing pesisir ibu  
o, aku pangumbara tanpa sangkan  
ora ngerti ngendi wekasaning paran  
ora kaya surya lakune puput ing cakrawala

ngresepi kidung segara langgeng  
asih tresnane ibu sing dakregem  
saiki nuwuhake rasa kangen  
ngendhamu ngrenggani mendhung mangsa rendheng

nyuwun pangest ibu  
putramu neruske laku

semi-semi kudhuping melathi  
pangarep-arep ing dina wuri

*Mekar Sari, 1985*

## “MENAWA AKU KETEMU SLIRAMU”

Biyen aku tau crita  
yen aku bisa sapatemon lan sliramu  
dak aras pipimu klawan manising madu  
uga crita bab-bab sing perlu dipaelu

Manawa aku ketemu sliramu  
dak dudhah isining kalbu  
temangsang ing warna biru  
lan sliramu ora mung sedheku

Saiki nalika aku ketemu sliramu  
apa sing bisa dak anggo wicara  
sunggingan duk nalika samana  
pating slengkrah wis ora memba

Nadyan ora ana sing perlu digawe cuwa  
sebab ora ana pasetujon sing tau diduwa  
saiki kadenangan anggone padha lelewa  
ora ngelingi yen umur tambah tuwa

Taun-taun sing wis lungse  
sumendhe  
ing kene

Oh, wis lungse  
semungguh ora kedlarung tebane  
anak turun sing mesthi digape

Saiki sanyatane  
dina-dina tumapak nyeret umur kaselak  
lumayu  
lan kita sapatemon wis padha tuwane

Tumuli ing umur sing tambah dawa  
apa kita ora padha gumuyu

yen marak pak pengelu?

Manawa aku ketemu sliramu  
kembang sing biyen tau dironce  
tumiba ing jobin kari sasele

Pungkasane  
manawa aku ketemu sliramu  
aku krasa yen kauntal wektu  
aku pangling yen kayadene tamu  
jiwamu apa ya ora ketiban dahuru?

*Mekar Sari, 1985*

## URUT DALAN PARENGAN – KALIKETHEK – BOJONEGORO

urut dalan parengan-kalikethek-bojonegoro  
urut lenggak-lenggoking sungapan bengawan solo  
urut sesawangan garing kasatan tresna  
atiku temlawung nyawang langit nyapu mega

parengan kang sepi  
parengan kang ketrini  
napasmu ko canthelake pang-pang garing alas jati  
utawa kaya pak wasiran jragan gamping sing gemati  
ndina-ndina ngobongi watu mati  
ah watu mati  
ajining panguripan kaya-kaya durung pati diopeni

urut dalan parengan-kalikethek-bojonegoro  
urut lenggak-lenggoking sungapan bengawan solo  
sapi kuru, omah kuru, bocah kuru, simbah kuru  
lan kidung-kidung katresnan kang wus ora nate keprungu  
ing kene  
kapan baya ana tangan-tangan emas kemlawe  
nyaut gendera kamanungsan kang banget diarep-arep timbule  
nyuwak panandhang lan kasangsayan  
nyingkap dununge tembung adil jroning kamakmuran  
sliramu sumitra lampune kutha  
lempiten sofamu  
silakna kordenmu?  
sawangen kiblatmu  
turahing donya brana kuwi petunge darbeke sapa?  
urut dalan parengan-kalikethek-bojonegoro  
urut lenggak-lenggoking sungapan bengawan solo  
ah, njenggirat aku  
dak lekke mripatku  
parengan kang sepi, parengan kang ketrini  
jebul saiki sliramu kenes merak ati

godhong-godhong jati ngrembuyung ledhung  
kasempyok kidung-kidung panuwun  
saka langgar-langgar pojok desa  
ngagungake asmane Gusti Kang Maha Kuwasa.

Dhukuh Kupang Wetan, 1984  
*Jayabaya*, 1985

Agus Sukoco:

## EPISODE AKHIR TAUN

Sumiatun,  
ing poncot stasiun  
ora kaget ora gumun  
mapag tumapaking taun  
ora nlangsa ora getun  
awit, Sumiatun  
wis kelangan rasa  
ya rasa sakehing rasa

Sumiatun, ,  
ing poncot stasiun  
nepusi dina nepusi taun  
tanpa pituduh tanpa panuntun  
ngliga raga ngliga jiwa  
diutal lajuning donya

Sumiatun,  
ing poncot stasiun  
ngguya/ngguyu-sakepenake  
tetembungan sakendhake  
tanpa nggape-kamanungsane  
tanpa ngrewes kiwa-tengene  
akeh wong bingung mikir awake  
Sum,  
mulya kuwi ngendi dununge?

Wonokromo, 31 Desember 1984  
*Jayabaya, 1985*

Yusuf Susilo Hartono:

## PUPUS-PUPUS MENDHUNG

Ing pupus-pupus mendhung  
wulu-wulumu kecer  
dak jumputi eluhmu  
sandhuwure lumut watu

Emprit,  
ing jaman kaya mangkene  
ora perlu mabur dhuwur  
mabura lumrahe  
wong cilik  
nyenthong ing bilik satlenik.

Emprit,  
swaramu kang putih  
ora bakal kuwawa nyungkirake  
mendhung lelimengan  
ing saben dhadha manungsa  
Mula  
saka njaban rangkah  
becik ngenam donga putih  
sinambi nyathet  
Borobudur kang sumyur.

Bojonegoro, 1985  
*Jayabaya, 1985*

Suripan Sadi Hutomo:

## WIS MAKAPING-KAPING

wis makaping-kaping dak-etung  
driji iki ndumuk lekukuing cabdhi gruwung  
kang isih mesem nantang kahanan  
ing sela selane manuk prenjak padha jumpritan

wis makaping-kaping aku sila sedhakep  
madhep pusering raina lan wengi  
kang saiki sangsaya kisruh lanngruket  
panguripan kang mubeng nindhes ati

aja crita maneh bab polusi  
alas-alas garing kebrongot materi  
manuk greja dadi sasarane pati  
awit langgar lan masjid wis nguyék wengi  
lan wong-wong ra sa turu kepati

mula pancen bener kandhamu ika:  
--donya wis dadi neraka, neraka!

Bendulmrisi, Surabaya  
10 Juni 1984  
*Jayabaya, 1985*

Rahmadi Hartono:

## PAPUNGAN

tekaku aweh prasapa  
sugeng enjang bengawan solo  
sugeng enjang tukang satang?  
sugeng enjang tuwan dubois  
sugeng enjang pithecantropus erectus  
dak uluk salam patilasanmu

cagak tetenger iki  
minangka saksi bisu  
gisiking bengawan solo  
anteng nyimpen wewadi  
dandamu tumeka nederland

ora rinasa  
welah prau nabet kapangku  
ngendheg lakuku  
kenya ngindhit rining  
gawe kejoting panyawangku  
prawan-prawan tani gemati  
ngukur dawaning galengan  
methiki wulu wetuning bumi  
manismu mantesi gebyaring dhusun bawera

iki pupus-pupus enom  
liwat paraga guru cumithak nalar mu  
calon-calon pemimpin

papungan.....  
katone blegermu dhusun bawera bisu  
nanging sing kok ayomi iki  
pupus-pupusing srikandi  
O, papungan  
senajan dunungmu adoh kutha  
aku tetep tresna.....

Papungan, Ngawi, April 1985  
Jayabaya, 1985

## PETA

P – eta,

lairmu biyen mbarengi weriting jaman kala kadut.

E – pek-epekmu,

ampuhe ngluwihi rajah kalantaka.

M- enganggatimu,

murup semangatmu

B – odancok Syodancok Codancok,

apadene Daidancok-donok.

E – nering tekad wus nyawiji

lan para Gyohai

L – elandhesan sumpah prajurit

Stot bo-ei gyugung sohewak

A – nggamu dibrondong pelor .....

dikrutug pisuhe si jago-kago kate

T – entara peta,

saiki kowe ana ngendi??

A – pa semangatmu isih murup??

apa ampuhe tanganmu isih ngluwihi rajah kalantaka??

N – ippon lan kusukuhone kang wengis

saiki kiprah mbangun negarane

A – nteping atiku dak undha mumbul awor mega

milang miling .....

nglari parane kanca sing dadi jendral lan sing kasingsal

H – irosima lan Nagasaki tau ajur mumur

tau mbledug amun amun sadurunge ana rudal

A – tiku, negaraku, bangsaku, jendralku

lan sing padha kasingsal .....

I – ki dudu critane wong ngomyang

dudu wong ngawu awu nyidham diundang ratu

R – jah kalantaka-ku pancen tau murup .....

sauruting jalan tunjungan

kang dadi ajanging prang kamardikan

Kaliasin, 1 Maret 1985  
Panjebar Semangat, 1985

Sasetya:

## LELAKONE GODHONG LUNTAS

nyipati kahanane godhong luntas  
kang luntur wernane  
sakala Paidi, tukang cet, lali marang  
anganing dhiri  
nyirami godhong nganggo lenga kesturi  
gilar gilar mecutake

nanging apa baya, sesuke  
godhong luntas owah saka gingsire  
dadi godhong kemranyas  
kang ora tedhas dipancing pangrasa  
Paidi nglenggana, lila legawa  
Mmbukak dalaning begja  
najan piwelase tuba

Jagir Sidomukti, 1985  
*Panjebar Semangat*, 1985

Anie Sumarno:

## KABAR SAKA MEDURA

clurit panceñ bisa mateni, nanging apa bisa  
tumindak dhewe yen ora ana sing nindakake  
kanggo nulak pangina, geni murub ngobong dhadha  
saka cupeting pangrasa, bakal awoh pangundamana  
aja wedi, ing alun-alun balapan sapi,  
sing menang sing banter playune merga dipilara dening joki  
sapa nyana kabudayan madura saiki darbeke bangsa sadonya  
pakaian adat, busana lan beksa, topeng dhalang sandhur madura  
ora kalah kondhang karo uyah, salak bangkalan, krupuk  
pamekasan  
bathik tanjungbumi, ukiran karduluk warisane purbangkara  
yen duren tanah merah wis mangsa ing pinggir dalan nunggu sapa  
yen ora tuku bakal ngulu idu, ambune nggoda tuku sewu entuk telu  
uga pindhang, petis urang, gula siwalan  
pitik, wedhus, kebo, sapi belehan sumebar sanusantara  
ora kalah anja tenaga kerja, lanang wadon padha siyaga  
kanggo, brunai, arab utawa malaysia, ora lali transmigrasi  
madura uga indonesia, ing kana kabaeh suku wis ana  
madura dudu pucuke clurit, perang tandhing mengsa jurit  
madura tlatah budaya, kejawen kang seje basa.

Kamal, 1985  
*Panjebar Semangat*, 1985

Hariwisnu Harrwimuka:

## KEBLAT

secuil rasa muksa  
mlipir keblat papat  
minger ngiwa, jagad surem  
memaniking bala durbudi  
sesananing tingkah peteng  
minger nengen, bebrayan gumebyar  
nadyan sengsara nyubya panandhang  
ning karenan penggalihing Gusti  
manunggal rasa pribadi mrih asih  
mungguhing ireng putih  
minangka kacaning kapribaden

Blitar, akhir November '83  
*Panjebar Semangat, 1985*

## STASIUN

ejek ejreng! ejek ejreng!  
wesi kegiles gumerite ati  
ing ril kasusilan  
mripat mripat ireng adu dosa  
kaya tebeting grimis ngikis sentosaning gunung  
banjur mandheg jegreg!  
raga kukut  
nyawa antri ing stasiun.

Blitar, akhir November '83  
*Panjebar Semangat, 1985*

Bambang Wahyono:

## SAWIJINING SORE KLAWU

Ing sapinggaing dalam dheweke gumlethak  
Sawise esuk gumregah tangi kathokan cekak  
Nggawa kothak karo udut lali meh diklethak  
Wah, nasib yen pancen cepak  
Klawu, kaya wangi gandane daging luwak  
Ah!

Ora ana sang Bagaskara kumliwer  
Ora ana rembulan mlayu banter  
Pancen piyandelku ora perlu  
Sing ana sisa bakwan es Nyonya Mi Wha  
Bangsaku wong cilik sing butuh panyanggah  
Kapan baya kowe ngowah naibmu?

Pasuruan –Sd Toyaning '82  
*Panjebar Semangat, 1985*

Yuli Setyo Budi:

## **SURUP ING PESISIR**

kang dumadi  
kang murbeng  
ing kene sepi  
wates pandulu garing

endah kang panas  
ing matin sumunar  
kelang

Tanjungkodok, 30 Mei 85  
*Panjebar Semangat, 1985*

## **WUYUNG**

1  
kabeh isih wutuh  
kaya biyen  
rikala kawitan ketemu  
lan kita ucap: mung sliramu.

2  
ora ana kang luput  
utawa salin rupa  
sebab busana iku  
tetep kaya kang 'dak agemke  
ing ragamu.

Mojokerto, 6 Agustus '85  
*Panjebar Semangat, 1985*

Agus Sukoco:

## **OBSESI WENGI**

wengi atis  
grimis tan wis  
sukama kairis  
was  
kekes  
giris  
miris  
wengi atis  
grimis tan wis  
garis lalis  
nyentok rasa nyendhal tangis  
maras miris  
saya was  
saya kekes  
saya giris  
wengi atis  
grimis tan wis  
ngiris iris  
ngiris ati  
ngiris jiwa  
ngiris rasa  
rasa salah  
rasa luput  
rasa dosa  
oh. Maha.....  
nyu – wun – ak – sa – ma.

Surabaya, 27 Des. '84  
*Panjebar Semangat*, 1985

Iyon Suharno:

## BALADA RARA KEMBANGSORE

Roro Kembangsore! Roro Kembangsore!  
pasuryanmu ayu  
atimu lugu  
resik kaya biruning banyu  
yagene kowe tansah kaburu-buru.

o..... Roro Kembangsore  
kaya ngapa lelakon ira rikala semana  
nalika kadipaten lagi gumuruh  
akeh ati lanang kepengin ngrengkuh  
nanging atimu tetep puguh.

wauta Roro Kembangsore  
banjur cumandhok ing wisma  
senjata mung prasaja  
wisma kuna deweke mbok randha  
sing apik ati lan glagate

Whelata Roro Kembangsore  
cumondhokmu ing omahe mbok randha  
nggawa cahya kuncara  
pasuryanmu kang ayu trewaca  
dadi kembange desa

wauta wau  
putra kakunge mbok randha  
putra mung siji  
kang aran Si Jaka  
tur ala ing rupa

whelata Jaka  
tan kanyana-nyan  
jebul uga nandhang asmara  
kepengin ngrengkuh putri ayu  
Roro Kembangsore

kocapa ing sawijining dina  
si Jaka tansah mlipar-mlipir  
nyaket sang kusumaning ayu Roro Kembangsore  
bola bali tansah nari  
gelema Roro Kembangsore dadi sisihane  
ora koyoa bingung Roro Kembangsore  
dheweke ora gelem nglakoni  
lamunta dadi sisihane  
dheweke puguh  
si Jaka tansah angreruntuh

tansah dumeling nganyut  
suwara gandrung si Jaka  
kang ketaman asmara  
tan kena binendung atine  
kepengin ngrengkuh Roro Kembangsore

klepat!  
playune si Roro Kembangsore  
ngoncati gandrung wuyunge si Jaka  
kang ora kena binendung  
Roro Kembangsore wis tekan pucuke gunung.

Wauta si Jaka kang tininggal  
leren ing perenge gunung  
lungguh legeg-legeg atine sumpeg  
ati wis gumpil lan lara  
pangarep-arep dadi muspra.

“O.....Jaka?! Kena apa kowe ana kene?!”  
Endi Roro Kembangsore ngger?!”  
pitakone mbok randha kang lagi wae teka  
si Jaka or mangsuli  
ndadekake dukane mbok randha

“He, Jaka?! Kena apa kowe ora gelem magsuli  
pitakone simbok?! Kowe mung  
anteng kaya watake reca”  
aloke mbok randha sing wis muntrap nepsune

sakala si Jaka rubah pawujutane  
rupa reca kang mbegegeg  
ora obah, ora mingset

ora koyoa tangise mbok randha  
sing wis keprucut ing tembung  
kelangan putra  
atine lara  
pangarep-arepe muspra.

Sambidoplang, Sanggar Triwida 1985  
*Panjebar Semangat, 1985*

Keliek Eswe:

## GURITAN REMBULAN

o, langit bawera biruning akasa  
kawit biyen durung ana sing blaka  
dhuwur lan endahe sengsem lan tentreme  
janma ngendi sing wenang ndarbe?!

o, padhanging sunar E putihing mega-Ne  
kawit biyen kanggo gondhelan  
prabawa agung lan lansepe murni lan sucine  
reranggah ketholangan maewu tangan

ooo, rembulan! rembulan!  
anak-putune adam-hawa wenehana dalan!

*Jakalodang, 1986*

Iin R:

## KUNTHIKU

cetha wela-wela  
tresnamu mijil landhung  
katresnan biyung sejati

ing rina-rina pepes  
ganda wuyung prawan kencur ngrantes  
kesengsem pangripta endah sih dhuhkita

kunthi  
kunthiku  
cuwilan melang-melang wis ora nana  
astamu kumlawe  
ambekta parisuka

Malang, 6 Desember 1986  
(kagem ibu Endro ing Bandhung)  
Jakalodang, 1986

Iyon S. Yon:

## GURIT KANGGO SASTRAKU

daktegar  
lakune kreta iki  
senajan ta  
kageret jaran pincang

isih dakbujung  
lakune sastra jawa  
saka leluhurku  
senajanta  
mung nggawe crita lan guritku  
kuwi waris  
kang kudu dakpuja puja  
kang kudu dakpuji  
tinggalane leluhurku isih durung gelem mati

Kalidawir, Sanggar Sastra Triwida 1986  
*Jakalodang*, 1986

## SABENERE URIP IKI PRAJANJEN

Sabenere urip iki prajanjen  
dudu wengi sepi koncatan rembulan karahinan  
dudu langit wingit tininggal mega rerantan  
kang dinadhar wani ndhaku laku  
ndhisiki ngetung laku jantraning sesanggeman  
kuwawa mandeng lintang-lintang katresnan  
wani nepusi bumi panguripan lan  
nganthongi gempilan-gempilan prastawa  
iki dudu kleblating dina lungse  
kanthi dhadha ngliga ayahan  
ing kene tinemu keketing memitrان angin sore  
senajan ngundha krenggosing napas kaoyak mangsa  
wis prasetya manjer umbul-umbul kasantosan.

Padangan, Bojonegoro 1986  
Jakalodang, 1986

Kicuk Partha Sukiran:

## GURITAN KANGGOKU

e lha,  
kowe melik diundhang ndara  
tolehen ta dhisik githokmu  
kowe pengin diundhang raden  
ngiloa ta dhisik nganggo banyu leri  
ing kana rupamu klawu, putih bulug  
memper mori diwasuh endhut  
kowe kuwi kegedhen karep,  
semugih,  
ilinga ta, yen kowe kuwi anake kere  
sawangen pundhakmu, dedegmu lan lakumu  
nganggo pikiranmu sing landhep dhengkul  
kowe kuwi ora gagah, ora nggantheng  
tur ora sugih  
mula kowe ora pantes  
yen diundhang ndara utawa radeir  
pantese kowe kuwi diceluk kere.

Blitar, awal 1985  
*Jakalodang*, 1986

Slamet Isnandar:

## LAIRA JABANG BAYIKU

laira jabang bayiku, laira  
yen napasmu bakal nyegerake wutah getihmu  
laira jabang bayiku, laira  
yen kiprahmu kaya gathutkaca mrothol gulune sekipu  
ananging  
yen uripmu mung bakal nyebar penyakit lan bebedu  
yen uripmu nyingkur Gusti ngrangkul candu  
luwih becik kowe mati  
kecubles spirale ibumu!

*Jayabaya 1986*

## GURITAN LAMPU ABANG

pranatan iku pranatan  
dudu novel dudu guritan  
pranatan iku pathok pikiran  
dudu impen dudu lamunan  
yen wiwit simbah nganti bocah  
wus kalepyan angon wayah  
guritan lampu abang kudu dipanjer tengah prapatan  
kareben luwih cetha surasaning bebener lan keadilan!

Surabaya, akhir 1984  
*Jayabaya 1986*

Agus Sukoco:

## WENGI IKI KITA KETEMU

wengi iki kita ketemu  
aku kok titipi rasa  
pikolehmu ngumiabara angon nyawa  
“aku menungsa kebak crita lan prastawa  
uripku tanpa sepi memala”  
kandhamu tanpa sacuwil panalangsa.  
banjur ing sorot pandengmu,  
molak-malik wewayanganku.

wengi saya nglangut  
rembulan surem kaseput pedhut,  
aku trantanan ing tilas tapakmu.

lan esuke,  
ing plethrking srengenge  
wewayanganmu nuding sku,  
“sapa kowe?!”  
ya, sapa aku sapa kowe  
sapa aku sapa kowe  
sapa aku sapa kowe  
sapa aku sapa kowe.  
sapa sapa?  
sepi  
sepa  
ah, hmm.....  
ora! isih ana raina!  
isih, isih ana  
ya ana!  
ana.

Surabaya, Januari 2008  
*Jayabaya 1986*

J.F.X. Hoery:

## TAMAN

Ing taman  
ing taman anakku  
tawon lan kupu rebutan madu  
kinjeng lan kombang rebutan kembang  
angin esuk ngerong ebun ing pucuking kudhup  
kekedhering kinjeng lan kupu  
aja nganti mbok incup  
sawangen bae  
endahe!

Ing taman  
ing taman anakku  
kupu lan kinjeng isih kapiadren;  
tawon lan kombang ngenam parandhang  
madu lan kembang ninggal kudhup esuk  
mega-mega putih gegojegan mapag angin sore  
aja mbok guyu dhewe  
sawangen  
ing biruning langit  
kae papaning kawruh lungit  
lan ing kana uga aku titip  
geguritan kang dak rakit.

Padangan, Bojonegoro 1986  
*Jayabaya* 1986

Sasetya:

## TANGAN 1

tangan kang dhisik mbok agulake  
dadi pangembating kardi  
geneya saiki manjing ing pusere biyungmu  
rina wengi ngitung tumangkare sangga rugi  
(dene kowe isih angler ing pucuking mandragini)

“sesuk biyung,  
dak kutahake sakehing aji-aji  
mbengkas leletheking negari  
nanging aja saiki sebab segara  
kang dak gantha dadi tuwajuhe pangembat  
pranyata amung baweraning getih  
tumimbule ringkikh  
jijik aku  
(dene kowe isih angler ing pucuking mandragini)

banjur si biyung saya kenthir ngliling si  
tangan kang saya rumasuk  
uleng ulengan, uleng ulengan  
pethal saka garbane

Jagir Sidomukti, 1985  
*Panjebar Semangat*, 1986

Sasetya:

## TANGAN 2

kowe, kaki  
tangan kang ndlesep ing puncaking mega mendhung  
golek jatining pesthi  
nyekti dongeng si biyung  
nanging apa kang mbok gantha  
tinemu suwung, suwung  
sebab wiwit mula ora mikir  
darunaning temu

Jagir Sidomukti, 1985  
*Panjebar Semangat*, 1986

Nono Warnono:

## ABOT

barate gedhe lho ngger  
aja dhuwur-dhuwur ngumbulna layangan  
apike pancen apik  
ananing bolahmu sajak methet

apa arep kok udal tekan langit  
aja ngger!  
aja madhani layangane anake pak mentri  
ayo uluren endhek-endhek bae

atine sapa ora kepengin ngracut pangarep-arep  
adreng, abot kanggomu  
apa isih durung nglenggana ngger?  
angger wiramane jaman ora slaras karo jangkahmu

aja dipeksa wanuh yen akeh pakewuh  
aja misuh  
alap eluhmu gawe lawuh  
angger panjangka kang arep kok gayuh

Ngemplak, Bojonegoro '85  
*Panjebar Semangat*, 1986

## FATAMORGANA

apa lagi ngerti sliramu, kangmas, srengenge ngobong bumi iki  
alam bisa dadi cengkar, manungsa banjur pencar pencar  
luru papan panguripan, alam kang subur  
ora preduli kudu tawur

kedhung jero, segara ngilak ilak jembare  
wani ngalah luhur wekasane, lan sliramu mbantah  
merga emoh kalah, bisa sugih, tau tate ngalami mlarat  
jagad iki pancen darbeke wong bandha bandhu  
tanpa dhuwit Amerika ora bakal tekan langit  
ngrebut lintang lan rembulan, kaangkah dadi ajang panguripan  
aku sing ora wani nglakoni, wedi nemahi  
wusana kegiyan cingkrang, bebasan penganggo tambal sulam

kangmas, jagad saya panas, uga ing ati iki  
kangmas atiku panas, nalika ana pesta ing loji kuwi  
marga ing sanjabane loji, ana sing ngiler, kapan baya  
bisa kaya dheweke, sing tansah keturutan karepe  
kapan baya saka dheweke, mbrojol kamanungsane  
aja dhemen ngungalake iga kabalut daging babi  
aja dhemen gawe meri, yen ora bisa ngedumi  
ah, kahanan kang owah, nyawa kucing luwih aji  
tinimbang nyawane wong mlarat sing ketrabruk montore wong  
sugih  
asu kikik regane puluhan ewu, bayine gelandhangan mung dijupuk  
sageleme, saka rumah rumah sakit, banjur ilate melet melet  
kaya ngece awake dhewe, merga kasil nggone ndilat dlamakane  
bendarane, ahhh, iki dudu crita sepele  
rambut wis akeh uwane, anak lima cacahe, biyen kasep melu kabe,

sapa wani kandha iku salahmu, mengko bakal diantem lambemu  
undhang undhang bagiyane wong cilik, sing dhuwur pangkate  
dhuwur drajade, dhuwur martabate, tetep malangkrik  
apa pancen sliramu memedi sawah sing dipulas peni  
nanging ora duwe ati sanubari?.

kangmas, ora perlu ngimpi nyolong emas ing tugu monas  
kangmas, aja kakehan panggagas, uga ora perlu nunggu crita  
becik ketitik ala ketara, salah saleh, sabar subur  
kabeh mung gumantung marang sapa sing ngatur, lan  
yen ana pitakon sapa sing kudu semaur

yen sliramu wani muni ora, yen pancen ora  
yen sliramu wani kandha iya, yen pancen iya  
salah salah lambemu ora payu, salah salah gething bageyanmu  
dan tetep titi waspada, gemi nastiti aja ngaya.

Kamal, 1985  
*Panjebar Semangat*, 1986

Keliek Eswe:

## GURITAN IBU

-suripan sadihutomo-

Nate daktemu swara lumer  
ing jagad sepi:  
“Bocah bagus, arep tindak ngendi:,  
Getering dhadha dakrumat kadi  
mutyara lan impenku  
kang ora nate kemba

Nate daktemu  
gempilan potret  
ing kaca benthet:  
Esem iku  
tansah mbuntut laku

Oktober 1985  
*Panjebar Semangat, 1986*

Yuli Setiyo Budi:

## **DISIPLIN**

kita ngesot  
kita mbrangkang  
kita mlaku  
kita mlayu  
kita tambah rikat  
lan selane rikat  
kita ambyor karo wektu  
lebur dadi siji.

Kampus ikip sby. 14-10-'85  
*Panjebar Semangat, 1986*

## **PASAMUWAN BOCAH**

pasamuwan rampung  
kabeh aribet wudar  
mung  
ana siji kang keri  
kapan kita dewasa?

Kampus ikip sby 20-9-'85  
*Panjebar Semangat, 1986*

Purwoko:

## EKSPIDISI

Aku wis tekan telenge guwa garbi  
miyak wadine sonyaruri, angupadi  
inggingendi dununge amanah kang keri

Ing pojok kana kesandhung raja brana  
gumebyar mblerengi soca nala  
semat, drajat lan pangkat kari mangkat  
nanging, marang kabeh mau aku ora duwe niyat  
tal tinggal, klepat

Lan ing pojok kene tinemu ragaku kang wis lungse  
nglimpruk tanpa daya semendhe mala  
ati semplah jebablah tan bisa polah  
mung tanganku kang isih conggha grayah-grayah

-- Dhuh Gusti, kawula nyuwun kiyat  
ugi Paduka tuntun kawula dhateng dunungipun amanah.

Sedayu, September 85  
*Panjebar Semangat*, 1986

Suripan Sadi Hutomo:

## DIKIR

banyu tanpa geni, geni tanpa banyu  
allahu, allahu  
urip tanpa pati, pati tanpa urip  
allahu-allahu

ana hu kang kapisan  
prenjak ngganter ing kebonan  
ana hu kapindho  
manuk kacer nggolek jodho

ana hu, ana hu  
hu allah, hu allah hu  
ing pucuke gunung tursina  
ing sir hu kang nyata

iki dikire seh maulana  
ora lebar yen mung sedina

ana hu kang kaping telu  
hune manuk sikatan.  
lan kapae swara hu  
urip kang tanpa canthelan  
kembang mboreh kembang sulaman  
aja goreh aja pilikan  
awit leluhurmuh atembang hu  
awit leluhurmuh angidung hu hu

bening kinclonge telaga  
ayo disemak jiwa lan raga.

Juni 1986  
*Panjebar Semangat, 1986*

Hartono Kadarsono:

## **SAWIJINING WENGI NALIKA ING KAMAR**

saka cendhela kang menga  
angin nlusup nyapa  
-- sugeng dalu  
wengi ora diluru?

dak ungak liwat kaca  
langit tanpa mega  
dak ungak ing njaba  
wengi ngrangkul pangrasa

kesadarang kang tumurun  
tumiha ana kene  
ing pulung jiwa  
krenteg manjila

angin sesiyutan  
dudu laras piano  
dudu laras harpa  
tapi krasa, anjok ing percaya

rembulan muncul  
kasetyan, kanugrahan, kaendahan  
samubarang kadarbe.

tumuli tritisan kang wiwit sepi  
aku ora ngerti  
sapa sejatine aku iki

*Panjebar Semangat, 1986*

Agus Sukoco:

## KANGEN

udan wengi iki  
udan sepisanan  
udan wengi iki  
udan kabegjan  
(gawang-gawang ing netra  
nafasmu kang sesak dadi lega)

udan wengi iki  
udan sepisanan  
gawe rasaku ora karuwan  
(oh, tabah kelairan  
aku pengin mulih dadakan)

lan nalika liwat cendela  
aku nginguk menjaba  
kangenku kang katumpa-tumpa  
datan kena sinemaya  
(oh, angen-angen lan rasa  
ing impen dheweke temonana)

Surabaya, Oktober 1985  
*Panjebar Semangat, 1986*

Effendi Kadarisman:

## KAGEM SLIRAMU, PANGURIPAN

ana kapang luru pepadhang, nimas  
aku kepengin maca sasmita  
aku kepengin melu  
lelana ing panyawangmu, surya nggoleki sapa?  
uripku isih aksara aksara sepi  
nunggu pawartamu ing bumi pangrantunan

ana grimis nalika aku nulis  
nalika kluwung manglung ing telaga  
langitmu nagis: darunane apa widadari murca?

ana wengi nyawang aku ing rembulanmu,  
apa wis wanuh?  
o lintang lintang, kaya kangenmu  
lungiting wewangenan ara kena diwilang

ana aku manawa sliramu kasengsem  
nlusurni tembung tembung wuyung ing palimunan  
saupama sonya, pira lawase pangranti?  
sawangen: puri kasunyatan wis tumenga  
kapan tumiyung kembange jiwa?

ana guritan kasmaran, o panguripan  
ing ngendi sangkan parane dumadi?

Malang, Juli 1983  
*Panjebar Semangat*, 1986

Kicuk Partha Sukiran:

## ING PERON STASIUN WLINGI

(tak tulis minangka hadhiyah ulang taune adhiku Yuni Astuti S)

kok suntak tangismu  
nalika tanganku iki aweh salam  
ing peron stasiun Wlingi  
banjir waspa bening, sliramu nangis ngungun  
nalika aku munggah kreta

ing peron stasiun Wlingi  
sliramu tau dolanan kembang trate  
banjur kok ronce esemmu sing merak ati  
kena yak gawe sangu lunga  
ninggalake sliramu ing jalan Kenongo

ing peron stasiun Wlingi  
atiku rasane semplah, tak awe sakehing angin  
lan tak bisiki manawa sliramu arep tak tinggal lunga

ing peron stasiun Wlingi  
guyu lan esemmu digawa playune sepur  
sing keri mung esemku lan esemmu  
sing tumangsang ing balok kayu garing

Blitar, Pebruari 1985  
*Jaka Lodang, 1987*

Iyon Suharno:

## ING SUWALIKE MEGA

isuk ing klayatan kepuh  
aku nyoba ,astani  
tekamu kng kaya mbok janji  
ahh.....  
tibane kowe ora cidra

isuk tekamu  
nalika bemo lumaku alon  
mandheg ing kampusmu  
ati iki isih eling  
guyu lan esemmu kang renyah

ahh.....  
Susila  
ati ing samana ora nggraita  
lamun esem lan pangucapmu  
nyata kebak wewadi

nalika wengi rembulan surem  
guyu renyahmu isih kumandhang  
esem lan werwangunanmu saya ngangklang  
rikala mega ireng nutup sunar rembulan  
esem lan wewangunanmu ilang suwali

ing ngisor bumi kang tuwa  
ati satuhu isih nganti tekamu  
kupan kaya kowe bakal bali  
ngrenggani ati kang wis soca  
nggambar retake bumi mangsa ketiga

Kalidawir, Ratna 1986  
Jaka Lodang, 1987

Iyon S. Budi:

## WENGIKU ING KLANYATAN KEPUH

dalan kang dlejer kenceng  
cahya sore nggameng surem  
angin surup teka nyasmithani  
wengi bakal teka nggawa sepi  
alon sikil iki  
jumangkah meçaki dalan  
kalong padha mabur  
ngupadi woh-wohan kang subur  
rembulan ngambang ing bang wetan  
lintang abyor sinawang  
sumunar nrabas mendhung ing tawang  
alon miyak wewadi kang sinandhang

wengi ing klayatan kepuh  
lakune sikil kanggo jumangkah kaya rapuh  
luluh  
nyangga panandhang kang ampuh  
kaya ora gelem runtuh  
ing ngendi wae kabeh dak tlusuri  
banjur kapan aweh pepedhang ing ati iki

Sambidoplang, Sanggar Sastra Triwida, 1984  
*Jaka Lodang*, 1987

Bonari:

## ING SAWIJINING WENGI SANGISORE WULAN NDADARI

tintrim  
nalika tak umbar angen-angenku  
kentir ing angina sumilir  
sepi nggawa pawarta  
wayahe wulan ndadari  
sawise panglong sore

wulan ndadari  
dhuh, endahe!  
nadyan ombak ing segara mesthi  
bakal melu ngrangsang  
lan mega isih mentala memalangi  
kang bakal padha kangen-kangenan  
dhuh!

Panggul, April 1987  
*Mekar Sari, 1987*

Agus Sukoco:

## SWARA-SWARA SEPI ING PUSER WENGI

“mokal!” semantamu santak  
nalika aku kandha  
jerit kuwi jerite atimu  
tangis kuwi tangise batinmu  
awit sepi kang ngruket wengi  
pancen angel dingerten  
klawan impen bedane ing ngendi

bantalmu banjur kok walik  
supaya swara-swara kuwi sirna  
supaya wektu ora kober ngudal crita  
nanging, “oohhh...” panjelihmu  
nalika tatu-tatu lan dosamu  
dumadakan kumlebet ing pikir  
lan ngrangsang kamanungsannmu

lan, tanpa kok rasa  
kowe nekep dhadha  
bekah-bekuh  
lan kanthi tulus anguwuh  
“bu....aku anakmu. kebak dosa  
apa pantes ngemis aksama?”

Surabaya, November 1986  
*Jayabaya 1987*

Bonari:

## OMAH

(1)

omah cilik omah-omahan  
omah gedhe omah pondokan  
omah gedhong omahe wong mati  
ayem tentrem omahe wong mukti

aja takon omahku ngendi  
sadurunge lungkrahmu katon jumangkah  
sadawane dalan lan gunung-gunung geguritanku

(2)

omah cilik omah gedhe  
apa isine  
omah apik sapa sing duwe

suthik ninggalake omah  
sadurunge sayah sadurunge lungkrah  
ora lumrah

becik ninggalake omah  
sawise rampung sakehing ayah  
mulih bali  
dalane ja nganti lali!

230987  
*Jayabaya* 1987

Titah Rahayu:

## **ANAK LANANG**

dak kudang-kudang  
calon anak lanang  
: sing bagus-bagus dhewe  
    sing bandhel-bandhel dhewe  
    sing pinter-pinter dhewe  
: mbesuk gedhe dadi apa, nang?

dak gadhang-gadhang  
calon anak lanang  
: bocah bagus, nang  
    ibu ngenger  
    marang slira-Mu

12 Februari 1987  
*Jayabaya* 1987

## JANTRA

rinarina teka  
rinarina lunga  
menyang ngendi rina  
ana ngendi rina  
wektuwektu sanja  
wektuwektu muksa  
menyang ngendi wektu  
ana ngendi wektu  
lagulagu rungu  
lagulagu bisu  
menyang ngendi lagu  
ana ngendi lagu  
swaraswara mbengung  
swaraswara suwung  
menyang ngendi swara  
ana ngendi swara  
rinarina  
wektuwektu  
lagulagu  
swaraswara  
mbalabar  
gilar gilar  
cabar  
cabar  
cabar  
cabar  
cabar  
bar  
ar  
r  
!

1986  
*Jayabaya* 1987

Harwimuka:

## REMBULAN ING PUCUK GAPURA

sengsem pambirat esem pasemone kangen  
gumerit ati methit mengane jendhela kordhen ayu  
kapiyak sumilire angin wengi  
atis kekes tumreces medhar panggrantes  
marlupa  
lara lapa kekalangan ngudang rembulan  
ah.....temlawang  
ora kadawung ning wis kadhung  
semplah segagang mawar abang  
ngrerintih  
ati perih.

Rembulan ing pucuk gapura  
seksi kumlebate jangkah kasmaran  
asmara rungkat, gapura gapuk  
pucuk pangajabsih ngayom ing esem kacuwan  
nadyang rembulan isih ngegla  
durung lena saka pangrengu  
ning kapan sliramu eling  
padesan sing nate nampa tangismu?

ah, rembulan ngembat-embat kangen  
senajan gegere jaman wis munyer  
seserr.....  
kangen isih keker  
kinemulan pedhut  
kinemulan ampaka-ampak  
sliramu ngerti?

Blitar, Juni 1987  
Jayabaya 1987

## TARUB

(Marang: Sukarman Sastradiwirya alm)

Kadang

sidane aku ora bisa ketemu sliramu  
nalika ngancik tlatah Tarub ing wanci surup  
sliramu kadhung lelaku mbandhang wektu  
aku mung bisa sedheku marikelu  
dak usap kijinh maesanmu  
kang pucet tininggal guritanmu  
sedheng bledug Kuwu ora maelu  
tumrap kasetyanmu marang bumi kinasih  
sing kadhung lungkrah campur naskah  
mblader ing tengah tegal sawah  
ing waliking wiji-wiji dhinedher  
mili getih abang dinamu  
marga luku lan doran prasetyamu  
napas panguripanmu  
guritan-guritan tinumpuk  
kang dina iki nyawiji  
ing Gusti.

Padangan, Bojonegoro, 1986

Panjebar Semangat, 1987

Bonari:

## PONOROGO

ya saiki aku wiwit pana marang ragaku  
bareng panaku marang ragamu

tansah dumeling kidung panantangmu  
menangi ati lanang  
kang lagi kebakar tresna  
marang bumi kelairan

babo, babo  
lemah bera tegal garing  
kembang mekar ing ndhuwur watu gilang  
ora kikis nadyan wengi tansaya atis

suminten  
nalika jago padha kluruk  
nembangake jalu kang bisa gawe tatu  
arang kranjang  
tak bandhem lintang rina jroning talaga  
tis tis bantis kene luput kana itis

Ian aku tansaya pana marang ragaku  
aku tansaya pana marang ragaku  
tansaya pana marang ragaku

pana marang ragaku  
marang ragaku  
ragaku!

Agustus '85  
*Panjebar Semangat*, 1987

Effendi Kadarisman:

## KAYA GARIS GARIS SADURUNGE GURITAN

kaya garis-garis sadurunge guritan  
apa iku gambare sedyamu ing garbane panguripan?  
kaya endhog amun amun bakal lair ing alam kalir  
manawa nendra ing asamun kapan kowe bakal nglilir?

dak tunggu dadine, dak etung pasarane  
ganep telung puluh wuku, setaun dadi sewindu  
kaya wahyu wartane tekamu, o sang binagus  
wayang sakadang nanggap lakon bima bungkus

janji wangi wengine ubayamu tumiyup ing bayu  
sekar jenar layap luyup ing kangenku  
o guritan, kaya getiring cipta rasa –  
katresnanku: sewu tembang tangis guyune manungsa

Malang, 2 November 1984  
*Panjebar Semangat, 1987*

Hartono Kadarsono:

## DAK TAMPA UKARA-UKARAMU

wis dak tampa  
ukara-ukaramu sing isi  
pangelembana  
panyenges  
pledingan sislit, aruming puspa, keluning dupa

wis dak tampa  
ukara-ukaramu sing saiki dadi siji  
worsuh campuh undha usuk  
apa ya perlu dak pilah-pilahake?

ukara-ukara sing mlebu  
lumebu ing dhasaring ati  
dadi kasanahing kalbu

kasanaing kalbu  
apa sliramu mangerti sumitraku?

kasanaing kalbu  
iki mono nambahi keyakinan dhiri  
mantep, tuwin madep

lan manawa dak tampa ukara-ukaramu  
aku anteng  
ora obah ora mosik

lan sliramu pirsa dhewe  
sapa sing bakal ngraita  
ukara-ukara ala bali mbok tampani  
ukara-ukara becik bakal mranani

banjur sapa sing bakal batgi, sumitraku?  
banjur sapa sing bakal rugi, sumitraku?

Prajuriyan, Madiun  
*Panjebar Semangat*, 1987

Samiadi Rahman:

## MRING SLIRAMU

Limang taun anggon kita salaki rabi  
pendhak-pendhak kok prenguti  
kapan bingar pasuryan lintang panjer sore  
sapolah tingkahku kok sengguh slingkuh

Rumangsane teka bebasan nggludhung semprong  
luru pari sauli lan nyecep banyu sumbermu  
kaya prenjak lunjak-unjak lan emprit-emprit  
kelaran kaplintheng sakojur njarem

= Aku darbe silihan ! =

Limang taun anggon kita salaki rabi  
lagi sacuwil aku nitik antenje tekumu  
lan nalika lambe mbranang benggang  
aku njenggirat mlumpat batal ajak-ajak

Rumangsane teka bebasan ngglundhung semprong  
wanci wengi angin semilir rumesep balung sumsum  
sapisan maneh nyoba ngrangkul  
kaya cecak kapidak

= Aku kasikut dadakan =

Limang taun anggon kita salaki rabi  
dak bandani meres kringet ngudhar nalar  
nggagas nata bale somah mriih gandhes njawani  
anak putu mengkone tumata njejegake praja

Rumangsa papa tanpa biyung bapa  
ajak-ajak napak tilas para leluhur anggone ambyur  
sliramu sledhat-sledhot kleru panampa  
ndakwa tekaku amung nguras pametu

= Aku mlaku dhewekan =

Ambulu, Jember, Maret '86  
*Panjebar Semangat*, 1987

Agus Sukoco:

## FRAGMEN

(nyemak lelakonmu Nginjen jahiliyah modern)

tumenggeng tawang  
apa kang koksawang  
ngetung lintang?

mesem sepa  
nuding langit  
nebah dhadha  
ooh, kowe crita?

esuk iku udane deres  
langite kaya pineres  
nalika tanpa sapa tanpa sraba  
dheweke meksa titip kama  
ah, ya talah kaningaya  
ngendi bisa aku suwala  
tangan lan sikil aku tuna

bangsat!

sabar, sabar,  
aku wis lila legawa

nanging anakmu?

dheweke kuwi sihing Gusti  
daktampa kanthi tulusing ati

ah, aku kelingan paraga daksiya  
kang tega numpes getih daginge dhewe  
ya para bayi kang bakal linairake)

ah, ya talah kaningaya  
ning, aku bisa apa?  
mung nggurit-ati kegarit

nelakake rasa  
nyemak lelakonmu  
ngijen jahiliyah modern  
ah.....!

Surabaya, Februari 1987  
*Panjebar Semangat*, 1987

Herry Lamongan:

## SABEN MANGSA

Kawurine mangsa kebak wisa  
isih ngaton ing kene  
dinulu saka pucuk batin lan rasa  
kajaba werit candra  
uga diangkah murih brukute saka panyawang  
kanthi rekadaya sawerna paes edipeni

nanging ora langgeng  
kahanan kebak culika iki  
ora wurung kabeber dening sejarah ing tembe  
padha karo cacad baguse mangsa kawuri  
sing kaluwar dina iki.

Lamongan, '85  
*Panjebar Semangat*, 1987

## GURIT GURIT KASMARAN

	a	
	k	
	u	
	t	
	r	
	o	e
o	r	s
r	a	n
a	a	a
a	n	s
n	a	l
a	a	i
u	n	r
d	g	a
a	i	m
n	n	u

yanti  
yanti yanti  
yanti yanti yanti  
yanti yanti yanti yanti  
yanti yanti yanti yanti yanti  
yanti yanti yanti yanti yanti yanti  
yanti yanti yanti yanti yanti yanti yanti  
ing kene aku  
ngrengku di  
na dina mburi  
&&&&&&&&&&&&&&&&  
(( ))(( )) (( )) (( ))(( ))(( ))(( ))(( ))  
&&&&&&&&&&&&&&&  
(( ))(( )) (( )) (( ))(( ))(( ))(( ))(( ))  
dak jaga atimu

0 0

o o o o o o o or o o o o o o o o o o o  
o o o o o o o o ora bakal ana wanita liya  
(tresnaku) X (tresnamu)  
=   
suwarga

*Panjebar Semangat, 1987*

• Benne Sugiarto:

## LOG SEPUR

Log sepur ing gerbongmu tumumpang pengrangu  
glandangen pepeteng iki menyang adoh kana  
mumpung srengenge durung angslup  
kabarna marang dhewekE  
mendhung ireng kae, kudu disingkirne

Log sepu ing rodhamu cemanthel gegayuhan  
oyaken playune kemajuan, yen emoh kepancal jaman  
supaya sing padha nunut ora mbesengut  
mlakumu aja kaya semut

Log sepur ing stasiun ngendi mbok endegi  
antrine penumpang golek panggaweyan  
sanajan panguripane ekonomi isih teka-teki  
dudu alasan kanggo mandhenge pembangunan

Log sepur ing cendhela semlempit gurit  
rel iki dalan mujur  
aja merga dhuwit kabeh bisa diatur

Log sepur ing gerbongmu lungguh klambi biru  
nalika tak lirik aku dibalang guyu  
marang sapa tak kirimke layang  
ngabarna abote kapang kang sumandhang

Log sepur kowe teka ngendi  
aku nggoleki

Kedunggalar, 1986  
*Panjebar Semangat*, 1987

Edy Suwarto:

## BALADA DEWI SUMIYEM

Sumiyem teka nggawa kembang cndhe  
tinandur ning lambene sing abang dhadhu

Sumiyem teka ngindhit bokor kencana  
isine kidung manik brata  
lagune wong sing ketaman asmara

Sumiyem sing manis  
esemmu kaya kembang manggis  
irungmu mbangir mangis-mangis  
pipimu mentes kaya woh bentes

Sumiyem sing manis  
isine bokor iku mung lamis  
kembang cindhe mung bebas panguripan  
sing lonya-lonyo  
Sumiyem sing manis  
atimu kejiret palsune gebyar asmara  
donya sing mbok kekep ilang warna lan rupa

Sumiyem teka ngindhit bokor kencana  
Sumiyem lunga nggawa tangis kelara-lara

Atimu sing putih kecoreng ireng menges.

Pacitan, Maret '88  
*Jaka Lodang*, 1988

St. Sri Purnanto:

## GURITAN BUMI PACITAN

lemah watu, lemah gunung kang tumpuk undhung  
nyusun crita dawa, ing sakupenge lungur  
kang tansah ngelak cumiprate banyu udan  
pa ya ngono lageyanmu, pacitan

iramane ombak tansah gemronjal  
ing sadhengah mangsa  
nangis perih ing gumuking dhadha  
ngguncang dongeng kang dadi pengerem-erem  
lan angin, kang tansah luput ing kekudangan  
marang watu kang kudu diemban, dening  
sadhengah anak lan putumu  
kang kudu tatag, kudu wani  
ndhupak angkuhing panguripan

oh pacitan  
aku kang kudu wani ngakoni, minangka putumu  
kang kanthi tekad lan tuhu  
ngonceki perih lan tatumu  
kang arang kranjang.

Panggul, Trenggalek, Juni '88  
*Jaka Lodang, 1988*

Yudhet:

## KEDIRI

daklangeni petenge wengi wangimu  
dakpacaki legok genenge laladanmu  
daktlusupake tanganku ing waliking pedhut  
ireng kang ngemuli gunung-gunungmu  
dakgrayang lan dakrangsang  
daklari lan dakgoleki  
ana ngendi barang darbekku  
sing ika apa sing iki  
o, kediri  
kelap-keliping lampumu mung meneng bisu  
sumiliring angin wengimu bablas tanpa wekas

*Jaka Lodang, 1988*

## SAMODRAKU

dakcemplungake prauku ing lumahing birumu  
dakkebakarake layang prauku nantang sumiliring  
samiranamu  
dakjarah rayah jerohan ragamu  
lan daksipati mas inten ing pethiting ombak-ombakmu  
o, samodraku  
durung bubar layar dakkebar  
durung rampung pelampung daksurung  
ombak-ombakmu kaselak brontaku  
jumlegur ambyur nampeg prau kalbuku  
ajur-sumyur poyang-payingan  
duhu samodraku  
samora asmaramu

*Jaka Lodang, 1988*

J.F.X. Hoery:

## SUGENG TINDAK MITRA

Nalika bumi ketiga wiwit nela  
rengka nungka laku ngadhang panguripan  
saka pategalan dhele dhemangir  
ora keprungu ocehing kedhasih sore  
ora keprungu panjeriting prenjak pager  
kang krasa mung sepining bledhug Kuwu  
kang ngranuhi mung kumriwiking kali Lusi  
saka episode-episode guritan padesan  
banjur ngadeg jangkah menggak lakon

Saiki kari naskah-naskah transkripsi  
sing bakal terus nabet pulung ati  
gumlethak ing guludan lan pategalan  
keteg napas saka tlatah cengkar  
ora kuwagang sumendhe luku lan doran  
sumeleh ngranti tangan-tangan kumlawa  
binabar kanggo sambunging lelakon.

Kabeh bakal bali marang kanyatan  
kaya angin ketiga teka-lunga tanpa pepoyan  
sepimu uga tanpa binuncang pawarta panandhang  
keselak kukut sadurunge surup mangsa  
ngantepi puputing sesanggeman  
sugeng tindak mitra.

Padangan, Bojonegoro 1986  
*Jaka Lodang*, 1988

## PLANDIREJA 1

kekiter mlupati pirang-pirang episode  
cuwilan pangarep-arep kumleyang  
nyangsang bonggoling langit  
luru urip nyambung umur  
pladireja isih ijo, pupusmu mingkup  
tak etung mbaka sealer  
aku nemu prongkolan watu putih  
“ya watu iki sing bias nyambung uripku”  
aku ngelus dada  
nyamber kene nyaut kana  
kosong mlompong  
aku nyoba nginguk lemah nela  
lha-lha-lha-lha-lah-lha....  
eee-eee-eee-ece-eee-eee.....  
rinjing-rinjing munjung gaplek  
“ya gaplek iki sing bias nyambung uripku”  
aku nyakot driji  
MUGA  
ANA LAWA  
MAMPIR BULOG

Blitar, 1987-j  
*Mekar Sari*, 1988

## PLANDIREJO 2

nggandhul nggunjer panguripan gapuk  
sapletik ana pangarep-arep  
mencolot mlebu leng semut  
leledhang ngenteni pucuk tanem tuwuh, ah  
plandirejo isih bocah, aja nangis kekejer  
pereng-perengmu bakal ijo  
emperé langitmu bakal rungkut  
kapan baya aku ora nemu glindhingan muncu-muncu kayu  
aja was  
aja samara  
tumetesing kringet saka tangan-tangan prakasa  
langka janma ngupaya wreksa  
lemah kiwa-tengenmu ijo, plandirejo  
pupumu sing mulus iku mesthi rungkut, pandirejo  
MUGA CRANGUT-CRANGUTING  
NYAWA KAE  
NGEMPIT  
WINIH PENGHIJAUAN

Blitar, 1987-j  
*Mekar Sari*, 1988

### PLANDIREJO 3

taplak langit mesem ngujiwat  
    ing pojoko-pojok panelangsa  
manther nyremomong sarambut buta  
    lampus lamun tanpa kringet  
plandirejo isih esuk, aja pijer dlongop  
    tuk-tuk banyu bakal ora mampet  
        jombang  
        klenthing  
amber banyu bening, anyu anyar  
    ayo dha mesem  
        mesthi  
        mesthi  
bianglala ora usah dienteni  
gludhug ora usah diarep-arep  
    ayo budhal menyang belik  
bangu kinclong-kinclong antri kawula ngangsu  
    BERES  
    SEGER  
KESIRAM GUNUNG KENDHENG  
    RUNGKUT

Blitar, 1987-j  
*Mekar Sari, 1988*

## UPAMA

upama cilikku kober dolanan ing plataranmu  
dolanan rembulan lan nggayuh lintang wayah sore  
dhuh, mendah senenge atiku nalika iku  
bisa bebarengan tetembangan, manembrama ngirup hawa sala  
upama aku saiki ketemu sliramu, senajan jro pangimpi  
aku mung kepengin nyalami tanganmu, mandeng mripatmu,  
ngetung mlebu metune nafas dahuru  
lan aku wis seneng senajan mung sedela ketemu  
upama iki temenan lan dudu geguritan  
jagad iki bakal beda critane, uga medura bakal beda swasanane  
upama aku dadi sliramu: aku mung bakal ngguyu  
rembulan dudu darbekmu, lintang dudu darbekmu  
arep kok sengget nganggo alu?  
nuli aku alon-alon ngetan, nganti uwan mublak putih  
janji ora bakal mulih, yen durung ana pakolih

*Mekar Sari, 1988*

## SEMEDI

sedhakep kelon ing triloka  
ngupadi dununing aku sapa  
ngasepi ing ngasonya  
ngasonya ing ngasepi  
pun sepen pun nyenget  
anu sing sepen anu sing nyenget  
dudu sepine dudu nyenyete  
nanging anune  
anu kang sepi lan nyenget puniki  
ingaran ngasonya ngasepi  
gumrunggung swarane ngasonya  
nilingake anu kang Sonya  
alam gumelar alam dumadi  
alam rame tanpa sepi  
anu sing sepi anu sing Sonya  
jatining jati rasa rumangsa  
manages mahas ingasepi  
manekung tapakur swaraning ngasonya  
awit swaraning sang rasa rumangsa  
cumondhoking telenging manah jiwa  
tumempel sapa aku  
aku sapa

Triwida, 1987  
*Mekar Sari*, 1988

Moch. Makloem:

## ING PESISIR KUTHA REMBANG

ing pesisir kene, swarane  
angin lan ombak, grapyak  
rame gegojegan, kepranan  
nyawang para mudha langen asmara

ing pesisir kene, swarane  
rasa kangen, temen  
manjilma tembung-tembang manis, ora wis wis  
jaka lan prawan gegandhengan tangan lumban banyu segara

ing pesisir kene, swarane  
kadang nelayan, ngabarake kabungahan  
nggone kasil golek iwak laut, sengkud  
makarya tanpa ngetung rubeda lan bebaya

Bojonegoro, Desember 1987  
*Jayabaya*, 1988

## SAKA ALTAR GREJA TUWA

Saka altar greja tuwa  
saben dina ngundhang ayat-ayat suci  
dumeling ing kuping ngedhem pangrasa  
nyiram ati ndhadhar jiwa  
marga lahire Yudhas\_Yudhas anyar.

Saka altar greja tuwa  
saben dina ngumandhang kidung-kidung luhur  
tepekur ngranti kang wis jinanji  
sumeleh marang tebaning kasadharan  
sumendhe marang tatasing kayakinan

Saka altar greja tuwa  
saben dina ngumandhang pawarta kabungahana  
merga urip iki kadhung ginuber dosa  
kang mung bisa uwal saka sabda Mu  
kang tansah karangu sadawaning wektu

Saka altar greja tuwa  
saben dina ngumandhang biwara tresna asih  
merga domba-domba kang padha ngorong  
kepengin nglangga banyu panguripan  
kang ginawa lahiring bayi wineca.

Saka altar greja tuwa  
saben dina ngumandhang wasita-wasita adi  
tentrem ing bumi langgeng ing langit  
getih—daging—kayu lan paku  
njangkepi kang tinulis ing kalaming jaman.

Padangan, Bojonegoro, 25 Desember 1987  
*Jayabaya, 1988*

Suripan Sadhi Hutomo:

## IKI DUDU KENANGA, IKI MELATHI

ing kamar kang sepi  
atiku miber kaya manuk susuhe puji  
ing kamar kang sepi  
atiku kaya prau kang layar ing jaladri

kayadene mega kang dak-sawang lewat jendhela  
kayadene lintang kang sumamburat ing akasa  
aku golek marga kang nuntun jiwa lan raga  
dalan kang pinager mawar kang waneka rupa

ing taman kang endah  
sing ana mung ati kang sumarah  
kabeh mung kayadene impen  
kabeh mung bakal diseleh ing peceren:

--mobil lan omah magrang-magrang  
bojo ayu kang nunggu senthong  
titel kang ngrentep kaya tanduran singkong  
kabeh, ya, allah  
uga buku-buku kang wis lungset dipangan tungan kang wis sayah

wis adoh aku ngumbara  
sing dak-temu mung bangsane wong ngumpulake bandha  
adol ilmu, adol omong sakmarga-marga  
kang ngaku guru, nanging dudu guru  
kuwi bangsane ula daulu

ilmu kang sejati, ya, allah  
ora bisa dituku, ora bisa dikulak sarana maradhiryah  
ilmu kang sejati, ya, allah  
dalane mung sarana sumarah kanthi ati kang malerah  
lan ngucap kanthi tulus ati, allah, allah, allah.....

ing kamar kang sepi  
kembang-kembang amrik angganda arum

ing kamar kang sepi  
atiku mabur ngoyak cahya kang edhum  
ing kamar kang sepi  
ing kamare atiku iki  
ana pitakon sora nglegawa:  
--mitra, dhuwitmu wis pirang yuta  
lan uwanmu wis pirang leksa?

wis adoh aku ngumbara  
tibake ndonya ora isi apa-apa  
mung isi asu kerah adu beja  
golek nikmate nafsu duraka  
mula aja ko demek jubahku kang ngliga rasa  
awit bakal dak kipatke ana bantala  
iki dudu kenanga, iki melathi  
aku mung sadrema nglakoni

Wisma PHI Pusat  
*Jayabaya*, 1988

## LINTANG

Lintang kang sumunar ing langit sore  
katon kaya kedheping netramu  
Lintang kang sumunar ing langit wengi  
katon kaya cahyaning katresnanmu  
lintang kang sumunar ing langi esuk  
katon kaya pralampita prasetyamu  
lintang sumunar ing langit biru  
katon kaya monogram-monogram panguripanmu  
lintang kang sumunar ing langit gilar-gilar  
katon kaya ngelikake osiking jiwamu  
saka waliking mega putih kang lumaku  
apa sejatine kang sumlempit  
marang urip kang sejati  
marang kelanggengan kang sejati  
marang sejatine kang hakiki  
rikala srengenge nggulung wengi  
lintang-lintang bali ing regeman Mu.

Padangan, Bojonegoro  
Pletheking th. 88  
*Panjebar Semangat, 1988*

## GURIT IKI

ayo padha lerem sauntara nimas  
asoh sarira ing suketan  
kaya mbiyen nalika rembulan ndarari  
kita dolanan cublak-cublak suweng  
ngipasi batin lungkrah  
jalaran umub palagan

yen wis sirep napas plataran  
enggal wingkisen lengen klambimu  
gurit iki, guritku kanggo kowe  
jajal rapelen sadurunge rina  
sadurunge gegodhongan cicir saka gagange.

'87

*Panjebar Semangat, 1988*

St. Sri Purnanto:

## **OMBAK LAGUNING SAMODRA**

ombak laguning samodra, sing saben wengi  
saben dalu mbiyaki semiliring interlude, njur  
aku lan sliramu ing antaraning asmara iku  
dhuh adhi

ombak laguning carita, sing tansah muter-muter  
ing tanganku ing tanganmu, lan ing tangan-tangan panguripan  
iki dhuh adhi

apa sliramu isih tansah waspada?

*Panjebar Semangat, 1988*

## **TIPAK-TIPAK LANGIT KUWI SING NAPAK TILAS**

tipak-tipak langit kuwi sing napak tilas marang garis-garis kang  
manis  
ing saben klebatmu, dhuh gusti  
mesthine rak ya mung panjenengan sing teka ngasta gendera ing  
satengahing  
angin lan angen-angen sing dipanjer sakabehing umat, dhuh gusti  
apa aku sing ketiban rumangsan  
menawa atiku rumangsa caket panjenengan

*Panjebar Semangat, 1988*

Tengsoe Tjahjono:

## **WIS WENGI**

Kowe kuwi wanita apa wewe gombel  
dolanan pang-pang, dolanan sinjang

apa sing kokanti  
rokok eceran, kertas koran

Delengen rikate banyu gemang ngancani sliramu  
ceker-ceker suket, mrotholi arum dalu

Delengen kringet sing kok tetesake tumangkar  
dadi tlatah cengkar  
: apa ora lingsem, apa malah mendem

Bumi Karah, juli 1988  
*Panjebar Semangat*, 1988

Effendi Kadarisman:

## GURITAN SAMODRA

samodra tanpa wewangenan  
apa kowe jatining kauripan?

banyu gilar gilar  
critamu durung kok babar  
samodra gung, samodra biru  
aku ora ngerti  
ing ngendi urip iki bakal nepi?

yagene kok tanpa tekane kali soklat?  
yagene kowe keblat tumrap reregeding jagad?  
ah, kowe samodra  
antengmu wicaksana, jarwamu pangaksama

yen kowe ombak  
aku eling rama tambak  
yen kowe kridha  
aku eling bharatayuda

kowe samodra  
aku bima;  
ing ngendi papane tirta amerta?

Malang, Agustus 1'982  
*Panjebar Semangat, 1988*

Lesmanadewa Poerbakoesoema:

## MEKAK-MEKAKIRENG BEDHAYA SANGA

mekak-mekak ireng bedhaya sanga  
mekak-mekak ireng nyangkramagilingan  
wiramane kiblat gumelar ghaibing Widi  
trisik sesampuran met asana kridha  
cakrawala ing akasa  
wola-wali bali marang titilaras kawitan  
pambegan kuwi  
babakan nawasanga  
kaluwihane titah kalamun wus gumregah  
angonyuda rasa iki  
surasa kuwi  
pangrasa kae  
lan rahsa.....

kalamun wus:  
wali wolu sanga tinari  
sepuluh panutup  
Jumeneng .....

Jejer .....

Ngabyantara .....

temah bali maneh  
wola-wali  
ngambali  
titilaras kawitan kang nyleneh .....

*Mekar Sari, 1989*

Hariwisnu Harimuka:

## PANGLONG WENGI BANYUWANGI

swara gandrung ngrangin sesendhonan nranyak ati  
saka blitar  
ning, bareng jangkah manyak tlatah genteng  
kari kreweng  
cat keprungu cat ilang, macat angen-angen sing rucat  
nyata panglong wengi banyuwangi  
sseeppii  
ssseeepppaaa  
ing salene braokan wong-wong jawa nantang langit  
kembang-kembang abang mekrok ayun-ayung ing gegantilan  
pengarep edi

mampir sanggar parikuning  
parine ora kuning  
apa puso?

nana, nana, nana.....  
esm isin kenya parikuning sing kingkin  
titip angin sing sumilir abang  
kanggo cantrik lan suhu  
padha karuh, padha karuh, padha karuh.....  
eman  
ora wanuh.

nana,  
alas purwa isih lelewa  
durung paja-paja nungkak karep samadya  
nadyan eyang jayengpraba terus ngukup crita  
sliramu apa wis pana?

nana,  
apuranen aku  
kanca-kanca  
lan kuntul-kuntul sing teka neba

*Mekar Sari, 1989*

Bonari:

## SANDIWARA

dumadakan  
katrem ing sandiwara topeng  
rembugan nganggo ukaraukara  
angel dijarwakake  
takkancani sliramu nyisil kuaci  
ngumbar angenangen nguber  
kang tansah ora kecandhak  
wis wengi  
sliramu ngajak bali  
neng teras takaras lambemu  
mambu kembang mlathi  
dumadakan  
saka gegemanmu ceblok  
moratmarit  
kuaci

*Mekar Sari, 1989*

Hartono Kadarsono:

## NALIKA TANGI

Mesthine aku nyilakake kordhen cendhela  
kejaba hawa seger mlebu  
rerupan anyar bakal njalu

ora kaya saiki  
sarung nglimpruk ing peturon  
tanpa maelu tandha pitakon

arep miterang marang sapa  
wangulan kang mung sapala  
ora bakal ngurangi mala

pitakon  
akon  
ngakon

nalika tangi  
mesthine aku nyilakake kordhen cendhela  
isi kamar ngeblak menjaba

nalika tangi  
mesthine aku nyoba  
apa-apa sing kagerba

*Jayabaya, 1989*

Yunani:

## KAPAN?

sepisan iki dak dum gorehku marang gegodhongan ing latar  
marang suket, marang kupu kang gegojegan  
cumanthel ing mega kangenku, logrog katerak samirana ketiga  
dhuh.....adhuuh, atiku sambat tanpa embat  
geneya gempil pangarep-arep kang wiwit nginthil  
nglambranga angenku ngumabara nyasak bumi kang garing  
miyaki lemah nela ngungak jangkrik kaliren  
ing ngendi tresnamu kaki?  
geneya mbebeda pangrasa kang gapuk iki  
maneh angenku kesasar ing ara-ara kang tanpa wates  
ing endi ana gubug kanggo ngeyub, godhong salembar wae wis  
aking campur lebu  
angin panas saya kemranyas nggrayangi awak  
gorehku saya nyundhul wi�ati nothog jonggring salaka nagih  
janji  
Gusti, kapan aku diparingi?  
katresnan, katentreman, kapercayan landasih gemati?  
kapan.....kapan.....?

Sambikerep, September 89  
*Jayabaya*, 1989

Effendi Kadarisman:

## GURITAN LANGIT

nyawang langit biru dak temu welinge ibu  
nyawang langit sonya dak temu pituwase bapa  
nyawang langit wengi dak temu dhawuhe Gusti  
saya tumenga, saya trawaca swaraning ati

panawungku lakune mege mega ngulandara  
sepiku sepi biru, sepine manungsa  
trenyuhmu udan riwis riwis  
langit, rilakna, kowe aja nangis

kowe nggurit kluwung lan teja  
guritanku guritan wuyung lan brangta

dudu lingseme dina klawu, langit  
aku bisa surya  
dudu wengi surem ngendanu, langit  
kowe bisa kartika

ngaca ing langit  
ana rasa wingit  
ngaca ing tawang  
ana rasa sumelang

langit, wi�ati sepi,  
apa kowe jatine wewangenan?  
langit, manungsa sonya,  
apa aku tuhune palimunan?

Malang, Agustus 1982  
*Panjebar Semangat, 1989*

## KEMBANG AMOR

samangsa iki Fedika tumenga  
njanjekake kuncup melati kang nedheng mekar  
O kaya langite endah – en – lintang-lintang sumebyar  
kembang wengi kalimput rembulan sunya  
O kaya jati diri ngepus Erose umur  
kembang amor pinda nyranani pangimpen kang lebur  
wektu dak aras melati suci  
wiwitan aku dadine kembang mendem  
ngluwari risa-rasa kang kependhem

samangsa iki Fedika lunga  
nggawa melati kang lungse dene pangarasku  
pada laku lopak bisa dak luwari  
kausir fatamorgananing wengi wungu  
Ah, apa karma kudu nuntut akehe kelangan  
O Fedika O fedika

Surabaya  
*Panjebar Semangat, 1989*

St. Sri Em Yani:

## KRENTEG

tembangku tembang maskumambang  
sing dak canthelne ing lintang-lintang

kidung kidung dhandhang gula  
sing mabur amor mega-mega

sing dakgantha swarga edi peni  
nggendorong ati karo para putri widodari

hem kabeh sing dakgantha  
kaya arep dakncepi gendera

Bianglala Panggul '89  
*Panjebar Semangat*, 1989

Narko "Rasodrun" Budiman:

## BALADA ARJUNA WIRANG

Bab luput sadhengah wong kanggonan  
Apa maneh aran wong wirang  
Sing ujare kandha empan nggawa papan  
Wirang tanpa papan bisa empan  
Kanyatan! Kabukten! Apa lakon ana crita  
Awit ana wirang lan kang mirangake

Wauta kang aran wayang  
Raden Arjuna lananging jagad  
Sugih rupa! Sugih bojo!  
Jenenge wayang pinetha janma  
Tan luput wirang kaya lumrahe wong!  
Menika ta caritane:

Wauta Sang Arjuna lelananging bawana  
Wus kagungan garwa ayu-ayu tur merakati  
Dhasar priya jadmika turah rupa kurang candrane  
Prawireng yuda! Sekti mandraguna!

Sang Arjuna jagone para dewa  
Kathah kenya kayungyun  
Kathah kenya ingkang kalimput pedhut  
Gandrung-gandrung kapirungu mring Sang Bagus

Sang Bagus "anggota inti"-ne bala Pandhawa  
Dhasar "thukmis" tutur manis nanging ora lamis  
Sapa putri kasuding jenggirat katut nyandhing  
Prasasat kedheping netra sakeplasan  
kaya lumepasing jemparing saka gendhewa  
Tumama ing raga gawe nak tyas ing wanodya

Sang Arjuna! Sang Arjuna!  
Ora nyana ora ndipe  
Yen anggenira meguru manah mring Pendhita Durna  
Bebarengan Palgunadi gawe crita dhuhkita

Arjuna ta arannya

Yen suka mring wanodya sulistya

Dudu Lelananging jagad yen tan bisa kedanan

Sanadyan putri garwane mitra

Ana crita ginurit nalika ki dhalang njantur

Arjuna kasmaran mring Dewi Anggraeni

Wanodya winwngku priya hiya Palgunadi

Mitra pribadhi

Lae, lae! Lae, lae!

Bisa wae esuk dhele sore wis tempe

Nanging panglamare Sang Bagus tinulak Sang Dewi

Kang tansah tuhu tresna mring laki

Arannya ta Arjuna! Arjuna hiya Janaka

Raden Pamadi aliyas Partadewa

Dhasar bagus kagunan pikir encer

Maneka warna cara kaempanake tan mempan!

Janaka ngglibet! Arjuna pasang jiret!

Lae, lae! Lae, lae!

Tan tedhas aji pangasihane!

Dewi Anggraini luptu saka dayaning mantra lan cara

Sang Dewi Anggraini punjering lakon

Ora narimake patrape Sang Arjuna

Sanalika matur blaka sutu mring guru laki

Muntab Si Palgunadi!

Brang! Brang! Brang!

Jaja bang mawinga-winga sanalika mireng ature sang garwa

Linabrag Sang Arjuna!

“Mitra murang tata!”

“Satriya thukmis!”

Palgunadi ngangseg prang

Arjuna kejodheran! Arjuna keok!

Arjuna nemu kawirangan! Wirang! Wirang!

Dudu murid Sang Pandita Durna yen ta laku lomba  
Sanajan marcapada kebak kebener, culika isih ngrembaka!  
Sang Arjuna nabok nyilih tangan Sang Pandhita  
Kinen mocok driji tangane Palgunadi  
Thel!  
Ali-ali Mustika Ampal kapasrahake Arjuna

Ki Dhalang njantur:  
Sanajanta Palgunadi tan kagungan ali-ali jejimate  
Lan Sang garwa tan duwe daya mumpuni kadya wungi uni  
Eee..... Sang Dewi suthik nglanggati Arjuna  
Kasetyane Dewi Anggraini pantes tinulad  
Guru laki bentenge bebrayan kekudhunge kamulyan

Ana crita lagi kababar, saiki  
Arjuna tinampik wanodya.

Triwida, Juni 1989  
*Panjebar Semangat, 1989*

Widodo Basuki:

## GUYU-GUYU LAMIS

gumuyu ngakak  
anut lagu-lagu ladak  
nyecep gula jawa manis kacampur  
bir lan whisky

gumuyu ngakak  
nyedot rokok siong luru papan enggal  
sing durung nate ditamoni  
widodari telung puluh iji  
mesem ngujiwat lungguh mbedhengkrang  
methik kembang tamansari  
gumuyu ngakak durung sirna nalika  
para dewa nganglang jagat dundum rejeki  
nyangking bokor isi ramalan edi peni  
serete ekonomi,  
dhudhah pangentha supaya enggal weruh  
susuh-sush rejeki

Surabaya, Juni 1989  
*Panjehar Semangat, 1989*

Herry Lamongan:

## ABAD KAMULYAN

apa ana ukara wae  
ngowah dahuru dadi tamansari?  
bapa, mung gunem sajake  
abad kamulyan kae ngejawantah

sewu kapangku  
kalunta-lunta ing marga  
sewu kapangku kasangsang ing pang-pang aking  
ing lemah cengkar

sewu kapangku marang tamansari  
mandheg ana crita!

1989

*Panjebar Semangat, 1989*

Tengsoe Tjahjono:

## **TIMBRENG**

wus dak linga dhadha iki  
wus dak langga wisa iki  
tanpa pepoyan nalika  
timbreng ngendanu ing brang wetan  
jeriting ati ora keprungu  
karana udan kaya samodra rob  
lumuh ngalah  
nrajang impen sing suwe dak sungging  
kanthi pigura rasa dak cathet  
kanthi mangsi cina

aku mbalas nglairake guritan omah kertas  
sadawane kali brantas  
aku mblasah nglairake maskumambang  
sadawane njagir njambangan

bumi karah, Juni 1987  
*Panjebar Semangat, 1989*

St. Sri Purnanto:

## PANGGUL

mburu guritan sadawaning dalan  
dhuh panggul  
kangenku dadi temangsang ing langitmu

kaya wingi  
nalika pak tani nggondheli tresna ing pang-pang cengkeh  
ana tangis meri sing dak rungu, saka  
pupus trembesi lang singkong  
sing wiwit kelangan pecak panguripan

dhuh panggul  
ing pangkonmu apa ana angin salah mangsa  
sing nggubet waru lan trembesi  
klangenane biyung dhek semana

aku anakmu panggul  
sing pengin ndilat embun jati  
sing mbiyen cemanthel ing gunung sanggung

*Panjebar Semangat, 1989*

## EKSTASE PANGWASA JATI

dakambah gubug-gubug lanyah  
nanging ganda-Mu durung nate dakambu  
dak tepe ni papan-papan sulayah  
nanging swara-Mu durung nate dakrungu

aku ngumabara ijen  
dalan-dalan rumpil lan wit-witan mranggas  
nyathet dawane panggagas

amung ana-Mu kumedhal jroning batin  
nyebar pengimpen sanjabaning guling

heee! sapa sing nglakokake srengenge  
ian ngobahake lambeku nyebut asma-Mu  
heee! sapa sing kasil nyuwaliake  
awan lan ndadekake wengi tuhu

dakambah gubug-gubug lanyah  
dak tepe ni papan-papan sulayah  
amung ana-Mu kumedhal jroning batin  
amung ana-Mu kang tansah nandur prihatin!

1989

*Panjebar Semangat, 1989*

Suripan Sadi Hutomo:

## BALADA JAKA SANGSANG

sumebar kabar ing desa kabalabar  
nyai asiyah! nyai asiyah!  
mbok randha desa aran nyambi  
entuk bayi ing bengawan keli

kacang lanjaran, mas, teronge glathik  
adhuu baguse ra ana sing nguthik  
“si bocah bagus saka kali  
dijenengi ki jaka sangsang iki  
awit dheweke kesangsang-sangsang ing eri  
ing banyu bengawan kang mili”.

ing crita kentrung dhek kuna  
ki jaka sangsang putune rangga kusuma  
ki gedhe kradenan kang rumangsa gela  
awit putrane kang aran rejitarwati  
wis ngandhut jabang bayi  
nalika lelumban ing bengawan kali  
panggonane ki blajakngilo lagi semadi

uyah, mas, kecemplung banyu  
pikir susah ra kena digugu  
awit kaya kang wis ginurit  
awit kaya kang wis ginurit  
turune ki blajakngilo  
ki jaka sangsang arane mengko

tinudhung dyah ayu rejitarwati  
lan nalika pusaka kangmase ika  
raden bagus rejitarwatu  
arep tumujem ing dhadha ngarah pati  
ambyur sang dyah ing bengawan sigra  
pertapan sedhang putriarane iki  
jaka sangsang! jaka sangsang!  
dibuwang ing bengawan tanpa mamang

kumricik banyu ing watu kemlasa  
dumeling angin ing papringan desa  
manuk ngoceh ing wit nangka  
rembulan sigar kaya semangka  
adhuh! adhuh!  
critane tansaya trenyuh!

ora biyen ora saiki  
wong sengsara sapa sing nambani?  
jaka sangsang! jaka sangsang!  
saiki jaka wis ora mbrangkang  
awit dheweke jaka  
ki jaka sinambut arane tresna

ana kenya aran dewi sumilah  
rembulane moblong salayah  
anake ki gedhe tuwung kang gagah  
ati ki jaka kaya digugah-gugah

“tuwung! tuwung!  
adhuh ki gedhe panggedhe kampung  
abot temen kudangane putra  
cecak lan jantra kencana  
gong loro gemandhung ing gegana  
apa aku bisa ngujudna?”

ki jaka mlayu mangetan  
urut iline banyu bengawan  
kedhung-kedhung lan jurang-jurang  
sinasak ki jaka sangsang  
“aku bajakngilo  
aja mangu aja mengo  
aku bapakmu kang bakal aweh jodho  
dewi sumilah kang kok tinjo”

tembang arawat kukila  
suling dumeling ing pereng gamping  
sawah lan tegal ketela  
kabeh manggut lan anggraita:

“si sekti blajakngilo  
aweh pitulung anake kang nglokro!”

jaka sangsang! jaka sangsang!  
numpak jaran kretane kembang kacang

tuwung! tuwung!  
aja mamang, aja keduwung  
mantumu gagah raine kluwung  
diarak, digegelung  
disuraki, dirubung-rubung  
aja mamang, aja keduwung  
wong jawa jiwane agung

sangsang! ki jaka sangsang!  
ing guritan sukmamu medhangkrang —

Surabaya, 1989  
*Panjebar Semangat, 1989*

Cathetan:

Tembung *blajakngilo*, ing dhaerah Blora lan Rembang, asring disebut *bacakngilo*, utawa *blajagngilo*.

Herry Lamongan:

## **ORA ANA SWARAMU**

dak antu tekamu  
kaya wengi-wengi kapungkur  
gemriyak swaramu paring pelipur  
kanggo rasa atisku

o tetembungan rinonce  
saka sihing leluhur marang papan iki  
menyang ngendi selemmu?  
apa muspra salandhunge margana  
apa asoh sarina sajroning mesin-mesin  
utawa malah babarpisa musna tanpa sisa?

mendah wengi iki macapatan kae  
suluk kae ngisi swasana suwungku  
bareng karo pangkur lan sinom

mendah rasa atisku kelakon thukul  
dadi rerenggan elok ing saben regol

1989

*Panjebar Semangat, 1989*

Hariwisnu Harwimuka:

## WADONE JAGAD

er  
terintip  
nyokrok ati  
ing mripatmu  
kebak candhikala  
wingi dadi pasemonan  
ing pasamuan wira-wiri edi  
wadone jagad kuncara mnlumpat lambe lanang  
jaka kencur gere-gere nggumuni peni rembulanmu  
moncer. Kebak asih sihing ilat, sinandhi lelamisan  
apa sing kok luru ing tangise priya padha frustasi?  
Wis mbludak rerasanan ngumandhang adoh  
ning guyumu isih lakak-lakak  
jangkahmu tansah sigrak  
nyamber tresna sadalan-  
dalan. Nganti bumi te-  
tangisan, rasa edan  
kowe sengsem  
esem mongkog  
wadone jagad  
geneya endah  
geneya cakrik  
kuwi kok ilut  
?????????????  
pancen tinemu ing kamus  
remaja mangsakalane rembulan  
purnama, suka-suka mumpung jembar  
kalangane, gegojegan ngumbar tresna dedo-  
lanan geni asmara sing mrengangah abang,  
ning, sangisore grumbul cedak wringin kurung  
nyangapa kowe jumangkah lembehan seblak-seblak  
tumuju papan kuwi? Mangka eri nritip siyaga nyokrok sakojur anggamu. Ah, eman! yen rainamu mbesuk kabulet pedhut. Tangismu ora bakal kuwagang  
ngusap lara lapane urip

Ah, eman!

Apa sing bakal kok suguhne garwamu?.

Blitar, 1989  
*Panjebar Semangat*, 1989

Kelik Eswe:

## OMBAK ING LANGIT

Ombak ing langit gumulung  
nglunthung sadhengah sepi-suwung  
ing ngisore manuk sriti lan lawa  
ngukur jembare akasa raya

ngoyak wektu-wektu ing musim gugur  
winih-winih sing kabacut katandur  
katerak swarna angguntur

aku lan sliramu mlaku ing dhuwur ombak  
nglacak tracake malaekat  
sangu pengilon sing wis rusak

aku lan sliramu kesasar  
satengahing ombak kang gumulung

*Djaka Lodang, 1990*

Sugeng Dwianto:

## MANGSA-MANGSA

mangsa ketiga dhuwur ing pucuk mega. Ngeksi sa-pa-pi-pra-tar-ka-kuma-kami-kapi-jarwa  
jinarwa jarwanen yen bisa jarwakna sanadyan  
gluprat kebak dosa paeka lan mala. Dak singidake ana  
maron bumbung sundhul awang-uwung, aja takon kanggo  
apa

mangsa ketiga dhuwur ing pucuk mega. Nujemake  
pang-pang garing kurang daya. Rantas amblas  
ing waliking sunaring mripat kang landhep mingis-mingis  
ngisis siyunge brahala. Lan kamurkan dak dhepani  
ing lengkeh-lengkehing pabaratan, aja takon  
pabarataning sapa.

Aku mangerteni: bayi lan sepi kingkin mega. Siyang kuciwa  
angrantes waspa tangising nala. Wit-wit jati  
tinampeg samirana isih panggah kaya wingi uni  
balik cilik ing sandhuwuring kucur isih mancur  
mrembes mili napaki, sanadyan beda antarane  
rendheng lan ketiga. Baya bener wanci pinesthi

*Djaka Lodang, 1990*

Bonari:

## SADAWANE GEDHANG KLUTHUK-GEDHANGAN

saben dina daktlusuri dalan  
gedhangkluthuk-gedhangan  
adohe ing ciptaku  
padha karo anyer-panarukan  
padha karo bumi-rembulan

sedhela ngungak pasar krempyeng pasar legi  
njut arjog nurut aspalan pating penyonyo

guwa watu pinggir dalan kae  
sapa kandha ora ana macane

yen dan dalam lunyu  
yen terang dadi anget ati lanangku  
srengenge mlethek saka kembene prawan ayu

punten sampang  
o, sapa ora kegiwang  
rasane nyamleng  
bakule ayu  
o, sapa ora kegiwang  
wedange lalape gula abang

kere mati neng sampang dadi dongengan  
dadi crita dadi geguritan

mudhun dalane selot mudhun  
impen nanjak  
ndedel nglangkahi gumuk runguk  
ngungak kali konang  
ngungak kali gedhang  
saben dina daktlusuri dalan  
gadhangkluthuk-gedhangan  
lungkrahe ing rasaku

padha karo ing kretek gedhangan  
termangsang krenteg geguritanku  
o, kapan geguritanku  
temangsang ing atine wong ayu!

*Djaka Lodang, 1990*

Sugeng Adipitoyo:

## LURAH KLEPEK

:Paman Cothet...  
suara apa kuwi ngrangin  
“punika gendhing pak Lurah”  
:Paman Cothet....  
sapa sing njoget  
“Sriyani pak Lurah”  
:Paman Cothet, kandhakna  
saka ngendi Sriyani?  
uga menyang ngendi mulihe?  
waaah....  
ing ati birune katon ana...  
maniiis banget!  
:Paman Cothet...  
iki dhuwit coba wenehna  
aku kepingin lelangen  
iki dhuwit wenehna maneh  
aku kepingin ngleter nganti waleh  
Paman Cothet, nggaaaayeng banget  
:Paman Cothet...  
iki klambiku coba wenehna  
nggayeng banget!  
:Paman Cothet...  
iki dhuwit, iki klambi  
iki pajek, iki subsidi  
kabeh dadi transaksi Sriyani  
Adhuuuuh biyung!

*Djaka Lodang, 1990*

St. Sri Purnanto:

## SANGGUNG 1

(kagem mbah guru teguh ing sd gayam)

ombak wengi sing tansah setiya  
nglomoti gumuk-gumuk padhas, lan watu-watu marmer  
ing lumahing gisikmu kuwi  
sing isih mendhem wewadi

\*  
dhuh sanggung  
ya iki padhas, grumbul-grumbul lan alas memedi  
sing angrem ing jiwamu kuwi  
sing bakal dak dhudhuk nagnggo landheping gurit  
nganti besuk,  
dedongengan inten kang wujud kebo ndekem kuwi  
bakan bali marang alam kang sanyatane

*Mekar Sari, 1990*

## MASSAKOSE

isih nglewang  
eros miris maring nyatane sunya premati  
oh pedhang-pedhang mbok tunjemake angga lumuh  
(tanpa sesambat aku trima, dhuuh)  
ing bumi kekisruhan  
mula ginurit neptu kala-kala lan prahara  
iki lho – padhang pabaratan wus dak amirasa  
tetep ngemu durakane ati  
massakose O ya gene tansah katon sato-sato atmaku  
dadi gegancangan segagrag lingga tuwuh  
iki lho --- padhang pandelikan dusta  
mawa kembang mayang O sukma lukar  
suci socane jati kudu kagawa wedhar

*Mekar Sari, 1990*

Bonari:

## REMBULAN TATU

“rembulan, rembulan gedhe  
ana santri menek jambe”

rembulan sidhi  
isih sore wis ndadari  
sapa umpetan ing walike kae  
angin apa ngerti  
apa mega  
apa lintang sing ngawi-iwi apa wae  
nganti keplorot si santri sing menek jambe  
mesakake  
mangka sing aran wadi  
ora mung sinengker ing rembulan sidhi

mung penggurit lan asmara wani ngandhakake  
sembarang kalir kerem ing rembulan sidhi  
ing wengi kuwi  
sawise sirep tetembangan  
“rembulan, rembulan gedhe  
ana santri menek jambe”

apa sebabe wengi iki rembulan sidhi remu-remu  
ora sumringah kaya padatane

rembulan, rembulan sidhi  
sajak susah sapa sing natoni  
  
ana santri menek jambe  
keplorot bedhak kathoke


*Mekar Sari, 1990*

Sugeng Dwianto:

## GAGAK LAN BIDO ARERATON

lintang rina jumedhul saka bang-bang wetan  
sinugatan bojane jago kluruk samad-sinamadan  
ngrabasa dununge marga  
ngrabasa ranangana  
tumuli lena  
sineling gamelan perang brubuh  
rumantya sang dalang njejegake wesasane laku  
: becik ala duweke sapa?  
cucuk gagak malang kadak  
ndepani barang-barang kang dudu hak  
lan jangkah-jangkah srakah ngalembrik  
korupsi katrem ing ati  
manipulasi katrem ing wiji  
jer ing impen laten dahwen dudu kori tinutup  
gagak lan bido areraton  
nguncit sesautan ing sela-selane mega nggameng peteng  
nyoba dadi tokoh-tokoh pambengkas  
nyoba dadi pahlawan-pahlawan keadilan  
cucuk bido kaok-kaok ngiteri gegana  
milang-miling gya ngulati mangsa  
kuthuk cilik kang luput sinaut  
pinupuh asisa balung aking  
sangsara pinulasara  
kinemah kemah  
ing kene tinemu  
:kamanungsan kari aran  
kamanungsan kanggo pulasan

Mekar Sari, 1990



Herry Lamongan:

## **BAWANA TATU**

nalika mbaka sagagang wit-witan sempal  
peksi-peksi wurung nyanyi  
swara sulytya rerenggan esuk kae  
nyenyet saiki  
lunga dening plaza, relestat lan lurung susun  
lan tegal sawah padha perih  
wit-witan kari crita sejarah  
nalika wengi paripurna  
o bagaskara rengka  
bawana tatu sadurunge pralaya

*Mekar Sari, 1990*

## **TEMBANG PUNGKASAN**

Kagem : dik Tin

tembang pandhan nggrumbulan sasi  
nggegem gung liwang-liwung ati  
purnamamu paring ganda wangi  
marang pupu deres kali

dhuh, mili menyang ngendi?  
dak nawang dham lan gampeng-gisike  
mutung laku

tan saya adoh  
tan saya nglangut iki,  
deres kali kawuri  
sepa tanpa apa-apa

*Mekar Sari, 1990*

Widodo Basuki:

## AKU DADI ADAM

aku dadi adam saka guritan-Mu  
mlaku dhewekan nguwasi lampu disco remeng-remeng  
dak dudut igaku  
siti hawa gliga dhadha mbukak warangka  
,kapeksa, aku suduk salira  
jalaran kena panggodha

*Jayabaya, 1990*

## SURUP ING PELABUHAN CILIK

kemlebete gendera mburi prau  
ngetung enteke wektu sing ora karuwan parane  
dina wis kepungkur  
kari tembang pegatsih  
nyisa klawuna cet ing pipi dermaga

urip iki logaritma?  
dibujung kringet lan napas  
sasat surup lan wengi  
dadi cangkriman winadi

surup ing pelabuhan cilik  
prau gojak-gajeg nyabrangi surup bureng  
apa oleh genderamu ndak silih?  
kanggo nguber ombak waliking cakrawala  
kene kompasmu,  
dimen aku weruh keblate papan sing kok tuju

*Jayabaya, 1990*

## GISIK TEBUWUNG

ngupaya kembang kanthil mangsa ketiga ngrantas  
kapang dak temu gegodhongane sukma wuyung  
ing tanggul bengawan sala iki ana carita kapara lawas  
patambangan, bena, prau gethek lan omah-omah kayu  
petung  
mungge prolog bumi sang dhanyang  
yen ta bisa kasunting pangarepku marang prawan sunthi  
O samendah pangrasaku marang kidungan telasih  
lan ing interlude kali anakan  
gigir bengawan sala ngebaki eli bendung truni  
ah, mendah kangeku kagodha jaja-jaja tininggal sukma  
ing mangsa gugur suwe dak anti  
muga kalalekna pepisahan iki  
O bumi solo kang terus nglokro dening pamaido  
**dhuh** wewadimu ing tangisane prawan desa  
**ngarep** jakalola saka kutha golekan kencana

*Jayabaya, 1990*

Yunani:

## TRIANGULASI

udan riwis-riwis mapag jangkahku kang wis ora jejeg maneh  
ombak kidul kang galak nyapa grapyak  
geneya dhuhkitamu kok gawa mrene nini?  
mung sumiyute angin kang mecuti ati saya perih  
lamun daktinggal kuciwaku ing kene  
apa gelem kowe nampa eluhku kang deres kaya grimismu  
kang gumebyur kaya ombakmu kang anget kaya pasirmu?  
dak gondheli ati kekejer iki dimen ora ngroncal macal dhadha  
ngutahake ludira  
triangulasi  
ing pesisirmu ombak lan alas lambangsari  
kapan maneh dakpidak bumimu kang ngelam-elami  
owel ati ninggal galake ombakmu rungkude alasmu  
biruning langitmu  
nalika sikil jumangkah  
langitmu biru sumilak  
cathetan salembar tumiba ing wedhi  
triangulasi, atiku keri ing pesisirmu kang asri

*Jayabaya, 1990*

Bene Sugiarto:

## LADING

lading iki wis diungkal  
saiki tumampang urat-nadi-Mu  
ana getih netes saka landhepmé  
nelesi garinge iman

*Jayabaya, 1990*

## PADANG MAHSYAR

nalika sangkakala ngoregna jagad raya, bumi gonjang ganjing  
manungsa ngilir saka kubure  
(dialog peradilan antarane Khalik lan umat-E)

suwara jelih-jelih, swarane umat kelaknat lan makhluk terkutuk  
ora kuwawa njebol dham rakhmat-rakhim-E  
strengenge mudhun cedhak ambun-ambunan  
panase ora bisa digunem nganggo cangkem  
(pengadilan illahi)

*Jayabaya, 1990*

## REMBULAN

segara kelangan ombak, rembulan koncatan rupa  
sliramu anggana-raras ing pesisir wayah tanggal limalas  
nggambar rupaku lan rupanE ana pasir  
awahaya nggona bisa rampung  
menawa ombak kasunyatan tansah nyampyok kahanan

*Jayabaya, 1990*

Budi Palopo:

## NYAWIJI

dudu urip yen ora bisa nyawiji  
mring gesangng kahanan, dudu  
(oyaken playune wewayangan pamikirmu  
sejatine kowe mung nemu eyup  
kanggo nata napas sawetara)  
kakang kawah adhi ari-ari  
mengkana pambengokmu  
tanpa leren, lan  
kowe saya sayah mlayoni pucuking wewayanganmu  
(geneya ora gelem leren, kowe  
geneya ora gelem ndhingkluk, hare?)  
dudu urip yen ora bisa nyawiji  
mring gesangng kahanan, dudu

*Jayabaya, 1990*

## WOT PANGGAYUH

gilar-gilar padhang sumunar, urip  
manuksma ing linggarira  
sun wilang kehe  
malaikat patang puluh papat kang  
nginggati warta ngayawara  
sun pinudya dadya jantrane hurup-hurip-harep

gilar-gilar padhang sumunar, urip  
manuksma ing lingga sasrina  
sun kekep tembung  
hana  
hananing hening kang mahanani

*Jayabaya, 1990*

Hery Lamongan:

## LAYANG KAGEM BAPA

aja rangu-rangu ngarep kori  
mlebua  
najan prabot darbeku ora peni  
nanging kalbuku oran nate dakselot  
samenit-menita  
mlebua  
nganti tengah geter rasaku

mlebua bapa  
supaya sapatemon kita  
ana swasana tintrim  
ana kahanan bening jroning ati  
bisa midanget umrik bisike  
sapepadha kang ngindhit duhkita  
paraga-paraga kang lawas banget  
koncatan gunem lan akeh karsane

mlebua bapa tumekaning dhasar guritku  
supaya bisa sareh  
nampa jati-dhirine panguripan  
tiba-tangine geguritan!

*Jayabaya, 1990*

Slamet Isnandar:

## KETANDHAN TENGAH WENGI

kari aku  
sliramu  
lan bedhug tuwa ngisor cendhela  
kang isih setya ngancani dawane wengi  
ngancani angin  
ngancani lintang  
genti-genten unjal ambegan  
genti-genten nglethaki kacang  
genti-genten ngumbar guneman  
perkara urip  
perkara filsafat  
debet kredit kang kudu setimbang

plus minus kang tansah dirancang  
bener luput kang dadi pathokan  
ah, ajam  
ketandham iki dadi seksi  
wewaton lan pangeran kang tansah kita pundhi-pundhi  
mbesuke mung kari nagih janji  
kowe kabeh biyen nate kojah apa  
ngudal-udhal perkara dosa lan neraka  
mbukak borok, kadas, koreng lan tatutatu liyan  
pungkasan, geneya kowe pada kapilutu katut edan?  
ketandhan tengah wengi  
angin lan lintang katon saya gemati  
nyawang polahku lan polahmu  
cep klakep tidhem premanen datan melek datan merem  
awit kabeh-kabeh bisane kari kancilen  
kamitenggengen

*Jayabaya, 1990*

## KERAPAN SAPI

kaya tontonan liyane kerapan sapi kuwi ngiwi-iwi  
ngundang gagasan ngelus batin nggugah roh sufi  
tega temen menungsa mlecuti sapi kanggo ngrebut medhali  
ngundang surak mawurahan sing nonton seneng menang  
botohan

\*  
jingkrak jingkrak sepasang sapi jagone ngliwati garis finis  
pira dhuwit sing ditampa, apa imbang karo larane kullit sapi  
sing kena pecut joki nganti adus kringet lan getihe mili

jagad, jagad iki saiki kaya mobil dikemudheni menungsa  
balapan rebutan menang sapa kuwasa nampa medhali  
endi senine, endi olah ragane yen ora kethok endah lan  
sportipe?

kaya dene bal-balanan ing lapangan, bal bunder disadhuk  
sadruk

dadi rebutan sapa dhisik nglebokake jare sing menang  
nyumanggakake man doblang, ora ana sing gelem kalah  
kabeh kepengin menang

*Jayabaya, 1990*

Es Danar Pangeran:

## PANGGUNG SLAMETANE RENDRA

rembulan ilang pupuse ing panggung wengi iki  
crita-crita trus nlusur kanthi ora ana candra nyalawadi  
wicarane: iki slametan anak putune sulaiman  
kang rendra dadi sutra amrawasa patimah sang prawan

--kurang ajar--

kita mung keakeh kena sahwate kama  
yen sewu malaikat nuduhake pedhange marang amarah  
ah awit biyen manungsa trus amrawasa setan wanodya  
ing rasa atine kang tipis  
marang samu barang haram lan najis  
awit kita padha-padha nyipta gurit utopis  
kang percaya tuhan Gusti ora bisa mati  
sauger panggung sandiwara iki

*Panjebar Semangat, 1990*

Hery Lamongan:

## LAYANG KAGEM BAPA

aja rangu-rangu ngarep kori  
mlebua  
najan prabot darbeku ora peni  
nanging kalbuku oran nate dakselot  
samenit-menita  
mlebua  
nganti tengah geter rasaku

mlebua bapa  
supaya sapatemon kita  
ana swasana tintrim  
ana kahanan bening jroning ati  
bisa midanget umrik bisike  
sapepadha kang ngindhit duhkita  
paraga-paraga kang lawas banget  
koncatan gunem lan akeh karsane

mlebua bapa tumekaning dhasar guritku  
supaya bisa sareh  
nampa jati-dhirine panguripan  
tiba-tangine geguritan!

*Jayabaya, 1990*

## KETANDHAN TENGAH WENGI

kari aku  
sliramu  
lan bedhug tuwa ngisor cendhela  
kang isih setya ngancani dawane wengi  
ngancani angin  
ngancani lintang  
genti-genten unjal ambegan  
genti-genten nglethaki kacang  
genti-genten ngumbar guneman  
perkara urip  
perkara filsafat  
debet kredit kang kudu setimbang

plus minus kang tansah dirancang  
bener luput kang dadi pathokan  
ah, ajam  
ketandham iki dadi seksi  
wewaton lan pangeran kang tansah kita pundhi-pundhi  
mbesuke mung kari nagih janji  
kowe kabeh biyen nate kojah apa  
ngudal-udhal perkara dosa lan neraka  
mbukak borok, kadas, koreng lan tatutatu liyan  
pungkasan, geneya kowe pada kapilutu katut edan?  
ketandhan tengah wengi  
angin lan lintang katon saya gemati  
nyawang polahku lan polahmu  
cep klakep tidhem premanen datan melek datan merem  
awit kabeh-kabeh bisane kari kancilen  
kamitenggengen

*Jayabaya, 1990*

Hartono Kadarsono:

## **KEPYURING BUN**

kepyuring bun tumiba  
dak tampa linangga  
mak pyar ing angga

pait getir wingi uni  
pedhah apa diuningani  
mundhak nggrangsang wani

butuhe saiki wis keturutan  
nadyan mung satetes kamelikan  
gurung ora ngorong  
wenang winangwong

samangsa butuh lumaksa  
dak wilang tanpa upama  
cik ben tumama  
bisa ngreksa

*Panjebar Semangat, 1990*

## WENDHIT

ing kene, apa sing kudu dakluru  
jer ayang-ayangku, tangeh lamun bakal tinemu

ing kene, apa sing kudu dakronce  
jer, godhong-godhong jati wus ninggal jagade

ing kene, apa sing kudu dakgentha  
jer patung-patung mono wus angel pinuja

ing kene, ing kene jagate panguripan mono wus ciyut,  
nalika munyuk-munyuk gelem carita tegese langit lan mega  
kang mung salembar, ing  
kiwa tengen tlaga iki

*Panjebar Semangat, 1990*

Nono Warnono:

## PATEMBAYAN IKI

wus kebak duratmaka sinamudana  
lungguh kursi empuk tan kinira  
linuwih ing paeka  
lumuh ing pakewuh  
nikmating slingkuh

*Panjebar Semangat, 1990*

## ING KENE ISIH ANA KATRESNAN

piwelingmu duk nalika semana, ibu  
isih dumeling tansah dak eling

katresnan mono kembang sumerbak wangi  
rinasa ing kanikmataning kalbu  
nora lumepase birai manising madu  
katresnan mono rasa kang  
rinasa ing telenge pangrasa  
nyawiji ing siji  
ji

ibu,  
sawuse surudmu ing kasedan jati amung  
katresmam,u kembang amrik angambar  
katresnanmu samodra ngrengkuh cakrawala  
tansah ngawiyat nggayuh mega-mega

*Panjebar Semangat, 1990*

Keliek Eswe:

### LAYANG KITIR, 3

katrem lelangen ing gisiking mega  
aku lan sliramu ora jawa marang sasmita  
layangan pedhot kang kumleyang  
dadi rebutan, geneya aku lan sliramu  
melu candhang?

nalika keprungu critane pagelaran  
aku lan sliramu pandeng-pandengan  
srengenge bunder ing mripatmu  
ngundhamana subasitaku

ora perlu kesuwen!  
aku lan sliramu kudu lingsir  
tumuju omah joglo laladan pinggir

*Panjebar Semangat, 1990*

Hery Lamongan:

## LAWANG

kanggo: unang hp

sawijining lawang lan ayang-ayang esuk  
tanpa tamu

apa uga ana lintang sawise srengenge  
ngaton ing kene  
crita ngenani wengi kang elok  
utawa swara pedhut tumiba?

o, dak kira pancen mung lawang menga  
tanpa sapa-sapa  
mung perangan rina kang kothong!

*Panjebar Semangat, 1990*



**PUISI JAWA MODERN JAWA TIMUR  
TAHUN 1991—2000**

## PANGGUL SING DAKTRESNANI

Panggul sing daktresnani, sawijining bumi cilik  
wis kinodrat dadi watu-watu, gumuk lan punthuk  
ing rangkulane ombak, rapet pesisir kidul

Panggul sing daktresnani, sawijining bumi ibu  
lemah gunung kang tumpuk undhung  
nekem mitos gaib gejer sanggung  
gisik Pelang  
lan angkere pucuk kali sungapan konang

oo lemah wutah getihku  
lemah ngare kang ajeg setya  
nadhahi tangis lan guyuku  
sadhangah mangsa lan wektu

Panggul sing daktresnani, sawijining bumi iga  
papan tumangkare eyang, biyung lan bapa  
dhuh bumi kinasih  
ing kene papan paleremané batinku  
nglacak tembung lan ukara  
nganti atiku adoh keplantrang  
mancik alam rasa  
saambane wektu  
sadawane laku

*Djaka Lodang, 1991*

St. Sri Purnanto:

## **WENGI NASAK KAMARKU**

wengi lumaku nasak kamarku  
nggegem sajimpit pitakon  
sing banjur gemlethak ing pangkon  
jroning hening tumama dadi lelakon

wengi lumaku nasak kamarku  
nggegem sajumput tidhem  
lan pandumuking angen-angen

:Gusti!

yen wengi lumaku  
ndumuk wewayangan  
ndumuk batin  
ndumuk rasa  
aku, okh aku rubuh  
tanpa sabawa

*Djaka Lodang, 1991*

St. Sri Purnanto:

## PANGGUL TUMRAPE ATIKU

Panggul tumrape atiku, mujudake wentis keny  
manggang rasa lanang, lan greged biru  
kalane geter mothah nagih papan birahi  
dhuh nini,  
ing lungur wates kali iki  
jiwa ragaku kebranang  
ing geter panyawang

Panggul tumrape atiku, pupu gadhing gumrining  
nabuh titir jantung lan rasa wuyung  
aku gemeter ing pangelusing angin semilir  
angin pesisir  
aku kepayang, ing gumuk sungapan konang  
ing punthuk sanggung lan guyu

*Djaka Lodang, 1991*

Hery Lamongan:

## MENDEM DURAKA

pangangenku yen bisa mendhem dupa-dupa waliullah  
wetan kebiat ora dak sandang maneh  
ngranggut durakane kembang kanthil, luruhna sanalika  
yen dheweke trus ngadhang kala  
o, sapa maneh kang dikarepake sajrone ijenan (paran)  
tanpa sesorah lagon warisan  
wola-wali kang milang  
aaya owah umurku, njumputi ceblok godhong pring  
petung  
logrok ing mangsa luwih mudha  
ah, duraka iki mardika (cah ayu)  
isih dak sandhang isih dak puja  
mung aku eram bakat ora kuat nyangga  
pepati sajrone geguritan

*Djaka Lodang, 1991*

Hery Lamongan:

## PADHANG RAJA LANGIT

Langit wus maprawasa pepuja udan giring-giring  
(wayah) dadi ngrugah lalang garing lan suket teki padha  
Mati

sumebar ing angin daya  
kang nyupatani mangsa  
O gagar aking lemah azro padhang pranasaMu  
mung nyisa guru shalat istiqo (dowi)  
ngujiwat sadawane galeng-galeng pategalan lan tambak  
bengah sawahKu-pengkah

dhuh langit nyebar wisane  
srengenge  
nuli (sot) raja mangsa ketiga ngantang  
mungkasi lampus kapitunane panggadhang

*Djaka Lodang, 1991*

Hery Lamongan:

## BONDOWOSO NGUKIR URIPKU

kali Sampeyan nyebal kothak-kothak sawah  
minangka tenger yen ing kene dirahmati panguripan  
watu-watu wulung lan banyu mili bening  
dadi rerenggan asri tlatah wewengkon Besuki iki

Bondowoso lemah wutah getihku  
perangan kang ora nate bureng saka angen-angen  
najan wis suwe dak tilar ngumbara

ora bakal oval rasane  
wit-witan kenari urut margana nembang LE-OLANG  
ngumbah tawang ngaras jantungku  
ngaras luweng jantungku kebak sih

wis adoh Bondowoso  
aku pamit ngliwati Arak-arak esuk kae  
ninggal dhun-dhunan gumuk kang saiki wis gundhul

aku pamit metu lawange nalika semana  
nanging kali Sampeyan, wit-witan kenari  
isih kaukir ironing dhadhaku ing pakumbaran  
kaukir  
kaya monumen Gerbong Maut ngukir Bondowoso

*Djaka Lodang, 1991*

## MASSAKOSE

isih nglewang  
eros mirisku maring nyatane sunya premati  
Oh pedhang-pedhang mbok tunjemalek engga lumuh  
(tanpa sesambat aku trima, dhuh?  
ing bumi kekisruhan  
mula gunurit neptu kala-kala lan prahara  
iki lho....padhang pabaratan wus dak amirasa  
tetep ngemu durakane ati  
massa kose O ya gene tansah katon sato-sato atmaku  
dadi gegancangan sagragrag lingga tuwuh  
iki lho... padhang pandhelikan dhusta  
altar kang pinuja  
mawa kembang mayang O sukma lukar  
suci socane jati kudu kagawa wedhar  
**PANYANDRA**

banget panyakrabawa iki kaya-kaya ngayawara  
enggo sang maha penakluk dukana, donyaku lan uripmu  
kapan legawa pamenginge  
ah, yen nyalawadi bumi pangrantunan  
isih lawas O isih lawas  
kanggo macaki dalan-dalan nuduh luput kang kalimput  
rasa katunjem pedhang kangkan  
pawongan ora njawani O sang maha tengara duhkita  
trus mrejaya truhing angga  
ah, mara delengen getih amblabar pindha abang  
jinggane langit  
posonge menara-menara gadhing tuwa  
O swara-swara  
ana kutuku marang bangsat-bangsat  
sing nunggu joglone suripan lan sudikan  
tuna-tuna  
ngliwati kresek-paseking angin curing  
O garing gegodhongan enom trus luruh ing gagar  
mayang

ah, isish bisa aku ndadar crita-crita praharane jaka-jaka  
gunung  
ngulandara ing tanah ngare  
kang lawas katingkep kalane jurang pabaratan  
(O, mungge paling bangsat)  
mekakat.....

*Djaka Lodang, 1991*

## AKING BUMIKU

aking bumiku  
aking nalaku  
daksimak ilining luhku  
ing mangsa ketiga sing  
ngelus iga ngusap dhadha

aking bumiku  
aking nalaku  
sunare surya abang anelahi  
ing dhadhaku thukul alang-alang garing  
yagene mangsa  
isa nyawuk sukma  
aking bumiku  
aking nalaki  
ing bumi sing biru  
iki thathit mecat yitmaku

*Djaka Lodang, 1991*

St. Sri Em Yani:

## ONCAT

alon-alon kreta ninggalake pangkon  
tumetese tuk ngguyang bumi  
ngguyang pertiwi  
surya gumlewang mengulon  
njur angsuh diuntal hardi

aja sira tetawang  
bumi iki nyekseni  
yen ora ana sing kalis sakapati  
kabeh oncat  
oncat sukma saka jasat

*Djaka Lodang, 1991*

Harwi Mardiyanto:

## IRENG

Kanggo: Atik

Endi luwih ireng?  
simbah sempoyong mesem  
sajroning sepi  
tan bakal menjelma

utawa jaka ngumbara ijen?  
ngupadi trus rasa kangen  
tan kuwasa urip rukun  
anak angker ing gendhongan

Pisan bakal ketaman  
tan ana regol menga  
amung dalan panjang  
siya-siya katresnan eman

Endi luwih ireng?  
simbah sempoyong mesem  
utawa jaka ngumbara mati pupus  
kemu sungkawa kang lampus

*Mekar Sari*, 1991

Harwi Mardiyanto:

**MARANG ANAKKU**  
in memoriam: Rama ndung

He, anakku dadia tukang  
yen wektu lapang  
aja maca guritan petualang

Tresna pakaryan  
buwang tangis bapak  
tebusan tatu simbok

Yen penggurit teka  
nggawa sajak manuk prenjak  
aja ditampa

Kabeh sing ngelingke  
singkirna

Raharja  
amung ing urip prasaja  
esuk makarya  
surub ndedonga  
urip prasaja  
ing galih manungsa  
kang isih tepung marang kasetyan

*Mekar Sari, 1991*

St. Sri Purnanto:

## CATHETAN

cathetan abang getih daktemu  
ing lampitane jiwa rempu  
barisane manuk gagak nembe sutra  
njaring dhadha aking

ing bumiku ing bumimu  
blerone swara semu daktemu  
ibu!

(bingget nalaku, dakcathet ing teleng kalbu  
ooo menungsa ati bopeng, padha ribut dolanan topeng)

*Mekar Sari*, 1991

Es Danar Pangeran:

## GURIT PUTER GILING

Hong, kadiparanMu ing tlacake hawa banter  
kang pepes nuju puser bumi kang kendhet muter  
ah aja diuber ayang-yang laku kang kajiret  
obah musike patembean  
apa ya bakal logrok bun-bun ing esuk kang sumilak  
tumiba pucuk-pucuk kembang swarga mekar endah  
ya ning awang-awang kertas biru lampita  
aja diburu  
napsuku wus campuh ngliwati tepining gisik  
ada-ada manjing sajrone aji puter giling

*Jayabaya, 1991*

## YAIKU NUR AYANG-AYANGANE

duking uni ayang-ayang tetep cemeng kedulu mripat  
ning wiji putih wening tetep manjing sajrone kasat  
sapa bisa nolak jantra yen sekedheping netra dadi bapa adam  
Ibrahim, Isa, Muhammad  
sayidina Umar, usman, ali, Hallaq  
sidarta, manu sunan kali, syeh jenar lan karl marx  
yaiku nur ayang-ayangane  
tumiba gilir dadi pangentha-entha  
yen dipepuji kagawa mati  
yen ketuman sut ya kasandhung abot  
yaiku ing nur wayah  
minangka laku munggah candi tuwa ya mung siji  
kang terus kita antebi

*Jayabaya, 1991*

Bene Sugiarto:

## **WIRAMA MAYURA**

konjuk bapaku: Handoyo Sudarmo

Tumrape gogrog rikmamu nalika diaras angin  
cukup minangka pralampita  
yen dalam kang kita liwati  
mengko lan pungkasane ya semene iki ambane

khatam nyinau urip ing ombak  
nyemplung palung ngincem gejolak  
mbangun teki memutih dhiri  
sumuyud tumuju ing Gusti

*Jayabaya, 1991*

## **LAGU KANAK BUDU**

: kanggo santri Ngarengan

Kareben ora menyang sangga runggi  
dak suwun glathimu, bapa  
yen banjur di takonake apa werdi pigunane  
kabeh isih gatra wewadi kang manggon ana lancipe

mungguh tumancep ing sawijining panggonan  
satemene papan kuwi wektu istirahat nynyuci dhiri  
saka kepungane dosa kang saben jinojoh siji  
sewu liyane ngangseg mageri

*Jayabaya, 1991*

Budi Palopo:

## GURIT DHAKON

tharik tharik ngracik kecik kanthi becik  
nglarik papan nyluwo saperlu diapik-apik  
aja ndomblong dhi, aja  
lungguh nggon kosong ra perlu sumelang ati  
wilangen sing bener dhi, wilangen  
jalaran playu banter dudu tandha mesti wong pinter

*Jayabaya, 1991*

## GURIT TANPA WIS

pranataning kudrat ajeg  
anglindhung laku biyung panguripan, kang  
tansah ndederes nutuh tajalining daut

aum!

awang-awang tangis, ngrekasa  
kumbang angajab leng ing tawang  
sekar gadhing sinumping kuping wengimu  
wangi tenan gandu napas raha saningsun

ah!

pranataning kodrat, ajeg  
nggegulung gelung rikmane sang (K) rah, manjing  
nggeglindhung nyakra manggilingan  
tanpa wis

*Jayabaya, 1991*

Bonari Nabonenar:

## PERANG (1)

yen ta dheweke sida ambyur ing palagan  
melu sampuh ing paprangan  
mesthi wae ora krana dheweke sengsem  
paten patenan  
ora krana pengin diarani pahlawan  
entuk tandha aji pakurmatan  
kacathet jenenge ing buku pelajaran  
ginanta reca kapasang tengahing kutha

yen ta dheweke sida mabyur ing palagan  
melu sampuh ing paprangan  
margane sadumuk bathuk sanyari bumi  
mbelani ajining dhiri nusa bangsa lan negari

*Jayabaya, 1991*

## TAYUB (1)

bebandhang sampur kesampar santake kendhang  
anjog telenge wengi  
ing angin sumilir kentir  
wengi tambah wirama mobal  
dadi geni  
nglagar tatananngrubuhake paguyuban  
ilang tata ilang guyube  
sing keri mung tandhake  
karo wong lanang sapirang-pirang  
klenger kakehan ngombe

*Jayabaya, 1991*

Sugeng Dwianto:

## GURITAN PERANG

sewu tumbak kang tumancep ing raga  
saleksa pengina penyedhaning manungsa  
dakunthal nganggo jerit panantang

tigasen janggaku.pecatna nyawaku  
o kasangsaran sutane kanugrahan  
o kacintrakan sutane kamardikan  
ora-orane yen aku nedya mupus  
saka palaganing ngaurip

lintang johar kang mencorong ing arsy  
katon anelahi  
pindha mawane ati

o gusti  
panjenengaNE kang tansah dak ranti  
rina klawan bengi

*Jayabaya, 1991*

Sugeng Dwianto:

## PESO GWEAN PANDHE

dak asah wiwit pletheking surya nganti  
angsluping bagaskara

dadi landhep  
kena kanggo ngiris  
bumi  
hagni  
bayu sitaresmi  
tirta  
kartika  
samodra  
raditya

nglari dlamakaning tan kena kinayangapa  
liwat aburing geguritan

*Jayahaya, 1991*

Yunani:

## KANGGO ANGGARPATI

geneya dakpecaki dalan sundhetan iki  
lamun dalan lempeng isih nglawer bawera  
pundhak wis sengkleh kabotan sangan  
lan ati kang tansah kelaran ora kuwawa nyeret jangkah  
lumampah ndedawa...  
delengen jaja kang rojah rajeh iki yayi  
tatuten arang kranjang kaya linepasan jemparing sasra  
kudu dakrucat busana kaprjuritan sadurunge tangis layung  
layung nyundhul wiyati  
urip pance pangurbanan nanging apa kudu dadi tumbaling  
palagan!  
aja kok tangisi lakuku iki yayi mundhak eluhmu dadi biru  
srengenge kaselak neba ing cakrawala  
najan mung kekancan manuk sriti kang kecicir saka ...  
lakuku jejeg kebak pangarep-arep  
ing pengkolan mengko bok menawa dak prangguli mitra sejati  
kang kuwawa ngrenda atiku nganggo benang sutra wungu  
geneya dak pilih sudhetan iki yayi  
ora merga ngoncati kanyatan  
nanging mlayokake ati kang rengkas

*Jayabaya, 1991*

Keliek Eswe:

## **BOCAH-BOCAH PADHA NEMBANG**

bocah-bocah padha nembang  
pindha ganda kembang  
ati mekrok selaras  
wektu kang jiglok  
lelagen mbulan gedhe  
methuke unjale babon kate  
tangan kumlawe  
uteg ngreronce kembang pace

eseme kae lho  
guneme kae lho  
panyawange kae lho  
singlone kdhung jero

*Jayabaya, 1991*

## KAYON

Wit kang kawitan  
satengahing alas tutuban  
kakek moyangku kang kejibah ngreksa  
bareng pletheking sang bagaskara

Ing jagad pakeliran  
wong Jawa prapta dedunung  
sesanti memayu hayuning bawana  
krekad suci sakethi jumurung

Nanging banjur ana pawarta  
wartane anak putu kang andon yuda  
nedya ngakahi jagad raya  
O, Jawata kang paring sabda  
iki ta wewayanganing Bharatayuda

*Jayabaya*, 1991

Sri Suharini:

## NIAT

(kagem bapak Teguh ing SD Gayam)

napak kuntul ngliyang bapa, utawa nglaras susuhing angin  
manyuk ing alam rasa, njumputi geter naluri  
putramu nganti adoh ing paran, nedyan ngono  
tumrap panjenenganmu daklaras pisungsung guritan

kamangka ta, wengi wengiku, lan dina-dina aku ajeg gemronjal  
gupak panelangsan, irisane tangis muga dadia japa mantra  
tumrap lakuku, nggelar tapak ing langit biru  
mangkono daktulis geguritan iki, muga dadia kalbu  
tumrap anak turunku

*Jayabaya, 1991*

Hery Lamongan:

## MENYANG NGENDI LUNGANE

menyang ngendi macapatan rikala ana  
tingkeban  
wayang kulit natas sawengi rikala ana sunatan  
kasangsang ing gengsi gengsi  
apa katerak sawijining revolusi?  
yagene diskò tanpa selingan kentrung  
utawa jass rock ora dikanteni panembrama?  
apa baka dadi kasunyatan  
wong Jawa meguru sastra Jawa  
menyang Leiden utawa London  
menyang jepang apadene Iowa

mendah nyenyete sanyari bumiku  
samangsa kelakon wong-wong Jawa imigrasi  
sinau sastra Jawa ing manca  
iki kapitunan gedhe kang larang regane, kaluputan  
jalaran wong Jawa dadi Jawa  
mung mandheg ana gunem lan upacara-upacara,  
amarga wis kapilut dening diskò  
kasmaran marang jass rock nganti keblinger

mendah sungkawane leluhur klawan anak putuku  
nalika wong Jawa amburu uceng  
nanging malah kelangan deleg, O  
sanyari bumiku mendah cengkare!

*Jayabaya, 1991*

Es Danar Pangeran:

## PENJOR-PENJOR JANUR GURITKU

aja diregani nganggo puji gumiampang  
ing tilas grimis kang ceblok ing alas muspra  
iki penjor janur saka jiwa prakosa nanging atine tanpa daksa  
o guritku sajrone wilangan  
dadi mlengkunge pepajangan  
nanging bangga iki bakal nambah prihatin  
marang gurit-gurit kang minangka isbat  
apa bisa tetep dadi memanising kiblat

*Panjebar Semangat, 1991*

## SESANGGEMAN

isih dumeling angin sumribit nyampari godhong-godhong trembesi  
anggon wewayangan lan pangentha-enthaning ati  
donya isih butuh esem sumringah  
lan banyu tumetes saka kringet-kringet dleweran ·  
uga saka tangan-tangan taruna prakosa

: swara panjelih ndhodhogi rasaning nala  
awit ing imbang kulon geni wis wiwit padha ngobarake  
mawa  
mbesmi lemahku, mbesmi tlatahku  
(sesawangan geni mulat-mulat, ana uga kang murtad  
(he, kowe saka kubu ngendi?!)  
si dajal sajake yen anake ibu pertiwi  
si lakanat lali manawa anak bojone urip  
saka kringet-kringet pribumi

: malang kandhak-a le, malang kadhak-a  
yen kepingin digeguyu karo tangga-tangga  
(ing gegana pangece iku ngrerante  
ing madyapada pangina iku trawaca)

isih dumeling angin sumribit nyampari godhong-godhong trembesi  
anggon wewayangan lan pangentha-enthaning ati

*Panjebar Semangat, 1991*

St. Sri Purnanto:

## **ISIH URUNG TINEMU**

Isih rungtinemu, ing ngendi ta  
sejatine papan dumadine ayang-ayangku  
ing saben langit aku gemantung,  
ing saben mega aku gemandhul  
nguyak pikir lan ngasah wewangunan,  
nanging pangagah, nanging panggah rung tinemu  
anane titik dumadining gapura jiwa.

*Panjebar Semangat, 1991*

## **GAMBAR BIRU**

gambar biru, ajeg cemanthel  
ing gantungan jiwa  
prawan-prawan jejogedan,  
nyangking lintang lan rembulan  
ah, ing kene kabeh wus dadi rerenggan  
nadyan gumuk-gumuk, lan grumbul-grumbul  
ing warnane atiku,  
kabeh wus dadi biru, bening  
njiret nurani

*Panjebar Semangat, 1991*

Eny Kusdarlijah:

## TRESNA

ana benang ora katon  
alus  
ning ana  
kenthal kaya kopi ireng  
kaya rasa lagi ngumbara

+  
ora leren najan rekasa  
neng mripat  
kaya telaga bawera  
kebak pangaksama

*Panjebar Semangat, 1991*

## SUWUNG

Nalika esem Mu kacicir  
ketiga wis mungkur  
ora ana sing gelem ngerti  
bisa uga pakewuh arep sapa aruh  
yen emoh sinebut kaya bocah cilik  
ndhrengging kelangan dolanan  
panggrahita bali sumampir  
bali gumethak  
temlawung

*Djaka Lodang, 1992*

## ROH

mung ana jatining DHIRI  
kang lair ana ing PRATANDHA  
kabeh wis ngakoni ANA ne  
ANA ing ANA  
Nyawiji marang kang SEJATI  
sejatining TANDHA  
Kang wis tinulis ing PURWA  
ANA ing DHIRI  
SEJATI ning ANA  
TANDHA tandhaning DHIRI  
yyawiji mungguhing TANDHA SEJATI  
HAKIKI

*Djaka Lodang, 1992*

## TRANSMIGRASI

Aja nangis wengi kang atis  
aja selak yen kepeksa daktibabake talak  
biyen katresnan iki sineksen ombak alun  
lan tumibane prasetya  
kinudang lintang lan rembulan  
rerantan ing langit biru sinasap mega putih  
ah endahe  
kamangka jangkahku isih amba  
panjangkahku isih adoh  
sedheng ing kene terus adu tiyasa  
nganti kringet atus sinesep lemah padhas  
iga ngliga katut geseng nguyak tumetesing grimis esuk  
kamangka ing waliking cakrawala ngranti katresnan

Aja keranta-ranta bumi bera  
aja sumendhal yen kapeksa daktinggal  
kakang kawah adhi ari-ari kang nyekseni  
yen lemah warisan iki wis tuwa  
ora kuwagang aweh panguripan gangsir lan jangkrik  
esem-esem angel runtuh kaya wingi uni  
ah anglangute  
ing bumine leluhur urip angel kaukur  
geger wungkuk kabotan panandhang  
ing pengentha mung impen-impel sepi ngranuhi  
tanpa pangarep-arep  
iku abeh sing njalani tebane keantepan  
aku oncat nglari tumetesing ebun esuk  
ing paran, papan anyar kang kekimplah  
sing wis suwe ngranti tangan-tangan transmigrasi

*Djaka Lodang, 1992*

St. Sri Purnanto:

## TENGARA

ana prentah gaib kang teka nuntun pangrasa  
ooo Gusti, aku mung pupus cemara  
kang tansah mosik lan mobah katut  
angin jengandika

birune langit ketiga, lan dhedhampyakane mendhung  
kang nggulung dhadha  
mujudake tengara, yen dumadine urip lan pati iki  
muhung ana sangarsa panjenanganMu

*Djaka Lodang, 1992*

## MARANG KADANG NELAYAN

paman, jembaring dhadhamu jroning nresnani  
donyane ombak, lungur-lungur panguripan  
saselane mega-mega gemronjal lan birune langit  
mujudake papan pangilon kang tanpa upama  
ana guru kang kudu dakguroni  
ana luron kang kudu dakluroni  
liwat jembaring dhadhamu, kang gupak guyu  
nyabrangti teleng panguripan kanthi rasa tatag, lan  
wani tanpa rasa sumelang

*Djaka Lodang, 1992*

Sri Em Yani:

## **AYANG-AYANG AKING NROBOS SUKMA**

Ana teja kemulan mega malang  
pindha bapangan, sukmaku ndakudhal  
mumbul ing nggegana biru ngrasuk kalbu  
semeleh dhadhaku ngelus langit biru  
yen ta sukmaku bali kuntit tanpa wayah  
sesotya iki tanpanana minangka prajanjen  
utawa, aku wis emoh ngimpi mulya  
senajan ayang-ayang aking sing ajeng nrobos sukma  
arep ndakdhodhog karo nafsune jiwa

*Djaka Lodang, 1992*

## TENGAH WENGI MALEM NATAL

kudus jiwa-jiwa rengka  
nggrujug ati aking ing samun suwung  
arum ari tengah wengi suci  
; aku sedhakep  
ngucap mantra-mantra nut iramaning sepi lan sepa  
yen ta aku kuwawa nggerba pasti  
(Kodrati Alam ajeg alamis)  
dosa-dosa ngerobi jiwa  
kawiyak wani Sang Juru suci  
Bethlehem-Bethlehem  
natal kudus natal suci  
;aku sedhakep  
lintang nyandhing kretekku  
ora orane yen ta aku oncat kridha  
--colong glanggang  
ndak bethethi sangkan paraning pati  
ora kongas, yen ta: aku sajiwa karo Raden Ngabehi  
sing wis angrukti rukmining kabudayan  
utawa ruh ku nyawiji ing sukmane  
sang Aji sing wis kuwawa nggreba isining bawana  
---panjangka  
tengah wengi ngadepake natal  
ndak sedhakepake tanganku  
nyatane aku panggah lubu  
sing kerdhil kabadhing panjenenangan-Mu

*Djaka Lodang, 1992*

Bonari:

## GURIT MANUK EMPRIT

tiga dawa  
sawah-sawah nela  
kemrecek manuk emprit nembangake larange rega pari  
sing kuninge digawe susuh

manuk emprit sing gawe susuh saka kuninge pari  
lan nggedhekake anak-anake karo angete srengenge  
yaiku manuk emprit sing dumadakan mau bengi ngoceh  
ing impenku mencok  
ing pethit larike geguritanku  
persis ing ukara sing mbenerake larange rega pari

pengin banget aku kandha marang emprit iku  
kandha yen setemene saiki manungsa wis mangan dhuwit  
dudu pari dudu beras dudu sega

*Djaka Lodang, 1992*

Bonari:

## KEGAWA JAMAN

biyen jaman nawang wulan  
adang mung cukup pari sauli  
wis mberkahi brayat sekorat

jaka tarup cupar  
dang-dangane wulan gagar  
pancen widodari keladuk suci kanggo kumpul-kumpul wong

saiki jaman bursa efek  
wong-wong nandur dhuwit  
ing komputer  
--arep nandur pari nang endi  
wong sawah wis dadi kaplingan—  
adang mung cukup chek salemba  
aja lali ngomong ing tilpun  
sadurunge lan sawise dhahar

*Djaka Lodang, 1992*

St. Sri Em Yani:

## GURIT KEMBANG WIJAYAKUSUMA

rep sirep kekayon  
ajur sang ratri njangking amrik wangi  
nalika saka astane bethara kresna  
ngusap raga, mbabar sewu cerata  
: temah waluya jati  
: jati sarining kembang tengah wengi  
:wengi suci  
:suci mati  
; mati

rep sirep kekayon  
wangimu mung sawiji  
ing wengi iki  
njur, sliramu nemahi

*Mekar Sari*, 1992

## GURIT SUKET TEKI

ing ngisor cendhela kaca  
thukul suket teki  
aja kemaki  
awit sliramu mung sawiji  
aku ora kedhuga nampa

iki gurit suket teki  
sing gandhane amrik wangi  
sing bisa ngungak tekani wengi

*Mekar Sari*, 1992

Es Danar Pangeran:

## **AWAN-AWAN PADHANG SRENGENGE NJERO PONDHOK TURI**

jum'at maya-maya  
atisun landhung ing bawera napas kafilah  
ya ing turi ing njero pondhok ubub aji  
jabang ponang trus lair tan pepati  
(O punapa guna srengenge kang padhang neki,  
pak guru?)  
—yen urip jati jejibahan ing leladi  
wos mbatang mring lampah syi'ah  
lan nyandhang cangkriman corah

*Jayabaya, 1992*

Widodo Basuki:

## CATHETAN ING RUMAH SAKIT

manoni lugure kembang  
ing serate angin guritku kapang  
                                 kapang bagas waras?  
manuk tuhu lan kolik kanthi sabar mbukaki sal....  
tegesan-tegesan rokok kang diisep jantruné wektu ....  
pangarep antarane: ya lan ora

wekasan pitakon lan jawaban dadi siji  
manjer sangkan lan paran  
nanging kabeh isih jinja dadi samubarang lumrah, kayadene  
ijone godhong kang akhire aking  
kumleyang ndhepani bumi  
apa iku pinangka sandhi?

*Jayabaya, 1992*

Budi Palopo:

## TANPA RAN

sun nggurit sukmuning wang  
mbok marmaya kang darbo karep  
senajan ratan kebak pepalang  
nur mohammad tetep sun kekep

oh, auh, ah

kakang, kakang panembahan  
sapa jatining kang ngangkangi urip sun

aum, oh, rah

geneya mesthi sun pasrah, kakang  
kamangka jajanira tanpa ran  
ra na ranira kang mesthi sun puja

*Jayabaya, 1992*

Bene Sugiarto:

## DUKUH KUPANG 2?4

Tumuju: Cece

Ndang ngertenana ce, mungguh aku  
satemene katuranggane jago ules wiring galih  
angon wengi ing bawerane tahun kang tinewalan  
dene geguritan ing cucuk mung pepaes  
minangka kluruk, mungguh parak esuk  
wektu miwiti ngempanake kuku jalu  
nyekeri dina golek boga  
:kanggo sapa?  
kadhang emas pance durung cini[ta]  
awit osiking batin mung kandha  
: aku nresnani!

*Jayabaya, 1992*

## TELUNG LAPAN KEPONAKAN

yaiku naf's papat kang ngladhang kretamu  
minangka kusir kang nggegem, lis  
perdinen naf's pungkasan

(sinebut mutmainah asimbol Wibisono  
tulus pendhadharan, ngawiya dadi satria utama  
pidakan wewaler bener lan adil)

yaiku bapak kang nuding papan, dalan ngendi kudu dipe  
caki  
sedheng ibu njeber langit biru, lintang apa sing di...  
dene papat keblat lima pancer yaiku.....

*Jayabaya, 1992*

Keliek Eswe:

## **IMPEN—IMPEN**

impen-impenmu wingi bengi  
puspa tajem kang wis suwe angrem  
endhoge gedhe kinaran ndaru  
apa sida kok cekethem?

impen-empenmu wingi bengi  
widodari kang tumurun  
impen-impenmu wingi bengi  
apa mung cakrawala samun?

*Jayabaya, 1992*

Suharmono Kasiyun:

## PERANG KEMBANG

melik ngendhong lali  
kakang-kakang, critane ki dhalang  
ana jaka kabar kanginana  
ana prawan kalepyan  
katrajang pagebluk ampak-ampak  
nyuraki kang nglanggar jenewer lan tuwek

ana jaka kabur kanginan  
ngupadi ing endi jatine katesnan  
awit si prenjak wis lali elik-elik anane tamu  
si gagak saja dadi anggak  
suthik kekabar anane krandhah kena sripah  
lan si kolik  
prasetya tuhu marang durjana  
ora arep gawe cidra  
waton asile disum rata

aja jaka kabur kanginan  
ana prawan lagi kalepyan  
nalika mega ireng gawe pepalang  
nalika thathit kumelat kilat  
blendhek mekantar-kantar  
lan suket grinting malangkedhek  
nyebar gambuh  
njur kabeh-kabeh pada ndadi  
mangan pari  
mangan – beling  
mangan wesi  
mangan ati  
iker ing salumahe bumi  
sanajan tanpa gumlegure gamelan  
awit suket grinting lan jenewer  
wus manjing ing sarundhuning ludira klawan raga sukma

*Jayabaya, 1992*

Suharmono Kasiyun:

## **OMAHKU, OMAH PUTIH**

omahku, omah putih  
omah kang dak bangun kanthi ris putih  
omahku tembok putih  
balungane balungan putih  
putih omahku, omah kang putih  
putih pagerku, pager kang putih  
putih kembangku, kembang kang putih

omahku pagupon putih  
sajodho dara putih mabur kalangan  
miyak petenge pdhut awang-awang  
ngoyak playune tatif sagebyahan

omahku omah kang putih  
rembulanku rembulan putih  
lintangku lintang putih  
megaku mega putih

*Jayabaya, 1992*

Sugeng Dwianto :

## GEGURITAN PRAWAN SUNTHI

ijone suket-suket amrik wangine kembang-kembang mancawarna  
bening banyu tlagu kumrecede manuk-manuk podhang ing  
pang-pang jati ngarang dadi cathetan wadi sumimpen peri.  
geneya ora diwudari ?

ing kana prawan sunthi nyunggi klenthing nyangking pithi  
arep mususi jiwaMU kembene nggubet dhadha weweg  
anyengkir

gadning rikmane linukar saka gelungane pinjunge cinicing  
ian kalon wentise pakulitane kuning lir salaka O apa kang  
lagiginurit ing tlapukaning mata ?

kabeh diwudhari

kabeh nglegena

kabeh tanpa awer-awer samrica

kabeh!

kabeh !!

(nuli nlusup ing tirta weningMU  
nalika tumimbul katon mencorong  
mawa cahyaMU)

- o apa iki kang tinulis ing geguritan wiw.

*Panjebar Semangat, 1992*

## CEMPLUK

nalika mudhun lemah cemplung mbrangkang ajar solah maneka  
rupa dolanan cumepak nanging kabeh padha kadhusuk senajan  
biyunge nyenyawis mori putih cempluk tetep moh mapan  
linggih

nalika mudhun lemah cempluk mbrangkang ajar solah nyoba  
ngluru klasa bedhah kang kalempit ing senthong omah tangise  
prasaja medhar sabda tan maelu kandhane biyung bapa  
ora yung, ora

aja pisan meksa karep  
ben rekasa sun sumerep

ora yung, ora  
umbaren sun aja digendhong  
ben sun bokong bisa nutup klasa bolong  
nalika mudhun lemah  
cempluk mbrangkang ajar solah  
nyoba luru kanyatan  
sregep nyinau sangkan paran

*Panjebar Semangat, 1992*

Sugeng Dwianto:

## NALIKA SUN ETUNG KEMBANG-KEMBANG ING TAMANING ATIMU

(kagem : dhik AniK).

nalika sun Etung kembang-kembang ing tamaning atimu  
widadari-widadari lagi nyiraki isen-isening bumi  
wilutames supraba irim-irim gagar mayang  
saruw nganggo busana sing edi sinawang

nalika sun ctung kembang-kembang ing tamaning atimu  
geni sapletik ubliking urip iki rinengga mas plengkung salaka  
lan impen-impem sisaning umuring donya katon mawa teja  
o nimas sang calon pradanggawati  
tampanen sadak ingwong sadaking senapati  
o nimas sang calon pradanggawati  
dak sudukne sadakMU nalika sepi  
nalika sun etung kembang-kembang ing tamaning atimu  
gendain asmaradana : ngudal-udal rasa brangta.

*Panjebar Semangat, 1992*

Es Danar Pangeran :

## MITOS SANGGAR PAMUJAN, GENDHING MA RANG LELANGENAN

sanggar pamujan iki mung langgar pamuji  
cilik ya sajembare peksan sajadah ati cures  
nanging ngganda kembang lan uculé dupa-dupi kumelun  
O memuja dadi pupus kenanga alum  
nanging isih nyimpen edipenine tresna  
kaya gendhing iki kang nyebar lungite swara  
laras-aras pelog ngumandhang ngracut ndonyaku  
banjur rinasa, ijen iki pancen mardika  
ah, aja digagar yayi  
marang sapari-pirane wewaton maiva Hiking juli  
ing sanggar pamujan kang nembe dak gelar  
kanggo mbabar carita saya dawa cak-cakane.

*Panjebar Semangat, 1992*

Bene Sugiarto:

## LELAGON ALAS MELIKAN

pralambang sing sinungging ing kulite langit  
mbokmenawa gampang diwaca  
yen srengenge durung ketutup mendhung

sedy aapa kang dimelik dene nganti  
direwangi nyumpet talingan kering-kanan

yen kesuwen ngenteni tumekane angin  
nyapu rasa sepi njuwarehi  
nyempala godhong jati minangka ilir angadhem  
yen alas-alas linempit blandhong berdhasi  
enggala sumarah:

satemene bumi sambat merga dipulasara menungsa

*Panjebar Semangat, 1992*

Anie Sumarno:

## **REKATAK REKATAK**

Rekatak-rekatak ing wetan  
srengenge blalak-blalak  
byar padhang wengi gumanti  
rahina byar jagad gumelar

Rekatak rekatak ing ati  
sengsem adreng semangate  
kamardikan tindak tanduk den maknani  
ambangun kang sarwa rame ing gawe

Rekatak rekatak ing guritan  
rekatak rekatake kabudayan  
kareben urip ora mung sandhang lan pangan  
nanging uga seni alusing budijro bebrayan

Rekatak rekatak terus mrekatak  
rekatak rekatak ing guritan  
rekatak rekatak ing kabudayan  
rekatak rekatak budi pakerti ingpasrawungan

*Panjebar Semangat, 1992*

## MEDHITASI

A

dak lanjuk  
uripmu hang dhuwur  
dhuh gusti  
malah aku kang kapedhotan ati

angin wengi kang nggonjak sukmaku  
marang sliraMU  
mesthine ora tansah dak gugu  
merga atiku wus kadhung kejelu

nanging saiki pikiranku lagi kabungkem segu  
mula nadyan abot tetep dak ranggeh sliraMU  
saka lawang pager, ing  
sandhuwure padhepokanku  
aku kang ngantu rawuhMU  
dhuh gusti  
pancen abot nuruti ati

B

kaya sliraMU sing saben rina saben ndalu  
ndhepani ilininggetihku  
kuwi  
Hyang Suci

C

yen aku mangkel  
sliraMU malah mump  
nanging yen aku sabar  
sliraMU sing tansah mbeberne nalar  
dhuh gusti  
yen aku gelem mbeber  
panjenengan malah kelangkung jembar  
nanging yen atiku kalempit  
panjenengan malah katon kejepit

Bonari:

## NGULANDARA

ana manult mabur ing tawan  
nigas panase surya  
wus gilig atos tekade si taruna  
sida budhal ngulandara

ngulandara  
jalaran yen ta diarani lunga  
isih tambuh paraning sedya

ditabuhi ditembangi  
budhale si taruna  
jenang abang jajan pasar buntel sodh  
disangoni pamrihe ora kakehanjaian  
ing paran

ana manuk mabur ing tawang  
nigas panase surya  
pandonga weling wanti-wantine bapa  
kabuntel katali tangise biyung  
anganthi pamrihe ora kakehan nangis  
ing paran

ngulandara  
jalaran yen ta diarani lunga  
isih tambuh paruning sedya

wus gilig atos tekade si taruna  
sida budhal ngulandara  
miyak nglacak marganing lelakon

si taruna sida budhal ngulandara  
ginelak lakune  
nyidhat riwute prahara

abang birune langit  
ing walike ana putih  
rupa jatining sedya

*Panjebar Semangat, 1992*

Widodo Basuki:

## GELAR-GELAR GULUNG

gelar - gelar gulung  
gumelar ing karya gumulung ing rasa  
rasa manjere katresnan jati  
urip sarandhuning geni m urub  
mobahake tata gelar  
mosikake rasa

gelar-gelar gulung  
gumelar ing sarining otot lan bebalung  
netesake kringet kasantosan  
gumulung punjere sukma  
nyubles pusere rasa

urip mobah  
urip mosik

mosik manunggal ing rasa adi  
luhung gumelar luhung gum ulung  
gelar-gelar gulung

*Panjebar Semangat, 1992*

Eny Koesdarlijah. S:

### **RESEPSI NENG KEBON**

wayah esuk - kebon mburi  
aku lungguh angkruk  
nyandhang tombo kebak pari  
pikiran amoh dak buwang  
ati sumpegd ak sigeg, utek juehdheg dak singget

tanganku kemlawe  
trucuk anjlog ngebaki kebon  
greja ngleser saka wuwungan  
pitik mberik wedi kelangan  
dak sawang kanti eram

trucuk pamit - planghrik -  
methangkring godhong pring  
greja minggal nggawa logon tharik-tharik  
babon Ian jago pasang aksi  
aku mesem - resepsi karo kowe nyenengakt  
pamrihmu mung angger ora luwe  
lan lagumu tetep monggang kaya kae  
trucuk manthuk-manthuk  
greja manggut-manggut  
jago kluruk nglangut nganyut-anyut  
aku seneng - mbuwang sebel ati marem  
tentrem.

*Panjebar Semangat, 1992*

Herry Lamongan:

### **GENDHING WEKTU**

Ana wektu kanggo ngruntuhake  
Tembang-tembang  
saka papan winadi  
samangsa rina lan wengi ora seja  
nalika guyu utawa tangis dadi langgeng  
dadi parikan ora ana pedhote  
wektu kuwi  
aran lan ajining dhiri wus sengkleh  
tumiba ana sawijining kalianan liya.  
Tembang-tembangMU Gusti  
ing wektu kang tinamtu kuwi  
dak rapal kanthi seru tan kinawruhan  
dening liyan, kejaba sliraMU.  
aku kari ngundhuh apa kang tinandur  
saka landhung lakuku....

*Panjebar Semangat, 1992*

Sri Em Yani:

## NYABRANG BENGAWAN

nyabrang bengawan nyangking gendera  
ngrangsang wani nyebar kidung  
rengkuhen aku kaya tembang megatruh  
dimen tentrem nuraniku  
baya ngerti jatining aksara  
sing ndaksebar ing ara-ara dawa  
utawa minangka monumen yen ta jiwaku pecat  
ing ngawiyat susun pitu ndaktulis  
werdining gurit nyabrang bangawan

*Djaka Lodang, 1993*

## SWARA GENTHA SAKA SUKMA

iki apa tembang sakral  
nalika, jiwa ngungalake kongas medhitasi wengi  
agung pertandha suci  
kontit semut lan cacing abyur  
mburu menara nembus tembok asih marang  
panglemburing dosa

swara gentha ngungkung seka sukma  
kuwawa mbalekake jiwa ringkih  
ngruntuhake carang aking  
ing sangarepe gapura

*Djaka Lodang, 1993*

St. Sri Purnanto:

## CATHETAN BUMI KETIGA

cakar-cakar strengenge tumanceb  
ing gigir bumi,  
langit garing, ati garing  
selembar godhong waru kumleyang  
nanggor lemah aking  
sepi!  
mung kala-kala pecah, dening  
panjerite angin ketiga

*Djaka Lodang, 1993*

## ANGEN-ANGENKU CEMANTHEL ING TEMBOK-TEMBOK

angen-angenku cemanthel ing tembok-tembok  
mbalasarah  
rerenggan abang, mujudake mosak-masiking  
batin kebranang  
rerenggan ungu, pranyatan ing jiwa tatu  
rerenggan putih, pralambang ing rasa perih  
rerenggan kuning, panjilmaning ati ringkikh  
rerenggan soklat, panjeriting sukma sekarat  
rerenggan jingga, penyemburfe getih kasangsaya  
rerenggan klawu, penyendhu kang nyemplah kalbu  
aku rubuh nyangking batin, lan  
angen-angenku cemanthel ing tembok-tembok  
tatu-tatuku mblabar ing kebu;-kebul rokok

*Djaka Lodang, 1993*

Anie Soemarno:

## TLAGA

Menyang endi angin ngumbara  
liwat lumahing tlagga  
Biru gunung lan langit bawera  
ngoyak cakrawala

Menyang endi batin ngumbara  
Miyak sakehing warna  
Ngungak jendhelane gaib  
Manyak dalan tumuju langit

Banyu tlagga gumarining amrik  
dinamu angin lan larik guritan  
Ing candhikala rembulan tanggal sepisan  
cahyane srengenge ngobong langit kulon  
Wengi teka alon-alon. Wusana  
Menyang endi sukma ngumbara

*Mekar Sari, 1993*

## DALAN SIDHATAN

Liwat dalan sidhatan  
Kepengin enggal tekan  
Tujuan  
Ya gene mangu mangu  
Yen iku mula pilihannu  
Apa wis arang sing kepengin liwat **dalan** bener  
Sing ora prelu mlumpat pager  
Kamal

*Mekar Sari, 1993*

Bene Sugiarto:

## **BELASUNGKAWA**

Mawar abang, arum wangi  
Mlathi putih, wangi suci  
Dak racik ing kuburan, minangka sekar belasungkawa  
Marang bumi kalairan

: bilih geter urat nadhi desa kelangan dhenyut  
awit getih kang mili sinesep para pamonge

*Mekar Sari, 1993*

## **WANITA KANG PASURYANE BIRU** (in memoriam: Ny. Jumilah)

wanita kang pasuryane biru iku, ibuku  
dheweke werna langit, papan lintang rembulan  
sumunar sadawane awan bengiku  
yen micara padhangre srengenge

wanita kang pasuryane biru iku, ibuku  
dheweke ibu bumi-bapa angkasa

*Jayabaya, 1993*

Widodo Basuki:

## CRITA KANGGO SIMBAH

dhasare kali kebak lendhut  
mataun-taun bumine kikis  
anut wiramane banyu  
kentir dadi intip lan tatu-tatu

ing tilase tapak-tapak pinggir sungapan  
aku weruh sawijine ibu  
lagi iwut masang wuwu  
saka dhuwure prau dheweke clathu:  
yen iwake mlebu bakal dak anggo lawuhe anakku  
kang dhek biyen ora ilok mangan brutu!

*Jayabaya, 1993*

Sugeng Wiyadi:

## **SITI JENAR**

Sawise katog nyawang siswa kinasihe  
Siti Jenar mesem, eseming kusuma  
Lan kayadene kapal mentas lelayar  
Nglabuhake jangkar, ngundhunake kabar  
Sang Panembahan titis paring pamedhar  
“Jumbuhing Kawula-gusti dumunung ing ambegan  
Adoh tan ana watese, cedhak tan sesenggolan.”

Awit saka meneping jiwa  
Siti Jenar wusana jengkar  
Netepi penjaluke Kalijaga  
Kang kepengin menang ing sayembara  
Saka sunan Bonang sespuhing Wali Sanga

Aku madik-madik klebating jubahe  
Kang memba kluwung ing akasa  
Isih dumeling endahing crita  
Wandhage sang Panembahan awujud banthang  
Asu gudhigen ngambreng ambreng

Awit saka gedhening tresna  
Daksiarahi papan-papan wingit  
bebasan menepi ngupadi wangsit  
Daksebar kembang-kembang suci  
Siti Jenar mendeng amarikelu  
Klebating jubahe ngelus rambutku  
Mujil guritan dawa  
Nepusi dina-dina

*Jayabaya, 1993*

Tjahjono Widarmanto:

## GURITAN SINTA MARANG RAMA

kakang, kakang mas!  
iki kangenku marang pasuryamu  
dak gurit ana sela-selaning  
sepi kang tansah nggodha ati  
ngendi wewayanganmu bakal dakluru  
ing antarane cemloroting surya

kakang, kakang mas!  
ngendi gendhewamu!  
iki aku, sintamu  
wis ora basa maneh  
nyawang eseming rembulan  
dhuh, kakang  
ngendi gendhewamu  
endi surak sangkalamu!  
iki sepi sepi tansah nggoda ati!  
gage, gage rayahen ngalengka raja  
sadurunge kendho taphiku!

dhuh, katresnan  
....katresnan  
aja kok siksa sariraku  
nagnggo sepi kang tansaya  
nggedor-nggedor pulunging ati

*Jayabaya, 1993*

Hery Lamongan:

## LATAR NGAREP

mendah wening tetuwuhan apepaes dhiri  
makaping-kaping:  
anggone thukul, ngrembaka, ngembang lan nguwoh  
tumekaning pralaya  
sarwa jinem kebak panuwun  
kayadene mimis grimis ora maelu  
ing ngendi papan tibane  
ing gentheng-gentheng, gegodhongan apadene  
ing jembar lemah  
dheweke tetep tumetes  
awit, ya tumetes dharma bektine grimis kang kang sejati  
tetuwuhan setya ngracik pasugatan tanpa pamrih  
o kleneng jam  
kleneng jam cicir mbaka sagagang  
wiwit saka keteg nadi  
nganti grimis lan tetuwuhana apepaes-dhiri

Bonari:

## PASRAH

ora mung amarga jejer titah kudu sumarah sumeblake pesthi  
wus dakpasrahake sakabehku marang lintang-lintang srengenge  
lan rembulan  
dakpasrahake marang langit marang bumi kelairan  
wus dakpasrahake sakabehku  
tembang tatu lan tresnaku  
wus dakpasrahake esem lan tangisku  
embuh bakal katampa apa mung bakal kesiya-siya  
aku ora preduli  
jalaran pancen aku ora duwe apa-apa  
biyen, iku rak mung rumangsa  
saiki, wus dakpasrahake sakabehku  
rasa lan rumangsaku  
**dakpasrahake marang lintanglintang srengenge lan rembulan**  
**marang langit marang bumi kelairan**

*Jayabaya, 1993*

## TELENG

Kali Sundeng kemericik iline  
nggiring krikil lan wedhi erosi  
nalika ngungak sungapan Teleng  
ana tumpang tindhihe rasa emeng  
ing papan iki nate dhinedher geguritan  
marga tresnane anak marang ombak segara  
haya nalika syeh Subakir ngajawa  
masang astana genthong tumbal bumi wengker kidal  
(kapangku marang bumi kelairan  
bareng rinesep ing getih gurit  
ora bakal hendhang ginawa udan barat  
eling yen ta trahing Buwono Keling)

*Jayabaya, 1993*

Anie Soemarno:

## **GENEYA NULIS GURITAN?**

geneya nulis guritan ngarep honorarium  
apa kareben asmane kondhang kapacak ing majalah  
kalawarta lan paling apes tilas pacare melu maca

geneya nulis guritan kepengin diarani pujangga wetan  
apa mua ngreti tugase generasi ngrungkebi lan ngleluri  
budaya Jawi?

Geneya nulis guritan, kapacak ing kalawarti durung binar  
seminggu sepisan lan sing mung luru ngundang wektu  
tinimbang nagnggur maca basa Jawa kareben ora lali krana  
wis kadhung melu langganan amrih wong Jawa lestari duwe  
penerbitan sebab ing sekolah basa jawa wis ora ana  
sing mulang

geneya nulis guritan, apa nulis aran kasetyan  
bangsa lan basane  
budaya lan sastrane  
nusa lan urip matine  
ing: kene

geneya nulis guritan  
geneya  
Wangsulane ing grenjet atine dhewe-dhewe

*Jayabaya, 1993*

Widodo Basuki:

## **WENGI ING TENGAH KUTHA**

ujug-ujug impen bocahku riyam riyam tangi nalika ing kutha iki  
isih keprungu tembang kinanthi gumawang eseme bapak  
nyungging lathi thole, dalanan iki lunyu lan sepi

njur dak prangguli rembulan singidan mlebu metu etalase  
nyangking gincu njebus plasa-plasa dadi kapstok mlaku  
uga nylem ing lethege banyu  
nyangking was-was lan tatu-tatu

mung begjaku mlebu trebela, bapa  
dak temu kenya ngidung asmaradana  
saka tangis kang kebak me

*Panjebar Semangat, 1993*

Widodo Basuki:

## PITAKONE BAKUL PUTHU

dak cengklak jangkahku  
Urut lurunge pengarep-arep  
luru boga, tan kinayangapa Gusti!  
ing asta-Mu, rejeki, jodho, lan mati  
jineman kebak wewadi

apa aku isih kuwawa  
ngacungake rasa tidha?

legeyah kabeh kampung dak pecaki  
asru nintingi nasib, anggoleki jatidhiri  
netepi dharma suci  
gawang-gawang biyange bingung indel dandang  
anak mothah butuh ragad sekolah  
Welas-Mu Gusti!  
dak ranti rina lan wengi

*Panjebar Semangat, 1993*

Es Danar Pangeran:

## MARANG SULINGGIH

ngagem kampuh lamun bisa aruh aruh  
lungguh para agung nora kanggo  
ancik ancik nirwana  
ah mung ngej'a jaman susah  
kang arcip toka esuk apa sore  
jumbuh ing impen impen nyuwun aksama  
O bapa sulinggih anjantur rohmat  
kidung rohmat  
marang tirla suci welas trisandya  
- apa bisa dadi tctengcr kalis siku denda  
yen nan ting kendhagajMu  
dak pingit dzat aboge  
bali rangka tumus samsara

O bapa suci anjantur man tram samaweda  
apa bisa nun tun wirama ukum  
kerem ing kharmaphala si atma nora panggih  
ing gumulonthang genthaMu Ibu rathi  
andudut roh suci cumedhak saraswati

*Panjebar Semangat, 1993*

Suharmono Kasiyun:

## MITRAKU

Mitraku teka atawan tangis ngrangkul pundhakku  
"yagene ?"  
"aliu koncalan tresna"  
jroning atipirang-pirang pitakonan  
kang ora bisa dak jawab nganti saprene  
yagene tresna bisa oncat ?  
yagene dheweke koncatan tresna ?  
yagene ana tresna ?  
yagene ?

mitraku  
nangis ngguguk  
banjur mingseg-mingseg  
ingpangkonku  
dak rangkul  
dak lus-lus  
dak rih rih  
critakna larah-larahe

aku koncatan tresna  
amarga aku kelangan pangrasa :  
manawa iyome tetuwuhan kanggo ngiyomi awakku  
derese udan nyuburake pangupajiwaku  
panase srengenge nyegerake anggaku  
bancare tuk panjurung semangatku  
abyore lintang rerenggan omahku  
bulan ndadari pepadhang atiku  
-aku koncatan tresna  
aku koncatan tresna.

istiqfar  
istiqfar  
celathuku

aku kelangan tresna

sing tengen ora nikmat kaya kiwa  
sing putih ora sengsem kaya sing ireng  
sing peteng dadi tamba mripatku kang mblereng  
aku kelangan tresna  
aku koncatan tresna

istiqfar  
istiqfar  
panjurungku

mitraku ndengengek  
ngunus glathi  
tumancep ulu atiku

*Panjebar Semangat, 1993*

Suharmono Kasiyun:

## WUS

sajake kita wus lali apa tegese prasetya tuhu  
kang sering diucapakv lutlii litmus ing ati  
jare abang jebul biru  
jare lanang jebul wandu

sajake kita wus lali tegese ilmu  
kang diajarake hapa ibu guru  
loro ping telu nyatane wolu wolu  
dijupuk pitu lha kok telu  
jure pangetunge ora kleru  
umarga nganggo kalkulator pitu

sajake kita wus lali apa tegesé iman  
kang dadi lelandhesan үrip miring kautaman  
nyatane luwih seneng kekancan syetan  
    nalika  
bocah - bocah kaliren ora bisa mangan  
    nalika  
kuwalir rejeki ora bakal bisa keduman  
    nalika  
kembang-kembang plastik luwih awet mekrok  
    tinimbang  
kembang-kembang kang tuwuh ing taman  
    nalika  
arume mlathi luwih arum gandane menyan

*Panjebar Semangat, 1993*

Hartono Kadarsono:

## PANANDHANG

temangsang ing pang  
mangka sangisore sendhang

ngorong kemlulusan  
nyungsang ora keturutan

kabegjan hang remuk  
anguwuh ora eucuk

mangkene iki urip  
susuh ngrucat

mlayu mring Illahi  
pengin ngerti jati dhiri

panandhang  
sing tansah ngadhang  
mung kebak carang  
nora aweh pepadhang

ora merga bodho  
paseksen ora bisa dipaido

*Panjebar Semangat, 1993*

Eny Koesdarlijah:

## SARINGAN

ana benang-benang rapet katata  
alus ning bolong kaya filter kumedhul neng driji  
kabeh ukara alus ning ala  
kabeh ukara kasar kaya gragal ning ngupajija  
kabeh tontunan ayu ning cindhala  
kabeh tontunan ala ning ngrasuk sukma nglaras swarga  
kabeh swara lan lakon papa durjana  
kabeh polah lan tingkah nggawa pranata  
ora bakal miyos tanpa nyuwun sewu lan nyuwun duka  
marga kang tata  
tertamtu nggawa swara bening maning-maning  
tertamtu nggawa lagon nglaras rasa  
nanging sok-sok muspra  
gampang kabur katerak prahara  
marga kang tata  
katekuk  
kajeglong bolongan amba  
amung siji kang bisa nguwati  
gocelan-cekelan lan kaprecayan  
bakal bisa nata marga  
nutup jeglongan lan bolongan ala  
angger sedhotan  
nganggo ambheghan dauagolek dalan munggah swarga

*Panjebar Semangat, 1993*

Eny Koesdarlijah:

## **AKU NGERTI KOWE ANA**

(kagem : Polisi)

aku ngerti kowe ana  
neng dalan-dalan kebak wisa  
neng dalan-dalan kebak setia  
kabegjan neng ndonya  
sok-sok  
dudu dalan munggah swarga  
nanging kowe ora muna

aku ngerti kowe ana  
tansah migalekake lan ngelingake  
sadawane dalan lan ayang-ayang  
sadawane lakon lan pikiran  
nurani kanggemati, titi lan ngati-ati  
pancen ora muna  
nanging yen dipremati  
ya kowe kunci wewadi golek panguripan  
tembe mburi

*Panjebar Semangat, 1993*

## LUMPANG NGGELIMPANG

lumpang nggelimpang bebekan pelencatan  
memengane perawan nang urip ring pedesan  
megawe disambiguyonan lancinge padha sisilan  
lamat-lamat rungu membat mayune tembang  
kegawa ati seneng awak kesala ilang

lumpang nggelimpang lancing perawan padha geridoan guyonan  
cekikikan kothekan disaut penthongan  
syiir wangsalan lan basanan dienggo lantar omongan

lumpang nggelimpang kembang alum keteblik leka empang  
garing uwite sing taiiu disiram  
larang banyu larang pangan  
hang duwe a tine wirang

lumpang nggelimpang awak larā nana hang nyambang  
angel ngomong sing bisa ngadang  
bandule ati keplayu ilang

lumpang nggelimpang rika gelimpangan nana nyawang  
megawe kudu rebutan arang mangan sing bisa nyandang  
hang akeh bandane dibuang-buang

lumpang nggelimpang lumahno aju kothekana  
tutunen jahe wana hang apik tetep migunia

*Panjebar Semangat, 1993*

Senthot Parijoto:

## KILING SELUMPRING

Suwarane semeriwing ring kuping kegawa angin  
kanggo pengiling-iling, riwayate bengen  
tekade Colik lan Jebeng  
nggayuh karep seneng, urip bareng ambi gandolane ati  
wong tuweke nyegah sing bisa mbantah  
mlayu teka umah merga sing pernah

Alote tekad kaya lemah lempung  
diniati mbuanggetun keduwung  
mejegreg ngadeg jejeg ring pucuk gunung  
godong garing dironce landung gemelantung ring awang-uwung  
kemelawe : ngawe-awe nana nggape  
Duh, sekaken suwarane sampik mbengung  
layung-layung membat mayun sambat njaluk tulung  
mung angin asih ngancani  
nyebar-nyebaraken sambat tangise hang nyendal ati  
geminyer dedel ring duwuran  
makne sing keblinger wong Blambangan

Lare-lare cilik seneng kepilu kari kepengin  
gendingane uki-uki disambi sisilan  
ngenteni tekane angin dipapag kiling sulumpring  
dulur-dulur ring tepis wiring  
aja nangis maning, parine wis padha nguning

*Panjebar Semangat, 1993*

## CRITA SEPI

Sepi!

Sepi nganglang wanci

Ana sepi nganglang wanci

Ing kene

Jng kono

Ing kana

Ing ngendi-endi

Sepi!

Apa sing dipipili ?

Ora ana sing ngerti

Angel disumurupi

Aku Ian sliramu banjur cubriya

Sujana marang swasana

Awit sepi nggembol nawala

Sasmita lan telik sandi

Marang satru awatak brahala !

Kala mangsa

Sepi tumiba tanpa kandha

Tanpa uni

Tanpa swara

Tanpa pawarta

Aku lan sliramu nuli amem

Merem. Meneng

Ngeningake panca driya

Nutup babahan hawa sangga

Nglacak sakehing gupita

Kang durung kawedal ing kandha

Sepi!

Sepine sapa ?

Sepine Sing Akarya

Sepiku Ian Sepimu

Sepi kita

Jroning sepi  
Aku lan sliramu sarujuk angucap  
Sepi kuwi kanugrahan agung  
Sepi kuwi sengseme sagunung  
Jroning sepi  
Aku Ian sliramu bebas  
Lelayaran ngumbar pengangen

Ngupadi gambar dhiri  
Nalusur sangkan paraning dumadi  
Jroning sepi  
Aku lan sliramu nyambangi  
Sanak kadang lan para sedulur  
Singpadha kleleran  
Ing dalan-dalan  
Ing ngisor jembatan  
Ing desa-desa mencil  
Jroning sepi  
Aku lan sliramu angluh  
Netesake eluh

Sepi !  
Sepine sapa?  
Sepine Sing Akarya  
Sepiku lan sepimu  
Sepi kita

Jroning sepi  
Aku lan sliramu nyipati  
Wewayangan letheg angganda badheg  
Ngetablah ngangah-angah  
Satemah aku lan sliramu ngungun  
Nanging banjur kaya ana tengara  
Sing tekane tanpa sabawa  
Nyadharake kita saka bebaya .  
Sepi kuwi laknat  
Sepi kuwijahat  
Sepi kuwi maksiyat  
Sepi kuwi bangsat  
Impen-impen endah tansah kumlebat

Sandhuwure bangke kang tanpa aran  
Tembang-tembang langu pating srawat  
Tansah kekanthi kadurjanan

Sepi!  
Sepi nganglang wanci  
Aña sepi nganglang wanci  
Ing kene  
Ing kono  
Ing liana  
Ing ngendi-endi  
Aku lan sliramu tumuli menyat  
Sesanti ukara, sesanti jimat  
Jaya-jaya wijayanti  
Slamet widodo tembe mburi

*Panjebar Semangat, 1993*

Tengsoe Tjahjono:

## RUNGKUT TENGAH WENGI

angin sing at is tumlawung ngaras ati  
tansaya adoh tebane jangkah  
tansaya nglangut panjangkahe jiwa lungkrah

o, bengi sing mlaku sesidheman  
apa wus kokwaca hancaraka  
utawa magabathanga  
sebab aku sing dadi lakon  
dudu dora dudu sambada

o, wengi sing mlaku sesidheman  
apa wus kokcathet urip sing sarwa bingget  
ngetung lintang ing impen  
ngetimg lintah ing kalen-kalen  
kasunyatan, apa sliramu wus kelalen ?

angin sing atis tumlawung nggegem glathi  
getih muncrat saka pusere wengi  
rembulan dadi abang somba  
rembulane sapa, sumitra  
rembulane sapa.

*Panjebar Semangat, 1993*

Bene Sugiarto:

## JEMBATAN MERAH

wis dak lap sawenehing luh kasedhihan  
tandha ikhlas panyawangku ndeleng kahananmu

saya rosa tangan-tangan nggempur wewangunan sejarah  
kamangka kuwi sawijining tenger : "  
bilih duk ing nguni ana satria gugur ngrungkebi  
bumi pertiwi

dak path sawenehing katresnan  
tresna marang pahlawan kang getih lan kringete  
arum ing suket lan gegodhongan kang thukul  
ing bumi iki, nyawiji karo humus geguritanku

*Panjebar Semangat, 1993*

Herry Lamongan:

## TLANAK DUDU SARAJEVO

lungguh lincak sore-sore  
anal: lanang ngoyak kinjeng  
anak wadon mollies kembang  
srengenge nibranang suya lerem  
saya tidhem

iki Tlanak  
dudu Sarajevo sing mengangah ngalat-alat  
kinjeng-kinjeng dioyak  
dudu revolver utawa broneng Serbia  
sing ngincim bocah dolanan  
iki Tlanak  
kekembangan rionce  
dudu putungan balung utawa cuwilan daging  
sing dicithak wong bugus Serbia

Tlanak banget seja mbarek Sarajevo  
ing Tlanak ian lincak  
dak lunguhui sore-sore sinambi nggirah rasa  
ing Sarajevo banjur ludira  
jagal ian gigolo Serbia bancakan sapenake dhewe

iki Tlanak sing tentrem  
dudu Sarajevo kang serem  
nanging Tlanak apadene Sarajevo  
padha-padha bumi-MU padha-padha bumiku

*Panjebar Semangat, 1993*

Anie Sumarno:

## **APA SLIRAMU NATE TAKON**

Apa sliramu note takon : yagene aku ana  
Yen wae saka ora ana dadi ana : urip mung kaningaya

Aku dadi nglenggana yagene aku takon marang wong  
sing ora dhong : uripe dhewe dadi kere

Apa sliramu uga maelu : yagene sawise urip kudu mati Prakara  
gaib iku mung urusane kang Maha Suci  
Temen : aku lan sliramu ora bakal bangel ngreti

*Panjebar Semangat, 1993*

## TELENG

Kali Sundeng kemricik iline nggiring  
krikil lan wedhi erosi  
nalika ngungak sungapan Teleng  
ana tumpang tindhihe rasa emeng  
ing pap an iki nate dhinedher gurit  
marga tresnane anak marang ombak  
kaya nalika Syeh Subakir ngajawa  
masang astana genthong tumbal bumiwengker kidul

( Kapangku marang bumi kelairan  
bareng rinesep ing getih gurit  
ora bakal kendhang ginawa udan barat  
eling yen ta trahing Buwana keling)

*Panjebar Semangai*, 1993

Yudhet:

## ESEM 1

silihana aku esemmu  
sawatara dina wae  
bakal dakpajang ing tembok kamarku  
kanggo kanca senengku  
lan sepiku

*Djaka Lodang, 1994*

## ESEM 2

saben mobil esemmu liwat  
nggiwarku mesthi telat  
kesrempet aku  
kepenyet aku  
nanging aku tansah ngantu-antu  
kapan mobilmu nabrak aku?

*Djaka Lodang, 1994*

## ESEM 3

esemu murub  
kaya urube warna jingga agemanmu  
mblabar kaya semeru kawelagar  
manis kaya madu  
madumu sing luber kaya lahar  
nggiles semut-semut nggawa maksud  
apa semutku bakal tok kukut?

*Djaka Lodang, 1994*

Yudhet:

### ESEM 4

esemmu ora mung papat  
nanging mayuta-yuta  
sumebar  
ing segere esuk  
ing padhange awan  
ing sureme surup  
ing petenge wengi  
pengin aku duwe  
ora kabeh  
siji wae

*Djaka Lodang, 1994*

### ESEM 5

esemmu dak gawa bali  
dak titipake ing lambene bojoku  
kareben kelet  
kareben lengket  
lerem ing inti nurani  
kasimpen ing telenge ati  
abadhi

*Djaka Lodang, 1994*

Hartono Kadarsono:

## CORAT-CORET

mampir ing blumbang  
dudu iwak sing pesta lan jeogedan  
banyu kimplah kebak tulisan grafiti  
angel kasurasa  
angel kasugata

ngilo ing blumbang  
kekayon sing ngaton ayang-ayangnge uluk salam  
sugeng siang  
janur gunung sliramu keplantrang  
kahananku wis sarwa bogang  
blak kothang wis dudu teka-teki silang

*Djaka Lodang, 1994*

## GURIT ANIMASI

mlaku-mlaku saurute trotoar  
atiku kesenggrang  
saben baliho sing dak liwati  
bengok-bengok sora:  
ungalna dhadhamu,  
endi kapribadenmu!  
jatidhirimu wis dak tuku karo kothang  
jatidhirimu wis dak tuku rong gobang!

## ING KENE

Ing kene dheweke tatu  
simbahku, mbiyen sing ngupakara tatune  
simbahku, sing ngombekake banyu bening nelesi  
gorokane  
senadyan antara dheweke lan simbahku dudu mujudake  
apa-apa, nanging kowe tetep majudake sedulurku  
ing kena dheweke mati  
simbahku, mbiyen sing ngupakara layone  
gundhukan lemah abang kuwi dadi seksi memitrane  
simbahku lan dheweke  
senadyan lemah kuwi saiki wis atos  
ananging dheweke isih bisa crita, sedulurku  
crita ngenani durakane urip  
crita ngenani kaendahane urip  
crita ngenani lelabuhane kang sampurna  
lan saiki,  
aku kang ngregani sepira gedhene lelabuhanmu  
ing kene saiki dibangun tugu  
kanggo mengeti lelebuhanmu kang tansah  
dak cangking ana ing pangimpen  
aku eklas nglepas lungamu  
ing kene saiki aku ngadeg  
nyawang kaendahanmu, saka asil rabuk nyawamu  
luhku mili nalika gumawang wewangunan praenmu  
ngliling angen-angenku  
mung kuwi kang bisa mbusak rasa kapangku  
menyang sliramu

*Djaka Lodang, 1994*

## SUNGAPAN LOROK

Angin sumilir nggulet pasir pesisir  
Musajana samun kinemulan pedhut esuk  
ngungak sungapan Lorok sepi  
sumliwering Prau konthing pijer nggoling  
sinemptyok ombak sesindheman.

Daktiling pisambatmu kadang misaya mina  
marga tekane kapal manca nggelar jala  
nyasak teri impun tanpa nyisa  
pasesenku saka kentheng watujago.

Ing daratan katut rojah rajeh  
pribumimu bisane mung ngoweh  
sungapan Lengkong melu tintrim  
sing ngrajut jala apa kang diarep?

Angin isih panggah gojeg karo wedhi gisik  
Nusajana tetep samun kinelun pedhut  
kalamangsane camar sore mampir  
saperlu nitipake impen ombak wengi  
ing lekitaning watu-watu karang

Sungapan Lorok tetep sepi tanpa jala  
mangkono tresna laut luput pinethal  
kaya lumeraping alun ngikis gisik  
kanggo pangarem mbuwang panandhang.

*Djaka Lodang, 1994*

Sri Em Yani:

## ARAK-ARAKAN

bumi ranggas  
gemlewange surya- panas  
kreta kwalahan narik kwandha  
sing pating slengkrah  
tintim!

isih ana ta sihing memitran  
yen bumi gonjing  
awit semut-semut padha  
ulab gebyaring brana  
;dhemit mesem  
;iblis ngakak  
(aku sumendhe, karo landhep netraku  
mandeng grana, kabeh wis pakem-Mu)  
saka pusat kutha ana arak-arakan  
tetawang diiringake sewu jangkrik, duhkita  
hem, sang raja sang raja sang raja  
gogrog-ngruwat dumadining urip  
PATI!  
o aja tetawang ta kadang  
jer, tekane pati mujudake kwajibane  
rat gumelar  
yasa-ne

*Mekar Sari, 1994*

## CATHETAN SAKA SURABAYA

srengenge kang njajal kuwandamu, oo Surabaya  
dakcathet rapet ing lembaraning dhadhah  
sayuta barisan mesin nguntahna gero, lan  
tumpuk undhung getering jantungku, obah  
tanpa arah ing seselane sumuk lan beluk  
banjur marang kalimas, riwayatmu bali tumendas  
banjir getih ing sangisore kretegmu kuwi  
saiki wis gilir gumanti, ing zaman anyar  
suket-suket thukul ngrembaka  
uwuh lan plastik gawe gilir carita  
ooo Surabaya  
ing gedhung-gedhungmu  
apa dhadhaning menungsa isih kober sapatemon  
karo sumilir sang samirana

*Mekar Sari, 1994*

## EPIGON 1

tungkak abang mrengangah, simbah  
semanggang kudhap-kudhap tangis wayah sore  
kekitrang, simbah  
ngrantas dina lanang wuku wirang  
aku melu sliramu, simbah  
ndulit karep ing begjane jaman  
najan buntute urip kopat kapit kekalungan  
siksa angkara manungsa nuruti karep  
tracak-tracakmu, simbah  
wis dakbendhol dadi jimat pangiket jiwa manuhara

*Mekar Sari, 1994*

## EPIGON 2

shakespeare rame-rame anggejawa  
kekiter kuburan-kuburan beblasan balung  
nyata, putu ranggawarsita padha kukut  
pusar gethuk abruk  
departement store, plaza dibandhani  
shakespeare surak mawurahake kemenangan  
aku ngrungkebi maesan  
“kapan simbah nyumet obor, bali nggurit  
kelakon rumus sastra?”  
putu buyut jaya anggeguyu, aku!  
“jamanmu kunduran cikar, nggetuni babak modern!”  
putu buyut wiwit tumoleh menyang kulonan  
lan shakespeare nganthongi warisan

*Mekar Sari, 1994*

Wahyu Prasetya:

## TENGAH WENGI

wus sewu layang ora sida tak kirimake  
amarga kowe kadhung dadi lukisan ana langit  
ya ben tambah wengi lintang sepi, bulan sepi  
wingit ing ati kaya kaya ana kang nggoleki

yen mung kari ngenteni lawang omah kiyi  
cendhela kiyi, sapa kang nyawatake kembang  
utawa langgam jazz utawa klangenan gendhing kae  
aku lan kowe, dadia wengi tenan ben ana sing  
padha ngangeni  
kajaba silir angin lan kemersike gegodhongan  
tumapak sikel lan sisane gerimis saka kasmaran iki  
arep melu temetes embun utawa panggonan kang  
saya anyep

*Jayabaya, 1994*

## NGOYAK JODHO

dakrantas sulur-sulur katesnan semlawe gegandhengan  
dakcithesi tuma-tuma kangen gegremetan nggulet ati  
langit wis sumilak megarake swiwi crita  
kang sumingkir, lelakon kawuri sing nggegirisi jangkah adi  
kledhang-kledhang angin midid reroncen kembang mekrok  
abang, atungtum sewu pengarep  
dhuhkita lan dhuhkita tumanggap asor  
kepidak arak-arakan kodrat sumamburat

kumilat glathi mingis-mingis ngancam dhadha kumesar  
saben saben kangenku lan kangenmu mung gincu  
sawayah ngelak bisa kesaput idu  
saben saben katesnanku lan katesnanmu mung lebu  
bebantu kasampurnane urip lelantipe dalan sindhetan  
asesoris pangrasa marem lan bosen  
wis...

dakrantas benang biru njiret ati melankolis  
dakcithesi tuma-tuma kangen ngreridhu kodrat  
kembang ing tangan iki paparinga\_E  
daklangeni yen ati adhem kerasuk pedhut biografi  
daksaput janget janget ireng sing tansah mbareng  
ah, iki dhapur angen-angen kanggo ngoyak jodho  
najan kabeh mung geganthilane takdir Hyang Widhi

*Jayabaya, 1994*

Budi Palopo:

## GURIT PEDHALANGAN

O, tok thok tok thok  
tak kethok ketok-mu  
dadi suwara suluk tengah wengi kang  
tansaya wibawa mukti ing kahanan jati

O, gusti tak kethok-kethok dadi  
tumbal kang ketok jroning wening-ku  
nalika kabeh wong padha tinggur  
sedyaku tansah ndhedhawuh suwara gong gur

O, tak kethok-kethok sekabeh ketok-mu  
kanggo pituduh sapa wong kang  
nedya ngluru kiblat sangkan-paran  
tak kethok-kethok sekabeh ketok-mu  
minangka jejumbuh kang mawujud bleger  
dadi palilah patemon-ku patemon-mu  
tak kethok-kethok sekabeh ketok-mu  
mrih nyawiji rasa sekabeh rerasan  
kang tansah nyengkuyung asmaagung-ku gung-mu  
O, dadi

*Jayabaya, 1994*

## SUMELEH

banjur apa sejatine kang ginebeng jroning laku  
rembulan sacuwil wis dhisiki mungkur  
yen ta isih ana kang sumlempit  
kari ana tunging langit  
ing pusering bumi  
rinangkul wengi  
sinesep angin  
sumeleh  
ganti pinurba  
miyak cakrawala ing waliking keblat  
kari ana pangakuning pamartobat  
yen tan pancen isih ana kang tinunggu  
kanthinene kanggo ngujudi pandhadharing lelakon  
banjur apa sejatine kang ginebeng jroning kekerasan  
lintang panjer sore wis nyelaki paseksen  
parandene isi binunjung laku  
kang tansah rinantam  
jantraning mangsa  
kang sinengker  
kang pinurba  
sumeleh

*Jayabaya, 1994*

## LAYANG AMELIA

sapa ngira kowe saikia wus dadi gambar akrtu pos  
dikebaki warnane kembang ing taman gedhe  
wedhak pupur lan gincu kaya ayang-ayang widadari  
sapa jejulukmu saiki? merga aku isih eling marang  
janji lintang ana langit kae  
yen mengko ing jaman edan iki, aku lan kowe arep  
melu edan,  
kelangan rasa isin uga rasa risih tumrap apa wae  
kajaba kuwi  
saka tanganmu wus keprucut ndadekake aksara aneh  
ana potret wong wong kang padha ora nganggo clana  
ana esemmu ing etalase toko, papan iklan lan sakidere  
wisik,  
sapa ta aranmu saiki?  
yen aku ora kleru kowe isih  
nyimpen pangerepan kang mbok tandur sakjabane omah  
nanging sapa ngira kembang padha rontog, godhong padha  
garing,  
kaya-kaya ngisyaratake tangis kang luwih ajeg,  
kapendhem sakjrone dhadhamu,  
wis, aja sumelang atimu, dalan menyang kamukten kuwi  
pancen akeh renane, akeh gumebyare,  
saka anggonmu uluk salam, aku wus mangerten i dhewe  
yen sakwalike kaca panguripan iki pancen ana ayang-ayang  
kang peteng, kaya wengi nalika dak gandheng tanganmu  
kaya wengi nalika sorote lampu wus dipateni

*Jayabaya, 1994*

## LAGON WONG KESRAKAT

dumadakan maya weruh garis njlarit sacleret  
ing sandhuwure anggone lungguh semrebet  
sansaya cetha garis mau ngronce  
miris, krana dheweke kaya dicee  
gragapan pengin ngrunggeh sing cumawis  
krengkangan tangane ngathutake  
pengin ngerti apa apa sing ana sandhuwure garis  
ndilalah keturutan karepe  
ing sandhuwure garis  
lelagon sora gumonthang ora uwis  
ndudut ati sing kepengin criwis  
jerengean=jerengan panglipur ati sing erotis  
papan palerenan sing erotis  
mendah buingunge naya ora uwis  
lakon-lakon sing gae miris  
kelipur suguhan, krentheg sing tinarung  
keblat papat mubeng ing awang-awang  
jumbuh, endi sing madu endi sing dubang  
kelipur suguhan  
naya lali nagggepi kahanan kelipur suguhan  
uwal anggone cekelan garis  
sakala tiba tinampan cadhas mringis  
lenger-lenger naya lungguh ing ngisore garis  
mripat mantheng mandheng tawang  
sing saiki kari samerang  
sing saiki kaya bumerang  
ing sangisore garis  
naya katerak prahara  
lelangen kidung kayadene trauma  
isih njanges pengalaman sing mentas tumama  
gebyar panglipur wis ora kuwawa  
ora ana maneh swara sing tinampa nala  
kanthi sora naya njola:  
--kuwi dudu lagon wong kesrakat  
kuwi dudu lagon wong kesrakat

oh, banget nelangsa  
perihe tatu sing ora mekakat  
dumadakan mitra karuha mara  
--mitraku,  
kita pancene wong-wong sing kesrakat  
ning sliramu aja banjur kleru tampa  
kidung kuwi pancene lagon maksiyat  
kidung panglipur tumraping kita, wong-wong  
kesrakat

*Jayabaya, 1994*

Sugeng Dwianto:

## LELEWAMU

kusok pinggeting ati linebu  
kahanane wektu iki atis mbisu  
kaya wewadi sumimpren waliking  
ombak uga singupe ati suwung

ora murina lamun tetembungan  
kuwi dudu lelamisan tanpa dadi  
kaya rajangan gedeboge bocah  
bocah dolanan pasar-pasaran  
ajur jinejuwing dadi larahan

esem sigrak kang pinasang manise  
dudu tulusing pangantu nanging  
pandakwaning pangadilan tanpa  
alasan ngukum lan midana

tampanen yen kabeh kanggomu  
kayadene panandhang  
owahaha bisane dadi  
pepadhang ing jembar atimu

wus tuwuk necep pait getir sasolahmu  
nanging lawang isish kinoncen rapet  
sapa bisa lumayu mung malah ketangkep  
ing jiret-jiretmu  
ing pikat-pikatmu  
pating tlecek sumlempit  
ing lempitan-lempitan guritanku

*Jayabaya, 1994*

Suripan Sadi Hutomo:

## **WIS WAYAHE SAKIKI**

wis wayahe sakiki  
nandur kedhele ing ngisor topi  
tangan kang dhampyak-dhampyak ngetung driji  
kabulet krikile kali

ana rupa tanpa swara  
ana swara tanpa rupa  
ginurit tembang kuna  
tembange lalijiwa

wis wayahe sakiki  
nandur suket teki lan palawija  
ing gisike asunya ruri  
ing manike birune telaga

dom sumurup ing banyu  
iki mono dudu truwelu

*Jayabaya, 1994*

Es Danar Pangeran:

## WOT WET

wot abot

wet abit

wit kang ginelar ing gendhing pangan jali

ya urip kita, mami

wus dadi candraning lelaku saka kelairanmu

ing wayah purnama sidhi kang nyebar wahyu

kasetyane sang ibu

lepasih jemparing

ilining banyu susu

minangka nyawa sakalir kang nyawiji

ing guwa garbamu

wot abang

wot putih

wot-weting mahurip kang wus cinorek

saka dluwang jiwanggamu

ora kadhep ing neutrane


nalika sang wektu nyupatani sesotya ati

oh....ibu kang setya ngrumpaka sesaji

yaiku lintang kamulyan

lan dudu kacilakan

utawa kadurakane si malin kundang



*Jayabaya*, 1994

Bene Sugiarto:

## MATEMATIKA SIJI PITU

yen dina Senin sinonim angka siji  
nganti Minggu ateges ana pitu  
yen saben dina sesuwene seminggu diperes wektu  
sing keri kari ampas lan residhu

saka jiwa lungkrah, apa sing dimelik?  
kasih sayang? ah, ing sadhengah papan wis rinebut liyan  
bale wisma kari kumanan sisa  
jantrane panguripan terus suguh karuwetan  
sauntara arep nolak, ora ana pilihan

yen seminggu durung ngonangi pira kapitunan  
sewulan setaun sewindu lan nganti kapan  
rerugi, iki ndang disadharí

bali saka siji tumuju pitu  
dina-dina tansah dadi matematika  
kang banget ngreridhu

*Jayabaya, 1994*

Widodo Basuki:

## PANJANGKA

clerete mangsa mbarubul kadya panah  
sadalan-dalan bledug sesamberan  
ing sawah bengkah.  
ana rembulan pecah  
wiji-wiji pating blasah  
Gusti, kapan gumelare nasib bakal tu,muli owah?  
keprungu blekok ngidung rarasmara  
ing pungkase sinom parijatha  
kembang aking ngundha panjangka:

--simpenan dhisik suruh ayu iki ing atimu, adhiku  
sesuk esuk wae nggone ngronce kluwung werna prada  
sawuse udan wiwit tumiba

*Jayabaya, 1994*

Bene Sugiarto:

## DADI ANGGUR SAKA KATRESNANE IBU

dadi anggur saka katresnane ibu  
aku tuhu ngisi gelas-geias piwelinge  
asung unjukan guritan madu  
marang pituture kang wajib digugu

dakrendhem ing iline getih, asihe ibu  
imbuh wuwuh ngabangi werna nyaliku  
rinonce tangis guyu, tresna asihe ibu  
dakkalungake gulu minangka barleyan gupitaku

yen ta dheweke banjur dadi puisi  
awit balumbang kang mapan ing dhadhane  
banyune ora nate asat  
senajan saben wektu dakeidhuk minangka langensari

*Panjehar Semangat, 1994*

Sugeng Wiyadi:

## AKU LARA, SLIRAMU TEKA

Sliramu teka nalika aku lara  
Kinunjara dening wewayangan kang memba  
Bregajul lan brahala  
Langite pucet, udan grimis wiwit neba  
Aku takon, "Karo sapa?"  
Wangsulanmu, "Karo mimis!"  
Aku meneng cinengkerem pratelan semu  
Dene maknane ketemu dina candhake  
Mimismu kuwiati  
Jroning ati ana tekad  
Tekadmu nekani aku  
Dadi pratandha gumolonging atimu  
Nglabuhi jiwaku kang lara  
Kinunjara bregajul lan brahala  
Aku trenyuh, gumregah lungguh  
Aku perlu nyiyapake mimis  
Ngadeg jejeg jumangkah aglis  
Kaya patrape wong pacak baris

*Panjebar Semangat, 1994*

Es Danar Pangeran:

## PLOT BOHAISME

ombak lan ombak nyeret perau-perauNe  
rangka tanpa kamanungsan  
ah saya nurpepeteng jagad puter ayakan  
takdir amicara ing wahyu topeng waja  
(Ian aku dudu gathutkaca sraya)  
liring legenda bisa njawab sakabehane  
kapan,  
ya . . . kapan? witing duhkita kalairake

O perau-perauNe wis larap ing tengah segara  
bareng rubeda ing tali-tali  
ayang-ayang kambang unthukan lan ombak  
kasar ketaman congkah watu sewu  
trus tumancep arang kranjang ing lingga baruna  
O tanpa endha cinandra winasis  
ya ing tracak carita metung kadang bohais  
ah, aja bapa nenung batin ?  
menawa urip kudu tetep yakin

*Panjebar Semangat, 1994*

Sugeng Wiyadi:

## DONGENGAN

ing kalen cilik kang mili bening kuwi  
sliramu budhal lelayar kanthi prau kertas  
sing kokgawe ing sekolah  
rikala nampa piwulang kerajinan tangan  
kanthi prau kertas, angen-angenmu koktumplak  
sliramu dadi nakodha ngarungi samudra raya  
nyangkut para sodhagar lan bandha mayuta-yuta  
tumuju kepulowan madagaskar  
sing nate dadi papan jujungan  
para pelaut bugis kang gagah prkosa  
nganti sawijining dina  
ing kalen cilik kang padha  
ana priya wungkuk nganggo teken kuna  
nlusuri tapak-tapake ríkala semana  
sajake ana sing perlu didama-dama  
dadi kenangan mirunggan  
sadurunge papan kang ngandhut sejarah kuwi  
didegi gedhong raseksa gumebyar cahya mblerengi

*Panjebar Semangat, 1995*

Herry Lamongan:

## LELAGON AWAK

Yagene aku luwih gupuh marang pager aman kang gripis  
tinimbang marang kalbu kang growah

Kamangka yen tinaker ajine

pager omah banget murahe katandhing klawan ragane kalbu

Kamangka perkara ndonya amung dolanan

najan bebrayan ndonya minangka tegal sawah, papan lara  
sangune wong mulih

lan manggon ing akherat tembe, ing papan urip kang sejati

yagene aku luwih goreh nalikane ginanjar kesrakat

lakon uripku, tinimbang mlarat budi pekertiku

kamangka apese budi pekerti nyata luwih ala

tinimbang kalunta-luntane awak ing bab rajabrama

kamangka nalikane tancep kayon dongeng umurku

babarpisan ora ana kang dakecangking mlebu luwang kubur  
kajaba amalane budi pekerti luhur

lan sari pathine ngibadah marang Gusti

Dhuh awak, becik banget patrapmu!

dakajak mesu dhiri kanggo sowan mengko ing alam akherat  
kepara malah jejogedan ing kene

nuruti wirama genine nafsu, pangajake setan

Elok banget kelakuwanmu, dhuh awak

Entheng seru anggonmu ngrusak angger-anggere Pangeran  
nalikane kowe sethithik diparingi kuwasa, diparingi cakrak,

diparingi sugih

Kamangka ngethipake mripat wae, sejatine kowe oran bisa  
yen ora krana dikethipake Gusti Kang Maha Murah

Kamangka sapa sing rumangsa bisa saka karepe dhewe  
yekti wuta mripat atine

Mara enggal nglilira, he awak!

gumregah wiwit saiki, nalikane Gusti kang murbeng dumadi  
maringi kalodhangsan kanggo takon lan ngaji

Jalaran ing tembe mburi kabeh lawang bakal kancingan  
lan majlis taklim ing kana, kari ngundhuh

Kari ngundhuh apa kang den tandur dina iki

*Panjebar Semangat, 1995*

Nono Warnono:

## KANVAS I

Wus wola-wali kanvas-kanvas tinoreh  
lan maneka warna kapaeka  
rekta seta jenar wilis sateruse  
putih suci kalindhes langking  
warna ireng arsa tinutup seta  
apa isih padha kuwawa?

Wola-wali kuas-kuas tumoreh paradene  
dalan awewujud edining lukisan  
hamung warna-warna kang tumpang tindhuh  
pating cloneh angebaki

ana rasa kacuwan banjur  
kuas-kuas kaputung-putung  
tube-tube kabanting gelis kutah ambalabar  
kanvas-kanvas kajuwing-juwing  
anak lanang tangis tawang-tawang  
lukisan kang ginadhang-gadhang tanpa kasunyatan

kanvas-kanvas sepi sapa  
kebak dumlewere waspa

*Panjebar Semangat, 1995*

Nono Warnono:

## KANVAS II

yagene kanvas-kanvas ing ngarepku  
kebak maneka warna gambar-gambar gegamanan pating crangap  
kinarya ngilakake marus  
kebak maneka warna gambar-gambar bedil lan mimis  
kanggo nguntapake playuna saleksa nyawa

yagene kanvas-kanvas ing ngarepku  
padha digambari mawa abang ludira  
kanthi pigura bathang-bathang  
ilustrasi omonge wong-wong mlepus kebak paekan  
julig lan munafik

yagene kanvas-kanvas ing ngarepku  
nora padha digambari rembulan  
purnama amandhangi telenging ratri  
ditulisi geguritan nggo sangu turu  
mapag impen endahing impen

ah! yagene aku wanuh apresiasi  
kamangka durung kesdu ambedakake abang lan biru  
durung dhamang lamen papan iki rananggana  
arebut sasana lan swasana  
ing sandhuwure kanvas-kanvas abang amelerah

*Panjebar Semangat, 1995*

Tjahjono Widarmanto:

## DAKGURIT ING REMBULAN

surem-surem dewangkara kingkin  
lir mangaswa kang layon.....

dakgurit ing rembulan  
nalika wengi ing wanci grahana,  
ukara tembang-tembang megatruh  
kang wus ora bisa maneh  
kababar arti maknane

dakgurit maneh  
ing sepi wanci grahana, dakgurit maneh  
senajan aku ngerti  
: bakal muspra kabuncang angin  
lan rembulan ora bakal ngatonake esem,  
(lamat swara kedasih ngabarake dumeling swara tangis)

dakgurit maneh, dakgurit maneh  
senajan bakal muspra kabuncang angin, nanging  
aku ngerti sliramu bakal nyemak geguritan iki  
ing pucuke mega lan gegodhongan kanthi esem  
kang kebak sungkawa, ngawe-awe tangisku

*Panjebar Semangat, 1995*

Budi Palopo:

## GROBAK KRETAGAMA

tanpa sumping kembang gadhing  
tetep sun kuping krungu gegendhing  
mireng tetembang welas asih  
saka ganda kembang rikmane kawula dasih

sapa jatine kang culika, bapa  
yen warangka simpen curiga  
yagene dongeng suwarga naraka  
tansah kasimpen ing bumi baka

tanpa sumping kembang gadhing  
tetep sun kuping krungu gegendhing  
nalika sun cengklak bak kretagama  
rosane jaran sarengat cetha karasa  
playune kebat kliwat  
grobak kreta kagawa larat  
wiji-wiji alip kang dadi momotan  
mbaka siji kacicir sadalan-dalan  
thukul ngrembuyung dadi payupan  
godhong kembang pentile kena nggo janganan  
oyot wit pange kena nggo teken kanyatan  
nanging wiji alip kang kagawa jroning kreta, bapa  
malah nggo bekelan samangsa-mangsa  
mujure disunduki  
direronce lan diwilang rina wengi  
banjur diomeli kanthi lelagon kebak puji  
dhuh gusti  
apa bener ngono kuwi wejangane para nabi

*Panjebar Semangat, 1995*

## BANDAR

Bun esuk mapag tekaku  
aweh prasapa pambagya edhum  
--sugeng rawuh—  
keket penggegem rasa kapang  
emané pethit Grindula ora nyekseni  
marang obah mosiking karep

Ing sela-selaing pedhut esuk  
methuk tulusing asih  
ing kene niyat dakgurit  
gurit kapang sing wis suwe dakanggit  
gawan saka sungapan Srengit  
bisoa dadi tandha paseksen

Nalika angin sore wiwit sirep  
mbarengi pethith Grindula dakungkuri  
kapang sing kandhung daktinggal  
dudu katresnan sing dhek wingi keri  
sing ora bakal kaprungu panguntap  
--sugeng kondur—  
sing katut durung tekan pada titik

*Panjebar Semangat, 1995*

## FENOMENA REMBULAN KEMBAR

gapura Al-Falah ing cahya rembulan kembar  
nyapa kaijenane sepi  
O kutha pajangan sewu lan nyenyet, fatamorgana  
nitis gumpalan atiku  
kala-kala  
wewayangan bisa endha marang tunjemane udan lahar  
sampe candhikala  
apa bisa daktulis kallamullah kaping lima  
yen ta panyurung dadi sesulih  
O salam (Ku)

*Panjebar Semangat, 1995*

Nono Warnono:

## **YEN NGAURIP IKI PANGGUNG**

ngaurip yayah panggung sulapan  
kebak permainan lan maneka paekan  
asring datan kawistara endi kasunyatan lan wewayangan  
nadyan mangkono penontone kebak kapitayan  
keplok surak gumerah ambal-ambalan

ngaurip pindha panggung sandiwara  
kebak ilustrasi lan saweneh improvisasi  
winor maneka cahya lampu-lampu pating kalencar  
datan terwaca paraga abang apa biru  
penononton sengsem adreng andulu

ngaurip kaya rananggana  
kebak prasetya supata apadene saleksa sanjata  
prang silih-ungkikh ayun-ayunan  
nora dhamang kanca apa mata pita  
kabeh-kabeh kebak ing sinamudana

ngaurip iki yayah pakeliran  
kebak paraga-paraga wayang  
biru apa abang kalah apa menang  
kabeh purbawasesane dhalang  
nedya akeh panantang?

*Djaka Lodang, 1996*

Sri Em Yani:

## TRAGEDHI PENGGURIT

yen wulan pucet ungak-ungak ing pucuk-pucuk ori  
penggurit njilma dadi ibu sing subur teteke  
nyirami suket-suket grinting  
kalane bumi aking kepanggang sumuk panase mangsa  
hem, ing kono:

kasantosan nala sih  
ngrukti nurani-nurani  
garing!  
utawa yen ketiga manggang sihing sukma  
oo carang-carange aking

minangka tuk  
seger sumyah  
nyiram  
sel-a-sela garing  
sing meh njerbabah

ananing oh penggurit  
yen prahara nyangking dhadha-mu  
-otot rujining pangawasa  
(ngurung pang-pangmu)  
Sapa sing ngrukti  
Minangka balaning nurani suci  
SEPI  
MATI  
(!!!)

*Djaka Lodang, 1996*

## KAMUFLASE

bunglon- bunglon sesingloning panggung bumi agung  
gumregah ing plaza ibu kota, ratan desa, kantor- kantor  
pekarangan, kakus lan jumbleng  
dihapuk gambreng, dhapuk coro, dhapuk RT, dhapuk direktur  
dhapuk asu klekaran golek pangan  
woo, kabeh mung  
pentas seni aksi kanggo nutup guwayane urip keplantrang  
watu kali dadi roti, nyarug lebu dadi sangu, gumrojoge banyu  
kanggo gosok untu, wong kasangsaya kanggo mangsa, pidak  
pedarkan  
kanggo proyek wadhuk suwung  
mumpung kenceng pangregeme kuku ratu  
lan esuk...weweh sedhekah, zakat fitrah sumbangan pasrah  
weweh gombal- gombal kamuflase

salawase rembulan alas nyekseni  
bunglon- bunglon wuda wis rucat kanugrahan  
ngetung driji, nginventaris koki, dhapuk bala lan koleksi pari  
prawan kanggo bantal lemek mangan  
ing parak esuk ngimpi dhapuk malaikat bumi  
gregem sinamudana dina candhake  
senajan bapak wis kelangan dhasi

*Djaka Lodang, 1996*

Bene Sugiarto:

## ANOMINA GURITAN BUNGKUS

lumrah, dene ora nate diweruhi  
yen ing njaba ana perkara anggemasi  
wong kelangan kamardikan micara  
ing sadhengah papan, sawenehing panemu tinebas  
pedhang  
landhung panyaruwa ditugel kari sadhepa sing dikarepna  
lawang pijer gembokan, ati rapet kinunci  
sambung rasa antarane kawula-panguwasa ora ana  
senajan bebas nyatane dikunjara

lumrah, yen sing dikuping mung pamothana anak  
munggahe sanak kadang lan mitra sabregada  
papan gumelar sing wis dadi jagad kukubana  
tinanduran plaza, kondominium, dalan tol, lapangan golf  
lan sewu gedhung apadene sewu pabrik thukul ing sahamé  
tanpa aran wewangunan kuwi binungkus guritan  
lan sapa sing manggoni, uga tanpa aran  
awit penyair kang nyoba weweh jeneng  
wis adhepake pituwas kang uga tanpa aran.

*Djaka Lodang, 1996*

## SING KATON KAE

Sing katon kae  
pencen biegere gatra  
nanging sanyatane  
sukma kadhung oncat  
ngrambyang ing uleganing jaman  
aja kathik digetuni  
apamaneh mbokgandhuli  
senajan kanthi sedya mulya  
ora-orane bisa mikolehi  
tiwas nambah ati gela  
tiwas njejero pamisuh

Sing katon kae  
pancen bleger raga  
nanging sanyatane  
jiwa nalurine wis ora ana  
kakendhang ing uleganing jagad  
ora perlu dibeburu  
apamaneh mboklakui pati geni  
senajan patohane idealisme  
ora-orane aweh pituwas  
tiwas mbebuang ajinéng dhiri  
tiwas mbranang ati.

*Djaka Lodang, 1996*

## GLAGAT MIRING

Campuh panggerone mesin, binarung jerit  
Napaki jaman miring menungsa- menungsa  
Pating bilulung  
Paman, tansaya tanggeh laras kang daktampa  
Tangan- tangan wesi rebut dhucung nyekethem  
Sungkan pangeram- eram,  
Glagat miring dakwaca, jungkir balik  
Menungsa- menungsa, sawetara ing sisih liya  
Ana uga panggero laralapa, pirang- pirang kadang  
Luput ing pangudang, lan kepaten manungsa ing tanah makmur  
Dakgegurit mawa iga ligan

*Djaka Lodang, 1996*

## NALIKA AKU, DADI SRENGENGE

Dakusap peteng lan padhang, isen- isening mangsakala  
Gek gage papagen rinaku, mawa anget pangrasa  
Aku teka mung saderma, tanpa pamrih lan palimirma  
Suradira jayaningrat lebur dening pangastuti,  
Sumingkirna lelepyan ing wengi atimu  
Dhuh rayi!

*Djaka Lodang, 1996*

Sri Em Yani:

## ING POJOK KAMAR, WULAN SEMENDHE

landhepe netrane wulan natas iga  
njur raga pangrasaku njonthit  
awit panase asmaraandana kwawa  
ngobahake geter bawana  
hem, netrane wulan!

yen ta aku ngrompok rasa ing jiwamu  
njur netesake kringet ing guwa garba  
apa uripku isih kurang sampurna  
kaya sato iwen sing ajeg nyecep sarining  
jiwa kalane wengi tanpa sabawa  
kalane sang Rama menthang warastraa  
tatas ing nuranine Sinta

mendhung nyangking ati mendhelong  
dheleng-dheleng  
njur ana gurit klawu sumpeg  
ing pojok kamar wulan  
njerbabah semplah  
garing lathine  
kepanggang kidung asmaradana lungse  
hem, semendhe!

*Mekar Sari, 1996*

## LAKON

nalika dolanan perang-perangan anak lanang  
ngaku-ngaku: "Aku lakone sapa bisa ngalahake"  
Anggepana lakon ika wis digawe unggul sakabehe  
dening dhalang kaya ing crita pawayangan

rumangsane lakon iku kaya pahlawan  
wis ditakdirake kudu menang  
saparipolahe kayoman angger-angger  
bener, pinter, jejer  
dene mungsuhe keblinger keblate  
satiba tangine luput jangkahe  
(“Thole-thole aja mung golek menange dhewe  
yen dolanan proyoga golek rakete memitran  
dudu tukar padu sing prelu tukar pikiran

Lakon-lakon  
bener lakune  
memper dhakon

*Mekar Sari*, 1996

Bonari Nabonenar:

## GURIT WALANGKEKEK

eaeo ae aeo eaeo  
wang keke walang kadung  
saya tuwek saya malendhung  
...wetenge, rek, wetenge!

iki gurit walangkekek  
aja diwaca sambi methethek  
...saru!  
wong iki gurit medhar ngelmu tuwek

walangkeke walang kadung  
ngerik neng kutha lan neng kampung-kampung  
wiramane asmarandana lan bapapucung  
dhandhangula miyah jurudemung

e eae eoio  
walangkekek matane loro  
dadi wong pinter aja api-api bodho

walangkeke walange kadhung  
saya tuwek aja saya adigung

ganti crita  
critane si kleting sekartaji  
olek-olekan karo enthit sang bagus asmarabangun  
direwangi lara-lapa  
duk ing uni tresna iku wingite kepati

:enthit  
sing duwe pabrik pinggir kutha kae sapa  
----ya mas joni ya wuk ya  
mas joni sapa ta enthit!  
enthit  
sing nandur cengkeh pereng gunung kae sapa  
---ya wong tani ya wuk ya

sing ngundhuhi sapa thik

---ya mas joni

eae aio iaio

walangkekek ngerike seru

saya tuwek malah saya saru

iki gurit walangkekek

aja diwaca sambi methethek

eae aoio eae aioiaio

iki gurit walangkekek

aja diramesi nganggo etungan unine tekek

*Mekar Sari, 1996*

Tjahjono Widarmanto:

## ODE KANGGO PEJUANG KAMARDIKAN

ana ing pangilon kuwi  
nalika dakrungu lagu “tujuh belas agustus tahun empat lima”  
cetha maneh ing pandulu  
wewayanganmu kanthi pasuryan  
kang atos, nggembol sejarah sing banget perih  
kebak panalangsa lan ludira

ana ing kono isih dak rungu  
pekip “mardika” sing kok kumandhangake  
nembus gegana, nembus ati kang kebak  
tulus, pasrah, lan narima  
nggadhekake jiwa lan raga  
kanggo: laku kamukten

*Jayabaya, 1996*

Sugeng Wiyadi:

## ING WARUNG PINGGIR DALAN

Ireng manis tanpa wedhak pupur  
Nyata manis si prawan kumencur  
Adhuh, esemmu aja kok icrit-icrit  
Atiku krasa jiniwit  
Dhuh, adhuh, kenya kang nyimpen pralambang  
Nyawang netramu mbulan sumunar padhang  
Sapa sing ora poyang payingang?  
Eee, lha dhalah!  
Si prawan kok dilirik-lirik  
Sedhela-sedhela ngetungi benik  
Atiku krasa diithik-ithik!  
Dhuh, adhuh! Kopi panas ing gelas ndadak wutah  
Aku menyat banjur jumangkah  
Kayadene kleyang kabur kanginan  
Satriya Madukara murca saking pertapan  
(Ngadeg ing dalan prapatan  
Si kenya mung kari wewayangan)

*Jayabaya, 1996*

Nono Warnono:

## PITAKON

jajal apa bedane manungsa lan macan  
yen padha-padha seneng nglethaki balung  
ngremusi bathang-bathang

apa bedane kambi tikus  
yen padha-padha saba sawah lan pedaringan  
padha-padha seneng nguras beras

coba apa bedane manungsa lan buta  
yen padha-padha kolu nglangga ludira  
tegel njegal sapadha-padha  
apa bedane karo kebo lan sapi  
yen padha-padha asesanti urip kanggo mangan  
datan mangan kanggo urip

banjur apa bedane manungsa lan jaran  
yen padha-padha seneng ora kathokan

*Jayabaya*, 1996

Eko Y. Purnanto:

## RERENGGANE DINA-DINA

Sugeng enjang, Dhirektur. Apa tugasku dina iki?  
Apa ucapmu dadi jimat sing kudu dak pundhi-pundhi  
Aja nganti thukul cuwamu aja nganti dadi gelamu aja  
Aja ana ganjelan ing atimu marga aku  
Dadi ngesoran dadi kethiplak kudu tansah sumadya  
Najan kudu nunjang palang njungkir njempalik  
Uripku ing tanganmu patiku ing astamu

Sugeng enjang, Atasan. Apa ujudku dina iki  
Dadi wedus apa sapi apa kebo plolaplolo  
Sambatku dadi esem dadi ukara sendika dhawuh  
Jiwaku sing kokerut siset dadi kali  
Miline sumuyutku marang saben mlethike pepinanganmu  
Nyuek godhong lan mrangguli pang pangku  
uripku senin kemis semampir kekarepmu  
Sugeng sonten, Atasan. Muga sesuk isih kok ingu umurku  
(sepurane, Gusti.  
kanggo sliramu rasane  
tansah kalah wae)

*Jayabaya, 1996*

Bene Sugiarto:

## RUBRIKASI TAMAN KANAK-KANAK

banyu seger winadhahan bak  
sabun wangi uga wia cumepak  
gosok gigi nak, ing odholmu linampisan natrium fluoride  
lan monofluorophosphate: sawijining zat aktif  
ambah kekuawatan email lan nyegah karies  
kareben landhep untu kuwawa mamah patung  
kang ditatah dening bapak ibu  
salin seragam, mimik susus racikan pembantu  
ing kelas maragani balumbang  
sumarah nampa kurikulum lelangen  
ibu guru wisuh, bapak guru nguyuh  
nyangga prau-prau pacobvan sing dilayarake para mentri  
nyiprate banyu, mesthi nelesi buku pelajaranmu!

*Jayabaya, 1996*

Budi Palopo:

## LANGGENG

yen sira takon  
dina wangsuling-sun  
cetha tan bakal kawangsulan  
awit somah sun klebu jejer  
memunjer ngosik panguripan kang  
kukuh tan jugrug kahoreg lindhu mawindu

yen sira mlenggong karana  
playon sun klakon ngliter jagad  
tan krenggasan nggon nata napas  
kiranen dhewe wirama palarane  
awit satuhune jumbuh sun dadi ngraton ing dzat sifat kang  
tan pedhot dening tembung ngakerat

*Jayabaya, 1996*

Es Danar Pangeran:

## ULENGAN LAN OYAKAN

ulengan lan oyakan naga dinamu, anakku  
kang kaoyak neptu sagebyaran thathit  
o, apa bisa aweh padhangge laku  
sanajan tuk cahya wus nggegirisi

    ing napas pati geni  
anane ya kanikmatan kang mbok rantu  
dudu,  
ndonya kang kapilara iku  
papane dhukkita kalairake tanpa etangan

    wus oyaken dhewe paran nasibmu  
aja trima lakune angin lan mangsa  
yen manungsa mung trima ing pandum  
(kuwi paitan kang gingsir  
lan sakabehe barang nalisir  
bebener urip mung ing ati-MU)

*Jayabaya, 1996*

## KENDHANG

Nah, apa ta kandhaku  
tekamu kang jare arep njaring angin  
ora ana kabul kawusanane  
seyamu njampangi lakune mega  
ora ana sembur sawabe  
kandhev ing tengahing karep  
sing mbokkoyak puputing pitakon  
dudu paran tebaning lakon

Sawise kembang asar mekar wayang sore  
banjur apa sing wis ginantha sajroning pangangen  
apa sisih ngenam pangentha  
sedheng wengi sedhela maneh rubuh  
sing teka padha uber-uberan panguripan  
kayadene awake dhewe  
ndhungsang palang patohan tekad  
kang tinemu panalangsa

pancen saiki wis dudu wayahe  
udhu suwuradol sembur  
sedheng ing kanan kering wus lali jatidhiri  
kadhung uleng pinulet globalisasi-informasi  
teka awake dhewe nyoba pasang ublik  
ngadhep dampar njitheti rontogan rontal  
banjur apa sing arep pamrih  
tiwas ati krasa perih

*Jayabaya, 1996*

Suripan Sadi Hutomo:

## **SAKELORE KALI LUSI**

sakelore kali lusi  
ngedhangkrang wit randhu lan mahoni  
atikah! atikah!  
apa kowe wis tega ninggal tegal lan sawah  
nyambut gawe ing negara mekah?

suket pancen wis padha garing  
watu-watu wis padha gemlindhing  
o, atikah, anakku  
tak eklasne kowe ngrakit lagu  
panguripan kang kebak madu

sakelore kali lusi  
wis ora ana maneh sing ditanduri  
sakelore kali lusi  
alas jati mung arane kang peni  
dudu darbeke si bibi  
apa maneh kang arep dirungkebi  
yen tlatah wutah getih ra nduwensi yoni?

*Jayabaya, 1996*

Hariwisnu Harwimuka:

## PISAMBATE KAKANG

bumi sing dakpidak wis miring tanpa srengenge  
adhiku,  
donga sing dakcencang benang abang kumleyang melu  
kliwat langit  
mangku wiwit wingi wis daktandur wiji urip makmur  
ben si adhi bisa methik kembang wijaya angkup....  
ning, singa belang mbegagah nganggah-angah srakah  
wis, dhi, semut ireng kaya aku kepidhak sakdalankranggalan

leles pangewan-ewan ing satengahe bebrayan  
luru pangkon kanggo sangu ngurung nyawa  
hoalah, dhi!  
biyen dakbujung dadi pegawai nyecep ngelmu kompetisi  
ning mung kepletsat watu pamilit  
saiki tiba kajengkang ing luwengane kuli batu  
hoalah, dhi!  
apa kowe besuk isih bisa kompetisi?

*Jayabaya, 1996*

Hartono Kadarsono:

## LANGIT BIRU

Wis dakjabel bali langit biru Langitku  
Sing wingi mentas kari mayungi  
Ati sing kebak pandakwa  
Karo nggelar langit sing lawas  
kanggo ngusap kringet lan ketese getih  
Sing malerah-malerah

Wis bali ngomah langit biru, Langitku  
Sing gumelar ing dhuwur paturon  
Amor impen sing lagi bae pecah  
Ambyar bareng kringet lan ketese getih  
Sing malerah malerah

Langit biru iki tanpa sulaman  
nanging gambar sing mentas bae kok bathik  
Ninggal labet sing jero  
Endahe katresnan jati  
Tumancep ing ati, Langitku

*Jayabaya, 1996*

Sugeng Wiyadi:

## UDAN JANUARI

januari udan tanpa ngetung wanci  
nepusi jalan jemuran aku njedhindhil thili-thili  
bemo lan taksi pating sliri  
grapyak ngawe-awe: aku ora nanggapi  
dakresepi tumetese banyu udan  
krasa atis ing kulit tumus mbun-mbunan

terus jumangkah ing dalan aspalan  
awak katisen ndhrohog wel-welan  
angen-angen ngglewar menyang karang padesan  
kelingan jaman cilikan  
kalane playon ing tengah galengan  
aku kebleset tiba klumah ing endhut ler-leran

jantraning ngonclang sing bocah ndesa  
ngupadi urip lan panguripan tekan surabaya  
kepapag januari kang kebes  
rumangsa kesurang-surang lan apes  
kadya mustika murca saka embanan  
anak lanang luput saka kekulangan  
dadi amun-amun ing palagan panguripan

*Panjehar Semangat, 1996*

Nono Warnono:

## LINGSIR

lan

jaman wus mobah mosik kelangan keblat  
wong salah disembah-sembah  
wong bener padha diliyer  
lelaknat ajeg tinulad  
para jamhur sinungkur-singkur mungkur  
duratmaka sinubya-subya sinudarsana  
satriya padha kelangan bala

lan

jaman wus lungse padha katungkul ngelus-elus weteng gedhe  
tangan ginawe cakar atutuk drakula nyesep ludira  
jaler paestri gumbira jejogedan  
padha seneng ora kathokan

lan jaman wus gumlawe padha sangkut oyak-oyakan  
koncatan kompas lali sangkan paran kelangan wening kalbu  
katalompen nggelar sajadah milang tasbih  
jalaran padha adreng zikir mawa sesumbar

lan

jaman wus rempu kabeh-kabeh sinawang semu  
nora kawistara biru apa rekta  
langking apa seta

*Panjebar Semangat, 1996*

Tjahjono Widarmanto:

## SILUET TENGAH WENGI

kagem tengsoe tjahjono

isih cetha ing pandulu  
ana tengah sepi, sliramu lagi natal rembulan  
nganggo pucuking dom kang kethul  
--mitra, dalan endi maneh kang bakal kokluru?  
ana ing ati gumlonthang swara tatahmu  
tansah ngridhu, dadi pangimpen  
--mitra, bakal däkturut prasetyamu  
wengi iki aku bakal melu  
natah rembulan, natah guritan  
dadi seksine urip

*Panjebar Semangat, 1996*

## ILLUSI

ing semburate candikala  
wewayanganmu sedheku  
nyawang bendhosa, kang alon-alon  
sinubasita angin kang lirih  
ngidungake megatruh: LAILAHAILLALLAH  
: apa kang katon, kajaba pasrah ing mangsa ketiga

*Panjebar Semangat, 1996*

Sumono Sandi Asmoro:

## LINTANG

lintang-lintang kae  
ndhedher esem sabben sore  
kumlawe, ngawe aku  
kang lagi ngronce kidungan lungse

lintang-lintang kae  
tetegec ing kamare langit  
eman yen awan sinengker dening srengenge  
tegel, nyawang aku nyangking tembang garing

nalikane angin sumilir  
angrenggani wengi kang atis  
cumlorot cahyane  
nyencang rambutku kang dakore  
sineret, sinendhal tumuju pangkone

*Panjebar Semangat, 1996*

Sumono Sandi Asmoro:

## TAN ANA ESEME REMBULAN

Mendhung-mendhung kae pranyata kandel mitraku  
tan kena tinembus dening sorote mripat  
apa maneh amung gumebyare dimar-dimar ublik  
prasasat nguyahi segara

eseme rembulan kang nggugah ati wingi bengi  
uga wus ilang kabandhang dening ruwete bola wesi  
rodhane pangraita kangwiwit ngambah dalan rapah  
kaplanting ing tepis wiringe ketiga dawa

kluwung-kluwung kang mencorong tejane  
mentala nyaut kumleyange udan kiriman  
ngumbar jambu mente, ngelak salawas-lawase

*Panjebar Semangat, 1996*

Wahyu Prasetya:

## PIL

katiwasan, anak-anakku wus padha nguntal ecstasy  
lha mung gedheg-gedheg marang samubarang  
ana uga hikmahe, para bapak-bapake kang mung manthuk  
manthuk klawan amplop katabelece

kadhung akeh sing modar  
sapa kang miwiti ibarate kaya wong tetandur  
sesuk bakal methik uwohe  
gebyar sewu lampu diskotik, aku melu nguntal  
luhe para anak-anakku lan anak-anakmu

iki jenise innex: pink tenggo  
puluhan jam klakon ngawang lali piutang  
lali kisruhe politik lan apa wae  
aku ya melu edan pisan, nglalekake pesugihanmu  
sing mbokrebut saka sedulurku kabeh  
arep ngucap diamput kaya ora kawetu  
apa anggonmu nguntal durung wareg?

pink tenggo  
aku ngleyang bebarengan nasibe wong rame  
kau mumet bebarengan karo tangismu kang dadi  
watu apa wesi?

*Panjebar Semangat, 1996*

Es Danar Pangeran:

## TETAMENGKU KIDUNG SOLAWAT BADAR

sun tetameng kidung solawat badar  
nothok lawang lan reresik korining kamar  
ati lelayaran ing samodra telasan  
nempuh dina-dina ganjil  
yen ana bapa jibril  
ngulur wayah lailatur qodr ing ati kemayan  
rinumpaka mustika  
sun bisa sesuci ati

-jiwangga

(ya Allah ya Robbi  
ya Gusti ya Illahi  
ya nabi ya rosul  
ya rosul ya Muhammad)

tetamengku kidung solawat badar  
lair saka panganjali tata sadad  
ya sahadad satunggil  
jatine lampahing jalmi  
purnama dening nur muhammad  
linampit sedaya sokabat ingkang rumeksa jagad

(ya Allah ya Robbi  
ya Gusti ya Pangeran  
ya rosul ya Muhammad  
ya amin ya amin)

tetamengku kidung solawat badar  
kidung kang rumeksa karahayon  
kaya cahya purnama ing langit kumandhang  
kebak maneka ing wulan siamullah  
tumelung cahya kalpika  
larap saka kratonullah

*Panjebar Semangat, 1996*

Tjahjono Widijanto:

## MONOLOG GODHONG TENGAH WANA

raham samasam budham bhagawam  
budham bhagawantam adiwadhem

lelakon iki kedlurung-dlurung tekan ing kene  
kawiwitan nalika tilam arum rinengga  
sekar melathi rionce  
cebar malih dadi dahana ngalad-alad  
nggegeridhu ati, ngrojeh-ngrojeh pori-pori

— “ah, tibake donya ora mung  
rinengga arume kembang melathi!”

ing kene, ing pusere bumi gung liwang-liwung  
uga kebak ambune bangke luntake ludira

(entenana, sedhela maneh bakal dakracik  
Sisane bangke dadi ngganda sekar melathi rionce)

*Panjebar Semangat, 1996*

Bene Sugiarto:

## FRAGMEN DAMAR BLENCONG

kadidene sunar damar blencong  
urube guritan dudu kanggo pepadhang jagad obsesi  
nanging minangka yenthakake pakeliran  
kang tansah rinengga wayang-wayang mawa topeng  
ngungkunge gamelan tanpa pathet  
apadene wirama satuhu ngiringi jaman edan  
lan kaya saben episode  
dhadhamu panggah kebak tatu  
uga tangan isih nggegem gegaman ligan  
apa sliramu Adipati Karno kang wis malumpat  
saka pakeliran?

*Panjebar Semangat, 1996*

## TEKS SOSIAL NGISOR PAGER VILLA

lan pakunjaran iki, dak entha saka batin lungkrah  
sawise peksi sing dak paragani mabure tansah nabrak  
jaring lan rambu-rambu ing langit panguwasamu  
lan pakunjaran ngetung pira gunggunge wong kepaten kamardikan  
nalika si jenat exodus menyang bumi petirahan  
sing diprangguli hari salencer suket aking  
thukul ing ngisor pager villa

*Panjebar Semangat, 1996*

Sugeng Wiyadi:

## SEPATU

bregasmu: kokrengkuh suku-suku  
prasajamu: kokwayuh suku-suku

dadi pitakon biru:  
bregas kuwi suku  
prasaja  
kuwi suku

kodrat tan kena tinuku!

*Djaka Lodang, 1997*

## SRANDHAL

ditempil priyayi  
kowe tanpa aji  
dipidak tracak nela  
kowe tanpa suwala  
anemmu  
panandhangmu  
matimu  
panalangsamu  
tanpa sembulih, tanpa blanja  
najan mung wujud panarima

*Djaka Lodang, 1997*

Sugeng Wiyadi:

## THEKLEK

mesem lan ora perlu kandha: rempeyek  
lamun ana sing tega ngundhamana: tuwek! Elek!  
najan paku kang angrem tumanjem  
wis kebacut teyengen, njarem

mesema sing tulus, mesema njaba-njero  
marang bocah sing nganggo oto  
banjur critakna wolak-waliking jaman  
utawa tembangna kidung-kidung ranggawarsitan  
amrih sing padha kendelan  
gawe tumpangsuh lan morak mariking sejarah  
ora tansaya nggladrah!

*Djaka Lodang, 1997*

Nono Warnono:

## BENER KANDHAMU

bener kandhamu sumitra  
kita mung kuwawa ngenani sedya panyangka  
makantar ing jagad gumelar  
jebul asring gagar wigar  
kinacek kambi kasunyatan  
kang wis tumoreh dening Kang Maha Wikan

bener kadhamu sumitra  
kita mung kadiidene paraga wayang ing pakeliran  
datan kuwawa suwala marang apa karepe dhalang  
ngenang kapracondhang ing ranunggana  
kita nora duweni purba wasesa

*Mekar Sari, 1997*

Tjahjono Widarmanto:

## KITIR KANGGO MITRAKU, TENGSU

apa sliramu isih kober ngrakit larik-larik guritan  
nalika ukara-ukara wis dadi prasasti, watu kang mati

semaken! sejarah wektu kepungkur dudu duwekmu maneh  
ora ana maneh sing mbutuhake larik-larik guritan  
saiki jaman globalisasi, mitraku  
dudu jamane maneh ngidungake ukara-ukara kang edi peni  
saiki sing dibutuhake ukara sing praktis, strategis, lan taktis  
(yen perlu culika!) kanggo ngeruk kauntungan sakakeh-akehe

tengsu, mitraku  
tumrape jarwan saiki  
guritan amung watu kang mati  
awit sejarah manungsa wis lali marang bebener

(mitraku, ing ngendi bakal dak simpen guritan-guritan iki)

*Mekar Sari, 1997*

Es Danar Pangeran:

## KADANG BOHAISME, GENDHINGE KANGGO

ana gendhing gereng-gereng tanpa irahan  
marang uripe sang panggurit salumahing bumi

wisan lan dalam dalam pabaratan  
caritane masa ya wurunga amrabas alas gunggung  
ora liya ninggal jangka layang pangaji-aji O panganjali  
rumeksa ing pucuking menara tumus mega-mega  
tumiba trus amicara  
yen kahanan sarwa mekakat  
nyuntak getere srengenge nyempil  
O satru jaman dadi kala ganjil  
ya lopa iki dudu panyidranMu  
bali bala ing cak bakal dak regemi kenceng  
aruh-aruh lairing gurit tanpa pangrasa  
O mabura nyancang pusere bumine wong agung tinemu maeka  
apa dirasa pacoban lan pandadaran tumeka ing papan landhung

*Mekar Sari, 1997*

Sugeng Wiyadi:

## **RIPIK RIPIK**

ripik ripik carang laruhan  
ing kebon ngisor papringan  
saeler mbaka saeler jangkep sapondhongan  
si biyung nggodog wedang

wujude kayu larahan  
gedheme mung sasada lanang  
ngelingake piyandele kleting kuning  
(kalane nyabrang bengawan  
tumuju kampung dhadapan)  
asate banyu bengawan, tekane banjir bandhang  
si yuyu kangkang dadi bathang

ripik ripik carang larahan  
madik madik dununge keadilan

*Mekar Sari, 1997*

Sri Em Yani:

## MANGLUNG MANGULON

wus daktemu mutiara aking  
saka tengahing larahan-larahan mamring  
njur gujirat kelangan cahya

kumandhang njerbabah tanpa raga  
ananging aku?  
(ndak temu sing dhiguwangi)  
jer barang sidibuang iku  
sak ngerti saripatining budi utama

aku wus sumendhe  
yen ta ana prahara sing  
nyangking kwandaku  
awit kwanda lan sukma

ing sawijining mangsa njur pisah  
kwandaku ajur nyawiji karo bumi  
sukmaku bebarengan sowan  
ngadhep ngarsa-Mu

ooo nini sliramu ndak temu saka tengahing larahan aking  
ananging cahyamu utama isish ana ing lingiring netra  
jer, jamane sok ngajak gembuyakan  
sapa ngerti sliramu sing  
njur ngrukti  
ragaku  
kalane wulan wus semburat  
manglung mangulon

*Mekar Sari, 1997*

Sri Winarni:

## BRUNGKAT

sendhalen salembar angin  
sing semlampir ing mega malang kae  
kangmas  
methika lintang  
saka langit gembiring

sambi ngrapal aji slamet  
glandhangen prahu nyang sungapan  
kangmas  
aja miris

saya gumulung ombak  
saya wuwuh kasantosanmu  
saya pinusus angin  
saya mlesat prahumu  
ngener sejatine paran

saka pesisir kangen ing tlatah katresnan  
sawise ngesokake lungkrah kanthi nyawang  
polahe manuk rebut papan gawe susuh ing  
prahu kumambang  
kangmas  
ayo bareng sowan ngarsane sang maharatu

*Mekar Sari*, 1997

Sumono Sandi Asmoro:

## **WUS WANCINE**

Bebarengan karo kumleyange pedhut klawu  
sengaja dakgranyang ragamu kang kebak tatu  
senajan dudu dhukun gudange japamantra  
nanging tumetese eluhku muga kena kinarya usada  
jalaran wus wancine sliramu wungu  
nyekel dluwang, mbatang cangkriman  
kang saiki lagi kesingsal ing pojokan

Linambaran serake swaraku  
tak usadani ragamu  
nganggo reroncening guritku  
wus wancine sliramu sesindhenan  
ngrakit tembung kinarya tembang jalaran ing njaba kana  
walang kadhung wae wus wani kekidhungan  
Tak usadani ragamu kang kebak tatu  
nganggo cuwilan ati lan abange getihku  
jalaran wus wancine sliramu tumandhang mangsuli gumentange  
panantang  
ngrabasa sakehing pepalang  
ngadhepi wengise jaman

*Mekar Sari, 1997*

Anie Soemarno:

## ANA KUCIWAKU

Apa kuciwamu bisa urip mardeka kaya manuk  
mabur saparan paran mangan saketemune apa wae  
sadalan dalan tanpa ana sing ganggu gawe lan manasika  
mung siji sirikane aja kaya mencu muni kaya wulangane  
manungsa awit njalari serike wit wit gedhe pancokane  
Ana kuciwaku urip ing antarane manuk manuk kaenakan urip  
ing kurungan kurungan kang diingu dening bendarane  
dianggo klangenan dirungu swarane, awit manuk manuk kutel  
wis lali karo wit wit sing nate dipencoki, karo kanca kanca  
sing nate bebarengan urip pataya pati, nuli ing tindak tanduk kang  
merak  
nanging ing ndalem ati thukul eri  
Apa kuciwamu ya ana kuciwaku  
Apa kuciwaku ya ana kuciwamu  
Apa ana kuciwaku ya kuciwamu?  
Apa wae kedadayena ngono iki wis dadi kodratku lan kodratmu!

*Mekar Sari, 1997*

Budi Palopo:

## LUH JAMRUT

ana luh jamrut kang tumetes  
saka mripat biyung agung-sun  
teles lemah pategalan mara dadi  
rebutan dening sapa wong kang  
tan giris nggenganda amis  
luh jamrut biyung agung –sun tumetes  
neles lenah pategalan kang dadi rebutan  
bangsane jemblung mercuet  
mula, dudu jeneng mburu kemukten  
kang kesawur saka bebandhan kraton  
nalika akeh anak lanang  
mara wani ngotos getih kanggo  
neles lemah pategalan dhewe

*Jayabaya, 1997*

Gatot Firmanto:

## TUMBAK GURITAN

dawa trus dawa  
nebus cakrawala  
nembus langit sap pitu  
ngleyang kekiteran ngubengi ragane bimasakti  
ngluntrung jebus walikat  
ngelus bengkahe watu padhas  
nrubus cukup ing wayah ketiga ngerak  
encepane kacabut mbrubul ngucur tirta  
(ngidung tembang tumbak guritan marahi  
silir-silir nang rai, kyai, pandhita,  
duratmuka lan sapa padha mesem kuyu)

*Jayabaya, 1997*

Hartono Kadarsono:

## TURUN

apa sing bisa dakjagakake  
ngoyak impen kang isih nglangut  
ora bisa kumbi  
nalika pikiran sansaya ribut

+

sing isish nyambut nyamut  
aja digawe mruput  
eling mring garising urip  
pepesthen sing ngagar nyalip

toking ngendhon  
sing eling mring sing gawe urip  
Gusti ora tau sare  
sumarah sing minangka usada

lan sing wekel ngupaya  
bakal ngunduhuh wohing usada  
Gusti angijabahi  
tumurun turun sing kapisan  
cenger bayi gowe regenging wisma

*Jayabaya, 1997*

Sugeng Wiyadi:

## GELANG KARET

bocah-bocah dolanan gelang karet  
direnteng-renteng digeret-geret  
si panjul dadi pupuk bawang  
trima lowung tinimbang nyawang

gelang karet diulur-ulur  
kalah menang tetep sedulur  
gelang kret diawet-awet  
luwih becik meneng tinimbang digegencet?

gelang karet, gelang karet  
sapa sing wani Ndhadha?  
owah-gingsire jaman dadi supata  
mulur mungkret semboyane sapa

*Jayabaya, 1997*

Bonari Nabonenar:

## DHEWEKE

pawadane ngluhurake asmane sang tresna  
ngrengkuh sanak ngemonah satru  
coba sawangen tandange sadhengah papan  
sadalan-dalan satindak salaku  
mengko ra sangsaya cetha  
semboyan sapa sira  
mantrane apuskrama  
jimate jimat arta  
watake watak drubiksa  
gurune sang angkara  
ngibadahe keklumpuk bandha  
keblate dhewe

*Jayabaya, 1997*

Nono Warnono:

## GURIT PITAKON

jebul,  
tengah ratri sitaresmi wus wiwit gumlewang  
banjur nglilir ngulir pikir sakalir  
ketanggor ssanggan sumampir  
ing ngaurip gilir gumantine kanyatan  
yogene kowe isih durung damang anakku  
pitakonmu tan kendhat ndalidir

tengah wengi kontal ing peisir sepi  
banjur kentir sewu pamikir rinasa ana kang cicir  
sadurunge prau nempuh bawera samodra wus dak  
jarwani  
yen kudu sawega nampa kabeh ridhlomu  
pelabuhan sejatine kamulyan

lingsir wengi nglilir ing cakrawala sepi  
rinasa angin kulon nyemp yok osiking kalbu  
gurawalan tinendhang bal globalisasi nggawa sangkrah  
dekadensi  
yagene kowe isih adreng aweh pitakon anakku  
kapiadréng melu oyak-oyakan mbujung leksan  
wewayangan  
bapak nora bisa wangsulan

tengah wengi keli jro ombak sepi  
yekti linuwih wigati asung pamuji marang gusti  
kareben urip rinenggeng arti

*Jayabaya, 1997*

## PAEDAHE APA

paedahe apa  
dene lintang-lintang cilik koksiya-siya koktundhung lunga  
kamangka lagi wae dheweke ajar  
nguncup lan mekarake sunar gegayuhan  
kanggo ngrebut kamenangan  
banjur paedaher apa  
kokcipta rembulan-rembulan  
kokanggo madhangi jembaring omahmu  
ning gubuk-gubuk cilik pinggir kali  
isih panggah peteng  
tan ana padhang gelem manjing  
najan mung sapletikan  
banjur paedaher apa  
kokuja kadurhakan  
kaya ora eling  
bakal menyang ngendi balimu  
sakwise wareg kekiter donya

*Jayabaya, 1997*

W. Haryanto:

## SONETA

ora keprungu kahanan atimu, mangka tanganmu  
wis lebur dadi langit, sepi  
saka jendhela, kowe isih nyimpen dalan-dalan  
tumuju omahmu. nadyan aku wis dadi tlatah garing  
tanpa srengenge

Getih lan pati mung wengi,  
wektu tansaya mujudake raseksa nggegirisi  
mula aku lair saka café-café kang urip  
ing wengi. lan dalanan kebak lampu

Ora ana esemmu maneh, saka omah-omah ing dhuwur  
wit-witan  
lan impen,u dhewe lumaku tumuju langit

*Jayabaya, 1997*

Hery Lamongan:

## SANGU ELING

layangmu kang tansah dhawuh  
ora leren-leren  
ngentas sapa wae kang sudi ngundhuh  
bagus lan ala kanthi anteng  
kanthi meneng lan seneng

kadya bumi apadene bengawan  
tansah bungah karawuhan sapa wae  
lila dilurug apa wae,  
pawongan kang ora gampang nyacat  
utawa ngroweng dening kahanan krana sih palilahmu  
yekti bakal mapan ing larik ngarep  
jalaran ngerti yen sejatine ora ngerti

*Jayabaya, 1997*

## ILUSTRASI SURUP

srengenge seleh gawe  
anginngereringake ambegane  
dina lenger-lenger sluku bathok  
nglemsemake geger  
manuk-manuk ribut  
cepak kemul lan bantale nlusup  
gegodhongan jinem  
wit-wit lan pang amen  
kabeh sumeleh  
bali marang kajatine titah  
ana wektune bali sawise pasewakan  
lengser sasuwene wanci tinmu  
kabeh mung bakal bisa pasrah  
ana kekuwatan linuwih tanpa bisa....  
nglungkum padhang nggelar petheng  
ngracik nasib  
putih apa ireng

*Jayabaya, 1997*

Gatot Firmanto:

## **DIKOTOMI**

sumpege donya iki tiwas kebeneran, jaremu  
ibut nata kemapanan sing wis panceñ dadi sedyamu  
mangka aku sihku lan kanca-kanca  
cul raga nandhang lungle

*Panjebar Semangat, 1997*

## **MARAK SEBA**

munjung-munjung  
amrih dadi kautaman  
pucuke rambut  
lan gundhul  
ing pasewakan sing tansah panas

gebug!  
sikat!  
tembak di tempat!

*Panjebar Semangat, 1997*

Wahyu Prasetya:

## SUGENG SARE

Ana jrone impen, kowe dadi pakem wayang kulit  
.... titi sonya tengah wengi gandane pusrita rum....

aku ora iso turu  
kowe turu-ketemu impene sapa?  
panguwasa kang angler turune merga kabotan bandha  
utawa sadulur kang nyumpel ana omah papan lan trotoar

sugeng sare, bapak lan ibu – iki katresnanku  
sesuk aja arep-arep kang lelayu  
aku budhal sinau, ajar ngaji lan maca kiprah bangsaku  
urip klawan pati, apa beda?

*Panjebar Semangat, 1997*

Sumono Sandi Asmoro:

## TEMBANG

ing tengahing wengi kang atis iki  
sengaja daktembangake swaraning ati  
jalaran mung iku kang bisa daktindakake  
nalika pethite jagad kumlawe  
nyigar rembulan kang mapan sare

senajan amung sepeda tembang kang ngumandhang  
nanging wiramane ngrabasa dalan pungkasan  
tembang ing tengahing pangumbaran  
dudu tembang pangkur palaran kang isi panantang  
dudu sinom tlutur kang ngemu pitutur  
dudu megatruh kang isi pituduh  
nanging dhangdhing gula kang yuwara duhkita  
duhkitaning jalma kang rinegem dening sukerta  
duhkitaning titah kang kudu mecaki lunyune sejarah  
ing ngendi pungkasane?

Dakenteni swarane jago kluruk ing wanci esuk  
bareng karo mrambate rahina  
tembang ketawang bali ngumandhang ing awang-awang  
mapag srengenge sumamburat padhang ing sisih wetan

*Panjehar Semangat, 1997*

Nono Warnono:

## PITAKON

sapa sing isish dakpitaya  
yen nyatane samirana wus salin slaga  
wus asring cidra ing ubaya  
janji nggawa lagu kamardikan  
jebul mung ngayawara

sapa sing isih kena kanggo pangilon  
yen tlagga wening wus salin warna  
kebak wuh lan maneka wisa  
njejemberi  
nalika bocah-bocah kesda anjingglengi

sapa arep dadi lentera  
yen sitaresmi wus ajeg sesingidan  
jro mega mendhung  
cangkrama ing suwalike aldaka  
kambi buta-butaa

*Panjebar Semangat, 1997*

Tjahjono Widijanto:

## INTERLUDE

Lies Er.

wektu kang digaris udan riwis-riwis ngelingake  
aku marang sliramu  
nalika suku njangkah siji-siji nuruti dalan sapecak  
pasuryanmu nyandhak lakuku  
—”dakkanthi lakumu karo dedongenge Ibu nalika wayah surup”

Bisikmu

ah, ana rasa kapang ing telenge ati  
marang pituture Bapa, marang arum rambutmu,  
uga marang swarane bocah-bocah dolanan  
jamuran ing mangsa katiga

sajangkah maneh bakal bali ing paran  
nanging iki dudu laku pungkasan  
sebab socamu nggiligake tekad  
nyoba bebarengan ngripta lakon kang kawitan

*Panjebar Semangat, 1997*

## BALADA MENAK SOPAL-RARA POSONG

mbeneri rembulan gumlewang lingsir wengi  
menak Sopal gumregah nglilit  
ginugah impen sing nate rinancang  
nedyo oncat nganthy sedulur angkat  
lumayu nggawa ati kapiluyu  
ninggal lebengan labuh gisik Grindulu

Playune menak Sopal keponthal-ponthal  
labuh tresna nggaduhu culika  
ing kупing bali sumriwing  
ucaping adhi angkat kang nyolong ati

-Kakang

aku wis jinajekake dadi kadang anom  
rasa tresna aja linebokake ati  
Kakang Jaka Rejasa wis ngrenggani  
nut dhawuh janjining Paman Petung  
Kakang  
ing Pososng isih akeh prawan kososng.

Menak Sopal mandeng sing lagi meneng  
sinambi ngundha gagasan tresna  
ing pangangen lagi nyandhing widadari  
gilig tekading ati  
ngangsegake tembung pamilita

-benar paturanmu adhi  
nanging tinemune sedulur mung pangakon  
saka Trenggalek adoh ing kono  
lumarapku sangarepe Bapa Posong  
ingkonan dadi putra angkat  
tan ana sambung rapete klawan adhi

Kembang Posong angluh atine  
kalon wiwit mangro tresnane  
sineksen kumriciking kali Grindulu

kedher suwara prawanne:

-Bener paturanmu Menak Sopal  
nanging kawruhana  
kari sawatara dina bakal sinubya  
aku bakal sinandhing ki Petung Putra

Angles atine menak Sopal  
krungu jawabe putri panjuning ati  
kaya dinodhog pulung atine  
ora kuwawa ngedhem ubaling rasa tresna  
kumecap pangatage

-Kawruhana adhi  
wis tetaunan aku mendhem ati  
yen ta adhi ora kuwagang nglanggati  
rila lampus ing dina iki  
gisik Grindulu dadia seksi

Menak Sopal ngunus curiga  
bureng atine seseg dhadhane  
yen ta adhi angkate pupuh nulak tresnane  
ngagar pusaka niyat lampus negat nyawa.

-Wis adhi  
pancen wis pinesthi  
Menak Sopal tinulak Rara Posong  
ing delahan aku bakal ngranti

Kaget Rara Posong  
pusaka kang lumarap dhadha  
rinebut wani  
swara panjelih ngluluh ati

-Kakang  
cupet nalarmu, peteng atimu  
iku dudu bukti tulusing tresna  
kowe ngaku trah Ki Ageng Trenggalek  
yagene atimu ora melek  
yen ta prawan Posong mung niyat njajagi  
sepira tekad sedyamu  
buktekna kalamun Kakang wani njugar  
sadurunge Jaka rejasa ngancik bumi Posong

Menak Sopal njenggirat mbradhat  
ngliga pusaka nyasak petenging wengi  
ngranti liwate Jaka Rejasa pinanganten

kang ginarudug para pangombyong  
tan ngerti tekane bilahi  
satengahing gumuk sepi  
pindha kilating thathit Menak Sopal ngancab dhadha  
Jaka Rejasa ambruk adus ludira.  
gilang-gilang raga pinegat sukma.

Suwara kolik lan tuwu dadi paseksen  
Saka panging kekayon ngluruh layon  
Menak Sopal mesem kelegan  
Oncat saka waliking gumuk pegat  
curiga kang adus ludira  
pinasrahake marang Putri Posong  
kang pinasrahan njegreg tanpa kumecap  
lambe gineget mripat kekembang  
ing pandeleng lintang-lintang jejogedan  
suwara panjelih kawetu dadi dahuru  
-- Kakang  
Katresnanmu mboklabuhi culika  
Rara Posong tiba kapidara  
Menak Sopal ngundha pangangen kang ngrambyang

*Panjebar Semangat, 1997*

W. Haryanto:

## VAS-VAS WENGI

Ana perkutut mabur. Ing urip  
Lan kahanan kang saya miris. Peluru  
peluru mlayu klebat, mbedhah wengi

Apa iki tembang bumi, nalika surup  
Ngilirake langit lan nostalgi  
Saya nestapa, perkutut kuwi ora bisa bali  
ing omahe: Langit.  
Dina esuk mung tlatah kubur  
kangge wektu kang ora dawa maneh.

*Panjebar Semangat, 1997*

## ING KALI WENING

Ing kali wening dakrakit pirang-pirang pang  
kanggo manuk kang kelangan impen  
Donya iki mung udan, lan urip uga wis dadi wengi

Mbokmenawa sesuk ana sacuwil gurit saka  
jantung, saka tetesing luh kang kapendhem  
ing antarane gunung-gunung. Nanging paprangan iki  
durung rampung ing jroning atimu.

Mangka katresnan saya suwe saya digawa  
manuk-manuk wengi  
kang wis dadi tandha, yen udan  
ora bisa kita rasakake maneh

*Panjebar Semangat, 1997*

Hartono Kadarsono:

## MUNG BISA DAKSAWANG

Jenggeleg ing ngarep lawang  
kala-kala thukul rasa kangen  
sing saiki kudu bisa dipupus  
kembang tanjung sing ambyar ning plataran  
mendah yen ana tangan sing marsudi mugar

nadyan kala-kala adreng ngranggeh mega  
wis dadi pepethen yen saiki wujud pangimpen  
kahanan sing sarwa pating blengkrah  
mbebingeh nambahi pating slengkrah

ora cumawis pengilon  
pangakon sing nrambul mbuwang praupan  
canthas ngudubilah setan

esukku, surupku, wengiku  
sing wis kadhung diumbar  
kaundha ora malih cabar

jenggeleg ing ngarep lawang  
rerupan njaba sing pating trawang  
mung bisa disawang

ah, nganti kapan, nganti kapan  
suwene  
dinaku sing wis lungse  
tan wurunga bakal dadi pangece, dadi pangece

*Panjebar Semangat, 1997*

Anie Soemarno:

## CUMEDHAK ING KAMPUNGKU LAWAS

Pinggir ara-ara jembar kang tansah ngrengga ati  
lan ijone suket gegodhongan awor weninge banyu belik  
anyles kanggo angire kebo lan sapi  
nalika sun bali

Nlacak tetembangane bocah angon kae  
Dakselehake jangkah ing pinggir sawah  
Ya, tambak bandeng mung kari sagaleng

:isih sepuluh taun, thole  
kanggo nebus baline  
lemah sapethak tinggalane simbah  
lan idham-idhaman isi bale somah

O bapa kang kelangan pacul karesnan  
jumbuh pasa megeng tangan prakosa  
ninggalake ati bikut cara tetanen  
samengko dadya tumbal topi sarjana  
sing dakregem ing kutha kencana

: tansah cedhak wektu, bapa  
kanggo nebus baline  
nalika gegayuhanku wus nyampe  
ing tuk gegadhangamu marang putra lanang

*Panjebar Semangat, 1997*

Sri Em Yani:

## ING PAPAN PELANYAHAN BONG TRENGGALEK

Nini, guyumu gutah ing seselaning rob segara madu  
Jemparing mbok lepas saka gandhewane  
Nini, isining donya apa isa nyakup ajining sih suci  
Rohmu tanpa kiblat Dewa Kama  
Nafsu kelangan rasa pangrasa  
Kakang numpang ing Kunarpa tanpa sukma  
dhuh Nini  
apa sing mbok enteni  
de洛ken rembulane mancik panglon  
aja ngutahne guyu, yen atimu klawu  
rembulan sacuwil iku ngajak bali  
ing pangkone gusti

*Djaka Lodang, 1998*

Sumono Sandy Asmoro:

## ANGINKU

Anginku wus katundhung saka susuhing napas  
trengginas mbukak dhadha  
nyingklak lakune mangsa  
ngulandara ing baweraning lelakon

Anginku wus katundhung saka susuhing napas  
wus rampung kewajibane  
nyetir iline getih  
amung marang jantung  
ninggal sagalintir panyuwun  
mangsa borongga nyawijinedaging lan balung

Anginku wus katundhung saka susuhing napas  
sowang-sowangan  
muga bisa ketemu ing kalangane rembulan

*Jayabaya, 1998*

Hery Lamongan:

## **AWAN ING PESISIR**

marang: titah rahayu

lagi awan lagi mumbul sakemiren iki banyu  
pesanir nampa tekane prau-prau  
katebihan saking tasikharjo kang sepi  
katon lunjak-lunjak  
ombak segara lumebu ing kedheping panyawang

tumekane iki jam isih gilir gumanti  
wong-wong dolan ing sandiwara utawi  
arek-arek sing padha dadi ayam apadene bebek  
kodya ombak ambyur ing reget gisikan  
penthalitan amburu mare, tanpa maelu pager wates

nadyan dumadine pamatan pancen kanggo digawe  
utawi dilepeh  
ning tansaya akeh pawongan ngokop asine kanikmatan  
nganti tansah katelak nganti ora eling  
marang gisik utawi pesisir, garis antarane  
luput lan bener

ing sapa kang ora mari-mari ngentekake dhiri  
dalah jiwané kanggo sahwat lan nepsu setane  
ing tembe tiba getune  
ing nalika wus angslup srengenge wus nggoling  
segarane  
krana sapa saiki nandur ala menc bakal panen ala  
awan ing pesisir, iki gambar kaya wus kacithak  
cat katon cat ilang ambal-ambalan

*Jayabaya, 1998*

W. Haryanto:

## LAYANG KANGGE ZLATA

Apa kang saktemene  
diributake ing tengah  
paprangan, urip utawa kanisthan

lemah saya suwi saya garing  
gegodongan wis dadi watu,  
lan srengenge kelangan  
pasuryan.

Apa kang saktemene  
direbutake ing tengah  
paprangan, apa mung impen-impel  
kaya gendera kang ora  
diadegake sapa-sapa

*Jayabaya, 1998*

Sugeng Wiyadi:

## NONTON WAYANG

wayang simpungan  
geneya tansah unkur-ungkuran?

kojahe ki dhalang  
wis dadi pesthine jawata  
pandhawa satru kurawa  
satriya tama mbengkas laku cindhala  
kojahe ki dhalang  
ireng lan putih silih ungkikh  
nyata santer ilining getih  
kojahe ki dhlang  
gelare pakeliran dadi pralambang  
pakartine manungsa ing alam padhang

nyawang jembare pakeliran  
nyipati trekahe para paraga kiwa  
tindak culika cukat jumpalikan  
rembug manis sinusupan wisa

nyawang jembare pakeliran  
sinungging cetha wewayangan  
paraga wayang dudu sapa-sapa  
aku lan sliramu sayekti batih sajuga

wayang simpungan  
geneya tansah unkur-ungkuran?  
nonton dhagelan  
geneya kudu ngguyu ger-geran?

*Jayabaya, 1998*

Bonari Nabonenar:

## TRESNA TĀTU

sing dakgembol iki tatu runtumurun  
wiwit jaman kalabendu  
sing daksangga iki dosa runtumurun  
wiwit jaman kataidha  
tumbak sing mbedhah dhadhaku iki tumbake satriya  
mendem menang  
dudu tumbake wong agung ngeksiganda  
dudu tumbake janaka

aku iki tresna sing lagi ketaton  
sapungkure baratayuda  
sing dakgagas: kapan baya aku bisa nembang larasmara

*Jayabaya, 1998*

Es Danar Pangeran:

## **PIWULANG SAKA SEMUT**

piwulang saka semut kae wus tetep dadi mutiara  
nggo jatine kuasa kukum jaman neki  
yen angin arep gumanti  
srengenge nora manjer ing akasa  
-kudu surub ing pangkone  
jangkane muter ing cakra manggilinga  
ya praja semut kang aweh gegambaran  
tumata  
permati  
aweh wewatan angger-angger urip lan pati

piwulang saka semut marang kanjeng Sulaiman  
minangka weninge tirta pangilon  
yen hawane sajak pengin gumanti  
metungi kapitunan-kapitunan cara panawakan  
lan saya aneh tetep sedya didhadhani kanthi esem  
manis  
-ah, mangsa wurunga piwulang saka semut  
ing tindak lamis  
yen arep ana tekane lindhu, kelakon  
ampak-ampak kamurkan  
lan ontran-ontran  
aja ndadak gawe pitakon?

*Jayabaya, 1998*

Tjahjono Widarmanto:

## **SAWANGEN LANGIT KUWI, MEI!**

sawangen langit kuwi, Mei!  
langit kang wis koncatan mripate srengenge  
uga mangsa kang kelangan arah kiblat lan playune angin  
uga ebun kang ora sudi maneh ngaras pucuke suketan

sawangen langit kuwi, Mei!  
sawangen, ana rembulan kang njongkeng kawibawane  
srengenge  
mawar kang wus kelangan arume kembang  
uga ebun kang wegah badhar dadi kupu

waspadakna kabeh kuwi, Mei!  
sarwakna kabeh kuwi, Mei!  
sebab, kudu ana sing gelem dadi saksi  
nalika manungsa wis kelangan tresna  
nalika para bapa biyung wis dadi vampire  
tega ngucup getihe anake dhewe,

waspadakna kabeh kuwi, Mei!  
sebab, kudu ana sing gelem dadi seksi  
  
lan sliramu kudu saguh dadi seksi, Mei  
waspadakna lan jarwakna nganggo ukara-ukara guritmu!

*Jayabaya, 1998*

Fadjar Aditya Hidayat:

## **PAWUHAN DADI PASEBAN**

najan reged tumpuk undhung  
sinawung mendhung tumlawung  
pawuhan isih iwut katata  
dadi paseban  
saba marang rembulan padhang  
seba marang srengenge angadhang  
bocah cilik-cilik manganggo kucel  
bayi-bayi cilik nangis bareng  
mbentuk lagu singir panalangsan  
urip pindha cacing  
nesepi barang-barang buwangan

ana kang isish eling  
luwih mulya seba ing pawuhan  
tinimbang seba ing pandhana kencana  
nanging kebal duratmaka!

*Jayabaya, 1998*

Anie Soemarno:

## ULEM-ULEM

ora ana pista  
nanging sliramu kudu teka  
ing ndalem kahanan prihatin  
pedah apa kabar angin

mengko sisihanku bakal nyuguh  
sliramu mesthi durung weruh  
rasane panganan dhek jaman perang  
ngrebut kamardikan

muga-muga kita nuli padha nggraita  
gedhe cilike pangorbanan  
ora merga kepencut drajat lan pangkat  
kejaba mung padha andhadha  
lara lapane rakyat

ora ana pista nanging sliramu kudu teka luwih prayoga karo  
sisihanmu  
kareben saya gayeng  
ing ndalem kahanan prihatin  
kita andum pengalaman batin  
sisihanku uga melu  
ngantu antu tekamu

*Jayabaya, 1998*

J.F.X. Hoery:

## KEMRUNGSUNG

Rembulan tuwa wiwit gumlewang  
subuh tinabuh mapag langit jingga  
ngiring tebane bun esuk  
tumapak jangkah ing selaning donga pasrah  
ngujudi jatining panembah

nalika ati bali ngancik bumi kelairan  
kang tinemu isih panggah sepi  
nanging tetep ngranuhi ati

*Jayabaya, 1998*

Eko Y. Purnanto:

## ISTIQLAL (2)

sepisan maneh ing penganggo muslimah kuwi  
angin saka ngendi sing ktrasa sumilir  
banyu saka ngendi sing tumetes  
ing bathuk mrambat urut iline getih  
apa saka mega putih kumleyange kapang iki  
nlusup ing marasku

sepisan maneh katresnan ngajak bedhamen  
kaya anylese marmer ngelus dlamakan  
nanging ana rigendi kudu daksigidake cuwa  
bolabali teka bolabali mara

sadawane srambi  
sabenere tansah kepengin njola  
sapa kae ngulungake drjjine  
ngajak kekanthenan  
nglaras katresnan-Ne

*Jayabaya*, 1998

Budi Palopo:

## GONG TINABUH

sun tabuh gong jiwangganira  
kanthi bonggol pranatan kang  
tansah kakempit dening kelek kadang-sun dhewe  
sun tabuh gong jiwangganira  
nganti srengenge mlethek mbebunar  
mripat lawa kang nedya mburu mrutu-ne  
sun tabuh gong jiwangganira  
amrih asu ajag leren jugug ing dhadha  
amrih gur swarane.bisa dhawuh sabda ngalip sasada

gong tinabuh  
minangka tandha sun jumbuh  
mring kahanan tan ngemu owah gingsir

*Jayabaya, 1998*

Indra Tjahjadi:

**SEBAB, ISIH ANA RASA KANGEN IKI NIMAS**  
kanggo Luska Vitri

sebab, isih ana rasa kangen iki  
nimas kaya gerimis kang nyempal  
langit uga mega kang mecah  
srengenge lan bocah-bocah kang nelusup  
ing tengah gegodhongan wengi  
nalika dalan saya sepi, lan sliramu  
ora surut dak wernani

*Jayabaya, 1998*

Nono Warnono:

## BOCAH BAJANG

bocah bajang linair kebak panandhang  
wola-wali kedharang-dharang kapiadreng marsudi  
wuwuhing kawruh kareben kecenggah ngranggeh lintang-lintang  
kekencar ing biru langit lazuardi  
sekawit nora nggraita yen angin jaman tumiyup santer  
mendhung angendanu asring kekiter kadidene panodhi  
sajuge laku lekas

bocah bajang duk linair wus kelangan kamardikan  
tangan keblenggu sikil macal gelis cinancang  
pandawa-pamrayoga sinengguh pambalela  
lan enggal diagari pedhang kamiweden  
mung kuwawa nangis sesengguhan  
ing antarane gumerah guyu lan solah jejogedan

bocah bajang wus linair ing atmosfer globalisasi  
ing ngendi kanyatan ala lan becik datan kawistara  
miwah salah-bener nora nana garis prabeda  
bocah bajang suntrut tumenga mulat asunyatan kang tinemu  
ing sela-selane sikil-sikil buta nganglah njekak jumangkah  
ngoyak bekakak

bocah bajang jajal diwelge piwulang jaman  
ngenani wigatine kolusi nyamleng korupsi tumekeng kalu kooptasi  
ajar ngrantam gurit paekan kareben damang  
mungguh kepriye weriting ngaurip kudu linakonan  
nalika ulegan bebrayan kebak topeng-topeng kemunafikan  
nalika bapa biyung wus ora aweh wigatine rasa pengayoman

bocah bajang adreng menteheng langkap kesaguan  
sinurung sedya makantar nemah laku bebadra  
tan mawang bakal menang apa kapracondhang jer kapitayan  
wus jero rumasuk yenta tumorehe kodrat wus tinulis  
ing sawiji garis kawicaksanan

boicah bajang tanpa panggresah legawa pasrah manembah  
ngrepal leksa pandonga murih jagat isih semanak  
yen saiki bacingah antuk kalodhangan bungah ngumbar kadurakan  
marma jaman lumaku cakra manggilingan  
sesuk srengenge bebener bakal sumunar padhang tетrawangan

*Panjebar Semangat, 1998*

Sugeng Wiyadi:

## **GEDHANG KLUTHUK**

gedhang kluthuk sadhapur  
ngelingake biyen sapa sing nandur  
pekarangan wingit sepisanan dipanggoni  
mbah irogeni tukang pandhe wis wargi

gedhang kluthuk suluh satundhun  
ngepasi tekane dina riyaya  
sanak kadang lan para sadulur  
lungguh jagon padha kumpul  
mangga paman, mangga bibi  
gedhang kluthuk iki dirahapi

manise gedhang kluthuk  
adhuh yayi, isine mrusuh keladuk  
neng weteng rasane sinuduk-suduk  
nanging sapa sing ora ngawuningani  
krana dgedhang kluthuk mateng iki  
balung pisah bali nyawiji

*Panjebar Semangat, 1998*

Sugeng Wiyadi:

## **PELEM GADHUNG**

kaya ora sranta  
ngenteni tekane mangsakala  
pelem gadhung metu kembange  
dhedhompolan pentile  
pating grandhul uwohe

pelem gadhung ngrembuyung  
dadi tamba ati liwung  
pisambat adhuh biyung  
pelem gadhung sing tetulung  
nalika sawah keblebeg udan  
tanduran pari ambruk keleban  
kebacut bosok ra enak dipangan

pelem gadhung, pelem gadhung  
yen mangsane wis kliwat  
dina-dina lumaku tanpa krekad  
ngenteni jumehdul kembangmu  
rinasakake suwene mawindu-windu

*Panjebar Semangat, 1998*

Sugeng Wiyadi:

## SANG AKU

ngrumangsani nduwe kaluwihan, dhadha kemrungsung  
tanpa pakewuh mitra karuh ditendhang  
ati ngangseg adreng ngedhangkrang  
ora ana singluwih mulya kejaba sang ingsung

mider turut lurung nggawa trumpet  
trat-tret, trat-tret, trat-tret  
ing trotoar jejelyel wadyabala monyet  
ndeleng tontonane sang aku sing njlonet

Ian sangaku sing lagi manggung  
weruh penonton sing ngguyu kepingkel-pingkel  
tandang grayange sansaya gemunggung  
ora ngertiya bisa kejungkel yen lena

wadyabala monyet surak mbata rubuh  
nyipati sri panggung kejungkel kelara-lara  
genti jejogedan tanpa ewuh pakewuh  
ora pamer pangece, mung saderma wara-wara

Ian wara-warane katampa seje  
sangaku rumangsa diece  
nanging panyaruwane ora payu sa-ece

saiki sangaku lungguh sendheku  
sirah krasa ngelu ora ana sing nyana siku  
mitra karuh welas, sangaku marikelu  
kamus sangaku sang ingsun cabar kabunthel kethu  
sing kari mung lambe sing mecucu weruh kertu

*Panjebar Semangat, 1998*

Sugeng Wiyadi:

## NALIKA NAMPA PARIWARA

kitir sing tau mbok-aburake  
temangsang ing tangan  
wis kaping pira ya,  
aku lali milang driji

ora kober kojah  
kecingkrangan sing tau mbokdhadha  
kamulyan sing tau mbokusung  
luwih kesrakat pepriman ngisor kretek  
luwih mulya konglomerat ngedhangkrang ing meja

kanyatane  
kacingkrangan lan kamulyan mono mung gebyar paesan  
samangsa gebyar musna banjur apa abamu?  
Samangsa paesan ilang, nglegana awak kita  
ndremimil ing petengan, arep noleh menyang sapa?

wis kaping pira ya,  
aku lali milang driji  
pangresula apadene kabungahan sing mbokdhudhah  
kabeh mau ndesel-ndesel ngremuk rempela  
kabeh mau tumanjem ing pulung jiwa  
dakjarna cak ben kojah dhewe-dhewe  
pandome laku lan ucap paesan  
wus daktampa lan dadi sangku  
kita mlaku dhewe-dhewe

apa abamu?  
sapa pandommu?  
ora perlu kasingidake  
nambahi sesanggan, nambahi mala  
kita sumarakake, kadhangkala!

*Panjebar Semangat, 1998*

## CILACAP

isih panggah bae  
ombak alun oyak-oyakan nyisir pesisir  
ambyaar ing sungapan kali Donan  
kairing gumuruhing bolduser ngremuk Nusakambangan  
kang aweh pratandha ajuning jaman  
kanthi wadal  
rusaking alam lan lingkungan

Prau-prau nelayan wira-wiri  
ora preduli anane abrasi  
tur bisa uga pancen ora ngerti  
apa malah sabenere ngerti nanging ora preduli?  
senajan kang kacandhak mung teri  
nanging wis cukup kanggo bukti  
ngujudi kasetyan

nalika kali Donan rob  
karang pesisir aweh pepeling  
apa bumi iki kacipta kanggo ndhedher keangkuhan?  
wulung laut saka waliking cakrawala  
nanjihake kabar saka mercusuar  
apa isih teteg ngenteni ndharate konting kasilir

*Panjebar Semangat, 1998*

## DAKSESENI

daksekseni  
kumlawune tangan kuwasaMu  
pindha gegodhongan lan elung tumiyung  
similir rasa bedhamen  
sidhem ing bumi  
tentrem ing langit

yen ta ana seserik  
dadekna ati iki obor pepadhang  
yen ana perih getiring pangina  
tresna asihMu dakganduh  
adia sawuring pangapura  
yen ta nganti ana thukuling sulaya karep  
dakrengkuh keblating panguwasaMu  
adia sesirep kang mantep

tekane panglipur  
mung kari ana luhuring kidung Mu  
kendhanging panandhang  
mapag mengane lawang karahayon  
karana lumunturing tresna asih  
kang tumumpang kumlawene kuwasaMu  
daksekseni

*Panjebar Semangat, 1998*

Sumono Sandy Asmoro:

## ING SAWIJINING WENGI

aja disengguh keturon  
pancen aku sengaja turu  
ing kene bakal dakrakit ewoning pangimpen  
sawise sedina natas mbiyaki wangine rambutmu

menawa kledhangku ngoncati ayang-ayangmu  
aja disengguh kanji lelakone samba juwing  
lanange jagad isih mageri langit  
nalika lintang panjer rina kobong  
kapletikan genine tukang pandhe  
kang lagi yasa keris tiron

aja disengguh keturon  
pancen aku sengaja turu  
bebarengan karo tumetesing bun ing plataran  
dakrakit sapada tembang panantang  
kanggo mbukak lakune dina  
kang tansah sinaput mendhung lelimengan

*Panjebar Semangat, 1998*

Nono Warnono:

## BANYU KALI

aja ndadak ngimpi kasembadan bali mrangguli  
swara-swara kumersisik harmoni alam ajeg gawe kangungunan  
nelesi lemah lemah garing uga maring pakulitane prawan padesan  
ciciblon gegojegan mardika

aja ndadak ngumbar pangangen kapang marang alam kang  
sumandulu  
kabeh padha nggegegi panemune sowang- sowang nora mawang  
tegese kekadangan

datan prabeda kambi kali kang ndhisik mili sajroning ati  
ajeg wening tumuju samodra iman tanpa wewangenan  
saiki wus garing kesawaban geni kawengisan  
kebak langes ireng njanges

*Mekar Sari, 1999*

## PANGLENGGANA

apa kang isih digagas kaangkas-angkas  
jer kalamun winawas kanthi menebing tyas  
laku-lakas bisane kasembadan hamung kerana palilah  
gusti kang maha

welas  
pangupaya mungguh jinangkung ancas  
becik samadya slaras kambi kesaguhan kang sinandhang  
marma werdine ngaurip sejatining kamulyan  
tan winates mring gebyar panyawang satleraman walaka  
lan wigati kaayati wewangson  
mangan kanggo urip dudu urip kanggo mangan

*Mekar Sari, 1999*

Nono Warnono:

## ALAS JATI

nyekseni kasetyanmu nglakoni tugur  
ngelingake para wali anggone tapa gentur  
kaya wis dadi pesthining kodrat  
kacep ing bumi, donga ndedel ngawiyat

alas jati bebanjenengan  
binelah dalan enggak-enggokan  
ing wengi-wengi peteng lelimengan  
sapa sing tatag blusukan?

alas jati alas jati  
cinathet jroning sejarah: kakek moyangku  
tekun anenandur tanpa rasa sayah  
awit pineksa penjajah

alas jati o, alas jati  
lamun ana palilah kanggo tambuh  
coba wangsulane, aku kepengin weruh!  
geneya wong nandur orà wenang ngunduhuh?

*Jayabaya, 1999*

Sugeng Wiyadi:

## **WIRID SONTOLYO**

sakehing tenung sontoloyo  
sakehing jengges sontoloyo  
sakehing santhet sontoloyo  
sakehing gendam sontoloyo  
sakehing pengasihan sontoloyo  
sakehing pengapesan sontoloyo  
sakehing panglemunan sontoloyo  
sakehing balak sontoloyo  
sakehing mantram sontoloyo  
ber-aber ora pasah  
dening kersane allah

*Jayabaya, 1999*

Sugeng Wiyadi:

## SINGIR KOWAR-KAWIR

sonya ruri kenthong titir  
wir kowar-kawir  
kelap kelip wayah nglilir  
wir kowar-kawir  
ati samenir kumitir-kitir  
wir kowar-kawir  
angen-angen kabur sumampir  
wir kowar-kawir  
gliyat-gliyut aluring pikir  
wir kowar-kawir  
mulur mungkret iku dawir  
wir kowar-kawir  
ngilak-ilak segara pasir  
wir kowar-kawir  
nyata ngremit garising takdir  
wir kowar-kawir  
sakehing kanyatan perlu tafsir  
wir kowar-kawir  
wir kowar-kawir

*Jayabaya, 1999*

Sumono Sandy Asmoro:

## LANGIT

wus abang rupane langit  
parandene kedheping mripat  
durung tanggap sasmitaning jagad  
pijer nyawang awang-awang kanthi kebak  
panantang  
ingmaka langit wis tanpa awer-awer  
tanpa cagak lan gantungan  
abange mripat  
abange langit  
sumamburat ngutahake panyuwune jagad  
supaya enggal karuwat

*Jayabaya, 1999*

Sumono Sandy Asmoro:

## KITIR SAKA PAKELIRAN

sadurunge aku wis ngira  
sliramu mesthi bakal cuwa  
sawise jenengku dak ganti rahwana  
nuli nggonjak wara sintia  
dudu karepu yen kepeksa ngrusak  
pager ayu  
jalaran ramawijaya uga wis cumanthaka  
tiwikrama malih sugriwa  
mrawasa dewi tara  
widadari randhane subali  
mula yen kowe kepengin dhamang  
aja nyawang kuwandhane wayang  
jalaran kothak lan pakeliran tanpa lawang  
kabeh paraga gampang ganti sandhangan  
rahwana, sugriwa, utawa ramawijaya  
bedane ora ana  
kabeh jangkahe  
manut tangane dhalang kumlawe  
  
wayang amung saderma wewayangan  
yen kepengin golek pangilon  
entenana tancep kayon

*Jayabaya, 1999*

Sumono Sandy Asmoro:

## GENDERA PUTIH

senajan gendera putih wis kinerek  
nanging pangakake gumuyu  
isih ngemu panantang  
anggonmu pasrah bongkokan  
ndhadha sakehing kaluputan  
jebul amung sawijining cara  
kanggo kridha  
kalamangsane kiwa tengenmu  
katrem jroning pangangen  
sawijining bukti  
sing ora bisa kok selaki  
senajan kowe ngaku mentas raup  
banyu bening  
nanging tanganmu isih blundrah getih  
kang kutah saka raga-raga ringkih  
kang kok anggep panjilmaning tunggakan kemladhih  
apa pancen gendera putih  
saiki kudu ditegesi banjir getih?

*Jayabaya, 1999*

Bonari Nabonenar:

## BALA DHUPAK

saupama aku lan sliramu mung saderma nonton  
entuk ora melu kentir ing lakon  
mendahneya senenge bisa keplok bisa surak  
bisa ngguyu lakak-lakak  
saka walike kelir  
alun-alun ngastina kesentrong sorote blencong  
sri narendra narapraja tamtama lan kawula  
atine padha kobong saupama aku lan sliramu mung saderma  
nonton  
entuk ora melu kentir ing lakon  
--sangsaya ruwet sangsaya ora juntrung  
ampyak awur-awur  
  
wus bejane awak kang  
dadi kawula bala kedhupak kepidak-pidak  
sing kepenak ya sing dadi dhalang

*Jayabaya, 1999*

Bonari Nabonenar:

## CANGKRIMAN PARIKENA

(1)

dudu dewa dudu ratu  
satriya dudu wayang  
wong!  
dudu bocah bajang  
dudu wong sukerta  
teka nawu segara  
nggulung langit  
nguntal rembulan  
gunung  
pabrik  
bank  
lan real estat  
sapa iku  
yen dudu buta?

(2)

sengkuni dudu drona dudu  
dadi janaka janaka palsu  
ngaku kresna ngawu-awu  
sapa iku  
yen dudu aku?

Jayabaya, 1999

Nono Warnono:

## TAMBA

genah iki pil pait tamba sakehing penyakit  
kudu enggal diombe sakawit  
yen kongsi kasep tinemu werit  
lan iki pil panglenggana  
obat nyandhet angkara murka  
sumarah mring tumorehing kodrat-irodat

terwaca iki jejamu  
kinarya ngreksa kasarasan raga  
kalis ing sawernaning lelara  
lan iki ana jejantu ati  
nalika kesandhung maneka pacoban  
sabar linakonan

iki kapsul pait bratawali  
kanggo tamba maneka lelara  
kang rinasa sajroning dhadha  
lan iki kapsul wigati  
kuwawa ngleremake gorehing ati  
yaiku donga lan pamuji  
rinasa edhum ing sanubari

*Jayabaya, 1999*

Nono Warnono:

## DZIKIR

apa isish piguna yen sesumbar kesombongan adreng sumebar  
keblat uger sininkur kemunafikan sumawur amba tebane  
netra iman tansaya miyar miyur  
manoni warna kasunyatan semu alang ujur  
lor kidul ngisor apa ndhuwur blawur

apa isih wigati lungguh tewajuh tafakur  
ngrapal donga nyadhong lumunturing sih sajuga aksama  
kanggo sapa?  
paradene ing perangan liya padha adreng adeg brahala sinamun  
disembah-sembah rebah asung ubaya luru pangalembana  
datan metung kanan-kering kesimpar kesandhung  
lan tangis sesambat pating bilulung

apa isih perlu bumi kiyi dirungkebi mawa reroncen waspa  
anjamasi rereged jejember dosa-dosa ing rananggana  
kuwawa nyandhet silih ungkihing pancakara?  
apa linuwih prayoga gelis kinemulan kembang semboja  
kinukul bali marang kang murba-misesa

apa kudu ngucap syukur  
sadurunge sawegung gumelar sigra kinubur

*Jayabaya, 1999*

Widodo Basuki:

## ING SARASEHAN

kanggo sapardi djoko damono

kayadene cebloke banyu udan  
mesthine aku lan sliramu ngeli, tumiba ing tritisan  
ngisi potpot bougenvile sing ora  
kepengin ngarumake gandane

ketemu ing saben sarasehan  
dinadina rumeksa ing abure angin  
tan kuwawa ngobahake pang pang lan godhong godhong  
aking

kayadene kumleyange mega mega kekalang  
mesthine aku lan sliramu ora mung pamer sembur  
sokur sawur lan ndadekake udan nyiram lemah cengkar  
dimen uritan wiji wiji ing mburitan kae  
bisa tuwuhan who

kayadene dharmaning ombak-ombak sunglon  
mesthine aku lan sliramu ora bakal waleh ngaras pesisir  
ora mung dadi pawongan kang bisane nyawang  
tan gumregah asung tetulung  
nalika prau iki kompal-kampul tanpa layar

*Jayabaya, 1999*

Widodo Basuki:

## AJA DICANDHET TEMBANGMU

aja dicandhet tembangmu, prawan cilik  
kebakana jagad iki nganggo langgam kaprasajan  
guyu lan tangismu  
kareben segara eklas mengku lelakon getir  
lan tetep putih warna sajroning pikir

aja cinadhet tembangmu, bujang cilik  
gerongana tembange jaman iki  
nganggo kidung asmaraning ati  
kareben kembang-kembang ka e terus mekar  
lan mengko bengi kena kanggo nyawuri klasa  
sing digelar ing tengah latar

aja dicandhet tembangmu, o, anak-anak jaman  
senajan kayangane abot sesanggan  
urip ing jaman kamardikan

*Jayabaya, 1999*

Sumono Sandy Asmoro:

## DAK TANDUR SEPIKU

Daktandur sepiku  
ing wengine kuthamu  
sinambi ngrakit pupuh-pupuh tembang  
pangruwatan  
sawise sedina natas tan bisa tuntas  
njarwakake maneka-warna  
sasmitaning kidung-kidung pamothahmu

Daktandur sepiku  
ing wengine  
kuthamu  
papan wingit kang kebak panganggit  
muga kok lilani  
aku nyungging lembaran-lembaran lungit

Daktandur sepiku  
ing wengine kuthamu  
sinambi manekung puja  
ngenteni tekaning tengara  
kapan gagat rahina  
ngutahake bun-bun tresna

*Panjebar Semangat, 1999*

Sumono Sandy Asmoro:

## KANGENKU

kangenku daksawatake menyang  
awang-awang  
kareben disaut dening angin wengi  
njur dibiwarake menyang sarandune  
jagad  
yen rasa tresna wus lunga  
saka bumi kinasih iki  
sing ana mung kari klonthokan  
pangarep-arep  
keli campur karo larahan ing kali  
kang banyune kebacut abang  
begjane wong kang lagi mancing  
bisa nyipati wader-wader nyabeg  
samangsa pamothane rasa kangen  
ngentirake pitukone  
marang sapa bae kang butuh pitakon

*Panjebar Semangat, 1999*

Sumono Sandy Asmoro:

## TEMBANG MASKUMAMBANG

Tembang maskumambang  
alon ngumandang ing awang-awang  
ngiris-iris ati lanang

nalika rembulan ndadari  
kang tansah dakanti-anti  
mentala nyidrani janji  
tembang maskumambang  
saya kenceng mbanda ati

nganti wengi sansaya sepi  
sansaya atis  
nganti lintang panjer rina  
mesem, kekidungan ing awang-awang

tembang maskumambang  
isih terus ngumandhang  
cakepane saya gamblang  
saya ngreruji ati  
nganti aku lali  
saiki awan apa bengi

*Panjebar Semangat, 1999*

St. Iesmaniasita:

## KABAR GOMBAL

Kabar gombal lagi pasaran  
pawiyatan lembar-lembar kacurangan  
kabungkus sutra jingga  
jingganing rasa kang nyolok mata  
tinali lajuran gagasan slenca  
dipajang semu nantang isi ngimpi enang

Apa wis ucul sakehing wewanti  
pitutur adi pituture leluhur wingi uni  
aja kowe wani dora  
langkahmu isih dawa tebane  
aja kowe wani culika  
dimen laku ora abot sanggane  
Apa wis ucul sekathahing pitutur  
saka ugeman saka regemantanganmu  
merga gebyaring lampu-lampu kutha  
merga gemeredeging kesibukan donya  
kang kaisi prahara gumanti prahara  
Kabar gombal lagi pasaran  
dagangan pawitan lembar-lembar keserakahan  
pituwas apa kang kajangka  
saliyane tumpukan bandha lan arta  
bungah weruh kisruhing warga kang kadhung ketlikung  
endining tali lajuran gagasan agung  
tibane ngundhuh kleruning pangira  
senajan tembene ngosik awas waspada

Sapa nyana sapa ngira, mitraku  
kabar gombal bisa rame pasaranee  
dagangan pawitan dhesas-dhesus apus-apus  
amit-amit nuwun sewu  
jebul aku dhewe melu nuku  
jebul aku dhewe melu udhu

*Panjebar Semangat*, 1999

St. Iesmaniasita:

## TROSOBO

rasane ana kang kari ing desa iki  
Apa sabak apa grip bhibitku sekolah dhisik  
apa golekan kayu kawitan paringane ibuku  
rasane ana darbeku kari ing desa

diwiwit garitan grip salumahing sabak bungseng  
nggambat aksara, tembung lan ukara  
nggambat angka-angka  
dhuw sapa ngira sapa ngira  
aksara malih angka  
angka bisa njilma dadi aksara  
dakgambar dhokar kebabing montang-manting  
jaran larat-mlumpat lumayu rikat  
jaran kang njigar-mbandhang nyongklang  
medhal nglawan jiretan kendhali  
dadi lukisan nyalawadi  
lukisan kang nggegiristi ati  
kasaput aris ngendikane bapakku blaka  
-patoge upaya ana ing pandonga  
ora ana liya saliyane pandonga  
sumarah marang Kang Maha Kuwasa  
dakucapna panyuwun slamet  
tembus bumi tembus angkasa  
padha sanalika si jaran kang larat  
mandheg lan tumenga  
aku lan ibumu tenan tinemu slamet

rasane ana kang kari ing desa iki  
trosobo dalan amba anjog desa Kluthuk  
tlatahku dhek cilik ajar sepedhah  
jogedan antarane gamelan pelog lan slendro  
bandulan nasak edhume godhong jambu pelem madu  
playon guyon ngiteri plataran bawera

*Panjebar Semangat, 1999*

Widodo Basuki;

## LELAKU

geneya kudu oyak-oyakan  
yen tundhone mung kudu  
antri, nunggu kompal-kampule kapal

kanyatane aku lan kowe ora ana  
bedane, padha gumanthung tumpangan  
ora ana kang wani kumalangkung,  
ngungalake dhadha  
jalaran lelaku padha  
: tundhone melu gumuruh  
lamun bendhe tinabuh!

geneya kudu angluh  
yen uripe mercusuar  
mung ndamar mancung  
nggeret ati cupet

tumuju pulo-pulo seje  
nganti ngentir mili ngeli  
nyabrang samodra bawera  
nurut dawane wengi

papan kang kudu dituju  
tansah samun dinutu  
lha njur apa bedane  
sesuk apa saiki bae!

Bali,  
geneya iline prau ing getihku  
nuju getihmu?

*Panjebar Semangat, 1999*

Hartono Kadarsono:

## DONGA – DONGA

Ing sadawane wengi-wengi natas  
ngumandhang aluning donga  
kaderes liwat lathine bapa tuwa

saka langgar kampung si bapa ajeg nderes ayat-ayat suci  
nanging dheweke ora mangerti  
donga iku kanggo sapa

si bapa tanpa keluwarga, tanpa anak putu  
ora mangerti kanggo sapa donga-donga iku  
sing dimangertenî wektu iku wayah wengi  
wektu paling apik kanggo nderes donga

si bapa ora ngerti ana ngendi pusarane bapake  
uga ora ngerti biyunge disaraekake taun pira  
lan lonthang-lanthung tanpa gondholan lan digondholi

lan donga-donga iku  
mbokmanawa kanggo dhiri pribadi  
nanging uga ora yakin yen donga iku kanggo awake

donga ing sadawane wengi natas  
kakumandhangake  
nalika ati wening  
lan si bapa yakin  
in ati wening thukule niat-niat apik  
pengarep-arepe  
donga-dongane tinampa ing asta-Ne Gusti  
nanging ora mangertenî donga iku kanggo sapa.

Medium, 14 Februari 2000  
Jayabaya, 2000

R. Djoko Prakosa:

## GURIT PENGANTEN

Gus,  
Wus ora ana maneh kembang pinangka  
Renggane panglamar  
Gus,  
Raden mantri sumpingane kembang mathi  
Kembang lentha-lenthu  
Kabeh dadi suradhadhu turu nggeget untu  
Nglalu  
Penganten sore tindak nglangke  
Prawane dadi bangke  
Lero-lare  
Penganten sore ngembang bangke  
Nilas udan  
Nilas ketiga  
Kelangan mangsa  
Ya,  
Taunana windahana nilas udan tanpa ketiga  
Tanpa udan tanpa ketiga  
Penganten sore ngrabi bangke  
rabi bangke

(Surabaya, 24 Juli 2000).

Jayabaya, 2000

W. Haryanto:

## GONDOMAYIT

suket-suket saya dhuwur lanmgit mati  
Agin sinawang galak  
kaya manuj gagak  
Banjur aku kelingan yen ana donya ing tengahing pendhut  
dununging kaendahan saka urip  
Ing sawijining dina ana paribasan kang katingal ijo kaya  
alas  
kaya arum kang wutah saka lambene kendhi  
mujudake alaming lelembut  
Kelingan maneh marang sakabehing tumindakku kang ala  
Aku kadlurung lan nelangsa Uga kaendahan saka  
eseme wulan  
ing pangrasaku kaya nebarake arum sangit  
Langit tetep mati. Klambi kang dak sandhang dadi kebak  
kanistan  
kebak angin kang sinawang galak kaya manuk gagak

(2000)  
*Jayabaya*, 2000

Widodo Basuki:

## NYAWANG PRAUNE ANAKKU

:abim lan dhika

Wiwitane mung kemambang ing kolam ngarep omah  
Suwe-suwe katiup angin  
Njur lelayar ngunggahi langit  
Bapak, iku prauku!  
Kandhane anakku karo gumuyu  
Aku manggut-manggut ngiyani  
Nadyan ora mangerti

Ora suwe prane digeret mendhung  
Nrajang angin gumulung  
Nembus dhuwure langut  
Anakku gumuyu  
Le, apa ora wedi ing kana ana “hantu”?  
Anakku saya ira maelu  
Le, apa ora wedi praumu kemelipen, terus cedhak  
srengenge,  
terus kepanasen, terus praune leder, terus  
ceblok neng bumi, terus dadi areng, terus  
anakku malih mencereng merga rumangsa keganggu  
Bapak! iki prauku  
Aja kok aru biru!

Nyawang praune anakku aku malih dadi blilu  
Jalaran donya iki wis dadi duweke  
Impen urip iki sinengker ing atine  
Bisaku mung njampangi  
lumaku ing dalan endi sing dituju.

Padhepokan Sukolegok, Mei 2000  
*Jayabaya*, 2000

Kus Tajianto:

## ACEH LAN AMBON

satru-satru sing tumama ing jajamu  
jalaran durung bisa ngentas sepira jeroning laut  
kanthi pangukur sing rila  
kanthi lungguh sing trapsila  
nungkul swarane tangis bayi  
tumenga bengoking adan lan lonceng greja

ya ing papan iki  
tiwas mentheleng, yagene tetatu marang awakira  
cukup semene, anggone ngopeni sekar mlathi dadi rencong  
lan bedhila  
lerem sedhela, sawangen langit sing biru kecu  
nggambar wanita ayu nggendhong lan nuntuna putrane.

Surabaya, 2000  
*Jayabaya, 2000*

Davit Harijono:

## JARE PADUDON IKU

amarga gesehing panemu  
dawaning panjangka lan  
ngelmuning  
srengenge kang agung  
ingaranan raseksa kumawasa  
nyabrangi langit jembare  
dheweke  
saperangan saka padudon iku  
awit rumangsa ora ana kang  
linuwih nandhingi angete sunar  
nalika bun-bun padha sumingkir  
mung ocehe manuk lan angin  
dhuh loe, uripe

cecongkrahan sapepadhane ing wekasan  
ingumbar kaya dene larahan  
kang ginawe gendra kaya dene secongrehane  
kotoran mumbruk ing pawuhan  
kamangka sejening seja iku bisa kaya  
sesaji  
silike ngrerabuk dayaning keluhuran  
nyawiji

Nganjuk, Juli 1997  
*Jayabaya, 2000*

Mohamad Agustomo:

## GOJEGANE PRAWAN RETNA DUMILAH

Pira literatur kang mbok sanding kok banjur gumela gawe definisi bab katresnan

Ngertiya yen ing tlatah kene kabeh definisi kudu dibuwang sebrung ing tong-tong sampah pinggir dalan

Aja mbok lari ing sanggar pamujan, lan kitab-kitab sufi duweke Rumi, kang ekhlas ngupadi katresna jati

Merga ing kene rumus bukune katresnan = kekuasaan kang wenang nemtokake abang, ijo, lan kuninge atimu

Nalika aku dadi putri bayangan ora liya kuwi simbol tumrap nungkule nagaraku marang

mataram, ing wektu kuwi uga negaraku resmi dadi jajahan lan, ora aneh yen kabeh pranatan wis

kelangan jati diri lan sarwa peksan, ora ana kang marga labuh labet tresna marang nagara

“Kena-apa kowe isih gojog-gojog, ngakoni kanyatan iki?”

Njur interupsi yen jaman wis beda lan kontek panguripan ora padha

“Coba waspadakna ing ngendi kowe saiki?”

Lana merga saka kontek kuwi kowe kudu mupus

Awit nganti kapan wae ing laladan kene ora bakal ana katresnan sadurunge ndhekonstruksi rumus baku katresnan” kekuasaan.

Malang, 29 Juni 1997.

Jayabaya, 2000

## DAKANTU TEKANE KABAR ING MANGKA IKI

Dakantu tekane kabar ing mangsa iki kang  
ginawa kekejere prenjak sore, saka  
sepining angin padesan, marga  
tinggal gegojegan jaka lan prawane, saka  
pinggire belik-belik sing wiwit ilang tuke, lan  
antarane gubug-gubug tengah sawah, wis  
manring saka suwarane glathik lan emprit

Nalika papagan ing prapatan, dudu  
esem-esem ngranuhi kang methukake, nanging  
wewayangan sing isih kudu dilari, tekan  
tepining gisik prasetyamu

Dakantu tekane kabar ing mangsa iki, kang  
kinayap mega-mega putih arerantak, marga  
ing dhadha kadhung gumuruh crita, yen  
manuk-manuk wis ora bali ing susuhe, lan  
camar-camar wis ninggal karang gisik, kabeh  
kari bisa rinungu sajroning crita mapan turu, apadene  
ing warung-warung pinggir lurung padesan

Nalika idakon sapatemon, ora  
kawagang mbuwang pendheman kapang, kajaba  
umohing rasa kang binendung, banjur  
ngranti sapa kang wani ndhadha kaluputan.

Padangan-Bojonegoro  
mangsa labuh.  
*Jayabaya*, 2000

Nono Warnono:

## GAMBAR-GAMBAR SAJRONING PIGURA

potret lawas dibuwang semprung ing pawuhan  
nadyan nate sinuyudan ngrengga sejarah  
mirunggan  
gambar-gambar adreng diobong bebarengan  
gedhung-gedhung  
dadi areng  
kinubur jantra jaman cakra manggilingan

potret lan gambar-gambar anyar wus cumanthel  
sinubya-subya didegadhang kadirene pahlawan  
kang kuwawa menangake patembayan asung  
rasa pangayoman  
umiring tumetesing bun-bun kawicaksanan

gambar-gambar sumanthel jroning pigura anyar  
paraga-paraga silih-ungkikh arebut benar  
ngacungake driji panuding akeh pandakwa lan  
panyaruwe  
karana kabeh nganggo benere dhewe-dhewe  
datan linambaran weninging kalbu

gambar-gambar cumanthel jroning pigura anyar  
tumoreh mawa getih abang amelerah  
ambalabar saka landhepe gaman kawengisan  
kuas-kuas paekan ngobarake semangat  
nora mawang rasa paseduluran kancé rawang  
dadi bathang

gambar-gambar cumanthel jroning pigura anyar  
raga-raga aking pating bilulung  
swara sesambar lan tangis ngrerujit ati  
marma ing bumi kang gemah-ripah loh jinawi  
nora gampang luru sega sapulukan  
bumi kang kasusra kebak subasita luhur ing  
budaya  
jebul wengise ngluwih sardula.

Bojonegoro 2000  
Jayabaya, 2000

Trinil:

## SEPAHAN JAMBE

Wus dak tampa sepahan jambemu  
rikala ra nedya daktemu madumu  
Dakgala-gala ing saben mangsa  
rinasa ing saben sumber eluhku

Wus dak ucapake kanthi sereting pililahmu  
uga kekes lan jangget sing mendhem wirangku  
Tobat! Tobat! Hyang Akarya Jagad!  
Jebul sangsaraku krasa sawise mingkemku

Dhuh satriya dewa daluku  
tangisku mili bareng ambenganku  
samene abote rasa kasidhem  
Ya suk-suk wae yen ana lilane wayah  
sepahan jambe bisaa kaulungake maneh  
antarane lambe gemeter  
amarga kasuwen ngampet wedi wewaler!.

Udan nggreceh, Oktober 2000  
*Jayabaya, 2000*

Sumono Sandy Asmoro:

## **YEN ANGIN**

yen angin sumilir mangetan  
aku kirim cangkriman  
marang sliramu, oh surabaya kutha pahlawan  
kapan patunge joko dholog ganti sandhangan?

yen angin sumilir mangulon  
aku titip pitakon  
marang sliramu, oh yogyakarta punjering kraton  
yen kepengin sinebut wong jawa  
apa kudu nganggo blangkon?

Ponorogo, 10 November 2000.  
*Jayabaya, 2000*

PERPUSTAKAAN  
BADAN BAHASA

KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIONAL

J.F.X. Hoery:

## SANGAREPE SANG KRISTI

Sarirane Gusti pribadi  
manunggal jroning ati  
dadi seksi  
daging lan rah suci  
dadi marganing karahayon  
kayu lan paku  
dadi panjering kasantosan  
gementhanging lonceng  
ngumandhangake firmanMU  
rumasuk ing jiwa  
rumesep ing sukma  
langgeng.

Padangan-Bojonegoro  
PSJB-00  
*Jayabaya, 2000*

Nurani:

## NGEMTENI MANGSA

Ngenteni mangsa padha karo ngenteni garinge tatu  
Kudu sabar lan prigel ngadhepi bebendu  
Gusti Allah pancer sengaja nyipta garing kapangmu ing  
salumahing godhong randhu  
Nalika biyen kowe kandha yen banyu grimis iki dadi  
tandha trisna sing kapantha-pantha  
Nanging kowe uga ngerti yen ngenteni mangsa iku padha  
karo nglairake gatra-gatra  
Kudu sabar marang kapang kang murka  
Gusti Allah nyipta trisna  
Kanggo sekabehing geguritan ana salumahing kertas  
suksma  
Nalika trisnamu marang aku sumebyar ana hawa mangsa  
iki.  
Adhiku, yen kowe treyuh marang sepi ning ati  
Aja pitakon marang mangsa  
Pitakona marang geguritan lan gatra-gatra.

Jember, 24 September 2000  
*Jayabaya, 2000*

Ananta Awand Swami:

## DHURUNG WANCINE DAKAKEB WENGI

Durung wancine dakakeb wengi  
melik kali-kalimu kang mili madu  
melik gumuk-gumukmu kang mondhong cemara  
jroning pangkon-E  
jroning lumah tlapak-E  
dening sayahku, daklari srengenge kang ngglewang  
ngesthi kringet kang atus krana arum panyawangmu  
hhh . . .  
panrawang nagis jero nalika pranyata kamuspran  
sansaya adoh  
saya adoh mbandhang nasib liwat selaning citra  
(tanah-tanah kang ngelak rasa edhum)  
aku saya mangerten,  
donyaku  
durung wancine dakakeb wengi.

Jombang, 99.  
*Jayabaya*, 2000

Es Danar Pangeran:

## SIKEPKU ING HAWA WENGI

sikepku nglarut ing hawa wengi  
campuh aruming dupa lan laku batin  
aba dadya tolak balak  
saka angin durjana  
saka jaman kala  
saka dandanan sukerta  
o, yan urip wus bisa ngandhut polah-pikasiHE  
pa'ra gampil ngunus gegayuhan  
marang ndonya  
marang paran kae?

yen ta lebu-lebu wus campuh dadi siji  
ing bacin ludirane para sukerta  
lan priyangga kang suduk salira  
tangis kuwi saya nglalu  
reca kayu wus nekak gulu  
tigas nglalu

sikapku nurut parining hawa wengi  
arum najam wus dadi jisim  
nalika aweh tawar tali-tetaline para culik  
tetep arum najan wus dadi jisim  
iki paseksen marang jasad kang setya ndhadhani  
kamardikane urip kang oyak  
tan bisa kapotheng-potheng angine dajal  
sikepku manut obah musiking hawa wengi  
saka hawa kang tetep nguripi.

Lamongan, 1998  
Jayabaya, 2000

Herry Lamongan:

## TEMBANGE WONG BAGUS

pancen maturnuwun menyang gusti  
bagus-baguse wong matur, lan  
becik-becike panyuwun  
ora ana liya  
kejaba nyuwun pangapuruning allah  
gurit kang penak dirungu  
laku sepi pamer sepi pangalembana  
kang banget angel karengkuh,  
nanging  
wong bagus nembangake iki gurit  
satindak-lakune sabungah susahe  
kanthi bungah

kaya mangkono wong bagus matur  
apadene nyuwun  
amarga ana rumangsa bagus  
dheweke nembangake iki gurit  
sinambi ngrumangsani olehe wasis nembang  
ora krana karepe dhewe  
wong bagus ....

Madedadi, 1997.  
*Jayabaya*, 2000

Sugeng Dwianto:

## BLUMBANG SIWAKAN

blumbang siwakan

blumbang panguripan kang kebak kamardikan  
senajan aku ora bisa mencolot lan urip ing daratan  
blumbangku kebak banyu  
blumbangku kebak iwak jejogedan

blumbang siwakan

blumbang pandadaran antarane kamulyan lan  
kacintrakan  
senajan aku ora bisa milih banyu seger apa kumbahan  
blumbangku kebak pasugatan  
blumbangku kebak lumut lan cacing gegremetan

blumbang siwakan

blumbang pangumbaran minangka sangu lan laku

blumbang siwakan

ngasilake iwak-iwak temenan

dadi sandhangan

dadi kanugrahan.

Rungkut Lor, Juli' 98.  
*Jayabaya*, 2000

Budi Palopo:

## ANGIN TUMIYUP

angin tumiyup nggogrog godhong aking  
kang dadi wewadine bangsa tumuwuh  
angin tumiyup ngoyak was sumelang sapa wong  
kang krungu dhawuh nayaka sudra nebah dhadha  
angin tumiyup jro lathi  
kang mahanani sekabeh tembung dadi.

Surabaya, 11 Januari 1997.

*Jayabaya, 2000*

## SAKA PUSARA

mawar sing daksebarake ing dhuwur sarean isih nothok ati nalika  
daktinggal bali  
ora mung sawantah kembang sing kerta ajine mung rong gobang  
sakehing lara lapane ibu nalika ngukir jiwaku, ujuding gegambaran sing  
nabet ing ati  
lan gambar mau nuntun aku sadhar karo sesulihku  
sakehing reka dayaku minangka tandha panarima, dudu amput-ampute  
ibu sing rila ngampet luwe, ngampet sayah, nalika aku isih ing  
gendhongane  
uga nalika aku ngancik dhewasa, ibu ora kakehan uni, yen saben-saben  
daksuwuni dhuwir mung kanggo tuku perangko  
kabeh may cetha wela-wela saiki, nalika ibu wis sumare  
ibu sing ing mangsa sepuhe ora ngundharmana lan ngresula krana aku  
ora bisa mikul dhuwur mendhem jero  
malah saka socane sing bening dakwaca ukara-ukara sing ora kawetu  
kaucapake  
ibu welas meruhi putrane sing ora dadi

kebeh mau nabet ing ati, nalika aku mungkur saka pasarean  
isih durung rampung mengkono ujare batinku, sing ngundang ati iki  
saya tumaluwung.  
mawar sing daksebarake ngambar wang, rumasuk ing sanubari lan  
iku kayadene pangece tumrapku  
nanging kepriye maneh ibu wis ora bakal bali, ibu wis lerem ing  
pusarane

ibu wis ora ana  
aku ora bisa cecawis apa-apa, sing nyisa mung donga-donga  
donga-donga murih ibu bisa entheng sanggane ing alam barzah  
dongane si anak  
mugi Gusti paring pangapura tumrap dosa-dosa sing disandhang ibu  
mugi-mugi.

Madiun, Maret 98  
*Panjebar Semangat, 2000*

Fadjar A. Hidayat:

## GURIT BOCAH ANGON

ayo diumbar menyang ngendi  
iki sapi-sapi branggah  
awit wis ora ana ara-ara amba  
kang ijo-ijo sukete  
kabeh wus dirampas digawe kutha

ayo padha nangis, ca!  
nangisi sawah patengalan  
kang nyangsang ing payon omahe konglomerat!

Rambipuji, Sept'99  
*Panjebar Semangat*, 2000

## REFLEKSI KASUNYATAN

Ukiren manawa iki mengko dadi prasasti  
cathetan-cathetan saka alam globalisasi  
sing multi dimensi  
pinangka seksi

Yen kang ngregem wewenang  
wis samesthine tumindak sawenang-wenang  
kang ngrengkuh panguwasa  
wenang ndadekake liyan ngrekasa  
sing nglungguhi kamukten  
pancen kudu ndhedher kemeren  
kang tinunggon raja brana  
samesthine nyithes kang cingkrang papa

Prasasti kang tinulis  
- sing jujur ajur  
sing pinter keblinger  
sing nekat mbrekat  
sing ringkih kendhiih  
sing kleru mbrewu  
sing salah dadi kaprah

Banjur marang sapa arep wadul sesambat  
menyang ngendi nglari dununing pangayom  
nunggu tekane dewa tetulung?  
nglengkara.

Kang tinemu sisa-sisa pangrengkuh pasrah  
kalane wis mentog ing pambudidaya  
ing pangajab isih ana sing ngrungokake  
utawa kawigaten senajan mung sakeplasing panglirik  
muga-,uga bisa aweh pangerten  
yen sejatine ing bumi kinasih iki  
sing ana karo fosil-fosil katentreman  
sing keri mung sisa-sisa ajining dhiri

budaya adiluhung kari critane  
sukmane nglanglang ing manca negara  
kang tininggal cengkorongan gatra  
sing ora cetha jatidhirine.

Taman monumen, Gatot Subroto-Purwokerto  
*Panjebar Semangat*, 2000

Sumono Sandy Asmoro:

## PONOROGO

saka tugu reog, kidul alun-alun  
dakseblakake pecut samandiman  
duweke klana sewandana  
kanggo miwiti crita anyar  
ing bumi wengker kang kebacut angker

aja dolanan warokan  
yen pancen dudu warok  
aja dolanan gemblakan  
mesakna lencir kuning sing sendhen tembok  
aja nganggo sarwa ireng  
yen durung ngerti werdine udheng  
aja kepenak ongkang-ongkang ing paseban  
rungokna jerit lungit saka sambit  
tembang liwung saka pulung  
swara tangis saka jetis

ing kene biyen uga ana tangis  
nalika bathara katong  
ngrebut keris sing dicekel nikken gendhini  
keris condhongrawe  
sing bisa mbabar esem nganti seprene.

Ponorogo, 3 Agustus 1999.  
*Panjebar Semangat, 2000*

Tjahjono Widarmanto:

## BUMI IKI TANSAH GRIMIS, IBU!

Ana ing kene, ing bumi iki, tansah grimis ibu  
dhusun-dhusun tanpa lampu, angin mati  
mung nyisakake rembulan kang tatu saba ing saben wengi  
dhusun-dhusun njilma dadi kuburan kebak swara baunge asu ajag

Ibu, ing bumi iki, ukara-ukara mawar wis dadi watu  
tembung-tembung dadi mesiu, akal lan batin wis dadi ornamen  
bisu lan sepi, pangarep-arep kang kebak impen  
manjilma dadi vampire lan gagak sumebar ngebaki langit

bumi iki, ibu, tansah grimis, nalika getih  
muncrat mili ing dalan-dalan  
getih iku, ibu, getihe bocah-bocah kang samesthine lagi birahi  
getih kang kepeksa mili nalika tembung lan ukara  
dadi watu lan mesiu  
nalika kebon-kebon mawar dadi taman kaktus

grimis iki sansaya deres, ibu  
nalika para bapa ngongkang bedhil lan senapan  
nalika para putra menthang gendhewa  
lan para pawestri wis kelangan tangis

geneya ibu, ing bumi iki  
riwayat habil lan qabil tansah lestari  
geneya ibu ....

(ana ing internet, sandy mitraku kang sinau ana london,  
mawartake pitakon: *Hello, my friend. What the season  
of your country which full of smelling?*)

ibu, jawaban apa kang bisa dakwartaake!

*Panjebar Semangat, 2000*

## KANG SININGID

Gumuk pegunungan kae saiki pucet  
kesuwen koncatan tetesing grimis ketiga  
kluwung sore ing langit tuwa  
mung sakeplasan mungkur ginawa angin  
apa bengi mengko isih bisa yen ta diarep  
rembesing sumber-sumber kabegjan  
trubusing tresna asih kang tansah dimelik

Godhong alum kang kumleyang rontog  
dudu pandom gumantiningv mangsa lumingsir  
tilingna ngelikake suwara suling pepeling  
ngumandhangake tembang kapang kang nate ginurit  
kaya nalika domba-domba ngorong ing ara-ara  
kang wekasane kudu sinangga pamatiraga pasrah  
amrih sumawur ing gupitane pawarta ketentreman

Nalika langit wengi manglung sandhuwuring sirah  
ati isih ameng-ameng durung bisa sumeleh  
sanyatane pepeteng iku kasangsayan kang perlu cinedhaki  
ngapa pengangen niyat nglempit jagad  
wis wancine nggelar crita lawas ngeja lembar lontar  
kang ngronce kakawin lan kidung-kidung adi  
wancine ndhudhah kang siningid ing weca kalanggengan.

Padangan-Bojonegoro,  
*Panjebar Semangat*, 2000

Somono Sandy Asmoro:

## **SADERMA DADI PARAGA**

nalika layar kagelar  
blencong sumunur

embuh sapa sing miwiti  
yaga lan dhalang panas-panasan ati  
kepeksa tanganku kumlawe, ngranggeh pasopati  
duweke permadi  
angkasa daktantang  
nalika asmaradana dicengkokake palaran  
yen saiki rembulan sigar  
aja kesusu alok yen aku wus ngawu gawar  
aku saderma dadi paraga  
sulihe wayang sing kelangan antawecana  
samangsa yaga lan dhalang  
pandeng-pandengan tanpa pocapan.

Ponorogo, 2000  
*Panjebar Semangat*, 2000

Tjahjono Widarmanto:

## **DAKCATHET GURIT-MU**

dakcathet gurit-MU  
nalika ati suwung  
kabuncang angin wayah ketiga  
ngluru arah kiblat  
o, jiwa iki kelem ing tengah samodra sepi  
ing puser wengi kang kebak cangkriman  
dakcathet gurit-MU, dakcathet  
senajan aku ngerti, wis ora bakal bisa  
nyawang pasuryan-MU  
dhuh, rasa kapang, rasa kapang  
bakal dadi ukara-ukara tembang kang ora dakngerten  
werdine.

*Panjebar Semangat, 2000*

Herry Lamongan:

## SURUP

wis lerem ing kene  
kabeh sasepan kuwi  
gegodhongan kang luwes kumlawe  
grimis kang cicir mbaka sapupuh  
ora maneh dadi pitakon

papan wangsulan kang banget cedhak  
ngrakut samubarang obah lan seneng  
lerem  
tidhem!

*Panjebar Semangat, 2000*

## JAJAN PASAR

nyanhing jajan kelawan weruh  
marang sapa kang nyuguhi  
kayadene krungu jejenengan  
lan mangerten i sapa kang duwe jeneng  
madhep dadi temen  
nembang lan meneng ora nate muspra.

Madedadi.  
*Panjebar Semangat, 2000*

Sugeng Wiyadi:

## **SUGENG SIYANG, SURABAYA**

sugeng siyang, surabaya  
ketemu maneh ing stasiun wonokromo  
gerbong-gerbong bebanjengan  
ngangkut impen-impen lan pepenginan  
saka banyuwangi utawa blitar  
wis tuwuk ndhepani lemah cengkar

manyaking terminal jayabaya  
bis kota lan bemo mbruntel kara mbako  
solahe pedagang asongan lan copet  
apadene wong arep lelungan  
kaya endhog amun-amun  
nyat katon nyat ilang  
mbujung butuh kang saya ngrembyang

jalan ahmad yani – raya darmo  
playune kendharaan uber-uberan  
basuki rahmad – embong malang  
ketege jantung ra kena dianyang  
dene gang dolly – njarak – dhukuh kupang  
daging mentah didol plastikan

sugeng siyang, surabaya  
sugeng siyang, kota pahlawan  
durung tuntas kringet drodosan  
durung tutug miyak kembene metropolitan.

Surabaya, Januari 1997.  
*Panjebar Semangat, 2000*

Herry Lamongan:

## SASUWUR TEMBANG

wong bagus akekasih Ayub  
dhawuh sareh marang kang garwa

★  
wus sanggangpuluh wolu taun  
anggoningsum ngrasakake seger kuwarasan  
lagi rong warsa diganjar lelara  
yagene ingsun nyuwun sehat  
ingsun isin nimas  
lingsem marang ratu gustiku  
kang banget olehe andhi

ngertiya nimas  
apa iku peparinge marang ingsun  
satuhune paring kang paling becik tumrap ingsun  
yagene kudu ngenyang  
yagene kudu daktulak

luwih sangking apa kang pantes  
yen ing mangsa panen kang dawa  
sepisan sepisan kadunungan paceklik.

Madedadi  
*Panjebar Semangat*, 2000

Kus Tajianto:

## SAWANGEN SEDHELA

Coba sawangan sedhela, yayi  
kanthi mripatmu sing bening dudu mripat abang  
kanthi ati sing jero dudu ati njelu  
kaya rikala nyawang wanita aceh lagi nglela ledhung  
yagene padha karo ibumu nalika semono

Satemene kita durung umur  
yen ngelingi sepira umure bumi iki  
kita durung ngerti yen kudu mangerten i mangsa iki  
Amung panyuwunku  
aja mbokpethik mawar jambon ing ngarep omahku  
mung kanggo sesawangan  
pethikan kanggo seksi  
yen kita nate dadi satru lan dadi mitra, yayi ...

Surabaya, 2000  
*Panjebar Semangat*, 2000

Kus Tajianto:

## SUJUD

tumekaning ketiga iki  
sisih keprungu tangis jroning guwa  
apa ya dina-dina sing daksujudi malih denawa?  
lali-lali sing dakelingi malih curiga  
kembang-kembang sing daktanduri malih sela  
Dhuh Gusti ...

tumekaning jeneng iki  
ora nate kendhat nggonku metani  
endi sing abang  
sing ijo  
sing kuning  
sing klawu  
kaya klambiku lan klambimu  
kaya rasaku lan rasamu  
yen lagi ngrasakake luwe lan ngelak.

Surabaya, 2000.  
*Panjebar Semangat*, 2000

Hartono Kadarsono:

## KEMBANG TANJUNG

mblasah ing lemah, kembang tanjung diluru bocah  
ora bisa dicacah, diwilang, kepara gawe rucah  
si bocah tumenge, bawarasa marang angin  
yagene nganti mblasah, ora kawilang lajer wusanane  
mangka mau bengi ngambar wangi mendah yen dileluri  
kasempyok angin mlebu kamar ngambar-ambar ora ana  
sing nyekseni

ndheprok ing lemah si bocah panyawange menyang akasa  
ing kekayon, ing ngrembuyunge pang tumangsang grahitane  
mbokmanawa wis dadi garise:

bengi ngambar arum ngulandara ing kamar  
esuke mblasah ing lemah gawe gerah

ndheprok ing lemah, si bocah pecah nelangsane  
kembang tanjung tanpa ana sing mreduli  
wangi sin wangi tanpa ana sing ngrukti  
banjur wangi kanggo apa? wangi kanggo sapa?

ndheprok ing lemah si bocah ora ngerti dhoong-dhinge  
ora bisa ngoceki kena apa kabeh iki bisa dumadi  
lan sepisan maneh pandulune nyawang kembang tanjung  
sing mentas diluru  
sing saiki ana ing tangan  
lan sedhela maneh ambyar:  
-- dianggo pasaran!

Madiun, April 98  
*Panjebar Semangat, 2000*

Sugeng Wiyadi:

## **ORA ANA PESTA**

-- kadho kanggo Peni Kusumawati

omah srotongan iki  
sawanci-wanci mesti njaluk bali  
aku lan sliramu saderma nunggoni  
geneya keraya-rayo mikir tanggap warsa  
ubarampe andrawina lan sakehing pesta?

thenguk-thenguk ing emperan wayah sore  
gumawang tangan cilik angawe-awe  
sedhela maneh aku sinebut bapa  
rikala anakmu lair saka guwa garba  
sakala saranduning awak krasa gemeter  
ngelingi tumetese kringet sadina-dina  
tanpa tilas, tanpa ganda

dakpiyaki cathetan lawas  
ginurat bening iline kali brantas  
manuk-manuk walet mabur kekalang  
asung panglipur sawernaning panandhang  
nalika sumur-sumur asat banyune  
ketiga ngerak kaya dudu karepe dhewe

jumangkah ing dhuwur tangkis  
daksinau reruntunge keluk tipis  
kadang tani ngobong bata  
tambel butuh sadina dina  
wedhi ireng dhasaring bengawan  
dadi tambang sandhang pangan

ora ana pesta  
mbarengi tekane tanggap warsa  
nanging aja ngresula  
lamun manuk-manuk walet gelem ngandhang  
bakal daklunasi sanggeman lan utang.

Nganjuk , 1997.  
*Panjebar Semangat*, 2000

Narko "Sodrun" Budiman:

## LUH

(kanggo: Yun)

guritku dudu tangis panalangsa  
dudu jerit papa duhkita  
yen jenggeret nong wis nyindhen  
prenjak-prenjak ngganter ing pang jati  
luh iki, nini  
dudu luh jaka kasmaran  
dudu luh banyu wening

luh mripat lanang kang kegarang  
kebranang kebak panandhang  
wujud getih kang ora abang  
tatane ati  
nalika sliramu ngoncati, nini  
luhku wis aking  
yagene sliramu singidan kaya enthung jati

nora ana pitakon "kapan kowe bali"  
nyatane sliramu ora nglanggati  
lamun lakedanana  
mecaki sadawane lurung ati lan iline getihmu, nini  
luhmu pijer tan kuwawa ngedhem asmaradahana  
luhmu dudu banyu nanging watu item  
kang dwidasawarsa kapendhem ing dhasare puser

Bale Suranpaten, Juni 2000  
*Panjebar Semangat*, 2000

Fadjar A Hidayat:

## WARISAN

wis dakungkrah-ungkrah  
bothekane simbah  
ning kang daktemokake mung  
lading cilik gubras getih  
gumlethak ing sandhinge  
layang mawa tulisan Jawa  
kang wus rojah-rajeh  
dikrikiti tikus

Jember, 2000  
*Panjebar Semangat*, 2000

Rosyidah:

## PEPISAHAN

Isin banget rasane, Kang  
ngetung tilase tracakmu  
sing kadhung nabet ing plataran  
wis tanpa wilangan

Saiki,  
apa sing ana ing pikiranmu  
sawuse kasil nyekoki aku  
nganti mendem, lali  
kesengsem rangkulamu  
sing kebak wulu, lan madu  
ring pancen aku sing bodho  
!!! GOBLOG !!!

Isin banget rasane, Kang  
kala-kala kaya wong edan  
mbengok, nangis kekitrang  
jalaran kepengin nyapih  
lara wirang  
sing nembe daksandhang  
!!!! KURANG AJAR !!!!  
aku kudu nampa, pungkasane  
ijenan  
pepisahan.

Prambon, 2142000  
*Panjebar Semangat*, 2000

**PUISI JAWA MODERN JAWA TIMUR  
TAHUN 2001—2008**

Sumono Sandy Asmoro:

## RASA

Ombaking segara ngelus gisiking ati  
nyolong gurit kang sumampir ing senar pancing  
awang-awang koncatan lintang  
rembulan surem tanpa esem  
angin sumilir nyambung pangrasa  
ngudang pitakon, kapan kelakon  
awan lan bengi dadi salemba  
sapa aruh linambaran godhong suruh  
kangenku tumlawung katutup mendhung  
nyawang saben kledhangmu nyolong jantung ndhedher  
wuyung.

Ponorogoro, Mei 2000  
*Djaka Lodang, 2001*

## DALAN PADHANG LAN DALAN PETENG

dalan padhang lan dalam peteng katon ngegla  
sawise wektu mili liwat  
lan urip lumebu ing ilining SANG URIP  
sejarah kaya crita cekak kang durung rampung  
isih kudu dibenerake kana-kene  
isih kudu diresiki kana-kene  
endi sing sejarah suci  
endi sing sejarah kanggo kapentingane nafsu lan iblis  
endi sing pakaryan suci  
endi sing pakarya kanggo kepentingane nafsu lan iblis  
endi sing pangandikan suci  
endi sing pangandikan kanggo kepentangane nafsu lan iblis  
endi sing ibadah suci  
endi sing ibadah kanggo kepentingane nafsu lan iblis  
endi sing leladi rakyat kang suci  
endi sing memperalat rakta kanggo kepentingan nafsu lan iblis  
dalan peteng lan dalam padhang durung katon ngegla  
nalika wektu terus mili ing ulegan  
lan urip isih kesrimbung nafsu lan iblis  
sejarah kaya-kaya crita roman kang ngelam-elami ati  
kabeh kaya-kaya wis bener lan sampura  
katom kaya-kaya gumebyar  
katon kaya-kaya sarwa resik  
katon kaya-kaya sarwa becik  
katon kaya-kaya sarwa suci  
katon kaya-kaya sarwa tulus  
katon kaya-kaya sarwa ikhlas  
ora padha rumangsa ana ing sajroning ulegan seser  
ora padha rumangsa ana ing sajroning pepeteng  
ora padha rumangsa ana ing sajroning kanisthan banget reged  
ora padha rumangsa katlikung, kabungkem, kaidek, kinunjara  
dalan peteng lan dalam padhang ora katon apa-apa  
mula padha ngguyu-ngguyu, padha jingkrak-jingkrak,  
padha dodolan kadurakan, padha dagang kadoran kanthi lakak-lakak

dalan padhang lan dalañ peteng katon ngeglah nanging telat  
urip wis puput sukma kudu keklambrangan ing sajroning peteng  
durung kapareng bali marang Allah.

Madiun, 17 Maret 2000  
*Jayabaya, 2001*

Anie Soemarno:

## A I U E O

aksara

swara:

konang mblayang ing padhang rembulan  
apa durung damang sliramu  
yen ing sajroning padhang buwana dalu  
ana perangan kang peteng dinulu  
ana kalane uga kahanan  
agawe bingunge kalbu  
endi sing kena digugu  
sapa sing kena ditiru  
mangka amung AKU

## A I U E O

Aku iki uripmu  
Aku iki embanmu  
Aku iki obahmu  
: aksara  
swara  
ora kurang semu ing kiwa tengenmu  
akeh tuladha ing jagad pramudita  
ana sing durung pana.

## A I U E O

Kamal, 13 April 2000  
Jayabaya, 2001

Trinil:

## MARANG PANGGURIT OLE-OLANG II

Nang sing ngeteges ndhuk ndhukure umbul-umbul  
abang getih  
sing nyemburna beluk kambek geni murub biru  
sing ngriyasi langit surup kambek lintang sakjuta  
Takpasrahna sambung mbek anggakku

Nang pucukane cemara sing nebah dhadha satriyane  
nang seru-sereme karepe lanangan sing ndlosori surga  
mbarek nyangking karep sak rinjing  
Lilanana aku netipna ati kaina lara

Nang perau-perau sing ketok cucuke layar  
aku kepingin kakrungokena:

Hoe! Aku ndhuk kene barek kudanganku!  
Hoe! Sawangan aku ...  
sing mbuntel matakku barek godhong-godhong  
sengsemku  
kathiak takbitingi kambek cuget-janggetku!

Sidoarjo Bulan Juni 2000.  
*Jayabaya, 2001*

Sumono Sandy Asmoro:

## KUDUNE KOWE WIS NANGIS

kudune kowe wis nangis  
winih-winih pinilih  
kang kok dhedher ing plataraning langit  
mrajake ora jumbuh karo moncere

apa kowe isih wani kandha marang awang-awang  
menawa atose tanganmu  
kuwagang mbedhang eseming lintang?

apa kowe isih wani kandha marang ajisaka  
menawa ha-na-ca-ra-ka  
selawase bakal nyungging lungite budaya Jawa?

apa kowe isih wani nulis tembang  
kanggo rangga warsita minangka pratandha  
menawa sastra Jawa selawase tansah ngumandhang  
ing langit wetan?

pancen kudune kowe wis nangis  
jalaran wus cicir anggonmu nengeri  
endi watese kulon lan wetan?  
apa bedane bengi lan awan?  
pancen kudune kowe wis nangis!

Ponorogo, 3 Juni 2000.  
Jayabaya, 2001

Sumono Sandy Asmoro:

## SEPI

dudu sepa nanging sepi sing  
manjing dadi ning  
nalika ratri mbukak sendhelane jangka  
nyebar sejatine lelakon  
marang jiwa-jiwa kang tinarbuka  
marang jiwa-jiwa kang manekung puja  
jroning sepi piningit rasa

dudu sepa nanging sepi sing  
manjing dadi ning  
nunggalake karep kinarya srana  
nggayuh tumuruning cahya coloking jiwa  
coloking ati  
jroning sepi piningit rasa

sepi nglangut bebasan tanpa pagut  
satemah kacanggah rasa pasrah, sumarah  
ngupaya sejatining cahya  
ngupaya sejatine ukara  
ngupaya sejatine ning  
jroning sepi piningit rasa

Ponorogo, 9 Desember 2000.  
*Jayabaya, 2001*

R. Djoko Prakosa:

## **GURIT TENGAH WENGI**

Senajan wayah,  
Wis krasa saya kepeksa dak wengakke lawang karep  
Ngelus larapan sing kebak rasa wangi  
Ngaras gulu, githokmu sing semringah  
banjur wiwit musus dhadha  
saengga napas mlumpat-mlumpat  
kaya asu ajag  
rembulan wiwit ngelar kalangan  
atine mentiyung  
dhadhane nggresah pasrah  
wengi gilang-gilang  
(ing aku tuwuhan gegambaran maneka warna  
lan pangidham-idham kang kok sebar antarane guling lan  
bantal).

Sby, 9 November 2000.  
*Jayabaya, 2001*

## LAYANG KANGGO MAS ISKAN

sinambi ngombe teh nasthelgi  
mbiji gambar sing gumandhul ing pendhapa .  
ngrungokake wong ura-ura tanpa bawa  
wingi awake dhewe dadi astronut  
nadyan tanpa oksigen lan mlungker neng jero kapsul  
nyatane isa kelanan karo malaekat lan para dewa  
sing rikala cilikan rupane wae durung cetha

panjenengan apa isih apal garis-garise kar  
njlarite bengawan sala sing nggaler nugel kutha  
alas jati lan lemah kapur sing kari crita  
lan panguwuhe kang manggul siter ngubengi desa  
nyatane; awake dhewe isih durung pantes ngaku setya  
nadyan isa ngrakit tulisan lan ngudhek warna

sinambi ngome teh nasthelgi  
mbiji gambar kang gumandhul neng pendhapa  
tanpa mateg aji pameling lan mantra sembaga  
pasang susuk lan nyuntik silikon neng kulit dhadha  
awake dhewe sukses mbiwarakake limang lakon sandiwara  
nadyan aktore mung sithik;  
mas toni, mas har, dhik yon, dhik Joko, awake dhewe  
karo nglethus kacang klisi lan nyedhot pega  
kutha kripik cinathet nganggo getihe pujangga.

Ngawi, 30 April 2001  
*Jayabaya, 2001*

G.J. Iskarjanto:

## PERAHUKU WIS LABUH

ombak lan alun isih tansah anatapi perahuku  
angin lan prahara isih tansah anguleng amrawasa  
lakuku  
mung puryawisesa Dalem Gusti Allah kang tansah  
amengku  
nganti perahuku labuh  
labuh ing satengah-tengahing urip kang gumulng  
ajejangkar wat-pikuwating iman pasrah sumarah  
marang Allah  
arerante laku-laku sabar, narima, rila, lan ikhlas  
perahuku wis labuh  
ing pelabuhan eneng-ening-eling

Madiun, 6 Juli 2001  
*Jayabaya, 2001*

Kus Tajianto:

## ENDAHING ESEMMU

tumekaning ketiga ngangkang isih keprungu  
tetesing luh lan gandane sekar  
nalika wingi ngenam kasengsaran  
yen katandhingake karo sepi jroningati iki  
coba wangslana?

mula alas iki  
ical sato lan setanperiprayangan  
jalaran panasing ragamu sing ngasah  
ing selə wadhas  
sedhela yayi mese, aku kangen marang esem kuwi  
sing nate dakpapag ing impen-impenu  
mula aja mbokpecuti kanthi rasa lungse

sejatine bumi ora bakal takon marang sliramu  
ngenani kulitmu, nanging ora luput saka  
panaliten yen Gusti marangi gegaman kembar  
mula pundhuten yayi  
pundhuten gaman sing tejaning mawa tresna

Surabaya, 2000  
Jayabaya, 2001

Mashuri:

## KIDUNG SUWUNG

Jembar segarane kaya netramu  
Antarane idep lan ayang-ayang  
Kang ora ngambah lemah  
Lumaku antarane mega-mega, lan jangka

Kaya dara pethak kang mabur saka pagupon  
anggambar langit, mbarang jantur  
pamrih wewaton ing primbon  
SKala in kana wis kapepet cemetdadi lopis  
Kabuntel godhong gedhang  
Mori alam kang wis cumawis

Ora perlu takon kapan seliramu ngerti  
Papan dununge bumi sak nyari  
Utawa ngelengake sumuruping banaspati  
Amarga jagad wis kalipetdadi sega liwet  
Anan ing pawone simbok, tur anget,

Dhuh, si ragil ayune kaya Sumbadra  
Mung ana tontonan, nanging ora ana piwulanging bangkekana

Senajan tembung-tebung wis dadi kunbungageri praupanmu  
Tapi alismu kang nanggal sapisan tetep sinawang  
--yen wektu dadi sawang—saka garbamku iku

Ing kene, uget-uget uga mlaku nggremet  
saperlu nggayuh palilahmu  
Tapi ora bakal tinemu, yen buku-buku  
mbabar ananing rasa, dadi tamba lara  
lara saka paran adoh. Nggetih, irang, tur ajrih

Wengi iki, sira ora perlu bali  
Yen kidung ati wis nyuwung  
ora ana dina sakliyane wengi  
utawa rasa pati ing panggung ngerubung.

Surabaya, Juni 2001  
Jayabaya, 2001

R. Djaka Prakosa:

## LAYANG PEGAT

dhiajeng  
siti nurani kepeksa  
sesupe peningset dak sulap dadi layang gedhe  
nambal ulang nambal wirang  
kepeksa lakimu  
rahiku  
disuwak batal  
dhiajeng siti nurani, srengenge sigar mrapat  
tegal sawah aking  
tanpa wiji pangarep-arep  
ketaton mangsa kang tansah sulaya  
dhiajeng  
siti nurani  
kepeksa lakimu  
rahiku  
disuwak batal  
batal.

*Jayabaya, 2001*

Herry Lamongan:

## SAPA MACA

nalika atimu gosong  
isih wae kowe mesem ngguyu  
ora rerikatan raup  
nuli tumandang menepake dhiri

♦  
gunèmmu dadi peteng  
astamu dadi peteng  
ngringkesi rina kang meneng

sapa maca jumangkahe wektu  
bakal nemoni ukara-ukara sara  
tanpa bisa ngowehi apa-apa  
sepa  
sepa!.

Lamongan, 1997  
*Jayabaya*, 2001

Fajar A. Hidayat:

## GURIT-GURIT

aja kokanti gurit-gurit.  
mung bisa kokwaca saben minggu pisan  
ing lembar-lembar kalawarta  
kang mbrojol ing sela-selaning sela  
awit gurit-gurit-e wis saben mangsa  
kumandhang sora  
elik-elik lan ajak-ajak  
maca siji mbaka siji tembung-tembunge  
nyawijekake werdine  
kareben dadi manungsa kang manusia wi  
urip ing donya ora mung  
dadi banaspati  
seneng ngokop getih  
ora perduli saka ngendi.

Jember, Juli 2000  
*Panjebar Semangat*, 2001

Fajar A. Hidayat:

## WEKTU

wektu sajake mung dina-dina lumaku  
ngiring wong-wong padha budhal mbeburu  
ngoyak sikidang kencana  
ajine tan bisa kinira  
najan srengenge dolanan geni  
lan ngajak obah dhelikan  
ewadene wong-wong ora padha sayah  
ora lungkrah  
tembange rembulan ndadari kaanggep sepi  
: wektu kanggone wong-wong wis dadi ratu  
bakal kuncarane uripe  
kamangka wektu wis kabanda  
ing kubahe masjid-masjid  
mbarengi swara adzan ngumandhang

wektu wis ngajak leren sedhela  
saka anggonmu keraya-raya  
nguber playune kidang kencana  
kang wus ilang musna.

Jember, Pungkasen Juli 2000  
*Panjebar Semangat, 2001*

Puguh Tjahjono:

## GURITAN KANGGO MEGA

Mega anakku  
sing durung bisa dakjangka yaiku  
pepenginanku amrjh bisane  
nyekel lintang lan rembulan  
kanggo sliramu, anakku  
sebab pepenginan kuwi tandhane urip  
lan urip tansah lumaku  
mecaki dalan-dalan sidhatan  
nembus eri bebonbhotan  
ora usah was sumelang  
sliramu kudu tansah gegondhelan  
dhawuhe Ki Dhalang  
rumpile dalan kang mbokliwati  
prahara kang tumeka sadawaning nina  
ora kudu disimpangi  
nanging kudu diadhepi kanthi tekad  
lan niyat  
sebab kuwi kabeh bisa nggembeleng  
jiwamu  
Mega anakku  
pepenginan kudu tansah diburu  
nanging ora perlu grusa-grusu.

Ngrembe, 2000  
*Panjebar Semangat*, 2001

## GURIT LAWAS

Ngimpekake jagad iki:  
Godhong-godhong gogrog nalika udan  
ing saselane wit ora ana susuh manuk  
langit bubrah  
kanthi lungkrah sakabehing rasa sumarah  
aku kelangan gurit  
gurit ing sapinggaire kaweningan iki  
lan yen aku mlaku ijen  
muga-muga isih ana kaendahan  
saka lelagone manuk prenjak  
kayadene katresnanmu biyen  
lamun iki hamung impen:  
aku nyawang adoh  
nyawang angin kang mbubrahake cahya srengenge  
cahya kang uga lungkrah kari ayang-ayange  
Daktulis gurit iki  
kanthi kaendahan kang luwih endah  
tinimbang kembang jambu  
katresnanmu saiki dakrasakake  
kaya rintihe prau tuwa  
kang klelep ing jero segara.

Surabaya, 2000  
*Panjebar Semangat*, 2001

Zahroh Mufidah:

## CUWA KANG NGREMBAKA

saklebatan angin sumilir nyingkep wewayangant  
tan dakpaelu netra kang wigati landhep  
tan dakngertenide dege raga ulegan apa  
nganti esemmu katon kapeksa

dhuh Gusti, apa pancen gedhe tenan dosaku  
nganti abot rasa welasku  
nganti ngrembaka angkuhku  
kanggo sing nate dakantu  
kanggo ndhedher kembang-kembang biru  
kanggo sing njaremke tatu

wengi iki rembulan isih sedhiih  
mikul kembang-kembang asmaradana kang sepa  
mawar biru uga ngganda sulaya  
ngluras sakehing pangimpen puspra.

Lidah Wetan, mangsa ketiga.  
*Panjebar Semangat*, 2001

## AWANG-AWANG

awang-awang sing dakgadhang  
ing ngendi kok singitake rembulan?  
· ing ngendi kok buwang kedheping lintang?  
ngandela, pangrantuku bakal ketemu srengenge njingglang

\*  
kandhane kunthul putih kae  
dina iki kowe selak ing janji  
ngedum mendhung kanggo bethara kala  
sing butuh tirta ing mangsa ketiga

rungokna, kodhok bangkong nglilir kaget  
theat-theot gawe ati gogrog  
jangkrik-jangkrik nyuwara sora  
dolanan tembung pasemonan

theot teblung theot theblung  
kodhok bangkong weteng njemblung  
berak-berok atine bingung  
ana mendhung gawe ati mutung

krik-krik wang, krik-krik wung  
jangkrik upa jangkrik genggong  
ngerik sora suthik mlenggong  
jare setya jebul kothong

awang-awang sing dakgadhang  
aku wis bosen disemayani  
ora gelem diapusi  
yen ana angin sore saba mrene  
dakdadhang ngoyak mendhungmu  
sing saya nggembuleng  
ing jagat nirmala iki.

Wonocolo, September 2000  
*Panjebar Semangat, 2001*

Sugeng Adipitoyo:

## ORKESTRA JAGADRAYA

orkestra jagadraya, cumanthaka ngegla  
lumantar karna, niges netra  
lagune lagon sejati, wiramane mardika aji

orkestra jagadraya, cumanthaka ngaba  
bonang nggrambyang, kasaut kendhang kawekasan suwukan  
bonang ora mamang, nadyan tanpa rowang  
aba-aba pinercaya bonang sembada  
nang ning nung nang nong ning nung nong nong mbyon  
nong mbyong dhung gung  
rep. Pamurba lagune jagad liwat. Tidhem

orkestra jagadraya, cumanthaka mbuka  
bonang kawogan miyak sepi sepine pangastuti  
ora wedi, luwar saka srei lan drengki  
nung nong ning nung nong neng nung  
nung nong ning, nong nong nong nong  
ngumandhang. Pamurba lagune jagad rumabat. Hiyeg

orkestra jagadraya, cumanthaka makarya  
kendhang dadi panutan, murba wirama kamardikan  
tambar ing pasulayan, luntur ing kautaman  
rinonce kembang mlati tandha bekti sayekti  
dudu upeti dudu rencakan korupsi  
thung tak dang thung, tak dang tak dang  
thung tak dang thung, tak dlang tung dlang  
sreng. Pamurba wiramane jagad liwat. Hiyak

orkestra jagadraya, cumanthaka nyraya  
balungan tumandang, siter kekiter  
mengku lagu lagon sejati  
pasren edi taman surgawi  
wrangkataman nyangga ndonya  
thing. Pamengku lagune jagad liwat. Hake

orkestra jagadraya, cumanthaka kridha  
kethuk kenong kempul gong  
teges tanggon wirama pinengkon  
nyantosani, ora ngwasani  
negesi, ora nigesi  
nanggoni, ora kuwasani  
thug thug nong thug gung dlang thang thet  
Hiyek. Pamengku wiramane jagad liwat. Huwet

orkestra jagadraya, cumanthaka  
ngregem pepuji ing konfigurasi  
sesajining rat tumekeng akherat  
ngewrat rosul kalawan malaikat  
singlon astane pangeran, katon!  
Gusti! Kula manggen wonten pundi?

Rinipita 1992, Binabar/sinerat 1997  
Padhepokan Kebonsari-Surabaya  
*Panjebar Semangat*, 2001

Sugeng Wiyadi:

## **MANTRAM PAMEGATSIH**

sing ana sanyatane ora ana  
sing ana sakawit dianakake  
sing nganakake sejatine ana  
sing sejati dhedhampar ing langgeng  
sing dianakake bakal bali ora ana  
mulih mring ngarsa-Ne  
nuhoni sakehing sabda-Ne  
sing ana sanyatane ora ana  
sing ada jalaran dianakake  
sing ngrumangsani jejer kalungguhane  
sing tansah ngagungkake asma-Ne  
sun kirim mantram peparing-E  
lepas parane  
jembara kubure

Kertosono, 1999  
*Panjebar Semangat*, 2001

## JAGOPATEN

Kanggo S, sisihanku

I.

padhukuhan cilik sapinggaing kali ranjing  
isih eyub kayoman barongan pring  
apa maneh sing arep dakjaluk maneh, wong ayu  
yen urip iki wis karoban madu

II.

padhukuhan cilik sing saiki wis ora sepi mamring  
tansah reja dening bocah demolan lan gemontange lagu campursari  
yen manuk puter lan derkuku padha manggung bebarengan  
meksa isih ana impen ginantang ing awang-awang  
-kangmas, aja nglindur  
-urip iki tansah maju mundur  
(sisihanku nggugah karo mesem pait madu).

*Panjebar Semangat, 2001*

Hery Lamongan:

## **LELAGON ATI**

ibut marang donyabrana  
lan itungan bathi rugi  
ati gosong ngungkuli areng  
panyawang tumlawung mlebu petengan  
Bendera kang banget cedak  
kaya aoh ana paran

kawigaten mligi tumuju  
marang kang sarwa wadhag  
mula ora nate rumangsa ala  
nalika salawase lumaku  
nlisir saking tatakrama becik  
kagubed nepsu loba  
klelep jroning margana ireng

o, kitir uleman kang tansah rawuh  
babarpisan ora kawaca

Lamongan, 2001  
*Panjebar Semangat, 2001*

Kanesthi Rina Mulatsih:

## HADIAH KUBUR SAKA BUMI LOROSAE II

Sragam hijo wis teles jingga semu abang  
Nalika ngrintih pungkasan ngumandhang  
Rai-rai wengis bikut tumandang  
Arep diejur sawalang walang  
OO Lorosae bumiloka  
Ati manungsa tan kasatmata  
Tinemu salib ing saku clana  
Padha karo salib ing dhadha  
Natkala donga gumuruh ing dhadhane mungsuh  
Dhuh Bapa ing suwarga  
Salib ing dhadha kula  
Sami kalian salib ing clana punika  
Salib-salib wus sesalaman ing angga  
Kang wis dadi bangke tanpa nyawa  
Cocak rawa nyeksenana  
Yen kita kabeh kulawarga  
Salib-salib tetangisan  
Eling beninge kali Yordhan  
Ayo ndang nggawe kuburan  
Nglalekke memungsuhan.

Madiun, 19 Juli 2001  
*Djaka Lodang, 2002*

Sumono Sandy Asmoro:

## MACAN LORENG

macan loreng  
nggereng mrojol saka krangkeng  
mlaku turut dalan sudhetan  
nggolèki watu gilang  
papan lungguhe sing ilang  
nalika banjur bandhang

macan loreng  
mung bisa gelang-geleng  
weruh kanca-kancane salin lulang  
supaya ora ditumbak wong bebedhag  
sing butuh buron alasan

macan loreng  
kelangan crita, kelangan dongeng  
senajan untune wis ompong  
nanging sing ngati-ati, mitra  
lambene isih ngemu wisa.

Ponorogo, Maret 2004  
*Djaka Lodang, 2004*

Mbah Brintik:

## AKU AREP NJILMA DADI DEWI SAWITRI

Dasih,

Menawa lutung lagi mendem gadhung  
ngumandhangake tembang layung-layung  
menawa jalak uret padha nyecret  
swarane gumrubug, nyebar wisa  
jarene sira dimangsa Bethara Kala

Ora percayaaaaaaaa!!!!

Iku doraaaaaa!!!!

eedaaaaannnnnnnn!!!

Dasih,

Menawa prenjak ngocah ing tanah bera  
cucuk bungker mata ngiyer  
ngumandhangake tembang Durma  
swarane bantas nggogrogna maras  
ngajak iblis laknat, diajak layat  
sakala suksmaku kridha!!!!

Mlesat njebol akasa .....

*Djaka Lodang, 2002*

SP. Budi Santosa:

## LATAR NGAREP OMAH

Heningmu, heningku, nyawiji  
sapa kang handarbeni  
kajaba swara angin liwat  
mesem karo gegodhong dlima  
ing ngarep omah

Pancen durung kasapu resik  
isih ana tapak-tapak mengadoh  
saka heningku, heningmu  
kang nyawiji

Heningmu, heningku nyawiji  
sapa kang handarbeni  
kajaba angin sore liwat  
nibakake gegodhong dlima  
nutupi tapak-tapak kang lunga  
adoh

Batu, 2001

*Djaka Lodang, 2002*

Widodo Basuki:

## MEDHITASI ALANG-ALANG I

: kanggo karna

sapa sing wani urip ing kene  
nantang srengengr  
ing puthuk ngenthak-enthak  
bayi sing metu saka kuping kae  
gumlethak  
tinandhu alang-alang  
kabeh kala tinantang  
:aku basukarna  
anake ibu kunthi nalibrata  
sing ditemu kusir adhirata  
apa isih kurang anggonmu munasika?

dhalange gumuyu lakak-lakak  
:karna, si bocah pidak pedarakan  
dadi senapati mungsu arjuna?

(menthang gendhewa adhep-adhepan  
ing perang baratayuda  
karna tetep kalah mungsu arjuna)

angruwat papanistha wae  
yagene kudu ora suwala  
karo sing bisa njamu dewa-dewa

2001  
*Jayabaya, 2002*

Herry Lamongan:

## PARAN SEJATI

Nyigar latar rong perangan krana hidayah  
Cetha ngendi hakiki ngendi wewayangan

Paran sejati  
Marang Sapa raga suksmaku ngabdi  
ingsun lumampah ketimpud pedhut  
saben mangsa

Yen ora krana sih-kawelasan njenengan  
Kepriye anggonku nemu kebegjan tanpa wilanghan  
ing jaba  
saha sajroning awak ingsun. Kepriye  
anggonku bisa ngasorake dhiri  
ana pasuwitan

Becik-becike sapa matur  
Ora ana liya, kejaba  
Matur nuwun marang Bendera  
Mawantu-wantu nekani kanthi bungah  
penak ora kepenake suguhan ....

Madedadi, 2001  
*Jayabaya*, 2002

## GURIT PEPELING

Bismillah nalika suku wiwit jumangkah  
kang utama jejer ratu kudu tansah eling kadidene kalifat  
lelabuh leladi sesami kang murakahi satemah  
kuwawa amestuti ngemban sajuga amana  
kapindho minangka duta kudu linuwih waspada

aja kongsi katalompen, ngantuk ing empuk kursi  
walaka wus akeh duratmaka sinamudana  
katelu tinuding dadi prajurit pilih tandhing  
sembada ing driya tan mingkuh salwiring kewuh  
istinggarah kasdu netepi wajib tumekeng paripurna

Bismillah nalika tangan wiwit kumrembyah  
kang prayoga sajroning garis kawicaksanan  
adreng memayu hayuning sasana yayali wit gung pangayom  
manglung ing delanggung ngrembuyung angrembaka piguna  
kapindho jejer winasis datan kongsi ketleyek keblinger  
nora sanggarunggi suthik kadurakan pepandom bebener  
marma kang kapidak kiyi bumi labur wisa kebak jejember  
katelu wong cubluk rahayune mapan kang mathuk  
pepandam pepandom kewala piwulang wigati  
donga pamuji tamtu netes sihing Gusti

Bismillah lakhaula wala kuwwata ila billah  
muga bocah-bocah nora kakehan pamothah  
tansah marsudi mardawaning budya tulus mustika wewarah  
kinen saguh jumangkah bebadra jumbuh kang sekawit ginayuh  
kapindho jejer bapa biyung pikukuhing gotrah kalawangsa  
angukir jiwa raga tumoreh panggulawenthah abang birune bocah  
generasi kang kuwawa ngerek gendera kuncara mring tanah wutah  
wusana jejer simbah pepundhen pantes sinudarsana yayah  
tirta wening kekinelong ing edhum talaga  
nyimpen leksan kabagusan kasabaran kawicaksanan tanpa wilangan.

Bojonegoro, 2002  
Jayabaya, 2002

## CATHETAN TENGAH WENGI

Tabuh siji

ing tengah wengi dak enfeni kapan mendhung sumilak  
aku sujud pasrah, sumarah  
“Gusti kula nyuwun barokah  
kangge negeri ingkang sayah lungkrah  
ewah!”

Tabuh loro

Daksadching bocah lanang omtang-onting  
sing kabuncang saka pabaratian:  
“Ngger, biyungmu widadari saka swargaloka  
sing koncatan rasa tresna  
lali yen sliramu dudu anak sona”

Tabuh telu

Saiki tumekaning titiwanci  
miyak lan milang lelakon sing kawuri  
nglari crita kasunyatan  
mbokmenawa isih ana sisa-sisa  
kanggo sangu panguripan

Tabuh papat

Guritanku dadi wiji katresnan  
nadyan mung kaya ayang-ayang  
tanpa sangkan.

Malang, Februari 2002

Jayabaya, 2002

## PLAS

Gus

Langit saya muluk

Kabeh dadi kukus

Bayanmu

Panggah pongah nitir bendhe

Wara-wara kulak warta adol warti

Tembunge ndakik

Ngirit priyayi nggambbar loji

Bayanmu panggah rame

Nitir bendhe

Turut lurung mider dollar

Dhuuh lae-lae

Yaa lae

Serupiah setali tiga wang

Panggah aku

megap-megap kejiret kotang

dadi tumbal

dadi wadal pesugihan

Surabaya, 30 Januari 2002

*Jayabaya, 2002*

Laras Gupitasari:

## LAYANG KATRESNAN

pedhang ligan asmaramu, nimas  
nyubles landhep tembung-tembung pralaya  
mungkasi leksan maneka rasa kapang  
kang sasuwene iki mung awujud dlancang seta  
sinandhi rerenggan sajroning gupita suprandene  
layang wangsumanmu tinulis mangsi wisa

wirama harmoni asmaramu nimas,  
tansaya suwe rinungu slendro  
ing antaraning tembang asmaradana  
kang wola-wali dakkumandhangake kinanthen  
sewu pangajab maujud ing sajuga kalodhangan  
jebul dakungak puri katresnanmu sepi gothong

kembang asmaramu nimas,  
kebak ri bebondhotan  
tumoreh dadi tayu ing cidra ubaya  
tangis sesambar jro taman ati sanubari  
kang wus winangun gapura adi

kalpika rukmi asmaramu nimas,  
datan lambang tinangsulan nyawijining rasa karsa  
nggayuh lintang-lintang panjangka  
mama kang dinulu tali blenggu  
nyipta sesambat lan tangis layung-layung.

Bojonegoro, 2002  
*Jayabaya, 2002*

Mashuri:

## GUNG LIWANG LIWUNG

Nalika awakmu ngrengkuh wengi  
Aku mular, mlayu lan ngelalar ing latar  
Ana ing endi panggonan sepi?

\*  
Welinga, aja takon panggon  
Sebab panggon ora bisa dadi pangkon  
Utawa pangupon kanggo dara-daramu  
Panggon mung papan  
Papan dununge maesan: tandha kelangan?

Ing kene, utawa ing kana, mung tracak  
Yen wengi wus nandur peteng  
Tracak dadi ireng  
Kaya irenge rambutmu

Pet!  
Ora ana apa-apa. Suwung  
Gung liwang liwang

Surabaya, 2002  
*Jayabaya, 2002*

Anie Soemarno:

## **GURIT SINGKIR**

singkir angin, sumingkira ombak lan prahara  
sing gawe rusak lan nuwuhake bebaya

singkir musuh, sumingkira pikir kang rusuh  
ing awakku, ing awakku, ing awake, lan awak kita

singkir sumingkira sumingkira pikir kang cubriya  
tumindak kang cendhala, wicara kang cidra

kir sumingkir kabeh reridhu  
sadurunge angin  
sadurunge geni  
sadurunge banyu  
sadurunge bumi  
kabesmi.

Kamal, 9 Juni 2002.  
*Jayabaya, 2002*

Widodo Basuki:

## CENGKIR GADHING

wis pecah wujude cengkir gadhing  
saka pikiran wening, dimen eling  
saka kene tumetese banyu suci  
bisa kanggo tamba ngelak selawase  
kanggo mbukak langit lan bumi

ing wit klapa gadhing iku ndhisik  
bocah-bocah penekan, plurutan  
nggogrogake dhompolane, mbiyaki tapas-tapase  
cengkir gadhing dienggo dolanan  
disesep-sesep banyune  
diklamuti putih daginge  
sing tininggal mung kari bathok sepasang  
manjing jroning dhadha  
manjing jroning jiwa  
kanggo madhahi tumetese donga  
kanggo urubing dahana.

Padhepokan "Bocah Mardika"  
Sukolegok, 2002.  
*Jayabaya, 2002*

## SLIRAMU

sliramu wis mampir ing tarubku nalika ibuku memetri  
dina selasa legi  
tangis getun apa tangis kabegian nalika aku nyekseni  
padhang jagad ruwet rentenge mripat kasangsayan  
aku durung pana lelakon  
sliramu banjur nuntun lakuku nganggo esem ngijiwat  
kadhang aku ora ngerti ora satujuk sing jaremu dalan kodrat  
ning meksa jumangkah  
senajan tinantang mungsuh, nyabrang jaladri  
ati kasmaran kabulet underaning lesus  
endha udaning mimis tiba ngrungkebi bangke  
gumregah, jumangkah lan kudu jumangkah ...

kang kawuri ora bakal lali, mula sliramu saiki dak pekak  
nlusuri dalane kamulyan  
aja mung karepmu  
ning ladenana kemarepanku  
awit dalan kodrat kuwi yen wis kaliwat.

Blitar, setu paing tabuh candhake 2002  
*Jayabaya, 2002*

Sugeng Wiyadi:

## CENDHELA MOHAMMAD

(1)

ya allah ya robbi, kumlebat  
jroning impenku cendhela mohammad  
minangka sarana nyegat  
tumuruning rahmad

(2)

saben omah duwe cendhela  
ana cendhela sing cukup prasaja  
ana sing dipasangi kaca  
ana sing ciyut, ana sing amba  
lumantar cendhela sapa wae bisa nginguk  
sesawangan njaba  
klebu kumrelipe lintang ing akasa

saben omah duwe cendhela  
cendhela jang jembar  
omah krasa luwih longgar  
mahanani hawa banar  
cendhela kang ciyut  
omah luwih brukut, Singup!  
gumelare kanyatan dadi ketutup

(3)

ya allah ya robbi  
saka cendhela sliramu dakongak  
dakawe-awe nganti tanganku keple  
dakbengoki nganti lambeku memble  
ana ngendi dhampar palenggahanmu?

ya allah ya robbi  
apa cendhelaku kurang jembar  
geneya sliramumung katon samar  
apa cendhelaku isih tinutup rapet  
geneya panyawangku krasa buret

omahku ngrembyah kebak sawang  
mung cendhela mohammad kang bisa  
aweh pepadhang.

Surabaya, Oktober 2001  
*Jayabaya, 2002*

Sunardi KS:

## MENUNGSA-MENUNGSA

dhadha umub  
sirah-sirah nyimpan mawa  
kaladuk ing panjangka  
jumangkah amba  
nglangkahi segara

mbulan  
wis dadi jag-jagan  
langit dipecaki  
ditlesih  
langit banjur wutah  
ngetokake getih  
udan lintang udan rembulan  
naging malah digawe mayoran

bumi  
dikedhuk kaladuk  
diprapali digundhuli  
njelma sapirang-pirang  
thuyul-thuyul kekitrang

angin  
kanggo tumpakan

Mayong, Juni 2000-Juli 2001  
*Panjebar Sémanget*, 2002

Rahhendra Syahduwijaya:

## “GETERING ATI”

mitra .....

yen ta endahing rupa

ora sepirasa

nanging .....

jroning pangrasa

tansah dadi kembange netra

kaya-kaya

wis ora ana kang luwih edi

luwih peni

kajaba mung mieke sawiji

kang dadi memaniking ati

mitra .....

yen ta getering ati

nyungging keendahane mieke pribadi

kadya widodari kang tumurun ing bumi

dak akoni, dhasar nyata

dak iyani tanpa cidra

ngenut wisiking suksma

dhuh, mitra .....

yen ta janma manungsa

kang tinitah ing alam donya

datan nate kecenthok tresna

kiraku kok gothang

kadya gamelan kang tanpa kendhang.

Bumi sumberpasir, 27 Nopember 20021

Malang, 65154

Panjebar Semangat, 2002

Rafidah ZM:

## GANDA APA TA IKI?

Ganda apa ta iki kang nyogrok irung  
nggunggung jroning gubug suwung  
janma apa ta kae  
mbegegeg tan tumandang mburu branjangan  
pindha reca lawang umbaran  
yen ana uluk salam  
sowang-sowang lembayan kothong  
gubug suwung panggah mlompong  
yen ana sing nggedhor lawang  
ugal-ugalan mondhang gawan  
gubug suwung malih kemencar  
reca-reca njur surak anjal lumumpat  
ngluroni logroge berkat  
ah, ganda apa ta iki?  
Nyogrok irung ing gubug branjangan

Wonocolo, Oktober 2001.  
*Panjebar Semangat, 2002*

R. Djoko Prakosa:

## PANANTANG

Kakang  
paripaksa dakgurit layang iki  
nganggo dubang  
amarga kabeh rupa abang  
wus tuntas  
mbabar rah  
wus lawas kebak nepsu kesumat  
sliramu sliramu kabeh  
ngongaske ilat kayadene berang  
ngemu nanah  
gemrunggung adol umuk  
ngumbar wuwus tanpa urus  
lawas ing aku kabeh  
mendhem rasa cuwa  
murina,  
trekahmu panggah kongas kemrangsang  
rosa kumawasa  
kakang,  
najan kutu aku dadi satru  
tekana tiwas ing aku  
panggah mbangkang  
ketimbang nggedibat  
kalap trekahmu  
sing kongas  
kemrangsang

*Panjebar Semangat, 2002*

J.C. Sudjarwadi:

## **WONG CILIK ONGKLAK-ANGKLIK**

**Wong cilik ongklak-angklik**

**Wong cilik ongklak-angklik**

**Wong cilik ongklak-angklik**

**Wiwit mula biyen**

**ya jaman raja-raja**

**ya jaman Walanda**

**ya jaman Jepang**

**Apamaneh jaman edan kaya saiki**

**iki**

**wong cilik nasibe sangsaya ora apik**

**buneg pikire**

**nelangsa batine**

**ngaru-ara sambate**

**kelara-lara atine**

**ketula-tula uripe**

**Oh, wong cilik ongklak-angklik**

**wong cilik ongklak-angklik**

**wong cilik ongklak-angklik**

**wong cilik sembarang cilik**

**cilik drajate**

**cilik bandhane**

**cilik omahe**

**cilik omonge**

**ning gedhe kuwajibane**

**Beda karo wong gedhe sembarang gedhe**

**gedhe drajate**

**gedhe pangkate**

**gede bandhane**

**gedhe omahe**

**gedhe omonge**

**ning cilik kuwajibane**

Wong cilik karo wong gedhe iku  
prasasat bumi karo langit  
wong cilik mlarat-mlarat  
wong gedhe sugih-sugih  
wong cilik kuru-kuru  
wong gedhe lemu-lemu  
wong cilik krempeng-krempeng  
wong gedhe gendhut-gendhut  
Wong cilik nglengket-nglengket  
wong gedhe njembluk-njembluk  
wong cilik cicik-cicik  
wong gedhe dremba-dremba  
Wong cilik cimat-cimit  
wong gedhe temblam-temblem  
Wong cilik klelar-kleler  
wong cilik ngathang-ngathang  
wong gedhe ongkang-ongkang

Oh, wong cilik ongklak-angklik  
wong cilik ongklak-angklik  
wong cilik ongklak-angklik

Wong gedhe karo wong cilik iku  
prasasat langit karo bumi  
Wong gedhe gembar-gembor, wong gedhe gembar-gembor  
wong cilik minggrak-minggrik  
Wong gedhe jedhar-jedhir, wong gedhe jedhar-jedhir  
wong cilik mimblak-mimblk  
Wong gedhe tudang-tuding, wong gedhe tudang-tuding  
wong cilik prindang-prinding  
Wong gedhe lakak-lakak, wong gedhe lakak-lakak  
wong cilik senggrak-senggruk  
Wong gedhe plorak-plorok, wong gedhe plorak-plorok  
wong cilik kelap-kelop  
Wong gedhe kaog-kaog, wong gedhe kaog-kaog  
wong cilik keyog-keyog  
Wong gedhe bringas-bringas, wong gedhe bringas-bringas  
wong cilik klelat-klelet  
Wong gedhe kempas-kempus, wong gedhe kempas-kempus

wong cilik kempas-kempis  
Wong gedhe koplo-koplo, wong gedhe koplo-koplo

Oh wong cilik-wong cilik  
mripatmu mbrebes mili  
tangismu kontrang-kantrung  
atimu sangsaya cilik  
uripmu mobat-mabit kaya damar kanginan  
mendhap-mendhip kaya ublik kasatan lenga  
oglak-aglik kaya siwur arep puthul  
hoyag-hayig kaya gubug katerak lesus  
ceukukrak-ceukukruk kaya pitik  
katrajang piler

\*  
He, he he .....  
Kahanan kang kaya mangkono mau  
salahe sapa?  
Apa salahe Jawata?  
Apa salahe panguwasa?

Embuhs ora weruh  
embuh ora weruh  
embuh ora weruh  
ha, ha, ha .....,  
Elingku  
Jawata ora kena ing salah  
mula ngrekasane wong cilik iku mau  
bisa uga salahe panguwasa  
ning ora rumangsa

Oh, wong cilik-wong cilik  
nasipmu sangsaya ora apik  
jagadmu peteng ndhedhet lelimengan  
kaya wengi tanpa lintang-rembulan  
lan kaya-kaya uripmu wis pinesthi  
ngrekasa tumeka ing pati  
sambatmu kaya Kinjeng Tangis  
mbrebes mili  
kumrocos luhe

Ning ana bejane  
wong cilik ora jinantra bandha  
mlakune ing swarga loka  
trep karo dhawuhe Jawata

Beda karo wong gedhe  
uripe prasasat nguwot kretek ogal-agil  
bisa keplets lan kecemplung nraka-dahana  
merga srakah bandha donya  
adigang-adigung-adiguna

Oh, wong cilik, nasibmu sangsaya ora apik  
wong cilik ongklak-angklik  
wong cilik ongklak-angklik  
wong cilik ongklak-angklik

*Panjebar Semangat, 2002*

Anie Soemarno:

## GULUNG-GULUNG OMBAK

Gulung-gulung ombak  
kadiparan nasibe iwak  
ombak ngubral segara  
sawah tegale sing misaya mina

\*  
gulung-gulung segara  
ombak kabuncang prahara  
nasibe sing misaya mina  
iwak-iwak lunga ngumbara

usum iwak angin timur  
sing misaya mina muji syukur  
wayah ombak angin barat

gulung-gulung ombak  
gulung-gulung ombak  
kadiparan nasibe awak?

Kamal, 30 September 2001  
*Panjebar Semangat*, 2002

Sugeng Wiyadi:

## PRASETYA

Tresnaku ora bakal garing ngalingking  
senajan sliramu, minangka ibu, ora kuwagang nyusoni  
nganti mblendhing  
anggonmu nggulawenthah si bocah mbeling  
wis dakcandhi ing gumuk sanubari  
lan dakjiyarahi saben wanci \*

aja disengguh aku mbadal dhawuh  
ngrukti tobong camping sing meh rubuh  
yen sliramu banjur daktinggal  
tumuju tlatah wetan  
beteke minangka laku  
nglari tebane pulung gegayuhan  
jumbuh unine wisik lan pituduh  
(dudu gebyare metropolitan)

ana nangis, tresnaku  
lamun gapura mangsakala wis binuka  
bareng tekane wulan purnama  
anak lanang kang cinandra duraka  
bakal sowan gabyantara  
ngudhari bundhelan isi crita.

Surabaya, 1994—2002  
*Panjebar Semangat*, 2002

## PASRAH

mengga, yen sliramu mentala  
munthes pupus kang nembe trubus  
dakulungake kanthi lega-lila  
sebab sliramu kang ndhedher wiji  
sliramu kang nduweni  
aku mung kejibah ngopeni  
sliramu pirsa, durung garing kringet kang tumetes  
setaun ngrukti ara-ara cengkar  
papan wiji-wiji kok sebar, ewadene  
yen wis dadi keputusaning ati  
munthes pupus kang nembe trubus  
sebab pinetung luput pamilihing bumi  
mangga, aja tidha-tidha, senajan  
sliramu nyipati aku gemeter nggregeli  
saupama aku nganti tiba kantaka  
dakanggep minangka pitukon  
anggonku kebacut nggemateni gadhuhan tanem tuwuh  
linambarah tresna.

Ungaran, 15 Juni 2002  
*Panjebar Semangat*, 2002

Fadjar A. Hidayat:

## WIRAMA PANGURIPAN

wirama panguripan  
kala-kala ginelok  
kala-kala midhik  
kala-kala kandheg  
sele gence nyampangi jangkah  
sikil kang wus kesel mecaki  
tlatah-tlatah menci  
mripat mecicil nyawang  
dalan kebak watu pating crangap  
ati kari samenir krungu  
pawarta kahanan donya  
wus dadi ajang kadurakan  
butuh mangan  
butuh ngombe  
butuh nyandhang  
alasan waton  
buta-butak galak lunjak-lunjak  
medemi manuk-manuk podhang  
kang wus suwe kelangan wit gedhang  
wirama panguripan  
ajeg tanpa laras  
pandadaran tumrap kita iki!

*Djaka Lodang, 2003*

Kanestri Rina Mulatsih:

## HADIAH KUBUR SAKA BUMI LARASAR

Swara mimis jumledhor gawe miris  
Ing bumi Lorosae kang amis  
Rai-rai wengis  
Nggawa bayonet mingis-mingis

Abange getih muncrat  
Ngantih napas sekarat  
Sambat-sambat tanpa glawat  
Nadyan wis sangu balung wesi otot kawat

Perih kang ngrerintih  
Rangkul wuru caya putih  
Oo kekasih  
Ing garbamu wus tak tinggali winih  
Isih banyu putih  
Kowe sing kudu midih

Nadyan anggaku wis nglanges  
Urube jiwaku isih ninggal teges  
Nadyan njanges isih nggawa nges  
Pinangka pepantes samangsa jabang mbesuk maneges  
Ndang usapana eluhmu aku titip wijiku.

Madiun, 19 Juli 2001  
*Djaka Lodang, 2003*

Widi A:

## LAYANG SAKA PESISIR

Cumlorote srengenge ing tengah plataran seban  
kayadene playune cakra mlesat tuyak bayu

pangimpen kang dadi pangarep-arep para rendra  
tumeka ing sawijining gundhuk papringan  
kang kesapu angin saka pesisir

(punapa ingkang dados sabda boten  
kalajengakane kalayan unine prenjak parak esuk)

lakune ukara prasasat gada sumebet ing buwana  
lindhu agawe pakewuhe panggraita

apa ilene bengawan kesambet prau  
amarga kumricike banyu ing punjering paseban  
saya suwe dadi saya keluk

seseg ing dhadha

Surabaya, 2002  
*Jayabaya*, 2003

Zaki Jubaidi:

## TANGGAL SIJI

Yen ana welas asihe Gusti Allah  
sun nyuwun langit udan deres  
Kaya Nuh, sun ora bakal pasrah  
Dening swarane trumpet kang ndedar langit.

Tanggal siji mung tanggal siji

Prau wis dakpasang layar uga damar  
Kanggo wengi kang singup

Yen ana welas asihe Gusti Allah  
Sun nyuwun . . .

Mojokerto, 2002  
*Jayabaya*, 2003

Muhammad Aris:

## TEMBANG SRENGENGE

“lir mangka ngalir”

kaya katesnan kang kapisan  
wektu agulung wektu

umur ngilirake pejuh  
nggambar pirang-pirang ilat  
pirang-pirang raka’at

nadhahi banyu laralapa  
ati kang kalunta

ing silir-silir panjer dhadhamu  
dak tancepake sukma  
raga tan ilang-ilang ing rambut jlalang  
sakedhip  
brahala nyembur lap-lap  
kitab  
ndedah sakabehe lakon, lakuku

dina-dina nglabang mantra  
cerita cekak  
tan leren-leren nyekakak

“lir mangka ngalir”

Lamongan, 2002

Jayabaya, 2003

Mashuri:

## ANAK LANANG BRANG WETAN

aku anak lanang brang wetan  
ora katon panggon, mung pangkon  
kang ngisep ananing ngagesang ing telaga-telaga  
nyipta geni saka tirta

ing tanganku, gelap wis nulis ananing titi wanci  
yen ruhku bakal mbabar ing alas jati  
ananing sasmita  
sasmitaningrat, tatkalane mangsa dadi nistha

ing rikmaku, dewa agni dadi pituduh  
yen ana jalma, iku mung kreml, kang bakal jumbuh  
karo set lan uget-uget, kang bakal nyacah jiwa  
sapadhane layon  
kang ajur-mumur, bali marang asal

lan gurit iki, dadi piyandelku  
kanthi gelap sayuta ing lambe, braja ing tapak asta  
saperlu ngrombak paugeran  
kang dadi pager  
dadi pitakon-pitakon, dadi pepeling marang  
ananing pikiran lan rasa  
kang rumangsa ing mangsa-mangsa  
kang bakal teka

aku anak lanang saka brang wetan  
seneng dolanan pedhang!

Surabaya, 2002.  
Jayabaya, 2003

Apri Tiktiani:

## PARAMASIGIT

rikala sumendhe ing saka mburi omahmu  
aku mutah getih ndleweri  
kembang mlathi tan kena sumebar  
ing dalan-dalan kebak glugut lan eri  
mbulan salining nlungsup ing ati  
pancen landhep socaning lathi

Desember 2002  
*Jayabaya, 2003*

Isngadi Marwah Atmadja:

## ING KENE AKU BALI TUMUNGKUL

ing kene aku bali tumungkul  
ngranti tumuruning pesthi kang kudu daklakoni  
saben-saben thathit kumelap miyak dhampyakan mendhung  
ana pangarep-arep kang bali ngrembuyung  
senajan aku durung weruh jubah kang kumelap kae duwe  
sapa, ana rasa lega  
Mikail mondhong bokor kencana isi tadhahku saben dina utawa  
Ngijrail nyangking pedhang takdir kanggo medhot talining ili  
Ora daktulak kang mrepegi

tumungkul aku ing kene  
nyawang lintang; ngganepi bendinan gothong  
andum crita karo lenjeran grimis kang terus nangis  
saka njabaning garis

tumungkul aku ing kene  
ngracik ukara; kala-kala dadi guritan sepa.

Glagah Sari, 15 Nopember 2002  
*Jayabaya, 2003*

Agus Kurniawan:

## SUJANA

Ngelingi anakku lanang  
tansaya tambah sujanaku  
marang kahanan

Jagad wis kebak prahara  
Dadi karang abang  
Kaya barata yuda

Sawernaning gegaman  
padha onvat saka warangka  
golek tumbal nggo njangkepi carita

Bumi amis ngganda getih  
Segara asin kebak banyu eluh  
ing sadawaning sesawangan  
pageblug kaya ora kuwawa  
riwa-riwi nggotongi pendhosa

Ngelingi anakku lanang  
tansaya tambah sujanaku  
marang kahanan

Ambulu, Desember 2002.  
*Jayabaya*, 2003

R. Djoko Prakosa:

## GURIT GODHONG SENTHE

Dak remet anggamu godhong senthe  
Daya khasiate mili ing getih lanangku  
Aran Maling Kapa  
Maling Kenthiri  
kuwawa miyak wengi peteng  
manjin laku dhusta  
dadi duratmaka  
nyidra kabeh darbekmu  
tanpa rasa suwala  
Dak remet anggamu godhong senthe  
Daya kasiate mili ing getih lanangku  
Aran Pathak Warak  
Kuwawa nyigar segara  
Mbrenket gunung Muria gunung Mandhalika  
Nelukake pamothahmu pamothahku  
Ngebur sewu rasa  
(rasamu rasaku ginelak kaya playuning jaran pabaratan).

*Jayabaya, 2003*

## GURIT KANGGO GURIT

dakkirim donga kanggo gurit  
nalika langit kencar-kencar padhang  
ngirim pawarta  
yen gurit wis palastra ing ngisore  
gambaré wanita-wanita sulistya tanpa busana  
si gurit lampus dhiri  
nyedhot hawa racun ing museum tuwa

kuciwa ana tanpa kawaca  
urip tanpa tresna

dakcipta gurit kanggo gurit  
nalika langit mendhung angganda marus  
ngirim pratandha  
yen gurit bakal bali urip  
reinkarnasi dadi kuncup-kuncup mlathi  
ngambar wengi  
najan amung sepasar bubar

dakwaca gurit kanggo gurit  
nalika lilin-lilin wiwit kasumet  
ngirim pepadhang  
pranyata gurit wis memba dadi  
wewayangan  
ing gedheg gubug  
kang kebak coretan-coretan.

Jember, Maret'03  
*Jayabaya, 2003*

Budi Palopo:

## JAGO ADON

Paseksen Klilip

jago adon wiring galih kang  
njalari wurung kabluk, satuhune  
krana cilik atinira kang mligi  
manggalih menange dhewe

byuh byuh byuh  
panggedhe kok wedi sampyuh

jago adon sun wiring galih  
kang njalari wurung kabluk  
satuhune wus kakili tlutuh getih  
moh gedheg moh manthuk  
siji karep ironing telih

kudu tarung jro kalangan

we lha sira wus ngilan jalu  
ngidu aji pamepesan  
sepisan ngidung sanepan  
amrih sun jago nglilip upa  
nanging, krana sira nebah dhadha  
mung siji aji gegamaningsun:  
sapa wani sapa mati

*Jayabaya, 2003*

Sumono Sandy Asmoro:

## EVAKUASI TRESNA

apa iki sing diarani sandiwara ngono kae, dwi  
nalika lambe mesem, nanging luh mili  
nunjem ati

pancen ora ana sing wani ngaruh-aruh  
nalika bocah bajang nggiring angin  
njur ngungak cendhelane langit  
nanging yen jangkahing sikil  
ora runtut klawan condhonging ati  
mesthi bakal nuwuhake rasa cuwa  
marang samubarang kang nate dijangka  
digadhang  
awit nalika kudu adhep-adhepan  
klawan kasunyatan kang wis piniji  
dening purbaning pesthi  
rasa kudu lila lan bisa nglenggana  
senajan kudu ngudhari bundhelane ati  
sing isih krasa perih  
kaya kinecer jeruk purut iki.

Ponorogo, 8 September 2003  
*Jayabaya, 2003*

Indra Tjahyadi:

## STANZA

Kagem ali Rus

wus dadi getih  
gelap gumebyar nggendhingake wengis

mangka tangis sun lumaku  
katon nggegiris tinimbang wingit

sun dhemit  
ngontrangi tlatah garing

ing palagan gerimis  
minangka pedhut sewu getir

*Jayabaya, 2003*

Sugeng Dwianto:

## **ENERING JAGAD PECAKING JASAD**

enering jagad  
pecaking jasad  
critane tinulis ing maewu-ewu lembaring aksara  
anut gilir gumantining tandha tresna  
diwartakake paugeran firman lan sabda

enering jagad  
pecaking jasad  
jannatun naim

: swarga kang nikmat

enering jagad  
pecaking jasad  
jannatun naim

: nikmating swarga

Taman, april '03  
*Jayabaya, 2003*

Hardho Sayoko SPB:

## NADYAN

Beni Setia ing Caruban

Pegane rokok lan pangaleme wong wedok  
kerep ndadekake laku panembah dadi menggok  
urip mung mampir ngombe ngono critane Kang Najib  
mula nek wuru wajib mbok elikake nadyan ora digape  
nek perlu liwat geguritan sing ora mingsra  
menawa dikerta aji karo seratane kang wus swarga

Coba sawangan sing wis medhot tresna neng ngisor pathok  
pendhok rinengga inten barleyan ora katut kagawa mondhok  
uga omah gandhok saisine sing biyen nyicil baka saombyok  
tetep keri sok nuwuhake pradondi sing rumangsa keroyok  
menawa ora adil olehe ngedum cacahe rentengan gembok

Pegane rokok lan nguijwat eseme wong wadok  
nyamlenge bothok lamtara karo geneman iwak klothok  
apa bedane karo obahe driji wanci lingsir wengi  
menawa wus mengertení sejatine kang cumondhok  
kang pungkasan dadi underane kang suthik keblondrok  
merga ngugemi kandele gegebengan kang wus gumathok

Kedunggalar, 21 Agustus 2003  
Jayabaya, 2003

Widodo Basuki:

## DONGENG MISTIS

ing pungkase gamelan talu  
dupa kumelan dadi daging  
ukara dadi roh  
hong, sepisan dadi  
kelir manjilma jagad  
blencong dadi srengenge

ing ngisore janur malengkung  
adam lan babu kawa campur dewa-dewa  
njumputi kama tumiba  
dibungkusi kulit  
dikemuli wewayangan

wong jawa  
senengane dolanan nyawa

Surabaya, 1991.  
*Jayabaya*, 2003

Bonari Nabonenar:

## WONG WADON ING GEYLANG ROAD

senajan pupurm<sup>u</sup> pupur singgapur  
upama ganti alis ping selikur  
mangsa<sup>u</sup> aku pangling esemmu  
esem sing ngiris ati  
ngrojah-rajehake tresna aji  
esem sing satemene mekar saka ati mbrebes mili  
o allah  
yen digawe abot pance<sup>n</sup> ora kaya sanggane urip  
adol pangaji neng sadawane pinggir dalan geylang  
bukak dhasar wiwit sadurunge angslup srengenge  
“yu, mbok ayo mulih wae?”  
“sik ta mas, rung sumbut karo kulakane!”  
aku ngreti batinmu misuh  
lagi ngrapal pengasihan kok dijak cengengesan  
“emplek-emplek ketepu, mas  
dodolan emplek ora payu-payu”  
malah nembang!  
nembangake tangise batin keranta-ranta  
eling anak kapiran, simbok lara, neng desa kana  
  
tengah wengi<sup>u</sup> aku ngilir neng apartemen susun selawe  
saungkure wong wadon sing takgojegi neng dalan geylang mau  
sore  
dheweke teka mung arep kandha ngene:  
“nglonthea pisan, mas, aja nglonthe neng negarane dhewc”

cleminti, 17 September 2003  
Jayabaya, 2003

Hariwisnu Harwimka:

## REMBULAN LUNGGUH ING PANGKON

bengawan gumrojog ing sungapane banyu suci  
blumbang puruhitasari pasugatan purnama  
manembah ngambah panyuwun  
lagi paes dadak gegidro kasasak roh, roh  
sulap marang senthir mobat-mabit, pet

sesaji ana sing ilang manyuk senthonge jagat  
aku banjur mlaku nganggo pangangen  
sadalan dawa manungsa jumangkah nganggo sirahe  
leren lungguh nganggo bathuke  
njur aku?  
kok lungguh nganggo pangkone rembulan

rina kawiyak cahya thathit, padhang sumilak  
dudu impen  
ning isih akeh wewadi  
siningid dudu kanggo wacan.

Blitar, 2003 mandhep ied.  
*Jayabaya, 2003*

Trinil:

## CUNDHUK KARUK

Isih katut ilining banyu wingi esuk  
nadyan melek ora nedra ora  
ngantuk  
kaliling ayem bungah mekutuk  
kaya mongkoge jago kekluru  
rikala miyak esuk uthuk

Kaya bocah kekecek ing blumbang  
seger sumyah ora ngerti wayah  
lali mulih kakehan gojeg gegirang  
tanpa wirang lelumah ing tengah  
sawah

Wong bagus pandhu wengiku  
karuk pelem sing kokgogrogake  
ing dhadha cuping lan jangga  
dadi kalung sumping mahkutha  
dadi getih ngobori anggaku

Ywa aku pramesyawarimu  
Ywa aku ratu smaramu

RS William Booth, Juni 2001.  
*Panjebar Semangat, 2003*

Rosyidah:

## YEN SLIRAMU TEGA

Ben wae lawa-lawa  
dha teka ing wanci sore  
kuwi atiku  
nyoba nggoleki sliramu  
sing wis suwe lali aku

Pancen sliramu wis lali  
ning aku tansah ngranti  
mbukakake kori  
kapan wae sliramu bali

Isih esuk nalika kuwi  
adhem tumurun saka udan  
sing isih ngrekeh, dhewe  
miyaki sesawangan adoh  
sing gumelar jembar:  
ada dalan  
ana kreteg  
ana lampu-lampu kutha  
sawah lan perumahan,  
njur aku  
atiku  
rumangsa kasisihake!

*Panjebar Semangat, 2003*

Sumono Sandy Asmoro:

## NALIKA

gurit iki  
lair  
nalika wis ora ana kumleyange layang tresna  
    biru maya-maya kapaes aksara jawa  
nalika kidung wengi wis ora diiringi  
    ngrangine swara gamelan nyendhal ati  
nalika ing saben pasamuan wis ora nate dak prangguli prawan  
    sunthi nganggo pinjung lan sanggulan  
gurit iki lair  
mbarengi udan ketiga salah mangsa  
nalika aku  
nalika kowe  
nalika dheweke  
mlayu mrana-mrene  
golek urip dhewe-dhewe

Ponorogo, 7 Mei 2003  
*Panjebar Semangat, 2003*

## KEBAK PAEKA

Ireng bisa diarani putih  
Putih bisa diunekake ireng  
Abang bisa dadi ijo  
Kunthul diunekake dhandhang  
Dhandhang diunekake kuntul  
Ora mung sing diurus jeksa lan hakim  
    Lambe bisa dielim  
    Kebak paeka  
    Kursi bisa dituku  
Jaman sa iki  
Isine sak sing dadi  
    Lali  
    Nurani wis ora muni  
    Isine sak ningseti ati  
Ndadra  
Ora wedi jeksa  
Ora wedi pulisi  
Ora wedi dina mburi  
Sing wigati sak iki  
Jaman edan  
    Angger sake diisi  
    Bisa dipaeka  
    Direka daya  
Apa wae bisa muni  
Neng ndonya golek donya  
Urusan akherat suk neng kana

Bojonegoro, 20 Juli 2003  
*Panjebar Semangat, 2003*

Suharmono K.:

## SAWAH

pacul gowang semendhe lawang  
endi maneh sawag sing digarap  
pari, kedhele, lan sakabehe palawija  
poyang-payingan  
mendem klepekan

pacul gowang arit kethul  
kebo sapi lali guru waluku  
precil lan kecebong  
singidan sajroning rong

tani utun  
endi sawah sing bakal diolah  
udan gerimis gawe miris  
udan deres ati kekes  
udan salah mangsa ati nelengsa

Surabaya, '95  
*Panjebar Semangat*, 2003

Fadjar A. Hidayat:

## KASANGSAYAN

kasangsayan isih nglambrang  
ngebot-eboti pundhak-pundhak tuwa  
memalangi gegayuhan luhur  
tumenjeme wit adil lan makmur ing  
bumi warisan  
tengah swah bubrah katerak  
lesus ora urus  
gabah garing krasa gatel  
ing kulit lan daging  
tebu sepa ninasa  
kalah manis karo gula gladi  
saka tanah manca, gawe iri

Kasangsayan mbaka kasangsayan  
tumetes nyipta tilas-tilas  
tatu ing putihe kanvas perjuangan  
kena apa ing bumi iki  
kamulyan kudu dituku kanthi rega larang?

Kaliurang jember Juli 2002  
*Djaka Lodang, 2004*

Widi A.:

## TRUNAJAYA ING PAWARTA

### kanggo Acong

Sunare srengenge apa kelipe lintang  
kekarone padha nanging srengenge endah  
wayah jago kluruk  
nanging lintang padhang ana kana  
ing kene wis ora ana Surapati ing Kediri  
sing ana mung kemiren sing ngasar  
ana blangkone kusir

Pesisir sing lingsir  
Amarga ngangsir  
Ngerong ing pinggir  
Kapal-kapal padha mluntir  
Segara sing ngukir

Godhong-godhong wis padha ngranggas  
wayahe angin saka segara kidul  
wayah gethek gumlethak ing pinggir kali  
wanti-wanti laron padha miber  
wayah pedhut padhek isuk  
ngupadi ana ngendi  
rembulene

Ing kene ora ana prau cundhik  
apa pinisi liwat ana kene  
amarga palagan pundhak sari  
wis dadi gunung gamping  
ing cedhake crobong-crobong meriem

Surabaya, 2002  
*Djaka Lodang*, 2004

Apri Tiktiani:

## **ALAP-ALAP JENGGALA**

Kawitan crita ora ana pungkasane  
Wong kang ngreti ethok-ethok ora ngerti  
Kang ora ngreti ethok-ethok ngreti  
Salah agawe bubrah  
Crah, congkrah, getih wutah

Crita iki wis diwiwiti, Kakang  
Geneya tanpa pungkasan.

(Desember 2002/Surabaya)  
*Djaka Lodang, 2004*

Nono Warnono:

## AJAR SABAR

ajar sabar marang jembar segara  
datan suwala nampa sangkrah kumrembyah  
ikhlas gumbira mapag ombak anjambak  
setya angrantu prau-prau lelayaran  
asung pandonga marang manuk-manuk mabur  
ajeg angreksa watu karang lan  
panguripan ing teleng samodra

★  
ajar sabar marang srengenge  
tansah sumambilirat ing imbang wetan  
aweh pepadhang jagad lan napas panguripan  
tumekeng sore angslup ing cakrawala  
nalika bebrayan wanci gilir gumanti

ajar sabar marang bumi  
ajeg kapidak wola-wali  
dadi palagan papan pasulayan  
laku wengis kaniisthan kadurakan  
uga dadi pakuburan maneka jejembar  
parandene datan sambat  
nora ngrantu pangalembana sanadyan tansah disawiyah  
banyu-banyu terus mili murakabi  
tetanduran ajeg subur ngrembaka

ajar sabar nampa abang-biri kasunyatan  
ajar sabar nampa pacoban lan kanugrahan  
samubarang kawicaksanan  
pawewehing Gusti Kang Maha Wikan.

Bojonegoro, 2003.  
*Djaka Lodang*, 2004

Rahmidi:

## PITUNG TAUN KAPUNGKUR

pitung taun wis kepungkur  
maesan lan lemah kuburmu  
wis tak siram sewu donga pepuji  
wis tak sebar aruming kembang setaman  
sajroning uripku sing arep daklakoni  
apa isih ana kamulyan sejati

nganti ora dakraza  
pitung taun wis kepungkur  
sliramu lumampah, ninggal aku tanpa wekas  
nganti ora mangerten manis esemmu  
nganti ora keprungu  
ambeganmu kang pungkasan

aku mung sumeleh, sumendhe, pasrah kanyatan  
urip iki ora bisa langgeng salawase  
yayi, bisaku mung ngirim donga pepuji  
kanthi kaining aruming kembang setaman  
ing ndhuwur pesareanmu, kang saiki  
wis kebak thukuling sukut-sukut teki  
uga alang-alang kang padha mosah-moseh  
ngebaki sakiwa tengen lemah pesareanmu.

Gunung Wungkal Januari 2003.  
*Djaka Lodang*, 2004

Moch. Makloem:

## KABAR SAKA DESA BAKALAN

sing omahe tegel, gela atine  
yen ora diwenehi beras sembako, kono kono  
padha nampa, parandene  
dheweke dibeda kasih

\*  
sing omahe tembok, bengok bengok  
njaluk beras dum duman sing rong puluh kilo, ora ngilo  
yen dheweke wong sing sugih mblededhu, dhuwit kasuran  
ora idhep isin nampa berase wong miskin

sing mas carik lan mas lurah, bungah  
bisa ngedum beras sembako rata sadesa, sasaran  
sing samesthine ora diperduli blas, ora mawas  
lan ora eling unen unen ana kitir penerimaan beras:  
“hanya untuk yang benar benar miskin”

iki kabeh kedadeyan ing desa bakalan  
desane raden mas durmagati sing kethakahan  
nanging iki dudu kabar kabur  
sing setiti naliti  
mesthine para priyayi sing ngerti rekasane wong cilik!.

*Djaka Lodang, 2004*

Ki Soewarno Soerjokoesoemo:

## KENTRUNG BOJONEGORO

mBrengengeng kaya kumbang  
nanging dudu kumbang  
dudu bremana  
lan dudu bremani  
swara ngrangin ndudut ati  
sinawung sumiliring angin wengi  
umiring pangelike janturan seni  
saya aring lan saya tintrim

mBrengengeng kaya kumbang  
swara kentrung, kendhang lan terbang  
nglangut tanpa pagut  
amba bawena tanpa teba  
miwaha para kadang mitra  
ngumpul nyawiji sayuk bebarengan  
wanci dalu ing wana wisata  
ngrembug nasib kang tanpa kemba

mBrengengeng kaya kumbang  
sesambat rerantunan  
rasa panalangsa kalara-lara  
nangis kalunta tanpa waspa  
segara tanpa tepi  
gunung tanpa pucuk  
arep sesambat marang sapa?  
nyatane kabeh padha ora nyapa.

Wana Wisata Bojonegoro 290804  
*Djaka Lodang, 2004*

Zaki Jubaidi:

## KURBAN

Wayah surup  
Manuk prenjak wis katon  
lungkrah. Lawa-lawa  
ngebaki langit.

\*  
Sun mung bisa mbrebes mili  
Swarane takbir nabrak lintang  
cumlorot, dadi ayat kang ora bisa  
sun tolak.

Sun dudu Ismail,  
kang kasebut nabi, Sun mung sapi  
kang ngenteni tekane pati  
ing puputing wengi

Surabaya, Pebruari 2003.  
*Jayabaya, 2004*

Fadjar A. Hidayat:

## KEMBANG ANGEN-ANGEN

angen-angen mekar ngrembaka  
ngebaki tlatah mardika kang nela  
garing saka sihe rasa  
tresna-tinresnan kaya dene  
kombang lan kekembangan  
nyipta jaring-jaring panguripan  
endah kang ngasilake madu manis  
lan yen impen-impenn padha dadi pepundhan  
fantasi dadi nabi  
fatamorgana dikira nyata  
mratandhani yen urip wus kari  
angen-angen  
awit pakarti wus kandhev pangucap  
dadi kecap mbumboni sakeh kadurakan

angen-angen mekar ngrembaka  
dadi kembang-kembang tanune nala  
embuh kapan bisa kaentha lukisan  
ing kanvas-kanvas jaman  
ewadene ngranti tekane ing  
stasiun iki  
durung ana swarane kreta keprungu.

Jember, Desember '03  
Jayabaya, 2004

Sumono Sandy Asmoro:

## **WENGI WENING**

wengi wening  
nyawang langit  
nyawang lintang  
nyawang rembulan  
sing katon amung wewayanganmu

★  
wengi wenga  
nyawang rambutmu  
nyawang mripatmu  
nyawang pipimu  
nyawang lambemu  
nyawang esemmu  
nyawang manismu  
sing katon amung rembulan

wengi wingit  
nyawang aku  
nyawang sliramu  
nyawang awang-awang  
sing katon amung ayang-ayang  
sempoyongan ngupadi dununge pepadhang.



Ponorogo, 31 Oktober 2004  
Jayabaya, 2004

Indra Tjahyadi:

## SIRNA SAKA URIP

sirna saka urip  
sun tegesake arum ndhut

mung lampus  
kaendahan kang luput  
ngowahi pedhut

sun rembulan  
katon wingit  
tinimbang lumut

minangka lanskap  
sun njelma tumput  
mati!  
sajeroning sumur

*Jayabaya, 2004*

Trinil:

## LEPET 13 IJI

Baya teka malem jemuah legi  
Awake mlethek-mlethek  
Matane kerut-kerut  
Cangkeme ngganda bacin

\*  
Klesat-kleset mareki bojone turu  
Kelap-kelop matane nembung patine  
Aku gak lila medhotna sila akrama  
Tak penging tak penggak tak alangi

Jare rika tebusane lepet 13 iji  
Apa ae panjalukmu tak turuti  
Angger nyawane bojo gak mbokiriki  
Wis dadi niyatku siji  
Kuwarasane bojo takjaluk balik  
Takpasani sedina sewengi  
Mlebu pasar golek lepet dodolane wong jawa totok  
Jare rika nik gak jodho mubenga gak ngarah onok  
Jarik takbundheli nik gak oleh gak kate nggondhok  
Beja-beji bejane awak mandi dongane wong wedok

Tebusane tak jangkepi, jare rika jodho ibarat pesthi  
Rika baya legawa minggat klepat mbarengi bojoku tangi.

RSI, nunggoki Bojo lara, Mei 1993.  
*Jayabaya, 2004*

Hardho Sayoko:

## GURITAN NYLENEH

Kanggo Isngadi MA Ian Cahyono Widarmanto

Aku bosen ngemut blali bola-bali  
merga mung kari biting sawise klomoh panalangsa  
ning akeh sing ora idhep isin ngaku pendhita  
nadyan salarik wae ora pana mendhar japa mantra  
ning umbluke ngungkuli mramonge geni nyundhul antariksa  
jare liwat lathi tumetesing eluh kang dadi pandoming wicára  
ning angger bubar pahargyan sing nglesot mung kuman upa  
piring lan gelas reged embuh sapa sing kejibah isah-isah  
aku sasedulur mung kapatah dadi jongose niyaga  
nyawang kumlebate kain blaco sing dikerek tulang anam klasa

aku bosen ngemut blali bola-bali  
saben usum baris ngetut playune wong mendem  
sebab ora ana sing gelem diplintir brengose nylaprang  
menawa sing nate idu ora gelem blaka  
menawa pitu ping pitu sok ana sing kandha  
gunggunge dudu patang puluh sangga

Kedunggalar, 21 Agustus 2003  
Jayabaya, 2004

Hariwisnu Harwimuka:

## **GRIMIS ING NGAREP JENDHELA**

isih durung rampung tangise angin, ngandharake kange  
diseka kordhen rerendan getih, sesaji kembang cepaka  
mekar wengi, singup  
ngrangu tekaMu kanggo ngilo, grimis  
jendhela wis dakbukak nelesei kertas nasib  
katisen

gegodongan runtuh siji loro, ilang  
lan siji meneh  
kakubur mangsa alang-alang ngarang  
srengenge janji mukti  
mung rerekan?

gumerit, jendhela kangen ngaras pipiMu ing tawang  
nganti srengenge cubriya ngetung lintang  
rembulan siji durung mati  
dakranggeh ayang-ayangMu, isih nyamut-nyamut  
ning wengi sing daksuluh nganggo lampu merkuri  
tansah ngundang gegayuhan liwat grimir tatu  
perih rumembes trusing kalbu.

(tapel wates Wlingi, jroning lara lapa  
November 2003  
*Jayabaya, 2004*

Gatot Suryowidodo:

## **MAHONI RUBUH**

Mahoni gedhe rubuh  
Ana telung subuh  
Pratandha ilange pupuh  
Para sesepuh

Mahoni gedhe tengah pasareyan  
Rubuh tanpa ruwatan  
Pratandha ilange kasampurnan  
Urip jagat karameyan

Hong wilaheng  
Jagat bawana langgeng  
Bangsa alus jagat peteng  
Nora bisa urip anteng  
Omahe dadi areng

Aja gela para manungsa  
Uripmu bakal sangsara  
Para dhemit manjing kuciwa  
Ana ing ati sira

Mahoni gedhe rubuh  
Ana telung subuh  
Tan ana kang trenyuh.

Januari 2004,  
*Jayabaya, 2004*

Widodo Basuki;

## HALTE

Aku lan kowe dikongkon nunggu  
Jarene urip mung mampir ngombe  
Ah, kok nggegiris temen  
Uwong njur dipadakeke kartu-kartu pos  
Uyel-uyelan ing kothak wesi  
Kanggo mbuwang sukerta  
Kamangka bethara kala saben taun wis diruwat  
Apa iki ora salah alamat?

Samesthine awake dhewe lungguh ing “cafe” wae  
Sinambi ngresepi ngrangine klenengan jawi  
Nyruput kopi anget lan nyuwil bakaran roti  
Urip iki isih bisa dinikmati  
Geneya kudu wedi  
Hla wong bis sing ditumpangi wae  
Durung karuwan tekane.

Surabaya, 2004  
*Jayabaya*, 2004

Muhammad Aris:

## **MENCELAT TANPA ILAT**

sore alon-alon gumelar ing ati sun  
njangkepi swara angin kang nggawa  
urup-uriping aksara

sakabehe prakara prasasat mencelat  
tanpa ilat  
misuli wadya bala kang isih angler  
nguler-ngiler  
ing singup pratapan

mangka saka adheme hawa lan nyawa  
udan  
kang lengser sakbanjure pangucap sn  
lan sineksenan langit uga para dhemit

ilah  
sun njelma  
ladalah

Lamongan, 2004  
*Jayabaya, 2004*

Budi Palopo:

## TRUMPAH LARS

cah wadon kang  
nate angon sapi ing pategalanira  
saiki gelem majang trumpah lars  
ing meja kamar paturone dhewe  
kamangka trumpah kang  
gupak getih golekan dolanan bocah kae  
satuhune nate disirik ngganggo sapu kerik  
nalika nyoba reresik pelataran dhangkane  
dhuh, gusti, ngaudubilah!  
cah wadon kang  
sakawit cari lambe saikine tambah ciri kuping  
cah wadon kang  
luh mripate nate mili getih  
nalika wruh kadang kapiran kang kapilara  
saiki malah dadi tuna netra  
dhuh, gusti, amit-amit jabang bayi!

*Jayabaya, 2004*

Rustamadji:

## KANG KEPLAYU

Kanggo Susetya Yuwono

tumbakku putung landhepyane bareng lan gumelure parar  
rowang prajurit padha kelu amalik tingal sawatar iku  
saka kadohan kang panji-panjine dibelani kanthi  
numpuk balung ing palagan, mung misuh-misuh lan  
maca bodhone kang ketleyek yudane, mula dimen  
putungan tumbak iki ora kongsi medhot kang kudune  
wutuh, tak tinggal palagan iki ora kanggo bali awit aku  
wedi wetengku katuweg dening kang duwe panji,  
nanging tak pilih kuru panguripan ing tengah alas kang  
pranyata luwih tentrem mungguhing ati kang lagi  
kasepen.

Kedunggalar 04  
*Jayabaya*, 2004

## PUCUK WATU

awit wingit  
pucuking pinus mabul-mabul  
abang, tansaya abang  
ngugemi pakarti, mungkasi  
piwulange langgam  
aja lingsir luwih dhisik  
dalanmu tansaya adoh, tansaya  
ginarubyung  
swarane manuk, endah, kedlarang  
sembah, apadene kang sinebut  
jam nabuh kendhang  
kanthi laku: trahmu  
prasetya mripat, dhawuh cahya  
kangge pawongan liwat  
aja enggal  
ninggal tegal  
sadurunge tekad kang pungkasan  
puja-puji, krenteg ati, kabar  
wulan kang sinebut  
sepisanan, ing gurit

sadurunge turu, elinga  
eling marang kodrat kang bekti  
nglungkeri pitutur  
ing pinggire tlaga.

Surabaya, 2004.  
*Jayabaya, 2004*

**KOBA  
RING  
KAMARDIK  
AN**

a  
k  
u

s  
i  
n  
g

w  
e  
r  
u  
h

a  
marga  
bocah  
cilik  
nangis  
sesengrukuan  
ngliwati lapangan  
mlipir-mlipir  
ing pinggir omah  
gedheg

aku uga weruh  
nalika ing  
lapangan padha  
ngropok dhele

banjur padha  
andum omben

anggur wisky  
tambule  
gorengan asu

ah, kabeh kuwi  
krana endahe  
sesawangan  
ing tv ing cd ing  
majalah wis  
dadi salah kaprah

kamardikan iki  
pancen wir ora  
kinunjara maneh  
kanardikan iki  
pancen wis ora  
membasa-pasa  
maneh  
awit kamardikan  
wis temen-temen  
wani wuda  
ngumbar aurat  
ngisas isin  
mbengkas rikuh  
pakewuh

banjur tangis, ana  
getihc  
sing dumlewer  
iku  
apa benar bisa  
negesi  
kamardikanmu  
apa bener wis  
ngokob kabeh  
ngelakmu?

Suharmono K:

## SAMPAK PONORAGAN

iki gendhing sampak ponoragan  
katulis ing tengah ratri siji sura  
taun jawa sewu sangangatus telung puluh pitu  
sumoroto sepi nyenyet  
nalika bujang ganong anjir walik ing mega-mega  
bantarangin direnggani lintang abyor ing tawang

iki sampak ponoragan  
aja lali sembah lawung  
awit isih ana langit sandhuwure langit, ora suwung  
menyang endi parane reriptanmu sing jare adiluhung?  
aja banjur dibuwang sebrung  
kanthi pawadan kita mung satitah  
kudune malah madhep mantep jroning manembah

iki sampak ponoragan  
jaran kepang tetegar ing ara-ara  
barongan lan dhadhak merak iker ing tengah samodra  
wus daktlusuri kaprawirane warok suramenggala  
yagene sipat iki saiki ilang musna, kabuncang angin prahara  
kari remeng-remeng kasaput peteng lelimeng

iki sampak ponoragan  
kelana sewandana lagi keprahan  
nalika warok-warok sesumbar kanthi blak-blakan  
ora ana tembung kang ngalik-alik kajaba thokleh  
awit saben ucapan adhedhasar kasunyatan tanpa pamrih  
kang diucapake dening paraga prasaja saka telenge ati kang putih.

Siji Sura, 22 Februari 2004  
Jayabaya, 2004

Anie Soemarno:

## TIDHEM

angin methiki sepi  
hing wengi kebak wewadi  
bumi turu kepati  
tilem  
najan mati ya gelem  
pasrah  
lahaula wala kuwata ilabillah

napas  
angin lumintu  
mlebu lan metu  
tandha urip  
sumambunge jagad  
gedhe lan cilik

hawa gerah sanjabane omah  
gegodhongan ora ana obah  
ing kadohan  
asu kerah

tidhem

*Panjebar Semangat, 2004*

Sugeng Wiyadi:

## NRESNANI PUSPA

Geneya sliramu panggah ora percaya?  
Nresnani puspa sanyatane tanpa guna  
Puspa masrahake kesucene marang kupu  
Kombang lan gegremetan sing ngelak madu  
“Aku kesengsem endahing warna” ,  
wangsulanmu  
Sliramu lali, warna kang resep sinawang  
Sedhela wae bakal ilang  
Jalaran srengenge, dheweke alum nglentere  
Jalaran angin, satemah rontong makuthane  
Banjur sliramu komanan apa?  
Selagine manuk dara tansah marsudi  
Dununge katresnan suci.

Denpasar, 2003  
*Panjebar Semangat*, 2004

Widi A:

## RIKALA WONG WUTA NANGIS KARANTA

Rikala wong wuta nangis karanta  
teken ora bisa cumekel  
amarga ora jejer, ora bisa ater-ater.  
menyang pangilonan  
kanggo methiti uwan  
lan kenyajungkatan  
ana ngarepan

wujud teken saiki mung tunggu amben  
sumareh soka lungkrahe wadhog  
rina wengi nggasuli netra  
natap ana undhakan, watu atip  
apa perih kena uyah  
kang ajeg gimebyah

rikala wong wuta nangis karanta  
apa kang bisa digetuni  
lelakon kang kamangsa cindhakala  
saiki sing ana mung kari tatu  
lan krintian apak tela  
kang bakal uga kamangsa

Apa teken Musa  
kanggo pecute bocah angon  
kamangka panganane isih aring  
anggone mangan

apa lawene warok  
kanggo nggerak barong  
kang lagi gayeng anggone nandhak

Rikala wong wuta nangis karanta  
nandhang branta tinunggu kenyajungkatan  
kang dhemen dhewekan  
angoone dolanan.

Surabaya, 2003  
*Djaka Lodang*, 2005

Nono Warnono:

## KURSI KENCANA

sinawang mencorong amblerengi  
anebut kawigatan ngenam leksan pangimpen  
gelis obah tangan-tangan prakasa  
sawiji prajanji amestuti lelabuh Ibu Pertiwi  
sajug aasung biwara yen pranyata isih kuwawa  
saweneh mligi karana adreng ulegan kesumut  
lan maneka paraga kanthi ancas kang prabeda

palungguhan mirungan  
kodidene sarana nggayuh ancas tujuwan anikala  
linungguhan denin duta saraya pimilih  
kasdu murakabi makna bebrayan  
tumekane kahanan kang tumlanjang mring rasa kekadangan  
pinayungan kawicaksanan rinenggan katentreman

aja kongsi katalampen mring kaprayitnan jer kasunyatan  
tetela palungguhan dadi undering pasulayan  
congkrah dedreg-adreg silih-ungkikh  
ngepel tangan ngacungake landhep gegaman  
arebut bebener tanpa pungkasan  
getih abang kuthah balambangan  
pralambang simane rasa kamanungsan.

(palungguhan kang sayekti  
kagunganE Gusti Kang Maha Wikan).

Bojonegoro, 2004  
*Djaka Lodang, 2005*

J.F.X. Hoery:

## **MAWASDHIRI**

Kembang mekar ing tengahing kaca  
Kaca dimensi  
nglairake pangresep  
Sepi ing samun  
Tidhem ing tenrem  
Kentir siniram banyu panguripan  
Ginawa mring telenging ning

Kembang kadhung lunge gandane  
Kalangga lakuning mangsa  
Wigar nawung perihing nala  
Nglari kang nyimpen pangrasa  
Tuwajuh ing tlaganing kautaman  
Pasrah pantaraning siang lan ratri  
satuhu titah ringkih.

Padangan-Bojonegoro  
Mapag akhir taun 2004  
*Djaka Lodang, 2005*

Mas Gampang Prawoto:

## KENEPSO JAMAN

Nalika aku cilik  
Ora ana kang aran paceklik  
Pikiran manungsa isih padha resik  
Akeh manungsa nindakake tumindak becik  
Barang kang wewadi ditutup nganggo jarik  
Hawa kanepson padha lumprik  
Titi mangsa tiniba apik  
Mangsa rendheng udane ngrecik

Ananging beda  
Saiki wis ngancik dewasa  
Pikiran manungsa akeh kang ala  
Tumindak nistha sansaya ndadra  
Lakune minggir nyebal mangiwa  
Nuruti iline hawa angkara  
Wong wadon akeh kang padha uda  
Ananging ora kerasa lan rumangsa  
yen macak amung pamer pupu lan dhadha  
Ndadekake kanepson ngambra-ambra  
Ndadekake udan salah mangsa.

Djaka Lodang, 2005

G. Mahardhika:

## LUH SAKA ACEH

lan manuk-manuk putih mabur kumerlip  
kekabar marang langit, ngusung panjerit  
ngusung gandane mayit:  
iki bumi serambi mekkah  
bangke-bangke pating blasah  
sawise tsunami pecah  
nyebar sangkrah

dak rungu bocah kekitrang  
kelangan bapa, kelangan ibu  
kelangan sanak kadang  
dak weruhi ibu mbiyaki mayit-mayit  
-apa ana kulawargaku ing kene?

Gusti,  
iba repoti malaikatmu njabuti nyawa  
maewewu generasi tanpa dosa  
kudu kelangan kabeh darbeke, urip lan pangarep-arepe  
lan ing kene, dhuh lae!  
aku, dheweke, mung njenger njingglengi kaca tv  
tanpa gumregah:  
apa kang kudu ditandakake?

Sarangan, 31 Desember 2004  
*Jayabaya, 2005*

Widodo Basuki:

### KETIGA

cumruwete manuk ong pang garing  
mlembarakake jiwa ajak-ajak bali  
ngangsu kawruh marang mangsa

o, endahe  
lakune srengenge lagi njlimeti  
sapecak baka sapecak lumaku  
nglacak tetese banyu  
ngangkat nostalgia  
raup reresik ing sendhang biru

yagene kudu mbebidung  
swara swarga uga dumunung  
ing mranggase pang-pang  
lan sawah-sawah bengkah  
Gusti wis ngandika:  
Iqro'

2004

*Jayabaya, 2005*

Sumono Sandy Asmoro:

## ELEGI PINGGIR KALI

ing sungapaning banyu kali  
sing lagi banjir  
dak temokake larik-larik  
                                gurit  
isi janjine sampek engthay  
nalika mrangguli dalam tresna  
yen nganti ora kena diliwari  
                                bebarengan  
pilih mati nunggal lawangan

ing antarane larahan  
sing mbunteti got-got pinggir dalam  
dak temokake gatra-gatra  
                                tembabng asmara  
reumpakan prasetya rara mendut  
                                prana citra  
nalika bebarengan rangkat saka katumenggungan

cathetan dongeng wis mbuktekake  
biyen lan saiki ora ana bedane  
senajan aku lan kowe  
                                ora kudu tebah-tebah dhadha  
ngaku rara mendut lan prana cirta  
umpama pancen kowe rara mendut  
cetha aku dudu prana citra  
                                aku wong kalah  
saben polah dianggep salah  
saiki mung bisa ngelus dhadha  
nampa pait getiring citra

Ponorogo, Januari 2005  
*Jayahaya, 2005*

Apri Tiktjani:

## KEMBANG KENANGA ING MRIPATMU

aku nemu kembang kenanga  
mripatmu  
nalika wengi  
aku miyak segara  
atimu  
ana kang byur-gumebyur  
ajur.

Surabaya, 2005  
*Jayabaya, 2005*

## GERIMIS LINTANG

kemis manis  
angin ngiberake hawa amis  
  
getih ana pucuk keris  
wengi nangis  
  
kaya dene gerimis  
luh lintang kemis manis.

Surabaya, 2005  
*Jayabaya, 2005*

Muhammad Aris:

## KUTUT MANGGUNG

*"two roads diverged in a yellow wood  
and sorry i could not travel both!"  
(Robert Frost)*

ing mega sisih kiwa  
antarane langit putih  
lan bumi kebak getih  
sun sawang geni-agni padha  
mrecing, anggambar swara-swara sunya  
jumedhul saka atma-ragane swargaloka

ya! Kabeh lakon ana waton  
lagon-lagon parak esuk kang nora mesthi  
apa pangkon apa mung guyon

ananging siji-sawiji bekti  
yaiku ratan-ratan jati  
dudu abang sikil  
gumagah nendhang krama inggil  
dudu ngumbar dhadha ing wong-wong tuna

seksenana!  
sun bakal ngglundhung saka gunung-gumunung  
dadi sewu gelung  
dadi jimat majun

seksenene!  
sun kutut manggung.

Lamongan, 2005.  
Jayabaya, 2005

Hariwisnu Harwimuka:

## MUNG SAKUPENG KANDHANG

angin semilir saka internet mblusuk turut longan  
longan panguripan sing koceh kompetisi wewadi kawedhar  
tanpa wates, najan renggang dohe bumi langit  
mbrubul pacak baris persis bebeke kang paiman  
liwat galengan  
mlebu kandhag

pangangan kumleyang ndhepani monitor, adoh  
tanpa wates, najan renggang dohe bumi langit  
mangka mung ngudang gambar sakilan kumilat  
sewu dimensi  
sajak kumlewa tan gelem gumuyu  
nyunarake pletik-pletik kamardikan

sliramu mesthine ngerti, prawanku  
kapercayan sing ditahbisake peradaban  
tan nate thukul ing plataran  
jiwa

kapercayan mung winates ing ukara  
saben wektu bisa nandhang tatu  
mambu bacin.

2004

*Jayabaya, 2005*

Fadjar A. Hidayat:

## ZIARAH WEKTU

jarene wektu wis digawa bandhosa  
bali menyang jaman kalabendu  
mula saiki:

ratu mung digeguyu  
diundhamana disoraki  
ewuh anggone ngupaya  
gawe raharjane kawula

kawula wus dadi ratu  
wenang ngrusak lan nggawa mlayu  
apa wae kang dadi donyane  
negara  
embuh ing ngendi kubure wektu  
daktulis guritan sesulihe kembang manca warna  
panyekarku  
mbokmenawa bisa bali maneh  
muter rodhtaning mangsa  
kanthi luwih wicaksana.

Nggalek, Pebruari 2005  
*Jayabaya*, 2005

Sumono Sandy Asmoro:

## ING PUCUK LANGIT

manjer pandulu ing pucuk langit  
kaya ana sing polah ing antarane  
ngregemeng petenge mendhung ireng  
jebul ora kabeh rumangsa kerasan  
lungguh ngethekuṛ ing papan dhuwur  
nyatane ana sing saguh gogrog  
satetes baka satetes  
nyawiji karo suket-suket teki  
kang sumebar ing salumahing bumi

manjer pandulu ing pucuk langit  
isih ana salarik pitakon kang sumlempit  
yen papan bawera kae pancen merdika  
kanggo sakabehing swara  
yagene sunare srengenge  
ora kabeh bisa ngrasakake?

Ponorogo, Maret 2005.  
*Jayabaya, 2005*

Mashuri:

## ANJANI PUTRA

dakweruhi anoman ora mati-mati  
senajan jaman kliwat, lemah kliwat  
lan nata mung dadi asma lan tamat

→ sapa kang kuwasa, sapa kang nir kala  
sapa kang bisa ngracik ananing becik lan ala  
ing tlatah  
sunya

kulit putih  
nisa ndadekake kandele penggalih  
luput saka bebaya, saka sambekala  
ngerti sabda kang kawedhar  
saka ujar-ujare dewa.

Surabaya, 2004  
*Jayabaya*, 2005

## GURIT KANGGO RAIHANI

Diwiwiti mangsa kang njlentrehake  
geguritanku  
Bocah wus ra dhemen warta politik  
Pedhut katon jingga  
Mega gumulung ing mangsa iki  
Nggambar rupa-rupa kartun  
Kenya-kenya pesisir tansah nebahi  
wedhi kang nemplok ana gedheg gubuge  
Dhuh Gusti, dielus rupa-Mu kang  
gumantung ana saambane candhikala sore kuwi.  
Sonder kabar lan berita, nalika alun raseksa  
Kuwi mblunus teka,  
satemene kapangmu mbranang.  
Wus kaukir gambarmu separo raga  
Ana dluwang kang diiberake silir saka segara  
kidul ngemu bebaya

Sewidak dina kapungkur nalika aku teka  
Wit-wit klapa lan suket tumuwuh saambane sitine  
Omahmu nembe dilabur ijo enom  
Biyung tangi ing tengah wengi kaya-kaya rohe  
bapakmu ngajak saresmi.  
Kabeh nampa aku, mantune sing teka  
Adoh saka tanah Jawa:  
“mung sliramu, Cah Bagus, kang bisa nglipur lelara  
wong-wong sing kuthane disabda dadi langes.  
Sawangen wong-wong kuwi ireng amarga  
kalah perang kang  
mung nyisakake rasa luwe, lan padha ra ngerti  
sapa  
musuhe!”

Rong sasi sawise  
Dakkirim suratku  
“Hani, aku ndang teka.

Entenana kebak rasa tresna!"

Ning alun raseksa ngetekake omahmu,  
Kapangmu.  
Sliramu wus ra karuwan parane,  
Dakgoleki saambane ara-ara.  
Gluprut lelara.

Trenggalek, Februari 2005  
*Jayabaya, 2005*

R. Djoko Prakosa:

## KEMBANG KERTAS

Dak rakit kembang kertas  
kanggo nglipur  
awan sing dikudang  
ati lanang  
lanang  
dak rakit kembang kertas  
kanggo nglipur  
dalan-dalan sing kapang  
ngudang srengenge  
ngudang rembulan  
nggandhang ngrimuk awan sing panas  
panas.

Surabaya, 15 Februari 2002  
*Jayabaya, 2005*

Muhammad Idris:

## ATI LANANG

"udan teka, udan teka  
ati karanta-ranta!"

sun rungu lagon kang mresep  
tumetes saka bening mripat  
dumadi-dadi sedulur papat

sun sawang lakon kang mawut  
alon-alon meneng lan semaput  
hong! Parak isuk tambah mruput

ananging sun mung ngerti  
kayadene sun pineksi  
yeñ paseban iki  
paseban kang ndadekake srengenge  
sakwalang-walang  
ngangeni ati lanang  
dudu cah cilik kang seneng ndhelik  
ing kelap-kelipe ublik.

Lamongan, 2005  
Jayabaya, 2005

## TATU

aku bantheng sing kadhung ketaton  
pedah apa melu kedhungsangan mlebu kandhang  
yen wekasane kudu masrahake gurung  
cinencang dhadhung?  
urip pancen ana kala mangsane kalah  
nanging apa iya kudu terus-terusan pasrah?  
mula umberan wae rasa perih  
dak gawane nyingkrih  
waleh rasane ngrungokake wong rerepen  
pamer kamukten  
nyekoki bocah keluwen  
nganggo reroncen impen kesoren

aku bantheng sing kadhung ketaton  
aja dipambengi playuku ngoyak wektu  
sapa ngreti ing adoh kana  
isih ana ara-ara bawera  
papan merdika kanggo tetegar, ngumbar  
sawernane suwara.

Ponorogo, April 2005  
Jayabaya, 2005

Widodo Basuki:

## KASUNYATAN

HONG!

KANG tinulis nganggo getih lanang wadon  
iku, yektine kudu mawa pang GAYUH  
lungiding sastrajendra

nyatane,  
lamun mBLAKRAK angger maculi tegal sawah  
nyingkur beninge manah  
kar.thi nafsu BRAHala  
tetesing kama sumebar  
mblabar  
dadi RAHwana

Sukolengok, 2005  
*Jayabaya*, 2005

Peni Kusumawati:

## REMBULAN KUNING

mustikaku rembulan kuning  
lelayaran ing langit garing  
ijen, tansah ijen  
nrajang sepining wengi  
mangsa bedhidhing  
lintang-lintang kae  
sejatine dudu satru  
dudu mungsuh dudu klilip  
geneya ora maelu tekamu  
dadi rowang nepusi lakу?  
lintang-lintang abyor  
kumrelip nggemesake  
ngelingake prawan sunthi  
ngancik alan kadiwasan  
ngudhari pinjung nglepas gelungan  
nyingkur tembang padesan  
lan rembulan kuning rereyongan  
mustikaku rembulan kuning  
cegahen eluhmu aja nganti kawetu  
wengi iki, kembange atiku  
bakal daktepungake sliramu.

Kertosono-Nganjuk 2004  
*Jayabaya, 2005*

Suharmono K:

## LAYANG

layangmu wis dak tampa  
pangantu-antu iku saiki tumus ing kalbu  
nalika kembang-kembang mlathi padha  
gogrog

siji-siji,  
siji-siji,  
saka telengen ati saka punjere ati

layangmu wis daktampa  
nalika tanganku sing gemeter iku dadi  
nggreweli  
godhong-godhong sing alum banjur melu  
nututi

gogrog  
siji-siji  
siji-siji  
sing kari mung gagang lan kayu ngarang  
tanpa godhong tanpa kembang

ijen  
tanpa  
rowang  
layangmu wis daktampa. Pasrahmu wus  
daktrima  
nalika sadak kinang sing dakgawe mbalang  
kesangsang ing tawang

Mingga IV 16 April 2004  
Jayabaya, 2005

Apri Tiktiani:

## TEMBANG DOLANAN

rikala umur sun cacah welasan  
wektu semono ora ana tembang  
kejaba tembang dolanan  
saben dina sun nembang  
tembang dolanan

isih daksimpen kembang tebu  
pinggir kali  
sun pethik sambil nembang  
tembang dolanan

ing ngisor bantal sun  
isih ana godhong dhadhap  
sun pethik kanthi mripat teles  
mbranang, sambi nembang  
tembang dolanan

mangsa iku mung kanggo nembang  
tembang dolanan.

Surabaya, 2005  
*Jayabaya, 2005*

Herry Lamongan:

## THUKUL SAKA SUWUNG

ora ana kang kadhung krana dina  
wus ngidung  
pupuh mbaka pupuh cecaturan  
saka suwung menyang suwung  
kadya ombak ing jaladri  
mungkasi tasbih banyu ing gisikan

dak itung tipet sikil ing gisikan  
tumemplek premati  
nyawiji ing bumi, ora ana kang kadhung  
kabeh sarwa tumata  
kadya lamur ngusung wening wengi  
menyang esuk kang teka

ora ana kang kadhung  
prau sinurung ombak ora nate wurung  
ngranggeh tali pangarep-arepmu  
kang tansah thukul saka suwung.

Madedadi, Janu 2005  
*Jayabaya*, 2005

Agoes S.:

## KEMBANG FLAMBOYAN

Abang mbranang kembang flamboyan  
Kadi dene abanging lambe tipis,  
Memalat sih, ndudut ati  
Rumesep nyiram kapang  
Kepanggang ing panas ketiga  
Godhong-godhong kumleyang  
Ngawang anut lakuning angin

Kembang flamboyan abang mbranang  
Sapanen ati-ku kang nglokro iki  
Kanggo kekuwatan tumapak  
Nepsu ketiga ngerak  
Ngelak, ngantu tumetesing tresna suci  
Cengklungen ana ara-ara baweran  
Rongeh nunggu kawelasan

Ah, eman ...  
Kembang flamboyan sempal  
Atiku melu semplah  
Dalan-ku isih dawa  
Nyasak satengahing prahara  
Kembang flambiyian katerjang barat kemrasak.

Kemis Legi, 6-11-003  
*Panjebar Semangat, 2005*

Nono Warnono:

## PEPELING

yagene tatanya  
iki pecoban apa aradan kamurkan  
panas bantala ulegan jalanidhi peteng wiyati  
ngrabasa poncot-poncot kanyatan cintraka  
kadidene pepeling sinamun  
arikala bebrayan uwal ugeran  
srakah wengis duraka ngalela  
warata nggegirisi

yagene pitakon  
iki pacoban apa bebantu  
leksan sesambat  
sesanggan ngaurip abot rekasa  
dhuhkita papasudra werdine  
kinen eling waspada  
arikala bebrayan ulap gebyar kadonyan  
ketungkul ngumbar ambisi kewala  
katalompen pangukir jagat pramudita  
lali bebadra hakiki  
urip sawuse mati.

Bojonegoro, 2005  
*Panjebar Semangat*, 2005

Mas Gampang Prawoto:

## KENEPSO JAMAN

Nalika aku cilik  
Ora ana kang aran paceklik  
Pikiran manungsa isih padha resik  
Akeh manungsa nindakake tumindak becik  
Barang kang wewadi ditutup nganggo jarik  
Hawa kanepson padha lumprik  
Titi mangsa tiniba runtut apik  
Mangsa rendheng udane ngrecik

Ananging beda  
Saiki wis ngancik dewasa  
Pikiran manungsa akeh kang ala  
Tumindak nistha sansaya ndadra  
Lakune minggir nyebal mangiwa  
Nuruti iline hawa angkara  
Wong wadon akeh kang padha uda  
Ananging ora kerasa lan rumangsa  
Yen macak amung pamer pupu lan dhadha  
Ndadekake kanepson ngambra-ambra  
Ndadekake udan salah mangsa.

*Djaka Lodang, 2006*

Nono Warnono:

## SEDYA

langkap wus kasdu pinenthang  
ngarah mungsuh kang wus gamblang kawilang  
yagene kongsi samar  
apa dheweke isih kanca rowang?

palu vonis wis cumawis  
kursi kapradatan wus tinata  
yagene tidha-tidha?  
apa duratmaka sesingidan suwalike tangan prakosa?

ancas tujuan wus terwaca  
tamtu bebrayan kapladreng sabela  
yagene isih mandheg mangu?  
pangancam kudu ginawe jamu

gendera perang wus dikerek dhuwur  
janji-janji wajib sinarta bukti  
yagene ndadak dangga runggi  
korupsi genah mungsuh angka siji!

Gelis dibesmi!

Bojonegoro, 2005  
*Djaka Lodang*, 2006

Mashuri:

## SUWIWI SEMPAL SIJI

langit saya nggetih ing sengit  
: dak umbar lakumu  
kaya ngumbare watu marang iline banyu  
senajan awakmu mlaku  
-mlaku ing dalan-dalan dalu -  
kaendahan; nanging awakmu tetep aking  
ing antepe eling; kaya rikma  
kabur kanginan; ora mantep ing mustikaning jalma

amarga suwiwi kang tumancep ing ati  
atimu wus sempal siji  
kaya manuk kang ora gathuk  
ing akasa-miber kaya wujud-wujud pangimpen  
kang ilang dunung lan kepaten  
kaya rekasane dhadha ngilangi brangta  
ing segara pengapura  
tatkalane tatu dadi basa  
ing palakrama

langit, ya mung langit kang ngerti  
punjer dununge ati  
nanging akeh tangan kang ngelus dhadha  
minangka pandonga  
yen awakmu wus ndhadhal rasa  
saka pangrasa

dak umbar lakumu  
kaya ngumbare watu marang banyu  
amarga banyu bakal sat  
sadurunge aku perlu ngumbar ilat  
saperlu nyegat kiblatmu  
kang tatu.

Surabaya, 2005.  
*Jayabaya, 2006*

Sumono Sandy Asmoro:

## KAMAR SEPI

kamar sepi

limang tahun sapungkurmu durung ana sing nuron  
  mung inspirasi  
  sing kala-kala playon

kepengin enggal kacandhak

kasidhikara dadi satra manjila

ngrengga rodhane jaman

sing lumaku nyakra manggilingan

kamar sepi

ana buntelan ati sing durung diwudhari

eman, aku wis ora bisa titip kangen

  marang manuk kepondhang

  sing saben sore mabur mangetan

kamar sepi

isih ana sisa-sisa tresna

  tatu ginulung wektu

gumlethak ing antarane dina-dina kebak duhkita

embuh kanggo sapa.

Jakarta, November 2005

Jayahaya. 2006

Davit Harijono:

## HANAA SIRA

Kun

ananing ha na  
mul asira angucapa da ta  
kang dedunung jru ra sa  
krana wus tinitah ya ja ma

hananing sira ha na  
yekti titising ca ra ka  
ing pojok papat bumiku  
pa dha  
yeku marmane bakal  
tinemu ma ga  
bakal ja ya  
apa mung damar lampus  
tan ja ya  
mung nganti tekane  
ba tha nga  
pisan-pisan sakehing ha na  
tan bisa  
sa wa la

hangga  
!

Ketawang, 1105  
*Jayabaya, 2006*

Apri Tiktiani:

## IMPEN ING SEPI

ora ana kembang mlathí  
ing lathi  
mung ana dom lan eri  
melu getih mili

godhong-godhong jati ngleyang  
mapag bumi  
nyimpen wadi kang nggegirisi

praupanmu kentir ing wengi  
ing dalan-dalan tumancep glathi  
sepi  
suweke sapa impen iki?

Surabaya, 2005  
*Jayabaya, 2006*

Djoko Prayitno:

## GURIT SALAH MANGSA

iki gurit karakit  
mijil saka bantala kang rengka  
selaning tela  
wanci mangsa ketiga dawa  
kang tan kambah tetesing toya

iki gurit karakit  
mijil saka wana lan ereng-ereng  
kagawa angin lesus  
mabur kanginan

iki gurit karakit  
nggawa warta  
yen ta garengpung wus suwung swarane

Gondanglegi, 16 Maret 2003  
*Jayabaya*, 2006

Hariwisnu Harwimuka:

## GURIT ANGIN

Daksingitake gurit sumlempit kelek jati ngarang  
Tengah alas pangangen garing lurung panglipur  
Kalane srengenge gapuk kelangan gapit  
Kopat kapit  
Liwat angin sagarit arit

Mawar isih abang  
Mongang rincikan bun esuk nyirami angin  
Pang sengkleh sumeleh nytingitake pambujung kangen  
Aji wingit sumlempit lali ninggal ati  
(guritku)  
klowar-klawir kapiran

rendheng ngundang kiamat  
ketiga nyeret memala  
guritku wiwir  
benang ilang semampir angin semilir  
nyawik siji mbaka siji  
kabur, ilang

sapa sing nemu  
gelem ngrerenda mbaka tetes bali kaswargane  
ndhapuk jaman anyar

sambat tanpangruwat  
mung kari lambe gripis ngangseg omben banyu tawa  
sansaya muspra.

Blitar, Desember 2005  
Jayabaya, 2006

## IKHLAS

jaman wis banget tuwa  
wis wiwit bali marang lemah  
mula sakabehing tumindak akeh sing ora pakra  
sakabehing pamikir  
akeh kang ala  
sakabehing gantha akeh kang dur angkara  
sakabehing ucap akeh kang ngemu wisa nyebar  
  cilaka  
sakabehing pakarti mung mligi ngopeni dhiri  
   probadi  
ora bisa ditata dening jalma manungsa  
awit kabeh mau wis klebu ing jangka lan jantra  
Panjenengan Dalem Kang Mahakuwasa  
mula kang baku mung  
ikhlas ing sabarang pikir, ucap, lan tindak  
sumangga Karsa Dalem Kang Mahatresna  
kabeh mung ngemban tugas  
ora bisa disingkiri, ora bisa diwerdeni  
lan sathithik mbaka sathithik  
jaman bakal diresiki kanthi  
udan angin, lesus sindhung-riwut, banjur bandhang,  
dahana angalad-alad, lindhu mawurahan,  
gunung jugrug, lemah moyag-moyig, segara  
  mawalikan,  
  
perang pradondi, lelara, pageblug, pepati  
sumebar saindenging jagad gumelar pecak mbaka  
  pecak  
sing ikhlas  
ikhlas  
das  
0

Medium, 8 April 2006  
Jayabaya, 2006

S Yoga:

## **AWAKMU KAYA AWAKE KEMAMANG**

awakmu kaya awake kemamang  
katon murub lan mrengangah abang  
praupanmu ora bisa mbok apusi  
menawa kebak rasa nepsu  
ameraga tansah mikir donya  
kang ora bisa kasembadan  
nadyan wis adus kaping pitu  
nadyan wis mbok sabuni  
nadyan wis mbok sawuri kembang mlathi  
awakmu tambah mambu banget  
kaya tegalan kang kobong  
kaya ambune bathang kang mudal  
tatu tatu bathara kala sing katon  
saben wengi mbok sempurnake  
ana donga ben bali kaya bayi  
nanging awakmu isih njaluk wektu  
ameraga ora bisa nahan nepsu donya.

Ngawi, 2006  
*Jayabaya, 2006*

## PATHET ENEM

Saupama tameng kae bisa ndongeng  
Mesthi critane ora bakal ngayawara  
Bocah-bocah kae sejatine bener karepe  
Ya gene ora nate digape

Saupama bedhil kae bisa ngomong  
Mesthi kandhane ora angger nylemong  
Kang bebanjengan kae ora niyat gawe dahuru  
Ya gene ginawe pangewan-ewan

Saupama penthung kae bisa nyuwara  
Bakal ngetung kuwandha kang gumlundhung  
Kamangka kang padha teka mung nggawa ati  
Ya gene kudu dadi tumbal kanyatan

Saupama watu-watu kae bisa crita  
Bakal kandha wani dadi seksi  
Sawise pelor-pelor dadi mercon  
Dadi kembang api ngelak getih

Kabeh padha ameng-ameng nyawa,  
Marga perang kembang mung ing crita pewayangan  
Umyeg sajroning gunem durung pinesthi  
Kang dumadi durung suwuk saka pathet enim.

Padangan-Bojonegoro  
Februari 2006.  
*Jayabaya, 2006*

Muhammad Aris:

## TINATA GAMBAR JIWANGGA

sun titen-tinata gambar mripat  
lan alis kang jibrat abang lambe  
arum putih payudara

sun sirep sakabehe rasa rasanjing kamanungsan  
dudu lali nanging nglali  
mbablas-ngepras ala-culika

mangka alon-alon sun ngaji  
nyunggi-mamuji jiwa jawa jiwangga  
nganti langit ing pasuryan sun  
adhem-tentrem kaya srengenge  
wayah gerhana  
lan mbulan saya medhar  
ndhadhari

Lamongan, 2006  
*Jayabaya, 2006*

R. Djaka Prakosa:

## SIPAT KUPING

dak selehake anggaku ing pangkonmu ...  
sawise sauntara dina, sasi, taun, lan windhu ngumbara  
ing tlatah kan cengkar lan abang  
dak selehake angen anggaku ing pangkonmu  
sawise lumayu sipat kuping  
nggawa nepsu-nepsu biru  
ati tatu ...  
uga jiwa-jiwa kang wuru  
nandhang tatu ....

samengko pangkonmu dadi tugu sungapaning  
juwa-jiwa wuru  
tatu ...  
sawise lumayu  
sipat kuping kayadene maling cluring  
mboya keduman melik ...

(getering jiwaku saya panther mandeg  
mripatmu sing biru ... kebak tatu ...

Sby, 05 Feb. 06  
*Jayabaya, 2006*

Widodo Basuki:

## DURGAKALASASTRA

: katur alm. Suripan

kang dinakwa didadekake reca  
dipajang, diblangkoni, kanggo geguyonan  
sepa!  
pengin dak piyaki  
citrane sang begawan  
sing wis suwe sumare  
emane, pengadilan iki mung dhapur sangkrah  
kebak asu-asu ajag  
rebut balung, rebut mangsi ing buku sejarah  
lan jarene  
durgakalasastra kudu diruwat  
dimen sastra jawa ora kakehan sambat  
kadang, iki blabar kawat  
dudu panyuntaking geni kesumat

isih dumeling gurite sang begawan,  
“wong jawa aja jawal ....”  
nanging pengadilan iki muntahake panyendhu  
ngenani sliramu, ngenani kawicaksananmu  
apa ndika isih nyawang kanthi gumuyu?

*Pengadilan Sastra Jawa TBJT  
Agustus 2002  
Jayabaya, 2006*

Anie Soemarno:

## TAUN ANYAR

Taun anyar lan generasi penerus  
Pawiyatane dhuwur ngelmune luhur  
Gantine sing tuwa-tuwa sing padha mungkur  
Apa isih butuh pitutur?

Nganggoa sing becik singkirana sing ala  
Kanggo jamanmu sing bakal beda

Ora wurung bakal kelakon  
Kita srawung karo bangsa kulon  
Kita tetep bangsa wetan  
Ngrungkepi basa sastra lan kebudayan

Taun anyar pindhane manten anyar  
Sapa kawisudha dadi pangarsa  
Sumpah iku akad nikah  
Dadi wijining sejarah.

Kamal, Desember 2005.  
*Panjebar Semangat, 2006*

Sumono Sandy Asmoro:

## GURIT LINTANG ALIT

lintang alit  
saben wengi jerat-jerit  
swarane nggrantes ngrenda ati pepes  
nelahi wayah mbaka wayah ngupadi werdining sepi  
milah tan wenang amilih  
tundhone amung bisa pasrah  
nglenggana menawa rahina dudu duweke

lintang alit, lintang alit  
kelap-kelip ing kamare langit  
sapa nganggit  
yen saben kledhange tansah ginupit  
kodrating urip

lintang alit lintange wengi  
kijenan tanpa rowang  
nyangking sabentel cangkriman sing durung kabatang

apa isih ana kang ngemu teges  
ing plataraning langit kang anyep, sepi, nggrantes?  
sedheng lelakon mbaka lelakon tansah nyeret ati  
menyang kamuspraning wengi sing jembar tanpa wates iki.

Jakarta, Desember 2005  
*Panjebar Semangat, 2006*

## ANA MAKAM SUNAN GIRI

wis tak lakoni lelaku urip iki  
kayata undak undakan  
arep mlebu makame rika  
sing ciut saka ngingsor  
lan tambah amba amunggah nang sitinggil  
antarane wit witan urip  
randhu alas, mahoni lan jati sepuh  
enyong mburu nur sing nylungsup  
ana wuwung tintrim ing dhuwur masjid  
nang palataran tan temokke bangunan lawas  
apa iku kubah saka ati kang obah  
angus angus wis garing ana ngarep lawang  
kaya bekase japa mantra kala bendhu  
nalika tak bukak makame ora tak temokna  
rika ana kono  
sing nyata mung tilase rika  
mbekas ana temboke wektu  
susuh tawon glodhogan sing dengung ora karuhan  
mubeng mubeng lan ngantupi awake dhewek  
tansah nyesep sari madu uripe  
bubar saka maesane rika  
apa ana sing luwih suci saka makam  
wis tak waca kabeh kitab kitabe rika  
karo ongo ongo sing tahsah sujud nang jagad  
suwe enyong mandhep nang makame rika  
ditemoni manuk emprit ganti sing pencilakan  
manggakake ngombe ana kaline rika  
sing garing ana mangsa rendheng  
lan manggakake mangan saka wit uripe rika  
sing ora awoh, papah papahhe wis garing  
sing ana namung suwunge wektu sing ngrasuk  
nak saiki dina kemis sesuk mesthi jumat  
pitung dina saka saminggu bisa tak apalke  
nanging ora bisa tak kenali dina dina sauwise  
semono uga enyong ora nate bisa

netepi wewalerane rika kanthi mesthi  
tetembangan wae sing bisa tak lakoni  
karo ningalake rika  
ana awan sing ngresula

Gresik, 2006  
*Panjebar Semangat*, 2006

Mas Gampang Prawoto:

## PACOBAN

wengi .....

kekes adhem cumlekit dadi siji  
miris atine lan tangis jroning ati  
mumet anggone sesuk cutik geni

uwos regine ngowos  
gendhis regine miris  
lisah regine tansaya sayah  
kopi mindhak boten nututi  
regi susu ndandekake nesu  
undhake bensin ora duwe isin  
regi iwak lali sanak

wengi dadi esuk  
kurang turu tangi ngantuk  
bukak daringan beras kari sacidhuk  
subal jagung gaplek karak lan karuk

gagat isuk  
sesahutan ocehing manuk  
njur sesambat nyuwun sarapan ....  
tangise ati dadi emboke luh-luh kang mili  
apa iki pacobaning gusti  
marga kawulane ora nate sowan  
apa pangembating praja kurang nigatekake  
olah tetanen apa mbok sri kurang sesajen.

Surabaya. 010798.  
*Djaka Lodang, 2007*

Jarot Setyono:

## **BOCAH KAE**

Bocah kae nganggo sandhangan prasaja  
Ngulatake mega, ana gegambaran aneh ing  
pikirane

Saben esuk aku weruh dheweke ana kono  
Ing dhuwur buk ngarep panti  
Nganggo sandhangan prasaja  
Ana gegambaran aneh in pikiran

Bocah kae kalungan kacu  
Ora nganggo sepatu  
Nyekukruk kelangan pangarep kang tansah  
ngreridhu  
impene  
Nalika aku matur simbah  
Ana gegambaran aneh ing pasuryane

Bocah kae tansah ngglibet, ngridhu atiku  
Dudu merga umure kang luwih nom tinimbang  
aku  
Pikiran aneh kang temangsang ing pikirane kuwi  
Kang njalari ngridu atiku

Bocah kae ngaton maneh  
Ing esuk kang atis  
Simbah dakundang, ngemu surasa sumelang  
Pasuryane dumadakan katon aneh  
Pikiranku dumadakan katut aneh  
Bocah kae pance aneh .....

Trenggalek, 22 Juli 2004

Gatot Suryowidodo:

## KENA APA KAKANG

Nggagas dalan padhang wus nangsang suwe ing  
atimu, sejatine  
nanging ratan kang ana ngarep mripat kadya guwa  
peteng lelimengan  
tanpa oncor kang weweh pepadhang jingglang,  
senajan  
mripat pedhes mecah cahya kanggo ngumbar  
bimbang  
antarane nyawa sesigar lan sega sak janganan

Lakumu, kakang, kaya layar ngembang, alon  
runtut-utut playune angin laut, mecah ombak  
tanpa aki, tanpa bala, tanpa ngasorake, nanging  
kena ngapa akeh kang medhar panantang

Sliramu butuh ruwat?  
Dakkira ora, sliramu wus kuwat kadya branjang kawat!

Press room DPRD Surabaya  
Jayabaya, 2007

Djajus Pete:

## CATHETAN (I)

(Kanggo Mama n Dhewor)

ing sawetane kandhang ati kebimbang  
pikir mblayang kedharang-dharang  
takluru tekan papan dunungmu  
dhuh wong ayu, jebul wis ana sing ndhaku  
olah  
ati semplah  
pikir liwung nandhang wuyung  
turut lurung kesandhung-sandhung

gragapan tangi, setengah ngimpi  
wis kebacut cumithak ana ing telenge ati  
ayu mblongor ing brang lor pupuran wangi  
apa bisa ketemu ing dina mburi?

*Jayabaya, 2007*

## CATHETAN (II)

madu ing lambemu  
wis kadhung takulu  
campur lan getihku kang umob  
manjing in ragaku  
manjing ing jiwaku  
tekan pucuke umur  
tekan lawange kubur  
nanging aku ora ngerti  
apa kuburku bakal koktañgisi?

*Jayabaya, 2007*

Sugeng Dwianto:

## **OMAH JOGLO TINGGAL ANE EMBAH BUYUT**

omah joglo tinggalane embah buyut  
uri-urinen dimen emut  
cagak papat nyunggi empyaking jagad  
digawe saka kayu jati ya sejatine kayu  
supaya bisa sumrambah marang anak lan putu  
katon pengkuh kukuh bakuh yen dinulu  
jenggereng mrebawani

: sasmitane ngaurip puniki  
mapan ewuh yen nora weruha  
tan jumeneng ing uripe  
akeh kang ngaku-aku  
pangrasane sampun udani  
tur durung wruh ing rasa  
rasa kang satuhu  
rasane rasa punika  
upayanen darapon sampurna ugi  
ing kauripan nira

omah joglo tinggalane embah buyut  
uri-urinen dimen emut  
cagak papat nyunggi empyaking jagad  
digawe saka kayu jati ya sejatine kayu  
supaya bisa sumrambah marang anak lan putu  
katon pengkuh kukuh bakuh yen dinulu  
jenggereng mrebawani.

Kediri, Dzulhijjah 1427  
*Jayabaya, 2007*

## MANTRA

Taman pancuran ing tengahing rembulan purnama  
dikudang –kudang mbarengi laire anak lanang  
ing plataran sumringah nggawa dolanan papah gedhang  
manuk-manuk emprit ngracik sesaji amrih bumi lestari  
kunang wengi ndhudhah galihing langit  
wengi lan adhem kadhung rumasuk  
ngemuli kang lagi kawudan nglaras rasa

Kemulen dupa manunggal jroning mantra  
kang rumesep ing otot-otot linolos bebayuning roh  
kala-kala nepasi memala kang bebedhangan duraka  
kaki lan nyai dhanyang pangreksa kayu gedhe watu gedhe

rep sirep sumingkir saka kersaning Allah  
wis suwe patohan nglempit layang wasita adi  
sapa kang bakal tembayatan ndhudhah lungiding pangawikan  
kanthi rasa rinasa ing pamardi ing kapti

kemayangan jumbuhing akasa miwah bantala  
kang bebarengan nalika ngungak parak arerantak  
wis pinasthi kembang sakehing kembang manca warna  
ginaris sesulihing badan sepeata kang wus ndungkap warsa  
tineges ing piwulanging para jambur lan leluhur  
elinga lamun urip iki mung mampir ngombe  
sinayudan laksitaning wasita langgeng.

Padangan-Bojonegoro  
Akhir Desember 2006  
*Jayahaya, 2007*

R. Djoko Prakosa:

## AKU ANA ING NGAREPMU

Ana aku ing ngarepmu  
Senajan kebak tatu  
Dak buntel kacu biru tangismu  
Uga pasuryanmu sing biru  
Nandhang tatu ....

Ana aku ing ngarepmu  
Senajan lathi wis keladuk biru  
Ngaras wangi flamboyan  
Sulak abang  
Uga atimu  
Sing wis sauntara wektu keladuk biru

Aku lan sliramu  
Marikelu konjem ing ayang-ayang biru  
Keladuk biru

sby, 11 maret 2007  
*Jayabaya, 2007*

Hariwisnu Harwimuka:

## GURIT ANGIN

Daksingitake gurit sumlempit pang jati ngarang  
Tengah alas pangangen garing lurung panglipur  
Kalane srengenge gapuk kelangan gapit  
Kopat kapit  
Liwat angin segarit arit

★  
Mawar isih abang  
Monggang rincikan bun esuk nyirami angin  
Pang sengkleh sumeleh nyingitake pambujung kangena  
Aji wingit sumlempit lali ninggal ati  
(guritku)  
klowar-klawir kapiran

rendheng ngundang kiamat  
ketiga nyeret memala  
guritku wiwir  
benang ilang semampir angin semilit  
nyawik siji mbaka siji  
kabur, ilang

sapa sing nemu  
gelem ngrerenda mbaka tetes bali kaswargane  
ndhapak jaman anyar

sambat tanpa ngruwat  
mung kari lambe gripis ngangseg omben banyu tawa  
sansaya muspra.

Blitar, Desember 2005  
*Jayabaya*, 2007

Joko Susilo:

## KABAR SANGKA SEGARA

Raden Kumbang Ali-ali  
Memuji ing ngarsaning gusti  
Nggambar endahing segara nganggo gandhewa  
Tumancep ing ati putri-dewi  
Saka langit nganti bumi

Ananging raden Kumbang Ali-ali wis kasupen  
Ninggalake Dewi Sembadra  
Kang tansah setya nunggu kembang ana ing kaputren Ngamarta  
Nganti suket ing latar wis garing  
Nganti wengi tanpa rembulan wis ganti ping pitu  
Dewi Sembadra isih mandheg setya nunggu  
Senajan talingane wis ora keprungu  
Amarga kabar isih padha  
Tanpa udan tanpa mangsa ketiga

Pancet abot oncat saka molat-molating geni  
Kang tumangsang ing jejering napsu  
Ananging aku tansah pasrah ndedonga  
Marang ngarsaning Gusti

Surabaya, 2006 – 2007  
*Jayabaya, 2007*

## TARUB MURUB

tatkalane lombok sih menik, jambu isih karuk  
tatkalane ora ana sisik melik kang mathuk  
dakdangu tarub ing antarane surup mripatku  
wijine wijil kang kawahyu kanthi lumaku hayu  
saperlu ngugemi lungkere watu-watu paningal  
kang saya ndadal dhadha, marang paugeran branta  
nanging banyu sendhang kang menep ing genepe jangkah  
kaya swara, kaya sumriwinge angin nanting pati  
nantang wigati kang meling ing ati  
: “aja turu sore kaki, ana dewa langlang jagad ...!”<sup>\*</sup>  
sakdurunge tembang-tembang mungkasi lambang  
sabarku kumat kaya suluh kang sinulut shalat  
godhong-godhong dakraup kanthi hong  
sepi dakungsekna ing telenging lathi  
mingkem hawaku, mingkem ing wilaheng kaya kucing  
kang isih cemeng!  
nganti swaraku serak-serak nerak tatu  
tatu kang linambaran kasunyatan  
ngaweruhi widadari ing ereng-ereng paugeran  
lampah-lumpuh, munggah-mungguh—nginggati dhawuh  
kang wus tinitah: anaku kang rawuh  
saperlu anggayuh takdir kang kaserat ing pinggir  
pinggire banyu – nyadhong marang lingsir  
lingsire wektu kang rinakit ing akhire kalbu.

Surabaya, 2005  
*Jayabaya*, 2007

## ANA DALAN KANG NIKUNG

saklebatan dalan dalan padha nikung  
saka awale nganti enteke lelakon iki

ana dalan katon tilase sikil kang gedhe kaya rahwana  
mendhung tansah mblayang lan pedhut kandel  
metengi dalan mulih \*

ana pucuke dalam kang remeng remeng  
akeh pedhut kang klayapan

ora katon stasiun, terminal  
utawa panggonan kanggo ngaso  
lan nentremke ati

kang katon amung geni abang  
mbrengangah ana burine ayang ayang

kang tansah nangis nggoleki sanak kadang  
kang ilang ora nate mulih  
utawa wis tumekaning pati

nang dalan dalan para brandhal tansah  
jejogedan ana dhuwure getih lan lemah teles  
nang sorot matane katon pedhang kang kemlebat.

Ngawi, 2006.  
*Jayabaya*, 2007

Anie Soemarno:

## GARIS

Iki garis garising kodrat wus tinadir  
Dadi kliping jagad, padha ndalidir  
Dadi paran panggugat  
Dasamuka lan kumbakarna  
Bala kurawa lan kadang pandhawa  
Wus angel dibedakna  
Pawongane

Kamal, 30 Juni 2007

*Jayabaya, 2007*

## ING LANGIT JEMBAR

Rembulan kari saigar kalingan abure kalong  
Ngalor ngidul ngetan ngulon  
Nggoleki parane srengenge  
Ing wengi kepati sepi  
Mangan who ora melu duwe wite  
Mabur samar ing langit jembar.

Kamal, 30 Juni 2007

*Jayabaya, 2007*

Indra Tjahyadi:

## KAGEM NINIK ROMANA

tak usapna kasengseme godhong-godhong  
sing lugur wayah esuk nang rambutmu  
nanging bengi sing ngimbu ayang-ayangku  
wis kadhung netepna matiku

bokmenawa kaenomanmu iku gak liya  
mek kumandahange lara sing ngudhali  
rasa sekaratku  
“nik, gak ana mbulan  
nang jorene peteng kuburku!”  
manuk-manuk padha miber  
nirakatna paite nasib barek apesku,

*Jayabaya, 2007*

Sumono Sandy Asmoro:

## **WATU GEDHE**

watu gedhe satengahe kali  
ora nedya ngalang-alangi

iline banyu  
iki dudu lakon rama tambak  
utawa mendut pranacitra

kang nedya nglari tresna sapecak  
sadawane kalo opak  
uga dudu arak-arakan tiban  
sing njaluk tumetese banyu udan  
nalika hawa ketiga saya nyesegake dhadha

watu gedhe satengahing kali  
mung saderma ngrangkulijone lumut  
lan ngayomi wader-wader kali  
kang gampang klebu ing wuwune  
wong gendhung kumalungkung  
rina wengi ngrapal aji mumpung

watu gedhe mung sawiji  
saka isen-isene kali  
kang wani nyuwara gumontang  
nantang wengise banjir bandhang.

Ponorogo, September 2007  
*Jayabaya, 2007*

Johan Argono:

## TAN KENA KINIRA

ing wayah pedhut ndumuk irung  
jangkahku tan kendhat jumangkah  
sapecak ... salangkah ...  
tan krasa ongkebing dhadha  
seseg saya mbeseseg ing napas

“ayo! kuwat! kuwat!  
“isih sapunthukan meneh”

rikat anggonku nglebat  
tan mlarat nyasar titik kang sansaya surut

“nekad! kuwat! kuwat!  
“isih sapunthukan meneh”

jagad rata jagad grasak tansah nyandhung langkah kang kalangkah  
cuwil ... griwil ....  
Netes rah ing pucuking jempol sikel

“ragat raga! kuwat! kuwat!  
“isih sapunthukan meneh”

jagad dewa kuwasa  
amba lan dawa

“bisa! kuwat! kuwat!  
“kari sapuntukan meneh”.

Sawojajar Malang  
30 April 2007  
*Jayabaya, 2007*

## MANUK-MANUK EMPRIT ING PUCUK PRING

mabuk emprit kang nyusuh ing pucuk pring  
cedhak kali ngarep omahku  
kerep genteyongan digawe dolanan angin  
yen banjir teka pucuk pring kasempyok-sempyok banyu  
nanging angkluh wae ora tau  
yen anak-anake pating jerit  
ana pitutur saka emboke emprit  
- - ya papan kang kaya mengkene iki kang isih nyisa  
lan rada aman  
jalaran anak-anak manungsa ora bisa ganggu  
kowe kabeh isih begja  
jalaran isih nduweni kamardikan  
senajan ora seporoa  
kamangka liyane mung kari crita  
malah akeh kang ora percaya yen nyata tau ana.

*Panjebar Semnagat, 2007*

## GUGAT

aku gugat  
menawa ngrembuyunge gadhung  
ing pinggir lurung kae kok babat

yen kowe nganggep ledhung-ledhung godhonge  
amung kinarya pamikat  
iku satemene amung penemumu sing kurang limpat  
anggonmu mbedakake antarane kodrat lan wiradat

mendemi?  
iku kanggone sing durung ngreti  
legi, gurih, utawa sepa, pancen kena kanggo timbangan  
nanging dudu ukuran  
lan ing kene kang kudu dipikuwat  
satemene susu ilat, nanging mripat  
minangka gendhewaning tekad

yen gadhung kok sengguh gadhungan  
aku gugat

gadhung pancen dudu tanduran' pethingan  
kang kena ditandur ing pot-pot peni  
lan kapajang ing meja-meja kantor  
nanging semi saka winih-winih kang kasimpar  
nalika abure bethet nabrak-nabrak

selak kesusu mecock ing pange wora-wari  
senajan saiki ora kerumat  
nanging ing ijo pupuse wis tinulis kodrat  
kang mbesuk bakal crita marang kabeh rakyat  
ngudhal sawernaning pisambat  
nganti aku gugat

Ponorogo, gagad rahina  
*Panjebar Semnagat, 2007*

## SUMIWIR

Sapa milang miling nguber prenjak sore  
Kang dhedhelikan ing pang-pang mangklung  
Ana kang mbabar kabar nalika lingsir nggiring angin kasepen  
Ing bumi sanggan tinunggon katreme rembulan purnama  
nasak rungkuting panguripan  
Jer kang tinengeran papán-papan pambirat niyat,  
tinututan panjurung langkung  
dipadha pasrah marang laksitaning jaman  
lumampah kang tinempuh ing kewuh  
Dadiya paugeron kalamun tekan punagi sepa-sepi,  
tan sinupata ing kaujudan  
Lumampah ing tepising karep kang tan sembada budi ati  
Lumarap marang krenah karuhing pacalathon maton  
Anderbala ing reh tata rakiting panuju prana pinurba  
Dadiya papaning budirasa  
Menepa ing telenging rasajati  
Mungguh marang panujuning tuwajuh  
Mingkur trajang sumimpang ing pambombong  
Sanyatane wis pinajang sajroning pagedhongan lungit  
Sumiwir karenda mrih trawaca tumancep ing nala.

Padangan-Bojonegoro 2006  
*Panjebar Semnagat, 2007*

Imam Achmadi S:

## GEGURITAN KANGGO EMBUH SAPA

Pamit karo sapa, kangen karo sapa ngungunku saya adoh saya  
adoh

Tanpa pangarep arep ing pangrasa ora ana mareme  
Ginaris kaya srengenge nglangut kebak kuciwa ing langit kulon  
Mata kekembeng deresing luh ora kanggo sapa-sapa

Rusuhing ati ora kendhat ngremes kabeh impen impenku  
Gemeter ing pucuk pucuk driji  
Mbanjur aku ora ngerti arep menyang ngendi  
Suwe-suwe ngaca hawa omah gawe seseg nafas

Yen aku nginguk cendela, rasane sore saya pucet  
Ati tansaya peteng sinareng ombak pangangen-angen  
Luh saya drewes netesi buku cathetan geguritan  
Mbanjur sepi nyangkut ing sepatuku uga

saka cathetan lawas jaman narayana  
*Panjebar Semnagat, 2007*

Andi Kosim:

## TEMBANG TENGAH WENGI

Angin sumilir mbeset kulit  
Ing tengah wengi kang saya wingit  
Bun padha kumlawe ngawe-awe  
Jangkrik wis leren ngerik  
Mung manuk dares sing isih methangkring ing kabel telpon  
Ngarep kontrakanku .....

Kanca-kancaku wis padha turu  
Kari aku ing ngarep komputer  
Ngrungokake sekar macapat

Ing tengah wengi iki  
Pamujiku moga ora lali  
Marang omah iki  
Sing nguntabake sakabehe pangimpen  
Dadi kasunyatan jati

Bangkingan, Surabaya 2007  
*Panjebar Semnagat, 2007*

## LAYANG KAGEM MITRA

Kanthi ati wening  
dak serat layang kapang iki marang panjenengan  
sumitra  
Kanthi ukara putih  
dak kabarake kahanan ingsun ing pangungsen  
ribed ... ribut lan kaliren

Apa panjenengan uga ngrasakake seru lara iki,  
senajan mung sacuwil?  
Ingsun nyerat layang  
Amarga SMS apadene telepon  
Ora kuwagang madhahi crita  
Amarga *unjukrasa* lan *protes*  
wus tanpa guna  
Lumantar layang, ingsun pengin  
Panjenengan luwih cetha maos kahanan ingsun  
kang sarwa cingkrang  
wiwit lendhut panas kae ngurug karang padesan  
ing ngendi ingsun bebrayan sasuwene iki

Ingsun ora nagih  
krana panjenengan ora nate utang marang ingsun  
Lumantar layang cekak iki  
ingsun mung ngajab waluya jati kadya wingi uni  
ana apa ana bandha ana rupa  
sadurunge pangungsen iki melu umob dadi jaladri  
Ingsun ngajab bisa mulih  
mbuh ing dudu Renokenongo utawa Siring

Dak serat layang kapang iki  
saka pangungsen kang seseg  
Apa panjenengan arep selak saka wajib, sumitra?  
yagene tansah semaya  
Kamangka wus nyata kepriye anggon ingsun  
niba tangi kadya gabah deh interi  
jalaran kahanan angles,  
kahanan kang ujug-ujug ngrampas bumi panguripan.

Panjebar Semnagat, 2007

Mbah Brintik:

## SIRA PANCEN KUDU BALI

Dasih,

Ora kayaa, si lutung gemblung kusung-kusung  
turut lurung nembang Mijil layung-layungn

Dadak si manuk prenjak lunjak-lunjak

nyebar warta gawe atiku murina

Cocak rawa nyela-nyela, nabuh tengara

masang gendera pralaya

Dasih,

Lhadalah, kabeh pating balulung

nyebar wisa ngracun pangrasa

Wara-wara, jarene sira koncatan yitma

Dasih,

Sakala sukmaku kridha,

njejeg bantala, mlesat njebol akasa ....

Dak uber playune Hyang Yamadipati

kang nggawa sira menyang jagad tanpa wangenan

dak lacak, senajan aku klenggak

Dasih,

Senajan tanpa rowang tanpa kadang,

playuku kebuncang prahara diadhang Bhatara Kala